O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

Kalenov K.

# EKONOMİKALIQ TEORİYa
## pa`ninen lektsiya teksti



NO`KİS - 2015

## MAZMUNI


| Tema | Temanın` atı | Beti |
|---|---|---|
| | **Kirisiw** | 5 |
| | **I - bo`lim. Ekonomikalıq teoriyanın` tiykarg`ı mashqalaları** | |
| **1– tema:** | **Ekonomikalıq bilimnin` rawajlanıw basqıshları, pa`ninin` predmeti ha`m u`yreniw usılları** | 6 – 17 |
| | 1. Ekonomikalıq bilimnin` rawajlanıw basqıshları, predmeti | |
| | 2. Ekonomikalıq protsessler ha`m ekonomikalıq qatnasıqlar | |
| | 3. Ekonomikalıq nızamlar ha`m olardın` tu`rli sharayatlarda sa`wleleniwi | |
| **2– tema:** | **Sotsial - ekonomikalıq mu`ta`jlikler ha`m olardın` tu`rleri** | 18 – 27 |
| | 1. Mu`ta`jlikler, olardın` ma`nisi ha`m tu`rleri | |
| | 2. Ekonomikalıq resurslardın` sheklengenligi sharayatında mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw mashqalaları | |
| | 3. İslep shıg`arıwdın` na`tiyjeliligi ha`m onın` ko`rsetkishleri | |
| **2.1– tema:** | **Ekonomikalıq xızmet ha`m onın` tu`rleri** | |
| | 1. Ekonomikalıq xızmettin` mazmunı ha`m tu`rleri | |
| | 2. İslep shıg`arıwdın`  ulıwma na`tiyjeleri | |
| | 3. Miynet o`nimdarlıg`ı ha`m og`an ta`sir etiwshi faktorlar | |
| **3 - tema:** | **Tovar islep shıg`arıw ha`m pul, olardın` ekonomikalıq rawajlanıwdag`ı ornı** | 28 – 32 |
| | 1. Xojalıq ju`rgiziw formaları | |
| | 2. Tovar ha`m onın` onın` qa`siyetleri | |
| | 3. Puldın` ma`nisi ha`m wazıypaları | |
| | 4. Puldın` tovarg`a aylanıwı. Miynet ku`shi – tovar | |
| **4 - tema:** | **Mu`lkshilik qatnasıqları** | 33 – 37 |
| | 1. Mu`lkshilik qatnasıqlarının` ma`nisi | |
| | 2. Mu`lk tu`rleri ha`m olardın` ekonomikalıq mazmunı | |
| | 3. Mu`lkti ma`mleket qaramag`ınan shıg`arıw ha`m menshiklestiriw mashqalaları | |
| **5 - tema:** | **İslep shıg`arıw. Tutınıw ha`m toplaw. İnvestitsiya** | 38 – 48 |
| | 1. İslep shıg`arıw ha`m onın` tu`rleri | |
| | 2. Makroekonomikalıq ten`salmaqlıq | |
| | 3. Milliy da`ramat ha`m onın` bo`listiriliwi | |
| | 4. İnvestitsiyalar ha`m olardın` mazmunı | |
| **6- tema:** | **Bazar ekonomikasının` mazmunı ha`m wazıypaları** | 49 – 57 |
| | 1. Bazar ekonomikasının` mazmuni ha`m og`an o`tiwdin` za`ru`rligi | |
| | 2. Bazardın` ma`nisi ha`m wazıypaları | |
| | 3. Bazardın` tu`rleri | |
| | 4. Bazar infrastrukturası ha`m onın` elementleri | |
| **6.1 – tema:** | **O`zbekistan Respublikasında bazar ekonomikasının` qa`liplesiwi** | |
| | 1. O`zbekistanda ekonomikalıq reformalardın` za`ru`rligi ha`m olardın` tiykarg`ı sha`rtleri | |
| | 2. Respublikada bazar reformaların a`melge asırıw ha`m onın` tiykarg`ı bag`darları | |
| | 3. Bazar qatnasıqlarına o`tiw protsessinde makroekonomikalıq turaqlılıqqa erisiw wazıypaları | |

| | | |
|---|---|---|
| | **II – Bo`lim. Mikroekonomika** | |
| **7 - tema:** | **Talap ha`m usınıs nızamı** | 58 – 62 |
| | 1.Talap tu`sinigi ha`m talap nızamı | |
| | 2. Usınıs tu`sinigi ha`m usınıs nızamı | |
| | 3. Bazardag`ı tensalmaqlı baha | |
| **8 -tema:** | **Ba`seki ha`m onın` tu`rleri** | 63 – 69 |
| | 1. Ba`sekinin` a`hmiyeti, ekonmikalıq tiykarları ha`m tu`rleri | |
| | 2. Monopoliya ha`m ma`mlekettin` antimonopol siyasatı | |
| **8.1 –tema:** | **Bahalar. Bahalardın` payda bolıw mexanizmi** | |
| | 1.Bahalardın` mazmunı, onın` wazıypaları ha`m og`an ta`sir etiwshi faktorlar | |
| | 2. Baha tu`rleri | |
| | 3. O`zbekistanda baha siyasatı | |
| **9 -tema:** | **Talapkershilik hızmeti. İsbilermenlik kapitalı ha`m onın` aylanısı. O`ndiris shıg`ınları ha`m da`ramat. Ka`rxana paydası.** | 70 – 82 |
| | 1. Biznes ha`m isbilermenliktin` ulıwmalıqları ha`m ayırmashılıqları | |
| | 2. Ka`rxananın` tiykarg`ı formaları. | |
| | 3. Menedjment ha`m marketing. | |
| | 4. Ekonomikalıq shıg`ınlar tu`sinigi, olardın` tu`rleri ha`m quramı. | |
| | 5. Ka`rxananın` xojalıq xızmetinin` na`tiyjeliligi. Payda norması ha`m massası. | |
| | 6. Kommertsiyalıq shıg`ınlar ha`m kommertsiyalıq payda. | |
| **9-1 -tema:** | **Agrar qatnasıqlar ha`m agrobiznes** | |
| | 1. Agrar qatnasıqlar ha`m olardın` o`zgeshelikleri | |
| | 2. Agrobiznes ha`m onın` O`zbekistandag`ı ko`rinisi | |
| **10 –tema:** | **Ja`miyetlik islep shıg`arıwdın` da`wirligi. Jumıssızlıq ha`m inflyatsiya** | 83 – 87 |
| | 1. Ja`miyetlik islep shıg`arıwdın` a`hmiyeti | |
| | 2. Ekonomikalıq rawajlanıwdın` da`wirligi. Ekonomikalıq tsikl ha`m onın` basqıshları | |
| | 3. Jumıssızlıq ha`m inflyatsiya ha`mde olar ortasındag`ı baylanıslılıq | |
| | **III – Bo`lim. Makroekonomika** | |
| **11 –tema:** | **Ekonomikalıq o`siw ha`m milliy baylıq** | 88 – 96 |
| | 1. Ekonomikalıq o`siw a`hmiyeti ha`m faktorları | |
| | 2. Ekonomikalıq o`siw modelleri | |
| | 3. Milliy baylıq tu`sinigi ha`m onın` du`zilisi | |
| **11.1 -tema:** | **Miynet qatnasıqları ha`m is haqı** | |
| | 1. Miynet bazarı ha`m jumısshı ku`shinin` tovar sıpatında qunı | |
| | 2. İs haqının` a`hmiyeti ha`m tu`rleri | |
| | 3. İs haqını belgilewde ka`siplik birlespelerinin` roli | |
| **12 -tema:** | **Xalıq da`ramatları ha`m ma`mlekettin` sotsial siyasatı** | 97– 101 |
| | 1. Xalıq da`ramatları ha`m onın` derekleri | |
| | 2. Da`ramatlardın` bo`listiriliwi. Lorens qıya sızıg`ı | |
| | 3. Xalıqtı sotsial qorg`awdın` za`ru`rligi ha`m onın` tiykarg`ı bag`darları | |
| **13 -tema:** | **Finans ha`m finans qainasıqları. Salıq sisteması** | 102 - 112 |
| | 1. Finansttın` a`hmiyeti ha`m wazıypaları | |
| | 2. Ma`mleket byudjetinin` tu`rleniwi | |
| | 3. Salıq sisteması ha`m onın` wazıypaları | |
| | 4. O`zbekistanda byudjet ha`m salıq sistemasın jetilistiriw ma`seleleri | |
| **13.1 -tema:** | **Pul-kredit sisteması ha`m bankler** | |

| | | |
|---|---|---|
| | 1. Pul aylanısı. Pulg`a talap ha`m puldın` usınısı | |
| | 2. Kredittin` a`hmiyeti ha`m wazıypaları, kredit tu`rleri | |
| | 3. Bank sisteması. Oraylıq ha`m kommertsiyalıq bankleri ha`mde olardın` wazıypaları | |
| | **IV – Bo`lim. Jer ju`zlik xojalıq**. | |
| **14 -tema:** | **Jer ju`zlik xojalıq ha`m onın` evolyutsiyası** | 113 -116 |
| | 1. Jer ju`zlik xojalıq ha`m onın` belgileri<br>2. Jer ju`zlik xojalıqtag`ı ma`mleketler | |
| | 3. Shetke kapital shıg`arıw. Jumısshı ku`shi migratsiyası | |
| | 4. Jer ju`zlik xojalıq infrastrukturası | |
| **15 -tema:** | **Xalıq aralıq sawda** | 117– 124 |
| | 1. Xalıq aralıq sawda ha`m onın` a`hmiyeti | |
| | 2. Ma`mlekettin` sawda siyasatı | |
| | 3. Sawda balansı ha`m onı ta`rtipke salıw usılları | |
| **15.1-tema:** | **Valyuta qatnasıqları ha`m valyuta sisteması** | |
| | 1. Xalıq aralıq valyuta sisteması ha`m tu`rleniw basqıshları | |
| | 2. Valyuta tu`rleri | |
| | 3. Valyuta siyasatı | |
| | Paydalanılg`an a`debiyatlar | |
| | Qosımsha paydalanıw ushın usınıs etiletug`ın a`debiyatlar | 125 - 127 |

# KİRİSİW

Respublikada bazar ekonomikasın qurıw, erkinlestirilgen bazar ekonomikasına o`tiwdi ta`miynlewde jetik qa`niygeler tayarlawdın` ornı u`lken. Ha`zirgi da`wir qa`niygeleri bazar ekonomikası rawajlanıwının` tiykarı bolg`an, bazar ekonomikası mexanizmlerin tolıq u`yreniwleri ha`m olardı ekonomikalıq turmısta engize alıwları kerek. Sonın` ushın ha`m Respublika oqıw orınlarında qa`niygelerdi tayarlawda olardın` ekonomiikalıq bilimlerin asırıwg`a ayrıqsha itibar berilmekte. Prezidentimiz: «Ja`miyettegi siyasiy, sotsial-ekonomikalıq, ruwxıy qatnasıqlardın` rawajlanıwı haqqında arnawlı oqıwlıqlar, okıw qollanbalar, a`debiyatlar jaratıw za`ru`r» - degen edi.

Bul lektsiya teksti instituttın` barlıq qa`niygeligi talabaları shın usınıs etilgen oqıw da`stu`r tiykarında jazılg`an bolıp, bunda ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti ha`m u`yreniw usılları, ekonomikalıq ta`liymattın` qa`liplesiwi, sotsial-ekonomikalıq iskerlik ha`m onın` tu`rleri, tovar islep shıg`arıw, onın` ekonomikalıq rawajlanıwdag`ı ornı, mu`lkshilik qatnasıqları, islep shıg`arıw, tutınıw ha`m toplaw, investitsiya, bazar ekonomikası ma`nisi, wazıypaları, talap ha`m usınıs nızamı, respublikada bazar ekonomikasının` qa`liplesiwi, ba`seki ha`m onın` tu`rleri, bahalar, bahalardın` qa`liplesiwi, agrar qatnasıqlar ha`m agrobiznes, jumıssızlıq, inflyatsiya, ekonomikalıq o`siw ha`m milliy baylıq, bazar ekonomikasında miynet qatnasıqları ha`m is haqı, halıq da`ramatları, ma`mlekettin` sotsiallıq siyasatı, finans ha`m finans qatnasıqları, pul-kredit sisteması ha`m bankler, milliy da`ramat ha`m onın` bo`listiri-liwi, investitsiya ha`m olardın` ma`nisi ma`seleleri jarıtılg`an.

Lektsiya tekstinde respublikada bazar ekonomikası rawajlanıwın ja`ha`n ma`mle-ketleri menen ekonomikalıq birge islesiwi, ja`ha`n xojalıg`ı ha`m onın` evolyutsiyası, halıq aralıq sawda ha`m valyuta qatnasıqları temaları talabalarg`a tu`sinerli da`rejede jarıtıp beriwge ha`reket etilgen. Lektsiya teksti avtorları pa`nnin` temaların tan`law, olardı jarıtıp beriw ta`rtibi ha`m metodları boyınsha oqıwshılar ta`repinen beriletug`ın usınıslardı minnetdarshılıq penen itibarg`a aladı.

## I - bo`lim. Ekonomikalıq teoriyanın` tiykarg`ı mashqalaları

### 1– tema: Ekonomikalıq bilimnin` rawajlanıw basqıshları, pa`ninin` predmeti ha`m u`yreniw usılları

### 1. Ekonomikalıq bilimnin` rawajlanıw basqıshları, predmeti

Ekonomikalıq teoriya en` qa`dimgi ilimlerden biri bolıp esaplanadı. Sebebi adamzat ja`miyeti payda bolg`an da`slepki da`wirlerden baslap-aq adamlar o`zlerin qorshag`an ja`miyettin` ekonomikalıq turmısın biliwge ha`reket qılg`an. Adamnın` tirishilik etiwinin` tiykarı materiallıq o`ndiris ekenligin tu`sinip, onın` rawajlanıw nızamlıqların biliwge, ja`miyette ju`z berip atırg`an qubılıslar orta-sındag`ı o`z-ara baylanıslıqtı u`yreniwge qızıqsıng`an. Bunın` da`lili sıpatında a`yyemgi Qıtay, Rim, A`yyemgi Gretsiyada jasag`an oyshılardın` ekonomikalıq oy–pikirlerin keltiriwge boladı. Mısalı, A`yyemgi Qıtay oyshılarınan esaplang`an **Konfutsiy,** a`yyemgi grek oyshılları: **Aristotel`, Platon, Ksenofont,** A`yyemgi Rim oyshılları **S.Katon, Varonlar** o`zleri jasag`an da`wirge ta`n bolg`an ekonomikalıq qubılıslar boyınsha izertlewler ju`rgizip o`z pikirlerin bildirgen. "**Ekonomika**" termininin` o`zi de birinshi ret Aristotel` ta`repinen kirgizilgen. Bul so`zdin` ma`nisi kelesi eki so`zlerdin` quramınan turadı: «**OYKOS**» - **u`y, xojalıq**, «**NOMOS**» - **qa`de, nızam** degendi an`latadı ha`m ekewi birlikte «**u`y xojalıg`ın ju`rgiziw sheberligi**» degendi bildiredi. Ekonomikalıq bilimler qa`dim zamanlardan baslap payda bolg`anı menen, onın` haqıyqıy ilim sıpatında qa`liplesiwi XVI - XVII - a`sirlerge tuwra keledi. Eski Egipet, Qıtay, İndiya, Eski Gretsiya ilimpazları ha`m oyshılları o`zlerinin` miynetlerinde: almasıw proportsiyaları, aqshanın` funktsiyası, sawdanın` a`hmiyeti, xalıq aralıq sawda, ma`mleketler aralıq sawda ha`m t.b. haqqında o`z da`wirlerinde o`zlerinin` pikirlerin aytqan.

Ekonomikalıq bag`darda bul ta`liymatlardı alg`a su`rgen ilimpaz-alımlar qatarında **Ksenofont** (shama menen eramızdan aldın`g`ı 430-354 jılları), Platon (shama menen eramızdan aldın`g`ı 427-347 jılları), ha`m Aristotel (eramızdan aldın`g`ı 384-322 jılları) ta`replerinen aytılg`an pikirleri a`sirese, dıqqatqa ılayıq. Biz ko`p paydalanatug`ın **«Ekonomiya»** tu`sinigi Ksenofonttın` shıg`armasının` bas ataması bolıp, ol grek tilinen alıng`an, qaraqalpaq tiline awdarg`anda **«oykonomiya» - «oykos» - u`y, xojalıq** ha`m «**nomos» - nızam, yag`nıy** «**u`y xojalıg`ı nızam – qag`ıyda**» ma`nisin an`latadı.

Grek alımı **Ksenofont** xojalıq ju`rgiziw xızmetin paydalı buyımlar do`retiw protsessi, yag`nıy tutınıw qunların do`retiw dep bilgen. Usı bag`darda birinshi bolıp, miynettin` bo`listiriliwinin` a`hmiyetin tu`sindirip bergen. **Ksenofont** natural xojalıqtı qollap quwatlaydı. Ol miynettin` bo`listiriliwi, o`nimnin` almasıw qunı boyınsha ko`plegen anıq pikirler bildiredi.

**Platon** o`zinin` «**Ma`mleket ha`m nızamlar**» shıg`armasında ideal ma`mleket haqqında aytıp, adamlardı **3 kategoriyag`a: filosoflarg`a, a`skeriylerge ha`m menshik iyelerine** bo`ledi. Onın`, miynet bo`listiriwi, tovar, aqsha haqqındag`ı pikirleri itibarg`a ılayıq.

İskender Zulqarnayındın` (Aleksandr Makedonskiy) ustazı bolg`an **Aristotel`** o`z shıg`armalarında ekonomikalıq pikirlerdi ko`plep keltiredi. Ol tariyxta birinshi bolıp, almasıw qundı analizledi ha`m **qunnın` miynet teoriyasın** jarattı. **Aristotel`** «**haqıyqıy baylıq**» dep, tutınıw qunlarının` jıyındısın tu`singen. Ol birinshi bolıp, almasıw qunın analizlegen (**1 qoy = 100 balıq**). Alımnın` ekono-mika qanday pa`n ekenligi haqqındag`ı pikirleri de dıqqatqa ılayıq. Ol, **ekonomika degende, turmıs keshiriw ushın za`ru`r bolg`an o`nimlerin (tutınıw qunların) o`ndiris penen baylanıslı bolg`an ta`biyiy xojalıq xızmetin tu`singen.**

A`yiemgi Rimde (İtaliyada) ekonomikalıq pikirlerdin` tarqalıwı qulshılıq ja`miyetinin` qulawı da`wirine tuwra keledi. «**Diyxanshılıq**» shıg`armasının` avtorı bolg`an **Katon (eramızdan aldın`g`ı 234-149 jılları**) natural xojalıqtın` ta`repdarı bolg`an. Usı menen birge, ol artıqsha o`nimdi satıw ha`m kerekli buyım-lardı satıp alıwg`a iytermelegen, yag`nıy bazardın` za`ru`r ekenligin ta`n alg`an.

**Ag`a-ini Tiberiy** ha`m **Gay Grakxlar** tariyxta birinshi iri agrar reformashılar sıpatında o`z pikirlerin bayan etken ha`m bul jolda janların da ayamag`an. Bunın` arqasında a`yiemgi Rimde jeke menshikke aynalg`an jerler de payda bolg`an.

A`yiemgi Rim alımlarınan **Lyutsiy Kolumella (XIII - a`sir**) ha`mde **Lyutsiy Aney Seneka** miynettin` o`nimdarlıg`ı haqqında pikir ju`rgizip, qol miynetin jen`illetiwge ha`m sonın` sebebinen na`tiyjelirek xojalıq ju`rgiziwge ha`reket etken.

Feodal ja`miyetinin` da`slepki basqıshında, Arab, Shıg`ıs ma`mleketlerinde İslam dininin` tarqalıwı, onın` ekonomikalıq pikirlerinin` a`hmiyeti ju`da` ulken bolg`an. İslamnın` ekonomikalıq pikirleri musılmanlardın` muqaddes kitapları **«Quranıy Ka`rim**»-de (610-632 jılları arasında), **«Ha`dislerde**» ha`m basqa ataqlı shıg`armalarda bayan etilgen.

**«Quranıy Ka`rim**» de sawdag`a, hadal ha`m a`dalatlı is ju`rgiziwge, sawda ha`m isbilermenlikten payda alıwda insaptı umıtpawg`a ayırıqsha a`hmiyet berilip, su`txorlıq, basqalardın` ırısqısına qıyanet etiw qaralang`an. Bul kitapta menshiktin` tutqan ornı, og`an qıyanet etiw keshirilmes gu`na` dep aytılg`an, qarız beriw, sadaqa berip turıw pikirleri aytılg`an. Sonın` menen bir qatarda kitapta ka`sip tan`law, onı iyelewge, paydalı miynet etiwge,miynet etiw arqalı o`mir keshiriwdi u`yreniwge, miynet ha`r bir insan ushın jaqsı jasawdın` deregi dep u`yretilgen. Ja`ne muqaddes «Quranıy Ka`rim» de insanlar bar o`nimlerden durıs paydalanıwı, saqawatlı isler islewi ekonomikag`a a`dalat ko`zi menen qarawg`a, hadal bolıwı, ashko`zlik, haram ha`m a`dalatsızlıqtan qashıwı sha`rt ekenligi de aytılg`an. İnsaniyat basıp o`tken uzaq jol miynet ha`m do`retiwshilik jolı bolıp kelgen, sonın` ushın adamlar ha`r qashan miynetti qa`dirlegen, jaslardı miynet su`ygish etip ta`rbiyalawg`a itibardı ku`sheytiwi za`ru`r bolg`an. Bul a`libette ta`rbiyag`a baylanıslı. Sol sebepli, «**Bilimlendiriw haqqında**» g`ı nızamda, «**Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`rinde**» ha`m O`zbekstan Respublikasında bul, tarawdag`ı basqa bir qatar nızamlarda miynet ta`limine ulken itibar berilgeni maqsetke muwapıq.

Sonday-aq **«Quranıy Ka`rim**» de shan`araqtag`ı menshik qatnasıqları miyras qaldırıw, miyrasqa iyelik etiw, miyrastı durıs bo`listiriw ma`selelerine ayırıqsha itibar berilgen. «Q**uranıy Ka`rim» de qarız beriw ha`m qarız alıw, miyras bo`listiriw** ( 4-su`re**, 8-ayat), jetim - jesirlerge miriwbet, sadaqa beriw** ( 3-su`re, 128-ayat), **o`z-ara ja`rdem beriw** ( 5-su`re, 3-ayat) tilge alıng`an. Isırapgershilik qaralang`an, payda mug`darı 10 protsent etip belgilengen. **«Quranıy Ka`rim**» de sheklengen resurs-lardan u`nemli paydalanıwg`a itibar berilip, mınanday delingen: «**Jen`ler, ishin`ler, berin`ler biraq ısırap etpen`ler**». **«Quranıy Ka`rim**»- de alg`a su`rilgen ekonomika-lıq pikirlerden biri insannın` tutınıwı, onın` norma shegerası, tutınıw ma`deniyatı da orın alg`an, yag`nıy tutınıwshının` normada bolıwı, ısırap etiw, olardan u`nemli paydalanıw za`ru`rligi aytılg`an, kerisinshe tutınıw norması ha`m ma`deniyatın bilmew ka`mbag`alshılıqqa, ekonomikalıq dag`darısqa alıp keliwi mu`mkinligi ko`rsetilip o`tilgen.

Orta Aziya ilimpaz-entsiklopedistleri ha`m oyshılları: **Abu Nasr Farabiy, Abu Ali İbn-Sino, Abu Rayxan Beruni, Yusuf Xas Xodjib, Alisher Navoy** ha`m tag`ı basqalar, olar ele ekonomikalıq mashqalalarg`a qızıg`ıwshılıq ku`shli emes waqıtın-da o`z ko`z-qarasların bildirgen.

**Abu Nasır Farabiy** ilimi - pa`n tariyxında **«Shıg`ıstın` ullı filosofı», «Shıg`ıstın` Aristoteli», «Shıg`ıs Platonı»** atları menen belgili bolg`an. Onın` ekonomikalıq pikirleri «**Fozil kishilar shaxri**» shıg`armasında bayan etilgen. Ol en` da`slep mu`lkke iye bolıw, onın` ja`rdeminde bay bolıp jasaw mu`mkin ekenligin, mu`lkti paydasız jıynawdan saqlanıw, adamlarg`a, a`wladqa zıyan keltirmeytug`ın malmu`lk jıynaw paydalı is deydi. Basqalar ushın zıyan keltiretug`ın baylıq toplaw, mal-mu`lkke iye bolıw jaman a`det dep bildiredi. (Abu Nasır Farabiy: «Fozil kishilar shaxri». T. 1993 j. 38-bet). **Farabiy – «Mu`lk arttırıwda onsha qa`wip joq, biraq onı asırap saqlamaw mu`mkin emes. Eger basqa birewler esabınan mu`lk arttırg`anlar jazalanbasa, bunday jag`dayda xalqınan insan ha`m hadallıq jog`aladı. Mu`lkti asırap - saqlap ku`tiw o`zinin` mu`ta`jligi ushın paylansa, bul jaman is bolıp tabılmaydı»,** dep ko`rsetedi ( Abu Nasır Farabiy: «**Fozil kishilar shaxri**». T. 1993 j. 47-bet).

**Abu Ali İbn - Sino** ta`liymatında da Farabiydin` pikirlerine uqsas mu`ta`jlikler, olardı qanaatlandırıw mashqalaları ayırıqsha orın iyeleydi. Ol a`sirese, adamlar o`z mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwda bir - birleri menen baylanısta boladı. Sebebi, ha`r bir Adam o`z aldına islese,

ol qansha ku`shli ha`m qa`biletli bolmasın o`z mu`ta`jliklerin qanaatlandıra alatug`ın barlıq o`nimlerdi o`ndire almaydı. Sol sebepli olar o`z-ara ekonomikalıq kelisim tiykarında, yag`nıy miynet bo`listiri-liwi arqalı miynet etiwge, ekonomikalıq xızmet alıp barıwg`a umtıladı. Sonın` ushın, İbn Sino adamlar ja`miyetten sırta jasay almaytug`ınlıg`ın, ol belgili bir ja`miyette g`ana o`z-ara ekonomikalıq birge islesiw arqalı o`z turmısın dawam ettiredi, o`zlerinin` jasaw mu`ta`jliklerine boysınıwı kerek dep u`yretedi.

İbn Sino «**Tib qonunlari**» shıg`armasında **«Eger haywanlar ta`biyat baylıqlarına qanaat etip jasasa, adamlarg`a bul baylıqlar jetpeydi, olar azıq-awqat, kiyim - kenshek, u`y - jayg`a bolg`an mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwı tiyis. Eger haywanlar tayar ta`biyat baylıqların o`zlestirip alsa, adamlar bolsa o`z miynetleri menen za`ru`r bolg`an baylıqlardı do`retedi, sonın` ushın da olar miynet etedi ha`m ha`r qıylı xızmet – diyxanshılıq, sharwashılıq, o`nermentshilik penen ba`nt boladı»** - dep jazadı.

Yusup Xos Ha`jiptin` «**Qutadg`u bilig»** dep atalg`an shıg`armasında aytıp o`tilgen. Ol bul miynetinde, miynetke durıs haqı to`lew, miynetti xoshametlew, materiallıq ma`pti qorg`aw, ka`sip - o`ner iyelew, ku`shli sotsiallıq qorg`anıwg`a ko`p dıqqat bo`lgen. Shıg`armada diyxanlarg`a, sharwalarg`a, sawdagerlerge, o`nermentshilerge bag`ıshlang`an o`z aldına baplar bar. **«Xızmet etiwshi xalıq** – dep jazadı alım, **o`z miyneti na`tiyjesinen u`mit etedi. U`mit etken na`tiyjesine erise almag`an xızmetkerlerdin` kewli sınadı, … xızmetine ılayıq maqsetke erisken xızmetkerlerdin` bolsa kewli ko`kke jetedi»** («Qutadg`u bilig» T. 1990 j. 63-bet).

Ol ma`mleket, el - jurt ha`m onın` baslıg`ı bay bolıwı ushın, adamlardı, jumıs-shılardı bay etiwi kerek, degen pikirdi alg`a su`redi. «**Xızmetkerler bay bolsa, ma`mleket, el basshısı bay boladı, el basshısınan` ku`shi xalıq penen. Sonın` ushın xalıq toq bolsın**» («Qutadg`u bilig» T. 1990 j. 65-bet) dep jazadı. Ullı alımnın` bul ekonomikalıq ideyaları respublikamızda alıp barılıp atırg`an bazar reformaları menen sa`ykes kelmekte, dep aytıwg`a tolıq derek beredi.

**«Reformalar insan ma`plerine sa`ykes kelgen, onın` talap ha`m mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a ja`rdem bergen: jumıstın` da`rejesin jaqsılawg`a qaratılg`an jag`dayda g`ana a`hmiyetli bolıwın udayı yadta saqlawımız kerek» -** dep tu`sindiredi, Prezidentimiz İ.A.Karimov ([1], 19 bet). Ha`r bir insan turmıstın` da`rejesin ol etip atırg`an miynetke, onın` mug`darına, sıpatına baylanıslı bolmasa, ekonomika ha`sh qashan rawajlanbaydı. İnsan miynettin` durıs ha`m a`dalatlı xoshametleniwi ekonomikag`a ko`p mug`darda kapital sarplaw menen ten`. Sonın` ushın da Prezidentimiz İ.A.Karimov respublikamızda ekonomikalıq refor-malardın` strategiyalıq wazıypalarınan bir **«adamlarda jan`asha ekonomikalıq pikirlewdi qa`liplestiriw, olar-dın` du`n`ya qarasın o`zgertiw, ha`r bir adamg`a o`z miynetin sarplaw tarawı ha`m formaların g`a`rezsiz belgilew imkaniyatın beriwi tiyis»** dep ko`rsetedi ([1], 18 bet).

Shıg`ıs ekonomikalıq ta`liymatının` rawajlanıwında saqıpqıran **A`mir Temurdın`** ekono-mikalıq pikirleri ayırıqsha orın iyeleydi. Olardın` ekonomikalıq pikirleri **«Temur tuzuklari»** dep atalg`an shıg`armasında ko`birek bayan etilgen. Onda «**Ekonomikalıq teoriya**» pa`ninde u`yretiletug`ın ko`plegen ekonomikalıq tu`sinikler haqqında aytılıp o`tiledi. «**Temur tuzuklari**» shıg`armasında A`mir Temur ta`repinen ma`mleketti basqarıw, onı rawajlandırıw nızam – qag`ıydaları, printsipleri, jol-ları, ekonomikanı sho`lkemlestiriw, turaqlastırıw mashqalalarına arnalg`an za`ru`r usınıslar berilgen.

A`mir Temur ma`mleket ha`m ekonomikanı basqarıwdın` o`zine ta`n **eki basqıshlı**: («**Bas wa`zir ken`esi»** ha`m «H**a`r bir wa`layat ken`esi»**) mektebin islep shıqtı. Bul basqarıw sisteması salıq jınaw, ta`rtipti saqlaw, o`ndiris ha`m ja`miyetlik infra-strukturalardı do`retiw ha`m olardı ju`rgiziw, qadag`alaw ha`m tekseriw jumısların alıp barıw, xalıqtın` minez - qulqın qadag`alap barıw ha`m basqa jumıslarg`a basshı-lıq etken.

A`mir Temurdın` ekonomikalıq siyasatı negizinde insan, onın` ma`pi, pa`rawan ha`m tınısh turmıs keshiriw ma`seleleri jatadı. Adamlarg`a o`ner - ka`sip u`yretiw, olardı jumıs penen ta`miynlew, isbilermenlik ha`m talapkershilik penen shug`ıllanıw-shılarg`a za`ru`r bolg`an qarjılar ajıratıw, u`y - jaylar qurıp beriw haqqında aytı-lıp o`tiledi. **«O`ner - ka`sip ha`m bilim**

**iyelerine iri ka`rxanalardan u`les berilsin, bileginde ku`shi bar jas adamlar bolsa, o`z jag`dayına qarap jol tutsın, qarjısı qolınan ketip qalg`an sawdagerlerge o`z qarjıların qayta tiklep alıw ushın qaznadan jeterli mug`darda altın berilsin», «ku`shi jetpegen diyxanlarg`a egis ushın tuxım, a`sbap - u`skeneler tayarlanıp berilsin, puxaralardan u`y - jayı buzılıp, qayta tiklewge qurbı jetpegenlerge kerekli zatlardı jetkerip berip, olarg`a ja`rdem berilsin»** («Temur tuzuklari» T.1993 j. 67 bet) dep ko`rsetedi A`mir Temur. Bul pikirler ha`zirgi da`wirde de, bazar ekonomikasına o`tiwde ulken a`hmiyetke iye.

A`mir Temur menshik ma`selelerine de itibar bergen ha`m ha`r qıylı menshiklerdin` ten` qollanıwına jag`day jaratıp bergen. Saqıpqıran A`mir Temur da`wirinde tiykarg`ı o`ndiris quralı bolg`an jerge iyelik etiwdin` bes tiykarg`ı ko`rinisi bolg`an.

A`mir Temur xalıqtı o`zi ju`rgizip atırg`an ekonomikalıq siyasatınan a`sirese, finanslıq qatnasıqlardan, aqsha mashqalaları ha`m salıq sistemasınan xabarlı bolıwı, yag`nıy ekonomikalıq jaqtan sawatlı bolıwın talap etken. Ol xalıq ekonomikalıq jaqtan sawatlı bolsa, ma`mleket te ekonomikalıq jaqtan rawajlanadı ha`m na`tiyjege erisedi dep esaplag`an.

Ja`ne de ol salıqlar haqqında jazıp: «**Eger xalıq dizimge alıng`an jerlerden beriletug`ın salıq naq aqsha menen to`lewge razı bolsa, olarg`a jen`illik beri-liwi kerek»** - dep ha`m bunın` menen ol salıqtı naq aqsha menen to`lewshilerge naqlay emes aqsha yag`nıy, o`nim beriw jolı menen to`lewshilerge qarag`anda jen`illikler beriw za`ru`rligin aytadı. Bunday siyasat a`libette a`piwayı miynetkesh xalıq ma`pleri menen u`zliksiz baylanısqan siyasat ekenliginen derek beredi. Bunday siyasat dun`yada ekonomikalıq ha`m a`skeriy ta`repten ku`shli, qudretli, ma`mleket du`zilisine sebep bolg`an. Saqıpqıran A`mir Temur sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı ju`da` a`hmiyetli dep bilgen. Qıtay, Hindistan, Arab ma`mleketleri, Mısr, Rim, İzrail usag`an ma`mleketler menen jaqın ekonomikalıq baylanıslardı jolg`a qoyıwg`a umtılg`an.

Xalqımız, a`sirese, jaslarımız **Alisher Nawayını** tiykarınan shayır sıpa-tında jaqsı biledi. Ol ekonomikag`a da baylanıslı ko`plegen ideyalardı o`zinin` **«Maxbub ul qulub»** (**«Qa`lb su`yiklisi»**) shıg`armasında ko`rsetip o`tken.

Alisher Nawayı eki ekonomikalıq pikirdi alg`a su`rdi:

1) **Miynettin` mug`darı ha`m sıpatına qarap xoshametleniwi.**
2) **Miynetke qaray is haqı alıw, anna su`tindey hadal ekenligi.**

Nawayının` ekonomikalıq ko`z-qaraslarında menshik ma`selerine, onı durıs bo`listiriw, resurslardan u`nemli paydalanıw, ısırapgershilikke jol qoymaw, sonda g`ana xalıq toq, parawan jasaydı degen ideyanı alg`a su`redi. **«Isırap etiw saqıylıq emes, orınsız jumsawdı aqıllı adamlar saqıylıq dep esaplamaydı, hadal maldı kwydirgendi tentek deydi, jaqtı jerde sham jaqqandı aqılsız deydi».**

Ullı shayır Alisher Nawayı isbilermenlik, yag`nıy da`ramat tabıwdın` jolları u`stinde u`lgili pikirler aytqan. Onın` pikirinshe daramat tabıwdın` eki jolı bolıp, **birinshisi** o`z miyneti menen baylıq toplaw ha`m toq jasaw, al, **ekinshisi** bolsa urlıq, da`megoylik ha`m zorlıq esabınan baylıq jıynaw.

Sol da`wirlerden baslap ha`zirge shekem ekonomikalıq teoriya pa`ni bir qansha rawajlanıwı basqıshlarınan o`tti ha`m bug`an bir qatar ag`ımlar o`z u`leslerin qostı.

Ekonomikalıq teoriyanın` rawajlanıwındag`ı en` da`slepki ag`ımlar sıpatında "**Merkantilizm"** ag`ımın aytıwg`a boladı. Merkantilizmnin` en` ko`rnekli ko`zge ko`r-ingen wa`killeri bolıp: **T. Mann (1575-1621), A.Monkret`en de Vattevil` (1519-1584), G. Skaruffi (1519-1584). D. Nore (1641-16941), D. Yum (1711-1746) esaplanadı. Merkantilistler** ta`liymatında ha`r qanday baylıqtın` deregi sawda sferası degen ideya tiykarg`ı orında iyeleydi. Olar, **baylıqtı aqsha menen belgileydi ha`m ma`mleket baylıg`ın saqlap turıw ushın milliy ekonomikag`a shet el kapital-larının` ag`ıp keliwine jol qoyılıw kerek dep ko`rsetedi.**

Merkantilistlik mektep u`a`kili **Antuan Monkret`en** ekonomikalıq pa`nge birin-shi bolıp «**Siyasiy ekonomiya**» tu`sinigin kirgizgen. Ol 1665 jılı «**Siyasiy ekonomiya traktati**» shıg`armasın jazg`an. Bul shıg`armanın` tiykarg`ı ideyası – «**ko`p satıw, az satıp alıw**». Merkantilizm Angiliyada da awıl xojalıg`ı ha`m sanaattın` rawajla-nıwına tu`rtki bergen bolsa,

Frantsiyada ol tiykarınan itibardı sanaatqa qaratqan. Frantsiyada bul ta`liymat basında Frantsiya koroli Lyudovik XIV-tin` finans (qarjı) u`a`ziri **J. B. Kol`ber (1619-1683 j.)** turg`an. «**Aqsha sawdanı rawajlandıradı**» degen doktorinanı en` joqarı da`rejesine ko`tergen merkantilist **Jon Lo** edi. **Jon Lo** 1705 jılda o`zinin` tiykarg`ı shıg`arması «**Aqsha ha`m sawda analizi**» miynetin jazg`an. **Jon Lonın`** ideyası to`mendegilerden ibarat bolg`an: Onın` pikirinshe ekonomikalıq rawajlanıwdın` gilti ma`mlekette aqshanın` ko`pligi bolıp esaplanadı. Ol aqshanın` o`zin baylıq dep esaplamag`an, al tovarlar, ka`rxanalar ha`m sawdanın` o`zin haqıyqıy baylıq dep bilgen. Biraq, aqshanın` ko`pligi o`ndiris faktorlarınan tolıg`ıraq paydalanıwg`a imkaniyat beredi. Jon Lonın` pikirinshe, aqshalar metaldan emes, al xojalıq talabı tiykarında bankler ta`repinen shıg`arılatug`ın kreditten ibarat bolıwı kerek, yag`nıy qag`az aqshalarg`a u`stinlik beriledi. Merkantilizm mektebi ha`mme ma`mleketlerde tarıyxıy unamlı xarakterge iye boldı. Olar birinshi bolıp tutınıw qunın emes, al almasıw qunın baylıq sıpatında ta`n aladı. Olar qun ha`m baylıqtı aqsha menen bir dep bilip, a`piwayı etip aytqanda, kapital ja`miyetinin` ta`biyatın ashıp berdi.

Ekonomikalıq bilimlerdin` rawajlanıwındag`ı jan`a basqısh fiziokratlar atı menen baylanıslı bolıp «**Fiziokratiya**» yag`nıy «**Ta`biyat hu`kimdarlıg`ı**» dep atalg`an. Olardın` merkantilistlerden tiykarg`ı ayırmashılıg`ı ha`r qanday baylıqtın` deregi sawda da emes, al miynette ekenligin tu`sindi. Bul ag`ımnın` wa`killerinen biri **F.Kene** bolıp, olardın` tiykarg`ı kemshiligi tek g`ana awıl xojalıg`ında islengen miynetti o`nimli miynet dep esaplap, barlıq baylıqlar awıl xojalıg`ında o`ndiriledi dep ko`rsetiwi bolıp tabıldı. «**Baylıq awıl xojalıg`ında jaratıladı ha`m ko`beyedi**» degen ideyası menen merkantilistlerden ajıralıp turadı.

Ekonomikalıq bilimlerdin` rawajlanıwına «**klassik siyasiy ekonomiya**» wa`kil-lerinen esaplang`an **Adam Smit, Ul`yam Petti** ha`m **David Rikardolarda** u`lken u`les qostı. Olardın` en` u`lken jetiskenligi miynet qunı teoriyasına tiykar salıwı bolıp tabıladı. **Uil`yam Petti** da bul ag`ımnın` ko`rnekli wa`killerinen bolıp, ol "**Ha`r qanday baylıqtın` atası miynet, anası - jer"** degen bahalı pikirdi ayttı. Olar o`ndiristin` ha`r tu`rli tarawlarına baylanıssız izertlewler baslag`an (**Baylıq bul- miynet, tovar, aqsha, payda h.t.b.** dep tu`sindirgen).

Olar «**Baylıq tek g`ana awıl-xojalıg`ında emes, sonın` menen bir qatarda sanaat, qurılıs ha`m basqa xızmet ko`rsetiw tarawlarında da jaratıladı**» degen ilimiy juwmaqqa keledi.

Ekonomikalıq bilimlerdin` bunnan keyingi rawajlanıwı **marksislik** basqıshqa tuwrı keledi. X1X a`sirdin` aqırlarına kelip marksizmge qarama - qarsı bolg`an «**marjinalizm**» teoriyası payda boldı. Bul teoriyanın` ta`reptarları **K.Menger, Bem-Baverkler** esaplanadı. Bul ag`ım wa`killeri: **o`ndiris shıg`ınları, talap, usınıs, baha, na`tiyje yamasa shıg`ın shegarası, o`ndiristin` katnasıqları** h.t.b. tu`siniklerdi kirgizdi.

Marjinalizm ag`ımının` baslı bag`darı (**shekli paydalılıq)** teoriyası bolıp, olar o`ndiris shıg`ınların, talap, usınıs, baha, na`tiyje yamasa shıg`ın shegerasın, o`ndiris qatnasıqların h.t.b. anıqlawda sanlıq analizlerge su`yenedi ha`m bunda ekonomikalıq - matematikalıq modellestiriw usıllardan paydalanadı.

XX a`sirdin` aqırına kelip ekonomikalıq bilimler sistemasında u`lken o`zgerisler ju`z berdi. Ekonomikalıq teoriyanın` rawajlanıwında **monetarizm, neoliberalizm, keynslik, neoinstituttsionalizm** ag`ımları da payda bolıp, olar ha`zirgi zaman ekonomikalıq teoriyasının` baslı bag`darları esaplanadı.

XX a`sirge kelip ekonomikalıq analizdin` jan`a podxodları (esaplawları, janta-sıwları) jan`asha talqılawlar payda boldı.

**Keyinshiler** - makroekonomikalıq analiz ja`rdeminde ma`mleket ja`miyettin` eko-nomikalıq protsesslerin regulirovka etiwi tiyis ha`m a`melge asıradı da dep ko`rsetedi.

**Monetarizm** - ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıwının` sheklengenligi ha`r jılı aqsha massasının` tempinin` o`siwi 3-5 % bolıwı kerek dep ko`rsetedi.

**«Ekonomikalıq usınıs» teoriyası** - bazar ekonomikasın janlandırıw ushın usınıs faktorların, ekonomikalıq sub`ektlerdin` aktivligin (belsen`diligin) sti-mullastırıw kerek dep ko`rsetedi.

**Ratsional ku`tiw teoriyası -** ekonomikalıq sub`ektler, o`zlerinin` o`mirlik ta`jriybelerinen ha`m informatsiyalardan (mag`lıwmatlardan) paydalanıp ekonomikanın` perspektivasın

(keleshegin) aldın ala ko`re biliwi, ma`mlekettin` qanday siyasat alıp barıwın ha`m og`an adekvatlı (juda` jaqın, uqsas) ha`reket etiwi kerek deydi.

**İnstituttsionallıq-sotsiallıq bag`dar** - bul tiykarınan ja`miyetlik evolyutsiya degende, ilimiy-texnikalıq progress, yag`nıy **«industuriyallıq», «informatsiyalılıq»** ja`miyet dep tu`sinedi.

«**Siyasiy ekonomiya**» pa`ni ha`zirgi «**Ekonomikalıq teoriya»** degen at penen 1990–shı jıllardan u`yretile basladı. Bunın` **birinshi sebebi**, ekonomikalıq pa`ndi siyasatlastırıwdan azat etiw bolsa, **ekinshiden,** ekonomikanı sho`lkemlestiriwdi ulıwma adamzatlıq printsiplerge muwapıqlastırıw bolıp tabıladı.

**Ekonomikalıq teoriya** - bul adamlardın` mu`ta`jliklerin tolıq qandırıwg`a erisiw ushın ekonomikalıq resurslardan(shiyki zatlardan) na`tiyjeli (effektli) paydalanıw jolların u`yretetug`ın ilim.

**Makroekonomika bolsa**, ekonomikanı bir pu`tin tu`rinde u`yretedi, ma`mlekettin` ekonomikasın ta`rtipke salıw nızamlıqların anıqlaydı.

**Mikroekonomika bolsa**, bul ha`r bir sub`ektlerdegi ha`m strukturalardag`ı (fir-malar, tarawlar, tovar bazarları h.t.b.) ekonomikalıq baylanısardı u`yretedi.

Ekonomikalıq teoriya ja`miyetlik pa`n bolıp, basqa ilimler sıyaqlı o`z predmetine iye. Ha`r qıylı da`wirlerde ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti haqqında ha`r qıylı anıqlamalardın` berilgenligin ko`riwge boladı. Ekonomikalıq bilimlerdin` rawajla-nıwındag`ı en` da`slepki ag`ımlardan esaplang`an merkantilistler, ilimiy izert-lewlerdin` tiykarg`ı predmeti baylıqlar ha`m olardın` dereklerin u`yreniw bolıp tabıladı dep esaplag`an bolsa, fiziokratlar izertlew predmetin almasıw sferasınan o`ndiris sferasına o`tkeredi. Biraq olarda barlıq baylıqtın` deregi awıl xojalı-g`ında dep esaplap bir qansha qa`teliklerge jol qoyadı.

**Klassik siyasiy ekonomiya** wa`killeri bul ilimdi, materiallıq o`ndiris tarawlarında milliy baylıqtı o`ndiriw, bo`listiriw ha`m toplaw jag`dayların u`yreniwshi ilim sıpatında alıp qaraydı.

Ekonomikalıq teoriya "**Siyasiy ekonomiya**" degen at penen u`yrenilip kelingen bir qansha jıllar dawamında ol, "**Materiallıq baylıqlardı o`ndiriw, bo`listiriw, almasıw ha`m tutınıwdı basqarıwshı nızamlar haqqındag`ı ilim**" degen anıqla-mag`a tiykarlanıp kelindi.

Ekonomikalıq teoriyanı **o`ndiris qatnasıqların u`yrenetug`ın ilim** dep alıp qaraytug`ın ko`z - qaraslar XX-a`sirde jasag`an ko`pshilik ekonomistler ta`repinen maqul-lanıp kelindi.

**K.R.Makkonell, S.L.Bryu** avtorlıg`ındag`ı **"Ekonomiks"** kitabında bul pa`nnin` predmeti **adamlardın` materiallıq talapların tolıg`ıraq qanaatlandırıw maqsetinde sheklengen resurslardan na`tiyjeli paydalanıw jolların u`yreniw** bolıp esaplanadı dep ko`rsetedi. Bul anıqlama ekonomikalıq teoriya "**Ekonomiks**" degen at penen ju`rgiziliwshi sabaqlıqlarda keltiriledi.

"**Ekonomiks**" ekonomikalıq teoriya kursına salıstırg`anda bir qansha ken`irek bolıp, ol Kembridj universitetinde **A.Marshalldın`** usınısı boyınsha engizilgen edi.

**A.F.Shishkin** avtorlıg`ındag`ı «Ekonomikalıq teoriya» sabaqlıg`ında, **bul pa`n o`ndiris qatnasıqların u`yretedi** degen anıqlama basshılıqqa alınadı.

Ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti boyınsha O`zbekistan ekonomistleri de o`zlerinin` bir qansha bahalı pikirlerin bildiredi.

Akademik **S.S.Gulomov**, akademik **G.P.Juravleva** ha`m basqa da bir qatar avtorlar ta`repinen jazılg`an "**Ekonomikalıq teoriya**" sabaqlıqlarında ha`m **Sh.Shodmonov, T.Juraevlardın` «Ekonomikalıq teoriya»** kursı boyınsha lektsiyalar teksti sıpatında jazılg`an kitabında da ekonomikalıq teoriya predmetine bir ta`repleme anıqlama beriwge jol qoymaw za`ru`rligi haqqında aytıladı.

Joqarıda keltirilgen anıqlamalar ekonomikalıq teoriyanın` predmetin adamzat ja`miyetinin` ha`r qıylı aspektlerin esapqa alıw tiykarında berilgen anıqlamalar bolıp tabıladı. Olardın` ayırımları **sheklengen resurslardan o`nimli payda-lanıwg`a tiykarg`ı itibardı qaratqan bolsa, ekinshi bir toparı o`ndiris qat-nasıqlarına ayrıqsha dıqqat awdaradı.** Usılardı esapqa ala otırıp bizin` pikir-lewimizshe «**Ekonomikalıq teoriya**» pa`ninin` predmeti boyınsha ko`birek maqullang`an anıqlama sıpatında to`mendegishe anıqlama bergen maqul dep esaplaymız.

**<u>«Ekonomikalıq teoriya» pa`ninin` predmeti</u> - sheklengen resurslar jag`dayın-da, sheksiz talaplardı qanaatlandırıw maqsetinde, materiallıq baylıqlardı o`ndiriw, bo`listiriw, almasıw ha`m tutınıw protsessinde ju`zege keletug`ın o`ndiris qatnasıqların, bazar ekonomikası jag`dayında xojalıqtı na`tiyjeli ju`rgiziw jolların u`yreniwden ibarat.**

Ekonomikalıq teoriya o`zinin` predmetin u`yreniw arqalı ja`miyet rawajlanıwının` ekonomikalıq nızamların da ashıp beredi.

**<u>Ekonomikalıq nızamlar</u> - bul ekonomikalıq ha`diyseler ha`m qubılıs-lardag`ı u`zliksiz qaytalanıp turatug`ın o`z-ara baylanıslar ha`m sebep aqıbet-lerdin` ulıwmalıq ta`replerin sa`wlelendirip ko`rsetetug`ın tu`sinik bolıp tabıladı.**

**Ekonomikalıq kategoriya – bul logikalıq tu`sinik bolıp, ol ekonomikalıq qubılıstın` ta`replerinin` mazmunın ulıwmalastırılg`an tu`rde ko`rsetedi.** Mısalı, kapital, is haqı, inflyatsiya, jumıssızlıq ha`m tag`ı basqa.

Ekonomikalıq teoriyada ja`miyet rawajlanıwının` ekonomikalıq nızamları **ulıwmalıq, arnawlı ha`m ayrıqsha tu`rlerge** ajıratılıp u`yreniledi.

Ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti onın` atqaratug`ın xızmetleri arqalı tolıg`ıraq sa`wlelenedi. Onın` tiykarg`ı xızmetleri retinde to`mendegilerdi aytıwg`a boladı:

**1. <u>Biliw xızmeti</u>.** Ekonomikanın` sırların biliw ha`m olardı xalıqqa jetkeriw arqalı, olardın` ekonomikalıq bilimlerin arttıradı. Adamlarda jan`asha ekonomika-lıq pikirlewdi qa`liplestiriwge, olardın` du`n`ya qarasın o`zgertiwge xızmet qıladı.

**2. <u>Metodologiyalıq xızmet</u>.** Ekonomikalıq teoriya basqa bir qatar ekonomikalıq pa`nler ushın metodologiyalıq tiykar bolıp xızmet etedi.

**3. <u>A`meliy usınıslar beriw xızmeti</u>.** Ekonomikalıq teoriyanın` bul xızmetinin` ma`nisi jeke adamnın`, ja`ma`a`ttin`, ja`miyettin` ma`pine juwap beretug`ın menshiktin` ha`m xojalıq ju`rgiziwdin` progressiv formalarının` za`ru`rligin ha`m olardı jetilistiriw jolların ha`r ta`repleme tiykarlawdan, xojalıqtı basqarıwdın` na`tiyjeli formaların anıqlawdan ibarat.

**4. <u>Boljaw xızmeti</u>.** Ha`zirgi waqıtta bul xızmeti ayrıqsha a`hmiyetke iye bolıp, ol ilimiy boljawlardı islep shıg`ıw, ja`miyettin` keleshektegi rawajlanıw bag`darların anıqlap beriw arqalı a`melge asırıladı.

Ha`r qanday ilim o`zine tiyisli bolg`an ob`ektlerdi belgili usıllar ja`rdeminde izertleydi ha`m u`yrenedi. Sol sıyaqlı ekonomikalıq teoriyada da ekonomikalıq qubı-lıslardı izertlewde bir qatar usıllardan paydalanadı.

En` ko`p qollanılatug`ın usıllardan biri **ilimiy abstraktsiya usılı** bolıp, bunda u`yrenilip atırg`an ha`diyselerge sezilerli ta`sir ko`rsetpeytug`ın ekinshi da`rejeli elementler abstraktsiyalanadı, yag`nıy esaplawlardı qıyınlastırmaw maqsetinde bul elementler itibardan shette qaldırıladı. İlimiy abstraktsiya jolı menen izertlengende ha`diyseler konkretlilikten abstraktlılıqqa qaray u`yreniledi.

Bul usıl qubılıslardın` ko`zge ko`rinbeytug`ın ta`replerin, onın` tu`p mazmunın ashıp beriwge ja`rdem beredi ha`m ol usıllarg`a to`mendegiler kiredi:

**Materialistlik-dialektika usılı** – ekonomikalıq qubılıslar ha`m protsessler o`z-ara baylanısta ha`m u`zliksiz rawajlanıwdı boladı dep qaraydı.

**İlimiy abstraktsiya usılı** – bul izertlenip atırg`an ob`ektti tosınanlıq waqıtsha ko`rinislerden(cherta) ha`m tag`ı basqalardan tazalap onın` turaqlılıq qa`siyetlerin anıqlap alıwdı ko`rsetedi.

**<u>Analiz ha`m sintez usılı.</u>** Ekonomikalıq qubılıslar en` da`slep ayırım bo`leklerge ajıratılıp analizlendi. Son`ınan bir-birine jaqın bolg`an elementler o`z-ara birlestirilip sintezlenedi, ayırım bo`leklerdi izertlew na`tiyjesinde alıng`an na`tiyjeler ulıwmalastırılıp, belgili bir juwmaq shıg`arıladı.

**<u>İnduktsiya ha`m deduktsiya usılı.</u>** Barlıq pa`nler empirik, yag`nıy faktlerge tiykarlanadı. Faktlersiz teoriya bos boladı, teoriyasız faktler bolsa ma`nissiz. Usıg`an baylanıslı ekonomikalıq teoriyada induktiv ha`m deduktiv usıllar paydalanıladı. İnduktiv usıl ja`rdeminde faktler bir jerge toplanıp, sistemag`a keltirilip, olar ulıwmalastırıladı ha`m olardan teoriyalıq juwmaq

shıg`arıladı. Deduktiv usılda bolsa keltirip shıg`arılg`an juwmaqlar qaytadan faktler tiykarında tekseriledi.

**Tariyxıy – logikalıq birligi usılı.** Bul usıl izertlewlerdi tariyxıy rawajlanıw ko`z-qarasınan alıp barıw za`ru`rligin talap qıladı. Sebebi ha`r qanday qubılıs sıyaqlı ekonomikalıq ha`diyselerde o`zinin` kelip shıg`ıw tariyxına iye. Sonın` menen birge olardı u`yreniw logikalıq izbe-izlikte alıp barılıwı tiyis.

Ekonomikalıq qubılıslardı mug`dar ha`m sapa jag`ınan u`yreniwde **matematikalıq, statistikalıq** ha`m **grafikalıq** usıllardan da ken` paydalanıladı. Sebebi milliy ekonomikanın` rawajlanıw jag`dayın, onın` makroekonomikalıq ko`rsetkishlerin anıqlaw matematikalıq, statistikalıq esaplawlarsız bolıwı mu`mkin emes.

A`sirese bunda **ekonomika - matematikalıq modellestiriw usılınan** paydalnıw ayrıqsha a`hmiyetke iye boladı. Sebebi bul usıl ja`rdeminde ekonomikalıq pro-tsesslerdin` o`z-ara baylanısların, o`z-ara ta`sirlerin formulalar, simvollar, belgiler ja`rdeminde onıq adekvatlı modelleri du`ziledi ha`m ha`zirgi zaman esaplaw texnikaları bolg`an komp`yuterden paydalanıw mu`mkinshiligine iye bolamız.

Ekonomika pa`ninin` maqseti ha`m wazıypasın eki ta`repleme, yag`nıy ha`m teoriyalıq ha`m a`meliy ta`replerin tu`sindiriw mu`mkin.

Ekonomika pa`ninin` teoriyalıq ta`repleri qa`liplesip ha`m jetilisip atırg`an ekonomikalıq qatnasıqlardı, ekonomikalıq nızamlar ha`reketin, olardın` islep shıg`arıwda ha`m ekonomikalıq rawajlanıwdag`ı orınların u`yrenip baradı.

A`meliy ekonomikanın` tiykarg`ı maqseti ekonomikalıq o`siwdi ta`minlew ha`m sonın` tiykarında o`sip baratırg`an mu`ta`jliklerdi qanaatlandıra biliwden ibarat. Onın` wazıypası sol maqsetten kelip shıg`ıp, sheklengen ha`r qıylı resurslardan na`tiyjeli paydalanıp, onın` ha`r bir birligi esabınan ko`birek tovarlar islep shıg`arıw ha`m xızmetler ko`rsetiwdi ta`minlew, ha`r bir iskerlik tu`ri boyınsha qa`rejetler mug`darı menen erisilgen na`tiyje, yag`nıy tovar ha`m xızmetler mug`darın salıstırıw, resurs-lardan na`tiyjeli paydalanıw jolların tabıwdan ibarat. O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov: - "**Ja`miyetlik o`mirimizdin` ba`rshe tarawların demokra-tlastırıw protsessin ja`nede teren`lestiriw, jan`a mazmun menen bayıtıw, onın` izshilligin ha`m na`tiyjeliligin ta`minlew - ma`mleketimizde a`melge asırılıp atırg`an siyasiy reformalardın` usı basqıshında aldımızda turg`an en` aktual wazıypa esaplanadı**» ([3]. 7-bet) – degen edi.

Bunnan tısqarı ekonomikalıq bilim halıqtı jumıs penen ta`minlew, puldın` qa`dirsiz-leniwinin` aldın alıw, halıqtı sotsallıq qorg`aw jolların ko`rsetip beriw lazım. Ekonomikalıq qatnasıqlardı mikrokonomika ha`m makrokonomika da`rejesinde analiz etip, olardın` tarawları, ko`rsetikishleri, faktorları ortasındag`ı baylanıs-lardı, ekonomikalıq o`siw jolların ko`rsetedi ha`mde ma`mlekettin` ishki ha`m sırtqı ekonomikalıq siyasatında ilimiy tiykar bolıp xızmet qıladı.

Ekonomikanın` maqseti bolsa, en` aldı menen ilimiy biliwden ibarat. Bul sonnan kelip shıg`adı, pa`n ekonomikalıq protsessler ha`m ha`diyselerdi baqlaw, olardag`ı forma ha`m mazmun o`zgerislerin, ishki baylanıslardın`, qarama - qarsılıqlardın`, nızam qag`ıydalardın` tu`siniklerin bilip, birinshi na`wbette talabalarg`a, ekonomist qa`niyge-lerge ha`m ekonomika menen qızıg`ıwshı basqa isshilerge u`yretiwden ibarat. Ekonomikanın` biz atap o`tken teoriyalıq ha`m a`meliy ta`repleri bir - biri menen tıg`ız baylanıslı. A`meliy ekonomika teoriyalıq bilimge iye bolıwdı ol menen qurallanıw za`ru`rligin talap etedi. Teoriyalıq bilim bolsa aldınnan ko`re biliw ha`m a`meliy ha`reket jolın tuwrı belgilew imkanın beredi.

Wlıwma alg`anda ekonomikalıq teoriya pa`ni ekonomikalıq protsessler, waqıya ha`m ha`diyseler sırın biliwde ilimiy qollanba esaplanadı.

«**Ekonomika pa`ni dep – dawam ettiredi Prezidentimiz İ.A.Karimov – adam-larda jan`asha ekonomikalıq pikirlewdi qa`liplestiriw, olardın` du`n`ya ko`z qarasın o`zgertiw, ha`r bir adamg`a o`z miynetin sarplaw tarawı ha`m formaların g`a`rezsiz belgilew imkanın beredi**» ([4], 187 b.) ekonomikanı reformalaw tarawındag`ı strategiyalıq maqsetlerinen biri bolıp esaplanadı.

Prezidentimiz İslam Karimov aytıp o`tkenindey ja`miyette o`mirge, o`zgerislerge biypa`rwa qaraytug`ın adamlar bolmaslıg`ı kerek. Bul rawajlanıwımızdı arqag`a su`rip jiberedi. İnsan ullı, pa`k arzıwlar menen jasasın. Onı tek g`ana ma`mleket ishinde emes ba`lki ja`ha`nde ju`z berip atırg`an ha`diyseler qızıqtırsın. Du`n`ya ko`z qarası, sanası shegaralanıp, bir qa`lipte qalmasın. Milliy g`a`rezsizlik ideologiyası og`an ha`r dayım joldas bolsın. Bul maqsetke erisiw ushın ekonomika pa`ni Prezidentimiz İ.A.Kari-movtın` so`ylegen so`zlerinde, shıg`armalarında ko`rsetip berilgen bazar ekonomikasına o`tiw da`wiri printsiplerin, o`tiwdin` o`zine say jolın, o`zinin` ekonomikalıq nızamları, Oliy Majlis, Ministrler Ken`esi qabıl etken nızam ha`m qararlar tiykarında ma`mleketimiz aldında turg`an ekonomikalıq mashqalalar ha`m wazıypalardın` teren` analizin, onı sheshiw jolların jarıtıwı, o`tiw da`wiri ekonomikasının` qa`siyetleri, ko`p ukladlı ekonomikanın`, tu`rli formadag`ı mu`lkshiliktin` qa`liplesiw jolların, usılların ko`rsetip beriwi lazım.

## 2. Ekonomikalıq protsessler ha`m ekonomikalıq qatnasıqlar

Ekonomikanın` tiykarg`ı maqseti adamlardın` mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw ha`m olardın` turmısın dawam ettiriw imkaniyatın jaratıp beriw esaplanadı.

Ekonomikalıq protsess insannın` da`slep ta`biyatqa ta`sir o`tkiziwi menen baslang`an, keyin ala halıq xojalıg`ın rawajlandırıwda ha`reket ko`rsetiwge alıp kelgen.

İslep shıg`arıw protsessinde adamlar o`z-ara qatnasıqqa kirisedi. Ekonomikalıq qatnasıq degende adamlardın` bir-birleri menen baylanısta ta`biyatqa ta`sir o`tkiziwleri tu`siniledi. Ekonomikalıq qatnasıqlar ha`r dayım ja`miyetlik xarakterge iye boladı.

Ja`miyetlik qatnasıqlar islep shıg`arıw protsessinde, sol o`nimlerdi bo`listiriw, almastırıw ha`m tutınıw protsessinde de ju`zege keledi. İslep shıg`arıw protsessin to`mendegi ko`riniste sa`wlelendiriw mu`mkin. Ekonomikada qayta islep shıg`arıw protsessinin` basqıshları to`mendegishe:

**İslep shıg`arıw** – shiyki zattan tayar o`nim islep shıg`arıw protsessi

**Bo`listiriw**– islep shıg`arılg`an o`nimdi tutınıwshıg`a bag`darlawdı anıklaw

**Tutınıw** - o`nimdi mu`ta`jlikti qanaatlandırıwg`a bag`darlaw

**Almastırıw** - o`nimdi pulg`a yaki basqa tovarg`a almastırıw

İslep shıg`arıw protsessinin` rawajlanıwına onın` faktorları ta`sir o`tkizedi. İslep shıg`arıw faktorlarına to`mendegiler kiredi:

1. **İnsan faktorı** – bul jallang`an miynetkeshlerdin` fizikalıq, aqılıy, isbilermenlik isshi ku`shlerinin` jıyındısı bolıp, bilimleri, ta`jriybe ha`m ko`nlikpelerin islep shıg`arıw protsessinde qollanıw.

**2. Materiallıq faktor** – bul islep shıg`arıw quralları.

**2.1. Miynet quralları** - o`nimlerdi islep shıg`arıw quralları (tiykarg`ı fondlar).

**2.2. Ta`biyiy resurslar** – o`nimlerdi tayarlaw ushın kerek bolg`an shiyki zat.

**3. Finanslıq faktor** - firmanın` kapitalı, yag`nıy naq ha`m naq bolmag`an, o`zinin` ha`m qarızg`a alıng`an qarjıları.

**4. İsbilermenlik ha`reketi** – arnawlı faktor bolıp, islep shıg`arıw protsessinde ba`rshe faktorlardı birlestiredi. İsbilermenlik ha`reketi ma`lim da`rejede qa`wip penen bolg`an ta`wekel is ju`ritiwge tiykarlanadı, kerekli qararlardı qabıl etedi. İsbilermenlik ha`reketinin` tiykarın bilim, shaqqanlıq, talant, xabar kurallarına iyelik etiwdi quraydı.

**5. İnfrastruktura**. İslep shıg`arıw protsessin normal jag`dayda a`melge asırıw ushın kerek bolgan ortalıq.

**5.1. İslep shıg`arıw infrastrukturasına**: transport, baylanıs, jollar, ko`pirler, portlar, skladlar kiredi.

**5.2. Sotsiallıq infrastruktura**: meditsina ob`ektleri, ta`lim, ma`deniyat, pa`n, sport, yag`nıy isshinin` ha`m onın` shan`araq ag`zalarının` iskerligin ta`miynleytug`ın sotsiallıq ortalıq kiredi.

İslep shıg`arıw faktorları bir-birin tolıqtırıp o`ndiris protsessinin` u`ziliksizligin ta`minleydi.

İslep shıg`arıw qatnasıqları sistemasınan en` tiykarg`ısı o`ndiris protsessi esaplanadı. Sebebi ba`rshe tovarlar ha`m xızmetler usı protsesste jaratıladı.

Ekinshi a`hmiyetli faza bolsa bo`listiriw protsessi. Bul basqıshta en` aldı menen islep shıg`arıw quralları, kapital ha`m isshi ku`shi tovar ha`m xızmetlerdin` tu`rleri, islep shıg`arıwshı tarmaqlar, tarawlar, territoriyalar ha`m ka`rxanalar ortasında bo`listiriledi. Bunnan tısqarı, islep shıg`arıw na`tiyjesi bolg`an tovar ha`m xızmetler, olardın` pul halındag`ı ko`rinisi bolg`an da`ramatlar da bo`listiriledi. Bunda islep shıg`arıw qanshelli rawajlang`an bolsa, bo`listiriletug`ın tovar ha`m xızmetler ko`lemi, sonın` menen birge da`ramatlar ko`lemi de sonshelli u`lken boladı, bo`listiriw qanshelli a`dalatlı ha`m tuwrı bolsa, islep shıg`arıwdın` rawajlanıwına sonshelli jaqsı ta`sir o`tkizedi.

**Almastırıw protsessi** - miynetti bo`listiriw aqıbetinde ayırım toparlar, adamlar, tovar ha`m xızmetlerdin` ma`lim tu`rlerin islep shıg`arıwg`a, jetkizip beriw menen, ayırım toparları bolsa basqa turdegi tovarlardı islep shıg`arıw, onı tutınıwshılarg`a jetkiziw menen shug`ılanatug`ın struktura boladı. Ha`r bir tovar tu`rin islep shıg`arıwshı o`z tovarın satıp, o`zine kerekli bolg`an basqa tovar yaki xızmetlerdi satıp aladı. Na`tiyjede tu`rli bag`dardag`ı islep shıg`arıwshılar ha`m xızmet ko`rsetiw-shiler ortasında ekonomikalıq baylanıs - almastırıw, pul arqalı aldı - sattı protsessi ju`z beredi.

Ekonomikalıq islep shıg`arıwdın` aqırg`ı wazıypası tutınıw protsessi.

Bul protsesste tovarlar ha`m xızmetler tu`rli adamlar, toparlar ta`repinen tutınılıp, olardın` mu`ta`jlikleri qanaatlandırıladı. Tutınıw eki tu`rde boladı:

1.O`ndiris tutınıwı.

2. Jeke tutınıw.

O`ndiris tutınıwında islep shıg`arıw quralları (investitsiya) ha`m isshi ku`shinen paydalanıp, o`nimli tutınıw qılınadı, yag`nıy tutınıw ushın za`ru`r bolg`an tovarlar islep shıg`arıladı. Jeke tutınıw protsessinde bolsa tutınıw buyımlarınan paydalanıp, ja`miyet ag`zalarının` tutınıw talapların qanaatlandırıw ushın sarıplanadı ha`m ornına ja`ne jan`asın islep shıg`arıw za`ru`rligi payda boladı.

### 3. Ekonomikalıq nızamlar ha`m olardın` tu`rli sharayatlarda sa`wleleniwi

Ekonomika pa`ni barlıq pa`nler kibi bir qansha wazıypalardı orınlaydı.

Da`slep, **A.Smit** ekonomika pa`ninin` pozitiv, negativ ha`m normativ wazıypasın anıqladı.

Ekonomika pa`ninin` normativ wazıypası firma ha`m ma`mlekettin` ekonomikalıq siyasatın ta`minleydi.

Analizler tiykarında islep shıg`arıwdın` en` optimal ta`repin sho`lkemlestiriw ushın usınıslar beredi.

Onın` pozitiv wazıypası ob`ektiv protsesslerdi analiz etiw na`tiyjesinde ekonomikalıq rawajlanıwdın` nızamlıqların anıqlaydı. Pozitiv wazıypa faktler tiykarında a`melge asadı.

Negativ wazıypası bolsa, ob`ektiv protsesslerdin` rawajlanıwına keri ta`sir etiwshi faktorlardı anıqlawdı sa`wlelendiredi.

Ekonomika pa`ni ko`plep faktlerden ibarat. Olardı u`yreniwde ma`lim usıllardan paydalanıladı. «**Usıl**» degende analiz etiw quralı degen mazmundı an`latadı. Da`slep, dialektika usılınan paydalanıladı. «**Dialektika**» so`zi izbe-iz degen ma`nisti an`latadı. Onın` ma`nisi ekonomikalıq protsesslerdi izbe-izlikte ha`m o`z-ara baylanısta u`yreniwdi sa`wlelendiredi. Analizdin` na`tiyjeli bolıwı ushın ilimiy abstraktsiya usılınan paydalanıladı. Bul usıl boyınsha islep shıg`arıw protsessin u`yreniwde ekinshi da`rejeli bolg`an faktler esapqa alınbaydı.

Ekonomikalıq protsesslerdi u`yreniwde analiz ha`m sintez, induktiv ha`m deduktiv, matematika ha`m statistika, tarixıy ha`m logikalıq usılları da bar bolıp, bul usıllar faktlerdi analiz etiwde bir-biri menen baylanıslı ha`m bir-birin tolıqtıradı, ha`m de ob`ektiv juwmaqlarg`a iye boladı.

Analiz usılında bir pu`tin waqıyalıqtı bo`leklerge bo`linip u`yreniledi. Sintez usılında bolsa analiz etilgen bo`lekler tiykarında ulıwmalasqan juwmaq qılınadı. Analiz ha`m sintez usılı o`z-ara baylanıslı.

**Deduktiv usıl** - bul tiykarınan analizdi teoriyalıq ta`repten ilgeri su`riwde sa`wlelenedi ha`m faktler menen salıstırıladı. İnduktiv usılda bolsa faktler u`yreniw na`tiyjesinde teoriyanı (gipotezanı) qa`liplestiriw sa`wlelenedi.

**Matematikalıq ha`m statistikalıq usılda** ekonomikalıq ha`diyselerdin` mug`dar jag`ınan o`zgerislerin sıpat o`zgerislerine o`tiw imkaniyatların anıqlaw mu`mkin.

**Tarixıy ha`m logikalıq usılda** ekonomikalıq ha`diyslerdin` kelip shıg`ıwı, rawajlanıwı u`yreniledi ha`m tiyisli logikalıq juwmaqlar qabıl etiledi.

Joqarıda biz aytıp o`tken usıllar, ekonomikalıq ha`diyselerdin` tu`rli ta`replerin anıqlap beretug`ın ekonomikalıq kategoriyalar xaqqındag`ı tu`sinikler sistemasın islep shıg`ıwdı talap etedi.

**Ekonomikalıq kategoriyalar** - ha`r dayım ta`kirarlanıp turatug`ın, ekonomikalıq protsessler ha`m ha`diyselerdin` ayırım ta`replerin sa`wlelendiriwshi ilimiy teoriyalıq tu`sinik esaplanadı.

Teren` analizler na`tiyjesinde o`ndiristi ishinen basqaratug`ın ekonomikalıq nızamlardın` a`mel qılıwın tu`siniw mu`mkin boladı. Ekonomikalıq nızamlar degende - ha`r dayım ta`kirarlanıp turatug`ın, sebep - aqıbet baylanısların o`zinde sa`wlelendiriwshi waqıya ha`diyselerge aytıladı. **Ma`selen:** adamlardın` mu`ta`jlikleri ha`r dayım o`sip baradı. İslep shıg`arıw ku`shlerinin` rawajlanıw da`rejesi to`men bolg`anda, ja`miyet ag`zalarının` mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw imkaniyatı bolmaydı. Adamlardın` mu`ta`jlikleri ja`miyettin` imkaniyatınan ilgerilep ketkende ekonomika qıtshılıq jag`dayında boladı. Ekonomikalıq nızamlar da ta`biyat nızamları kibi ob`ektiv. **Ma`selen**, ku`nnin` tu`n menen almasıwı sebebi olardın` izbe-izligi emes, ba`ki Jerdin` o`z shen`beri a`tirapında aylanıwı na`tiyjesinde a`melge asadı. Tap usı sıyaqlı ekonomikalıq nızamlardın` a`mel etiwinin` de o`zine jarasa sebebi, tiykarı boladı. **Ma`selen**, miynet o`nimdarlıg`ının` toqtawsız o`siw nızamı a`mel qılıwı ushın miynet quraları jetilisken bolıwı, talap ha`m usınıs nızamı a`mel qılıwı ushın islep shıg`arıw protsessi, bazar bolıwı, qun nızamı a`mel qılıwı ushın ja`miyetlik miynetti bo`listiriw bolıwı kerek.

Ekonomika pa`ni ta`repinen ashıp berilgen konomikalıq nızamlar ob`ektiv a`mel qılıp atırg`an ekonomikalıq wakıyalıqtın` ulıwmalasqan teoriyalıq sa`wleleniwi bolıp, ol ob`ektiv reallıqtın` ilimiy biliw na`tiyjesi esaplanadı. Ekonomikalıq nızamlardın` a`mel qılıwı onın` qa`siyeti ja`miyettin` islep shıg`arıw qatnasıqlarının` xarakterine baylanıslı, yag`nıy ja`miyttin` rawajlanıwı menen ayırım ekonomikalıq nızamlar jog`alıp onın` ornına jan`aları keliwi mu`mkin.

Ekonomikalıq nızamlardın` ta`biyatın adamlar qanshelli jaqsı u`yrense, insaniyatqa sonshelli payda keltiredi. Ekonomikalıq nızamlardı ta`n almaslıq, aqır aqıbetinde ekonomikag`a, insaniyatqa u`lken zıyan keltiredi.

Ekonomikalıq nızamlar ta`biyat nızamları kibi ob`ektiv bolsada, onnan parıq qıladı, sebebi ekonomikalıq nızamlardın` ayırımları ma`ngi a`mel qılmaydı.

Ekonomikalıq nızamlardı a`mel etiwine qarap, to`mendegi toparlarg`a ajıratadı:

**1. Ulıwma ekonomikalıq nızamlar** – adamzat ja`miyetinin` rawajlanıw basqıshlarının` ba`rshesinde a`mel qıladı. **Ma`selen,** waqıttı u`nemlew nızamı, mu`ta`jliklerdin` toqtawsız o`sip barıw nızamı, miynet o`nimdarlıg`ının` toqtawsız o`sip barıw nızamı, talap ha`m usınıs nızamı, islep shıg`arıw qatnasıqlarının` o`ndiris ku`shlerinin` rawajlanıw da`rejesine say keliw nızamı, qun nızamı ha`m basqalar.

**2. Arnawlı ekonomikalıq nızamlar** – belgili bir ekonomikalıq sistema sharayatında a`mel qıladı. **Ma`selen:** Qosımsha qun nızamı, ortasha payda normasının` qa`liplesiw nızamı, ortasha payda normasının` pa`seyiw nızamı.

Ulıwma ekonomikalıq nızamlar ja`miyetlik rawajlanıw nızamları sıpatında, belgilewshi, basqarıwshı nızamlar sıpatında sa`wlelenedi ha`m ha`r bir tariyxıy basqıshta olardın` roli o`zgerip baradı. Ulıwma ekonomikalıq nızamlardı biliw, ekonomika pa`ninin` predmetin anıqlawda ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Ulıwma alg`anda ekonomikalıq nızamlar ha`m kategoriyalar bir - birleri menen baylanıslı bolıp, olar bir – birin tolıqtıradı. Olar birgelikte ekonomikalıq rawajlanıw protsesslerin sa`wlelendiredi.

**Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:**

Ekonomika. Shıg`ıs ma`mleketlerinde ekonomikalıq bilimlerdin` qa`liplesiwi. Ekonomikalıq bilim tiykarları pa`ninin` predmeti. Ekonomikalıq siyasat ha`m siyasiy ekonomika. Ekonomikalıq protsessler: islep shıg`arıw, bo`listiriw, almastırıw, ha`m tutınıw. İslep shıg`arıw faktorları. İnsan faktorı. Materiallıq faktor. Miynet quralları. Finanslıq faktor. İsbilermenlik ha`reketi. İnfradu`zilme. Pa`nnin` wazıypaları: normativ, pozitiv, negativ. Pa`ndi u`yreniwde qollanılatug`ın usıllar: ilimiy abstraktsiya, analiz ha`m sintez, induktsiya ha`m deduktsiya, statistika, matematikalıq usıl. Ekonomikalıq kategoriyalar. Ekonomikalıq nızamlar. Ulıwma ekonomikalıq nızamlar. Arnawlı ekonomikalıq nızamlar.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar.**

1. Ekonomikalıq bilimler qaysı da`wirlerden baslap payda bolg`an?
2. Ekonomikalıq bilimlerdin` rawajlanıwındag`ı qanday basqıshlardı bilesiz?
3. Ekonomikalıq teoriyanın` predmeti ne?
4. Ekonomikalıq teoriya qanday xızmetlerdi atqaradı?
5. Ekonomikalıq protsesslerdi u`yreniwde qollanılatug`ın tiykarg`ı usıllardı atap berin`?

## 2 – tema: Sotsial-ekonomikalıq mu`ta`jlikler ha`m olardın` tu`rleri

### 1. Mu`ta`jlikler, olardın` ma`nisi ha`m tu`rleri

Ja`miyettin` tiykarg`ı ha`reketlendiriwshi ku`shi adamlardın` ma`pdarlıg`ı esaplanadı. Ma`pler mu`ta`jlikler ja`rdeminde sa`wlelenedi. Ekonomika turmıslıq mu`ta`jlikti qanaatlandırıw usılı esaplanadı.

İnsanlardın` jasawı ha`m insan sıpatında kamal tabıwı ushın ba`rshe za`ru`r na`rseler olardın` turmıslıq mu`ta`jliklerin quraydı.

İnsanlardın` mu`ta`jlikleri ekilemshi bolıp, islep shıg`arıw ku`shlerinin` rawajlanıw da`rejesi birlemshi esaplanadı.

İslep shıg`arıw ku`shlerinin` rawajlanıw da`rejesi qanshelli joqarı bolsa, adamlardın` mu`ta`jliklerin qanatlandırıw imkaniyatı da joqarı boladı, yag`nıy ha`r bir ja`miyettin` imkaniyatı islep shıg`arıw ku`shlerinin` rawajlanıw da`rejesine baylanıslı. Adamlardın` mu`ta`jlikleri toqtawsız o`sip baradı, yag`nıy ha`r qanday qandırılg`an mu`ta`jlik o`zinin` izinen ja`nede quramalıraq mu`ta`jlikti keltirip shıg`aradı. Adam mu`ta`jliklerinin` toqtawsız o`sip barıwı nızamlı esaplanadı.

Mu`ta`jlikler tu`rli formalarda sa`wlelenedi.

Ja`miyet ag`zaları hayallar ha`m erkekler, balalar, qa`riyalar, talabalar, mektep oqıwshıları, sportshılar, oqıtıwshı ha`m basqalardan qurag`an. Ja`miyet ag`zaların sanap sanag`ına jetkiziw qıyın. Usı toparlardın` ma`plerinen kelip shıg`ıp, mu`ta`j-likler de tu`rlishe boladı. Da`slep mu`ta`jlikler: **materiallıq, ruwxıy** ha`m **sotsiallıq mu`ta`jliklerge** bo`linedi. Bul mu`ta`jliklerdin` qaysı biri birlemshi?

Bular bir birin tolıqtıradı ha`m birgelikte rawajlanadı. Eger insan tek g`ana materiallıq mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw menen shegaralang`anda iskusstvo, ma`deniyat, ekonomikalıq rawajlanıw bolmag`an bolar edi.

İnsan materiallıq mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw protsessinde ta`biyat baylıqlarınan paydalanıw tiykarında, ja`miyet ag`zalarının` ma`lim bir da`rejede tutınıw talapları islep shıg`arılg`an tovarlar tiykarında qanaatlandırıwda sa`wlelenedi. İnsan o`z mu`ta`jliklerin ja`miyetlik qatnasıqlarg`a kiriskende g`ana qanaatlandıra aladı. Ja`miyetlik qatnasıqlarg`a insan miynet ja`rdeminde kiresedi. Yag`nıy insan miynetke de mu`ta`jlik sezedi. Miynetke bolgan mu`ta`jlik o`z na`wbetinde qolay jumıs orınlarına, jetilisken texnika ha`m texnologiyag`a bolg`an mu`ta`jlikti keltirip shıg`aradı.

Ruwxıy mu`ta`jlikler bul adamlardı ha`r ta`repleme kamalatqa jetkiziw ushın, olardın` intelektual bilimlerin asırıwda sa`wlelenedi. Ruwxıy mu`ta`jlikler ta`lim - ta`rbiya, ilim alıw, qa`niygeligin jetilistiriw ha`m basqalardı o`z ishine aladı.

İnsanlar materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jlikler menen birgelikte, sotsiallıq mu`ta`jliklerge de mu`ta`j boladı. Sotsiallıq mu`ta`jlikler materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jliklerdey adamzat rawajlanıwı ushın za`ru`r esaplanadı. Bul mu`ta`jlikler tiykar-ınan insanlarg`a tu`rli xızmet ko`rsetiw tiykarında sa`wlelenedi. Bunday xızmetlerge kommunal u`y - jay xızmetleri, halıqqa ma`deniy - turmıslıq xızmetler ko`rsetiw, jaslardı ta`rbiyalaw, ja`miyetlik sho`lkemler xızmetinde ta`lim beriw ha`m basqa xızmet tu`rlerinen quraladı.

Mu`ta`jliklerdin` toqtawsız o`sip barıwın ko`z aldımızg`a keltiriw ushın olardın` to`mendegi tu`rlerin ko`rip shıg`amız:

1. Ha`zirgi da`wirdegi mu`ta`jlikler
2. Xaqıyqıy mu`ta`jlikler
3. Absolyut mu`ta`jlikler

**Ha`zirgi da`wirdegi mu`ta`jlikler** ja`miyettin` usı ku`ndegi islep shıg`arıw ku`shlerinin` rawajlanıw da`rejesindegi mu`ta`jlikler esaplanadı. Ha`zirgi da`wirdegi mu`ta`jlikler insanlardın` minimal mu`ta`jliklerine tuwrı keledi.

**Haqıyqıy mu`ta`jlikler** degende insanlardın` normal jasawları ha`m iskerlik ko`rsetiwleri ushın za`ru`r bolg`an tirishilik jemisleri jıyındısı tu`siniledi.

**Absolyut mu`ta`jlikler** degende adamlardın` a`rman qılatug`ın mu`ta`jlikleri tusiniledi. Absolyut mu`ta`jliklerdi tolıq qanaatlandırıp bolmaydı. Ma`mlekettin` alıp baratug`ın sotsiallıq siyasatı halıqtın` haqıyqıy mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a qaratıladı.

Ja`miyet mu`ta`jliklerinin` ko`lemi ha`m da`rejesine bir qatar faktorlar ta`sir etedi. Bular:

**a) Ja`miyettin` ekonomikalıq rawajlanıw da`rejesi.**

Ekonomikası to`men bolg`an ma`mleketlerdin` insan mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw da`rejesi to`men bolsa, rawajlang`an ma`mleketlerde insanlardın` mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw da`rejesi ken` ha`m ha`r qıylı boladı.

**b) Ja`miyettegi sotsial-ekonomikalıq sistema**

Ja`miyette baylar hu`kmranlıq qılg`anda bir topar mu`lkdarlar o`z mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw imkaniyatına iye boladılar. Ka`mbag`allardın` imkaniyatı sheklengen boladı.

**v) Ta`biyiy geografiyalıq sharayatlar.**

Suwıq klimatta ıssı klimat sharayatında jasaytug`ın halıqqa salıstırg`anda mu`ta`jlikler ko`birek boladı.

**g) Tariyxıy da`stu`rler ha`m ko`nlikpeler.**

Ma`selen, o`zbeklerdin` o`zine ta`n qa`siyetleri qosımsha mu`ta`jliklerdi keltirip shıg`aradı. Hayit, merekeler, toylar o`zine ta`n bolg`an mu`ta`jliklerdi keltirip shıg`aradı.

**d) Halıqtın` tabiyiy o`siwi.**

Bul da qosımsha mu`ta`jliklerdi keltirip shıg`aradı.

**e) Halıq aralıq baylanıslar**

Milletler ha`m regionlar ortasındag`ı mag`lıwmat ha`m o`nim almastırıw protsessi de qosımsha mu`ta`jliklerdi keltirip shıg`aradı.

Ja`miyet mu`ta`jliklerinin` ekonomikalıq protsesslerge qarap o`zgeriwine mu`ta`jliklerdin` transformatsiyası deyiledi. **Ma`selen**, balalar tuwılıwının` joqarı bolıwı, oyınshıqlarg`a bolg`an mu`ta`jlikti asıradı. Ja`miyette qa`riyalar sanının` ko`beyiwi dem alıw u`yleri, qa`riyalar u`yine bolg`an mu`ta`jlikti asıradı.

Ha`zirgi da`wir ma`mleketlerdi ja`ha`n xojalıg`ı quramına kiriwin talap etedi. Bunday jag`day mu`ta`jliklerdin` ha`r qıylı bolıwına ta`sir etedi.

Mu`ta`jliklerdin` o`siwine ta`sir etetug`ın faktorlar da bar. Ekonomikalıq krizisler, ta`biyiy apat, jer silkiniwi, suw tasqınları, jang`ın kibi jag`daylar toq jasap atırg`an halıqtı, ka`mbag`al jag`dayg`a alıp keliwi mu`mkin.

İnsanlar o`z mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw protsessinde, da`ramat na`tiyjeliligi ha`m tan`law mashkalasına dus keledi. Bul eki kategoriya birin biri tolıqtıradı. Da`ramat na`tiyjeliligi insanlardın` islep shıg`arıw iskerligindegi miynetlerinin` u`nemli da`rejesine baylanıslı bolıp, aqıbetinde o`z tutınıw da`rejelerindegi tovarlardı tan`law mashqalaların sheshiw menen qanaatlanadı. Demek, insanlarlar o`z da`ramatlarına jarasa o`nimlerdi satıp aladılar.

İnsanlar qanshelli ko`p tovar satıp alsalar, olardın` mu`ta`jlikleri sonshelli toyınadı. Na`tiyjede ha`r bir tovardan keyingi tovardı satıp alıwı menen keyin-gisinin` paydalılıg`ı kemeyip baradı.

Paydalılıqtı to`mendegi **mısal ja`rdeminde** ko`riwimiz mu`mkin: ıssı ku`nde siz satıp alg`an muz qaymaqtın` paydalılıg`ı 100% dep esaplasaq, ekinshi muz qaymaqtın` paydalılıg`ı 90%, on birinshi muzqaymaqtın` paydalılıg`ı 0% ke ten` boladı. Yaki insanlar o`zlerine za`ru`r bolg`an tovar mug`darın satıp alıwları menen, olardın` talaplarınan artıqsha bolg`an tovarlarg`a paydalılıq da`rejesi pa`seyip baradı.

Demek, insanlardın` mu`ta`jlikleri mug`dar ta`repinen qanaatlandırılsa, sıpatlı o`nim, tovarlardın` islep shıg`arılıwı menen asıp baradı.

## 2. Ekonomikalıq resurslardın` sheklengenligi sharayatında mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw mashqalaları

Ekonomikalıq resurslar degende tovar islep shıg`arıw, xızmet ko`rsetiw, olardı tutınıwshıg`a jetkizip beriwde ha`m tutınıw protsessinde paydalanıw mu`mkin bolg`an ekonomikalıq imkaniyatlar, zapaslar, derekler tu`siniledi.

Ta`biyiy, miynet, finanslıq resurslar ha`m isbilermenlik xızmeti ekonomikalıq resurslar esaplanadı. Ekonomikalıq resurslar sheklengenligi sebepli insanlar o`z mu`ta`jliklerin tolıq qanaatlandıra almaydı. Olardın` sheklengenligi insanlardın` azıq - awqatqa, tovarlarg`a g`ana emes, ba`lki xızmet ko`rsetiwge bolg`an mu`ta`jliklerdi de shegaralap qoyadı.

Bunday jag`dayda insanlar menen ma`mleket, ja`miyet ag`zaları o`z da`ramatlarına jarasa tan`law mashqalasına dus keledi. **Ma`selen:** O`zbekistan Respublikası energiya g`a`rezsizligin ta`minlew maqsetinde neft qazıp alıw ha`m gaz kondensatın islep shıg`a-rıwg`a basqa tarmaq islep shıg`arıwına qarag`anda ko`birek qarjı ajıratıwg`a ma`jbu`r boldı.

Solay etip, resurslardın` sheklengenligi mu`ta`jlikti qanaatlandırıwdın` a`hmiyetli jolı bolg`an islep shıg`arıw imkaniyatların da shegaralap qoyadı. Bul imkaniyatlar da`rejesi ha`r dayım bir qıylı bolıp turmaydı, ba`lki jan`a texnologiyalardın` jaratılıwı ha`m de iske qosılıwı, islep shıg`arıw imkaniyatların, onın` shegaraların ken`eytiriw imkanın beredi. Jana texnika ha`m texnologiyalar bir ta`repten, miynet o`nimdarlıg`ın, eginler hasıldarlıg`ın asırıw, energiya, janılg`ı, miynet ha`m basqa materiallıq resurslardı u`nemlew imkanın berse, ekinshi ta`repten, jana material, shiyki zat, energiya ha`m basqa resurslar dereklerin tawıp, turmısqa engiziw imkanın beredi. Sonın` ishinde, jerdin` teren` qatlamlarındag`ı baylıqlardı tabıw ha`m iske tu`siriw, jer ju`zlik okeanının` uzaq ha`m shuqır jerlerindegi resurslardan paydalanıw ha`m t.b. Ekonomikalıq resurslar, islep shıg`arıw ha`m mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw da`rejesi ortasındag`ı u`ziliksiz ha`m bekkem bayla-nıslardı to`mendegishe sa`wlelendiriw mu`mkin:




**1-sızılma. Ekonomikalıq resurslar ha`m mu`ta`jliklerdin` qanaatlandırılıwı ortasındag`ı baylanıslılıq.**

Sheklengen ekonomikalıq resurslardan paydalanıp, islep shıg`arıw imkaniyatların ha`m mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw da`rejesin asırıw za`ru`rligi ekonomika aldına to`mendegi mashqalalardı qoyadı:

1. İslep shıg`arıw ha`m xızmet ko`rsetiwdin` al`ternativ variantların tan`lap alıw ha`m resurslardı ko`birek islep shıg`arıwg`a tartıw.

2. Bar bolg`an resurslardın` ha`r bir birliginen u`nemli, na`tiyjeli paydalanıw.

3. Pa`n - texnika jetiskenlikleri ha`m jan`a texnologiyalardı engizip, jan`a energiya, material, shiyki zat tu`rleri, olardın` dereklerin tawıp, paydalanıwg`a tartıw, resurslardın` o`nimdarlıg`ın asırıwg`a erisiw.

Demek, resurslar u`nemlengende g`ana insanlardın` haqıyqıy mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw mu`mkin boladı.

Bazar ekonomikası sharayatında ja`miyet ag`zalarının` da`ramatların olardın` isbilermenlik ha`reketlerine qarap tu`rli da`rejede qa`liplesiwine alıp keledi.

Ma`mleket bunday jag`dayda halıqtı ku`shli sotsiallıq qorg`aw siyasatın alıp baradı. Milliy da`ramattı qayta bo`listiriw na`tiyjesinde aralıq qısqaradı. Biraq, tiykarınan insanlardın` o`z mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a olardın` miynet su`ygishligi, miynetke bolg`an qatnasıg`ı a`hmiyetli rol` oynaydı. İsjaqpas, erinshek adamlardın` mu`ta`jligi ma`mlekettin` sotsiallıq siyasatı na`tiyjeli, ekonomikanın` rawajlanıw da`rejesi joqarı bolg`anda da qanaatlandırılmaydı.

Demek, insanlardın` o`z mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw en` birinshi na`wbette o`zine baylanıslı. Mu`ta`jlikler sheksiz boladı. İnsanlardın` jaqsı jasawı menen baylanıslı bolg`an arzıw-u`mitleri u`ziliksiz ra`wishte o`sip baradı. Bul bolsa mu`ta`jliklerdin` o`sip barıwı nızamında o`z sa`wleleniwin taptı. İslep shıg`arıwdın` o`siwi, halıq da`ramatlarının`, ka`rxana paydasının` o`sip barıwın sa`wlelendiredi. Aqıbetinde bul ekonomikalıq rawajlanıw insanlardın` mu`ta`jliklerinin` o`sip barıwın ta`minleydi. Mu`ta`jliklerdin` o`sip barıwı xalıqtın` ekonomikalıq ha`m sotsiallıq turmıs sharayatları menen sa`wlelenedi.

### 3. İslep shıg`arıwdın` na`tiyjeliligi ha`m onın` ko`rsetkishleri

Ekonomikalıq resurslardı u`nemlew, ekonomikalıq resurs qa`rejetleri islep shıg`arıw na`tiyjeliligin asırıw pa`nnin` dıqqat orayında turg`an mashkala esaplanadı. Bul mashqala ha`zirgi ku`nde, a`sirese, keskin qoyılmaqta. Sebebi bul wazıypanı orınlaw menen ma`mleket o`z ekonomikalıq g`a`rezsizligin ta`minleydi.

Bazar ekonomikası sharayatında islep shıg`arıwdın` tiykarg`ı maqseti payda alıwg`a qaratılganlıg`ı sebepli, ha`r bir ekonomikalıq sub`ekt ko`birek payda alıwg`a umtıladı. Sonın` ushın da islep shıg`arıw na`tiyjeligi alıng`an paydanın` (**P**) islep shıg`arıwg`a sarplang`an resurs qa`rejetlerine (**Q**) qatnası menen anıqlanadı:

$$\textbf{Na`tiyjelilik} = (P / Q) * 100\%$$

Ekonomikalıq a`debiyatlarda ekonomikalıq na`tiyjeliliktin` bas kriteriyası haqqında da bir qansha pikrler bar. Ayırım alımlar islep shıg`arıw na`tiyjeli-liginin` bas kriteriyası payda, basqa biriwleri bolsa jalpı milliy o`nim, sap o`nim, u`shinshileri milliy da`ramat, to`rtinshileri bolsa qosımsha o`nim dep ko`rsetedi. Biz ha`zir bul jerde pikirlerdin` qaysı biri durıs ekenligi haqqında teren` toqtalıp otırmaymız, biraq sonı aytıp o`tiw kerek, ko`pshilik alımlar ta`repinen bazar ekonomikası sharayatında na`tiyjeliliktin` bas ko`rsetkishi alıng`an paydanın` qa`rejet-lerge qatnası, yag`nıy rentabellik yaki paydalılıq da`rejesi menen belgilenedi, dep tan alınadı. İslep shıg`arıw na`tiyjeliligi ko`p qırlı ma`sele bolıp, bul aytılg`an bir g`ana tiykarg`ı ko`rsetkishte, onı tolıq ra`wishte ha`r ta`repleme sa`wlelendirip bolmaydı. Sonın` ushın islep shıg`arıw na`tiyjeliligin tolıq sa`wlelendiriwde onda qatnasqan faktorlardın` o`nimdarlılıg`ın, olardan na`tiyjeli paydalanıw da`rejesi arqalı belgilenedi.

Bulardan biri miynet o`nimdarlıg`ı esaplanadı. Miynet o`nimdarlıg`ı dep isshi ku`shinin` waqıt birligi dawamında o`nim jaratıw qa`biletine aytıladı ha`m islep shıg`arılg`an o`nimnin` (tutınıw qunının`) sarplang`an miynet mug`darına qatnası menen belgilenedi. Sarplang`an miynet mug`darı bolsa, islengen waqıt penen, is ku`ni, is saatı h.t.b. menen belgilenedi. Eger miynet o`nimdarlıg`ın **MO`**, o`nimdi **O`** menen, sarplang`an is waqıtın bolsa **W** menen belgilesek, miynet o`nimdarlıg`ı to`mendegishe anıqlanadı:

$$\textbf{MO`} = \textbf{O`} / \textbf{W}$$

Miynet o`nimdarlıg`ı sarplang`an miynettin` ha`r birligi ornına, yag`nıy is qunı, is saatı, esabına islep shıg`arılg`an o`nim mug`darı menen anıqlanadı.

Na`tiyjelilikti anıqlawda kapital o`nimdarlıg`ı degen ko`rsetkishten paydalanıladı ha`m ol islep shıg`arıwda qatnasqan kapitaldın` ha`r bir birligi ornına alıng`an o`nim, da`ramat yaki payda menen anıqlanadı. Eger kapital o`nimdarlıg`ın **KO`** dep, islep shıg`arıwda qatnasqan kapital mug`darın **K**, o`nimdi **O`**, jalpı da`ramattı **JD** menen, paydanı **P** menen belgilesek,

to`mendegi ko`rinisler payda boladı. İslep shıg`arıwda qatnasqan kapital birligine islep shıg`arılg`an o`nim **KO` = O` / K** ko`rinisi tiykarında, jalpı da`ramatqa bolsa **KO` = JD / K** ko`rinisi tiykarında ha`m sarplang`an kapitalg`a qarata alıng`an payda **KO` = P / K** ko`rinisi arqalı esaplanadı.

İslep shıg`arıwdın` a`xmiyetli faktorlarınan biri jer esaplanıwınan sebepli, jerden paydalanıw na`tiyjeliligi ko`rsetkishi de anıqlanadı. Bul ko`rsetkish alıng`an o`nim ko`leminin` jer maydanına (gektarg`a) qatnası menen esaplanadı.

Na`tiyjelilikti anıqlawda bul ko`rsetkishlerden tısqarı o`nimnin` miynet sıyımlılıg`ı, material sıyımlılıg`ı, energiya sıyımlılıg`ı degen ko`rsetkishler de qollanılıp, olar islep shıg`arılıp atırg`an o`nimnin` ha`r bir birligin jaratıw ushın ketken yaki islep shıg`arıw ushın za`ru`r bolg`an miynet, energiya ha`m materiallıq zatlar mug`darın sa`wlelendiredi.

Bul ko`rsetkishlerdin` ha`r biri islep shıg`arıwda qatnasqan tu`rli faktorlar na`tiyjeliligin sa`wlelendirip, bir-biri menen u`ziliksiz baylanısta boladı, bir-birin tolıqtıradı.

İslep shıg`arıw na`tiyjeliligin asırıw ushın og`an ta`sir etetug`ın faktorlardı da biliw za`ru`r. İslep shıg`arıw na`tiyjeliligin asırıwg`a bir qansha faktorlar ta`sir etedi:

- İlimiy –texnikalıq rawajlanıwdı tezlestiriw ha`m onın` na`tiyjelerin tezlik penen islep shıg`arıwda qollanıw;
- İslep shıg`arıwdı ratsional jaylastırıw, qa`niygelestiriw ha`m kooperatsiyalaw;
- Ekonomikanın` strukturalıq bo`limlerin ha`m onın` sho`lkemlestiriwshilik buwınların o`zgertiw;
- İslep shıg`arıwshılardı xoshametlew ha`m olardın` aktivligi asırıw;
- Bar bolg`an ta`biyiy, materiallıq ha`m miynet resurslarınan aqılg`a muwapıq, u`nemlep paydalanıw, jan`a arzan, sıpatlı shiyki zat ha`m energiya tu`rlerin, eginlerdin` jan`a hasıldar sortların, na`sildarlı sharwa mallardı tawıp islep shıg`arıwg`a engiziw;
- Adamlardın` bilim da`rejesin, qa`niygeligin asırıw, jetekshi isshi ha`m qa`niygelerdi tayarlaw;

Bul sanap o`tilgen faktorlar islep shıg`arıw na`tiyjeliligin asırıwg`a ta`sir etetug`ın tiykarg`ı ha`m pu`tkil ekonomikanın` ba`rshe tarawları ushın ulıwmalıq faktorlar esaplanadı. Bulardan tısqarı anıq alıng`an xojalıqlarda, tarmaqlarda ha`m territoriyalarda na`tiyjelilikti asırıwdın` usı jerdin` sharayatlarınan kelip shıg`atug`ın qanshadan - qansha faktorlar bar bolıp, olardı tawıp iske salıw ha`m paydalanıw na`tiyjeliligin keskin asırıwdın` ken` imkaniyatları bolıp esaplanadı. Biz bul jerde islep shıg`arıw na`tiyjeliligin asırıwdın` ba`rshe faktorları tuwrısında anıq toqtala almaymız. Biraq onın` a`hmiyetli ha`m ha`zirgi ku`nde respublikamız ushın aktual faktorlardan biri bolg`an ilimiy - texnika rawajlanıwı tuwrısında qısqasha toqtalamız.

Pa`n - texnika rawajlanıwı pa`n tarawındag`ı islep shıg`arıw quralları, texnologiya, basqarıw ha`m basqa ko`plegen o`zgerislerdi o`z ishine aladı. Ha`zirgi da`wirde pa`n - texnika tez pa`t penen rawajlanbaqta ha`m ol ilgeridegi texnika rawajlanıwına qarag`anda bir qansha abzallıqlarg`a iye.

Ha`zirgi da`wrdegi pa`n - texnika rawajlanıwının` abzallıg`ı sonda, aldıng`ı ma`mle-ketlerde pa`n jan`alıqları tezlik penen islep shıg`arıwg`a engiziledi, sebebi pa`n tuwrıdan tuwrı islep shıg`arıwshı ku`shke aylanıp baradı.

Ha`zirgi da`wirdegi islep shıg`arıwdın` texnikalıq bazasın bekkemlew elektronika, radioelektronika, telemexanika, atom energiyası, ximiya ha`m basqa pa`nlerdin` erisken jetiskenlikleri menen tuwrıdan tuwrı baylanıslı.

## Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:

Mu`ta`jlik ha`m onın` tu`rleri: absolyut, haqıyqıy, materialık, ruwxıy ha`m sotsiallıq mu`ta`jlikler, birinshi ha`m ekinshi da`rejeli mu`ta`jlikler. Mu`ta`jlikler transformatsiyası. Tan`law mashqalası. Paydalılıq.. Ekonomikalıq resurslar. Resurs-lardın` sheklengenligi. Mu`ta`jliklerdin` sheksizligi. İslep shıg`arıw na`tiyjeliligi. Payda. Payda ko`lemi. Payda norması. Miynet o`nimdarlıg`ı. Kapital o`nimdarlıg`ı. İslep shıg`arıw na`tiyjeliligin asırıwg`a ta`sir etiwshi faktorlar.

## 2.1. - tema: Ekonomikalıq xızmet ha`m onın` tu`rleri

### 1.Ekonomikalıq xızmettin` mazmunı ha`m tu`rleri

Adamlar mu`ta`jligi ha`r qıylı bolıp, olardı qanaatlandırıw da tu`rli jollar menen a`melge asırıladı ha`m bul is ekonomikalıq xızmetti talap etedi.

Ekonomikalıq xızmet insan tirishiligin ta`minlew usılları, qurallarının` jıyındısı esaplanadı. Ekonomikalıq xızmet to`rt bo`limnen ibarat, onı:

- islep shıg`arıw;
- bo`listiriw;
- almastırıw;
- tutınıw tarawlarına bo`lip u`yreniw mu`mkin.

İslep shıg`arıw materiallıq ha`m ruwxıy baylıqlardı jaratıw protsessi. Onı eki tu`rge bo`liw mu`mkin.

1. **Materiallıq islep shıg`arıw** - anıq materiya formasına iye. **Ma`selen,** sanaat, awıl xojalıg`ı, qurılıs, baylanıs ha`m basqalar.
2. **Materiallıq emes islep shıg`arıw** – materiallıq formag`a iye bolmag`an, xızmetler ko`rsetiw. **Ma`selen,** oqıtıwshı xızmeti materiallıq ko`riniste emes, biraq ol ha`mmege za`ru`r. Bul tarawg`a den sawlıqtı saqlaw, halıq ta`limi, ma`deniyat ham basqa usıg`an uqsag`an tarawlar kiredi.

Bul tarawlarda jaratılg`an baylıqlardın` bir bo`legi adamlardın` mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a bag`darlanadı, basqa bir bo`legi bolsa islep shıg`arıw mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a sarplanadı. Baylıqlardın` bunday etip bo`liniwi pu`tkil ja`miyetlik islep shıg`arıwdın` da eki u`lken bo`limlerden ibarat bolıwın tiykarlap beredi:

1. **Ondiris quralların islep shıg`arıw bo`limi**, yag`nıy o`nidiristin` o`z tutınıwı ushın resurslar jaratıw.
2. **Tutınıw buyımların islep shıg`arıw bo`limi**, adamlar ushın tutınıw baylıqların jaratıwshı bo`lim.

İslep shıg`arıw ha`r dayım ta`kirarlanıp ha`m tiklenip turatug`ın u`ziliksiz protsess bolg`anı ushın biz onı ta`kirar islep shıg`arıw deymiz. Onı ekige bo`liw mu`mkin:

1. **A`piwayı ta`kirar islep shıg`arıw** – tutınıw buyımları ha`m xızmetlerinin` aldıng`ı da`rejede, o`zgermegen ko`lemde islep shıg`arıw.
2. **Ken`eytirilgen ta`kirar islep shıg`arıw** – tutınıw buyımları ha`m xızmetlerinin` aldıng`ı ko`lemge qarag`anda ko`birek islep shıg`arıw, sıpatının` jaqsılanıp barıwına aytıladı.

İslep shıg`arıw protsessi ju`z beriwi ushın, a`lbette, onda qatnasatug`ın faktorlar bolıwı kerek. İslep shıg`arıw faktorları tovar ha`m xızmetler islep shıg`arıwda qatnasatug`ın resurslar esaplanadı. Biz olardı isshi ku`shi, miynet quralları, miynet predmetlerine bo`liwimiz mu`mkin.

İsshi ku`shi yaki islep shıg`arıwdın` jeke faktorı bul isshi ku`shinin` aqılıy ha`m fizikalıq miynet etiw qa`biletinin` o`zinde sa`wleleniwi esaplanadı. Ja`nede anıg`ıraq aytsaq, isshi ku`shi miynetke jaramlı halıq, onın` fizikalıq ha`m aqılıy qa`bileti, bilimi ha`m intelekti, qa`niygeligi ha`m uqıplılıg`ı jıyındısı esaplanadı.

**Miynet qualları dep – ta`biyat baylıqlarına ta`sir o`tkize alatug`ın ba`rshe qurallarg`a aytıladı. Ma`selen**: stanok, mashina, asba`p-u`skeneler ha`m basqalar.

**Miynet predmetleri – insan o`z ta`sirin o`tkizetug`ın ta`biyat baylıqları.** Miynet predmetleri shiyki zat halatında ha`m tayar o`nim ko`rinisinde bolıwı mu`mkin.

Miynet qualları ha`m miynet predmetleri jıyındısın biz islep shıg`arıw qualları dep ataymız.

İslep shıg`arıw faktorları insaniyat tariyxının` ba`rshe basqıshları ushın ulıwma bolsada, bul faktorlarg`a tu`rli a`debiyatlarda tu`rlishe tu`sinikler beredi. Ha`zirgi bazar ekonomikasına tiyisli a`debiyatlarda islep shıg`arıwdın` to`rt faktorı ta`biyiy resurs, insan resursları, kapital ha`m isbilermenlik qa`bileti ko`rsetip o`tiledi.

Ta`biyiy resurslar jer, jer astı ha`m jer u`sti baylıqları. Ta`biyiy resurslar tovarlar ha`m xızmetlerdi islep shıg`arıwda paydalanılatug`ın ta`biyiy baylıqlar esaplanadı. Janlı ta`biyat ha`m tog`ay resursları solardın` qatarına kiredi. İnsan resursları bul isshi ku`shi esaplanadı.

Kapital degende islep shıg`arıw ha`m xızmet ko`rsetiwdin` barlıq tarawlarında isletiletug`ın islep shıg`arıw quralların, satıwg`a tayar turg`an tovarlardı, yag`nıy qurallar ha`m isshi ku`shin satıp alıwg`a bag`darlang`an pul qarjıları tu`siniledi.

İsbilermenlik degende tovar ha`m xızmetlerdi islep shıg`arıw ushın ba`rshe firmalarg`a za`ru`r bolg`an basqarıw ha`m sho`lkemlestiriwshi qa`niygelikleri tu`siniledi, yag`nıy sho`lkemlestiriwshi, jan`alıqqa umtılıwshı, ekonomikalıq qa`wipten, juwapkershilikten qorıqpaytug`ın adamlar isbilermenlik qa`bilietine iye bolg`an shaxslar esaplanadı. İsbilermen islep shıg`arıwdın` joqarıda aytıp o`tilgen u`sh faktordı ja`mleydi.

**Bo`listiriw** – bul islep shıg`arıw protsessinde payda bolg`an baylıqlar ja`miyet ag`zalarının` ja`miyetlik miynet iskerliginde qatnasıw da`rejelerine qarap o`z qosqan u`leslerine jarasa is haqı ko`rinisindegi baylıqlarg`a iye bolıwı.

Bo`listiriw ma`selesine ju`da` qa`dimnen baslap u`lken itibar menen qaralg`an. Orta Aziya alımlarınan **Al - Farabiy** qaraslarında bo`listiriw ma`selesi ju`da` ken` ha`m o`zine ta`n usılda talıqlanadı. Ol ja`miyet ha`m adamlar qolındag`ı mu`lk ha`m baylıqlardı tuwrı bo`listiriw ma`mleket qurılısında tiykarg`ı ma`sele – degen pikirdi bildiredi. «**Bul – basqarılıwı en` qıyın bolg`an is, kimde - kim o`z ıqtıyarında bolg`an mu`lkti payda shıg`arıw ushın aylanısqa qoymasa, onı tek o`zi ushın g`ana jamg`arsa, ju`da` u`lken zıyan keltiredi**». Bo`listiriw mu`lkti, o`nim, baylıqlar esabın tuwrı jolg`a qoyıwdan baslanadı. Usı pikir **Al-Farabiy** ta`repinen aldıng`ı orınlarg`a shıg`arıladı. «**Birinshi na`wbette,- deydi alım, jer ha`m orınlardın` mug`darı, keyin olardın` iyeleri ha`m tutqan orınları, onnan keyin bolsa ju`da` kerekli bolg`an azıq - awqatlar, egislik jerler, saray ha`m jeke u`ylerdin` mug`darı esapqa alınıwı za`ru`r**» ([11], 42-bet).

Ja`miyette qarar tapqan bo`listiriw mexanizmi islep shıg`arıwdın` na`tiyjeliligin belgilewshi faktorlardan biri esaplanadı. Sonnan kelip shıqqan halda erkin bazar ekonomikası bo`listiriw qatnasıqlarında o`zine ta`n a`hmiyetke iye, yag`nıy bo`listiriw endi ma`mleket emes, ba`lki bazar orınlaydı. İslep shıg`arıw quralların` bazarda erkin satılıwı olardın` ha`reketin tezlestiredi, tovar qıtshılıg`ına shek qoyıladı. Sol sebepten bazarda islep shıg`arıwshı emes, ba`lki qarıydar o`z hu`kimin o`tkizedi, tovar ha`m xızmetlerdin` sıpatına ha`m bahasına qarap tan`lap alıw imkanına iye boladı.

**Almastırıw** - ja`miyet ag`zalarının` sotsial-ekonomikalıq pa`rawanlıg`ı ushın ha`r qıylı materiallıq baylıqlar za`ru`r. Sonın` ushın da olar ortasında almastırıw protsessi a`melge asadı, yag`nıy bul protsesste o`nim ha`m xızmetler jaratılmaydı, ba`lki olar ma`lim mug`darlıq qatnasta bir-birine almastırıladı. Endi erkin bazar ekonomikası sharayatında tutınıw bulyımları ha`m xızmetler, arnawlı tutınıw tovarları ha`m xızmetler bazar arqalı erkin bahalarda almastırıladı. Almastırıw islep shıg`arıw menen tutınıwdı bir-birine baylanıstırıp turadı.

**Tutınıw** - ja`miyet ag`zaları islep shıg`arıw protsessinde u`ziliksiz ta`kirar ra`wishte qatnasıwları, o`zlerinin` fiziologiyalıq miynet etiw qa`biletlerin tiklew ushın jaratılg`an materiallıq baylıqlardın` tutınıwı esaplanadı. O`nimler, birinshiden, tirishilik ushın adamlardın` o`zleri ta`repinen tutınıladı, ekinshiden, islep shıg`arıwdı dawam ettiriw ushın onın` o`zinde isletiledi. Tutınıw iskerlik sıpatında jeke, shan`araq, toparlıq ha`m ulıwma milliy tutınıw ta`rizinde ju`z beredi. **Ma`selen**, jeke buyımlardan ha`r bir adam jeke ta`rtipte paydalanadı. Televizor, mebel` ha`m basqalar shan`araqtın` birgeliktegi tutınıwı esaplansa, balalar baqshası, mektep, emlewxana u`skeneleri bir topar admlar ta`repinen isletiledi. Armiya qa`wipsizlik xızmeti ha`m basqalardan pu`tkil halıq paydalanadı.

Demek, o`nim ha`m xızmetler tutınılıwı menen birge, olar qayta jartılıwı lazım. Sonnan kelip halda, sheksiz mu`ta`jlikti qanaatlandırıw u`ziliksiz ekonomikalıq iskerlikti talap etedi.

## 2. İslep shıg`arıwdın` ulıwma na`tiyjeleri

İslep shıg`arıwdın` tu`rli faktorlarının` birgelikte isletiliwi na`tiyjesinde tovar ha`m xızmetler ju`zege keledi. Olardı jaratıwshı ka`rxanalardın` sanı og`ada ko`p. Sırttan qarag`anda ha`r bir ka`rxana o`zi g`a`rezsiz is ju`rgizip atırg`ang`a uqsaydı. Biraq ha`r qıylı tovarlar ha`m xızmetlerdin` jaratılıwı na`tiyjesinde individual qarjılar bir biri menen birigip ketedi, yag`nıy ja`miyetlik islep shıg`arıw ju`zege keledi.

Demek, ja`miyetlik islep shıg`arıw pu`tkil ja`miyet ko`leminde makroekonomikalıq islep shıg`arıw esaplanadı. Ja`miyetlik islep shıg`arıwdın` na`tiyjesi milliy o`nim esaplanadı.

**Jalpı milliy o`nim (JMO`)** - jıl dawamında ma`mleket puqaraları ta`repinen jaratılg`an ja`mi tovar ha`m xızmetlerdi bazar bahalarındag`ı ulıwma qunına aytıladı. Milliy o`nim islep shıg`arıw ha`m xızmet ko`rsetiw tarawları jıllıq iskerliginin` na`tiyjeliligin sa`wlelendiriwshi ko`rsetkish esaplanadı.

Milliy o`nim tu`rli tarmaqlarda islep shıg`arılsa da, olar eki tu`rli natural buyımlasqan ha`m qun ko`rinisinde esapqa alınadı.

Natural buyımlasqan tu`ri de eki bo`limnen: islep shıg`arıw quralları ha`m tutınıw tovarlarınan turadı. Tutınıw tovarları bolsa, o`z na`wbetinde tutınıw buyımlarınan ha`m halıqqa ko`rsetiletug`ın tu`rli xızmetlerden ibarat.

Milliy o`nim qun boyınsha 3 bo`limnen ibarat:

1. İslep shıg`arıw protsessinde tutınılg`an islep shıg`arıw quralları qunının` o`nimge o`tken bo`legi (**S**).
2. Jan`adan jaratılg`an o`nimnin` bir bo`legi, yag`nıy isshilerdin` miynetine tiyisli bo`legi za`ru`riy o`nimnin` qunı esaplanadı (**V**).
3. Jan`adan jaratılgan o`nimnin` mu`lkdarlar, isbilermenler ha`m ja`miyet ushın jaratılg`an qosımsha o`nim qunınan (**M**) ibarat.

Milliy o`nimdi anıg`ıraq sa`wlelendirsek,

**JMO` = S + V + M**

İslep shıg`arıw protsessinde jaratılg`an ha`m usı protsesste tutınılg`an islep shıg`arıw qurallarının` qunın ayırg`annan son` qalg`an o`nim **sap milliy o`nim (SMO`)** di quraydı.

Demek, **sap milliy o`nim (SMO`)** di islep shıg`arıwda ba`nt bolg`an menejerler, isshiler, diyxanlar ha`m basqalardın` jan`adan sarp etilgen miyneti menen jaratılg`an za`ru`riy ha`m qosımsha o`nimnen ibarat.

Za`ru`riy o`nim dep isshi ha`m xızmetshilerdin` za`ru`riy is waqıtında jaratılg`an miynet ku`shin normal jag`dayda saqlaw ha`m qayta tiklew ushın za`ru`r bolg`an o`nimge aytıladı, yag`nıy ol xızmetshilerdin` alg`an is haqısına tuwrı keledi. Sap o`nimnin` za`ru`riy o`nimnen artıqsha bo`legi qosımsha o`nim deyiledi ha`m ol isbilermenlerge, mu`lkdarlarg`a, ma`mleketke tiyisli boladı. Za`ru`riy ha`m qosımsha o`nimge bo`liniw ja`miyet rawajlanıwının` ha`mme basqıshlarında bar. Biraq olar ortasındag`ı qatnas tu`rli da`wirlerde tu`rlishe bolg`an. **Ma`selen,** sabıq sotsialistlik ja`miyette ekono-mistler qosımsha o`nim jeke mu`lkshilik da`wirine ta`n dep tu`sindirip, sotsialistlik mu`lk da`wrinde ol bolmaydı dep esaplag`anlar. Demek, qosımsha o`nimnin` mazmunın tolıq tu`singen xalda, onı ko`beytiw ha`m bo`listiriwdi tuwrı jolg`a qoyıw za`ru`r. Qosımsha o`nimdi tiykarınan u`sh jol menen ko`beytiw mu`mkin:

1. İsshilerdin` sanın ko`beytiw arqalı.
2. İs ku`nin uzaytırıw arqalı.
3. İsshi ku`shinin` shegarası o`zgermegen halda za`ru`riy is waqıtın kemeytiriw arqalı.

Bazar ekonomikası sharayatında qosımsha o`nim qosımsha qun ko`rinisinde boladı. İslep shıg`arıwda jaratılg`an qosımsha qun satılıw protsessinde paydag`a aylanadı. Paydadan ha`r bir islep shıg`arıw qatnasshıları o`z u`leslerin aladı. Ma`selen, ma`mleket salıg`ı ko`rinisinde h.t.b. Paydanın` qalg`an bo`legi isbilermenlerdin` sap paydası. Olar bul paydadan, o`z mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a, islep shıg`arıwg`a, investitsiyanı tartıwda ha`m basqa tu`rli protsesslerde paydalanadı. Demek, qosımsha o`nimdi ko`beytiw, ja`miyet ag`zalarının` ha`mmesi ushın paydalı esaplanadı.

### 3. Miynet o`nimdarlıg`ı ha`m og`an ta`sir etiwshi faktorlar

**Miynet o`nimdarlıg`ı** – islep shıg`arıw protsessindegi adamlar miynetinin` paydalılıg`ı, na`tiyjeliligi ha`m o`nimdarlıg`ı ekenligin bilgenimiz halda, miynet o`nimdarlıg`ı qanday o`lsheniwin ha`m esaplanıwın da ko`rip shıg`amız. Ha`r bir adam o`z miynetine jaqsı haqı to`leniwin qa`leydi. Biraq bul na`rse ha`r dayım jaqsı ha`m sıpatlı miynet etiw menen baylanıslılıg`ın ko`z aldımızga keltire bermeymiz. Biraqta biz u`yrengen miynettin` mug`darı ha`m sıpatı degen tu`sinik en` son`ında onın` na`tiyjeliliginde, o`nimdarlıg`ında ja`mlenedi.

Miynet o`nimdarlıg`ı ha`r bir ma`mleket, ja`miyet, tarixıy da`wirdin` ekonomikalıq rawajlanıw da`rejesin sa`wlelendiredi. Demek, miynet o`nimdarlıg`ı insannın` waqıt birliginde ma`lim mug`darda o`nim ha`m xızmetlerdi jarata alıwı esaplanadı.

A`dette miynet o`nimdarlıg`ın bir saat, is ku`ni, ha`ptesi, bir ay ha`m jılda jaratılg`an o`nimler ko`lemi menen esaplaw qabıl etilgen. Miynet o`nimdarlıg`ın o`lshew ha`m esaplawdı ba`rshe ushın en` tu`sinerli ha`m a`piwayı jolı jaratılg`an o`nim awırlıg`ı, ko`lemi ha`m birligin bir saatqa salıstırmalı ta`rizde alıp esaplawg`a boladı. **Mısalı,** bir saatta diyxan 100 kg pomidor terdi, qurıwshı 75 dana gerbishti imarat diywalı ushın taqladı, satıwshı 100 qarıydarg`a xızmet etti ha`m t.b.

Sonnan kelip shıqqan halda miynet o`nimdarlıg`ı **MO`** dep, o`nimdi **O`** dep, sarıplang`an is waqıtın **W** dep belgilesek, miynet o`nimdarlıg`ın to`mendegishe sa`wlelendiriw mu`mkin:

$$\mathbf{MO` = O` / W}$$

İnsan xızmetindegi ko`p qırlı jumıslardın` ba`rshesi ha`m anıq o`lshemge kire bermeydi. Sebebi miynet ha`r qıylı bolg`anı ushın onın` na`tiyjesin ketken waqıt penen o`lshew qıyın.

Sol sebepli, miynet o`nimdarlıg`ı qun, pul formasında o`lshenedi: swm, tenge, dollar, marka, frank, rubl` kibiler ja`rdeminde. **Ma`selen,** bir ayda fermer 25000 swm, baspaxanada ha`rip teriwshi 20000 swm, ju`k tasıwshı 10000 swm, tokar 30000 swmg`a iye bolg`an o`nim islep shıg`arg`an bolsa, olardın` miynetinin` o`nimdarlıg`ın salıstırıw an`sat.

Pulda esaplang`an o`nimdi islewshiler sanına bo`lsek, miynet o`nimdarlıg`ı kelip shıg`adı.

Ma`mlekette to`mendegi faktorlar miynet o`nimdarlıg`ına tuwrıdan – tuwrı ta`sir ta`sir o`tkizedi.

**1. Miynet resurslarının` sıpatı**: isshilerdin` mag`lıwmatı ha`m tayarlılıq da`rejesi, yag`nıy mag`lıwmatlı ha`m qa`niygeli isshiler o`zlerinin` islep shıg`arıw wazıypaların na`tiyjeli orınlaydı. Demek, miynet o`nimdarlıg`ın to`mendegishe asırıw mu`mkin:

a) ta`lim ha`m oqıtıw da`stu`rleri sıpatın jaqsılaw menen;

b) islewshilerdin` talap - mu`ta`jliklerine sa`ykes ta`lim alıw ha`m tayarlıqtan o`tiw imkaniyatların ken`eytiriw menen.

İsshilerdin` miynet etiw g`ayratı o`nimdarlıqqa ta`sir etiwshi ja`ne bir unamlı qa`siyet esaplanadı, yag`nıy o`z isin su`yetug`ın ha`mde usı isi sebepli qanaatlanıwshılıq sezimi payda bolatug`ın adamlar islewge hoshameti jetispeytug`ın adamlarg`a qarag`anda jaqsıraq isleydi.

**2. Mashina ha`m u`skenelerdin` sıpatı.** Texnika qanshelli quramalı bolsa, miynet o`nimdarlıg`ı da sonshelli joqarı boladı. Jan`a texnologiyalar, jan`a usıllar ha`m mashinalardı qollanıw sebepli islep shıg`arıwdag`ı o`zgerislerden o`nimdarlıqtı asırıw ushın isbilermen ta`repinen paydalanılıwı mu`mkin.

İsbilermenler mashinalardı na`tiyjeli qollaw ushın miynetti bo`listiriwden de paydalanıwları, yag`nıy quramalı u`lken wazıypalardı bir maydaraq ayırım operatsiya-lardı orınlawg`a qa`niygelestiriliwi lazım.

Miynetti bo`listiriwdin` a`hmiyeti a`lleqashan an`lap jetilgen. **Adam Smit** «**Xalıqlar baylıg`ının` ta`biyatı ha`m sebepleri haqqındag`ı izertlewler**» atlı shıg`armasında soday dep jazılg`an:

«**Bir isshi sımdı tartadı, ekinshisi tuwrılaydı, u`shinshisi qırqadı, to`rtinshisi ushın o`tkirleydi, besinshisi qalpaqsha ornatılatug`ın ushına forma beredi. Qalpaqshanı tayarlaw eki yaki u`sh g`a`rezsiz operatsiyalardı talap qıladı; unı ornatıw o`z aldına operatsiya,**

**tu`yrewishti iyiriw bolsa basqa bir operatsiya; ha`tteki tayar tu`yrewishlerdi qaltashalarg`a oraw da g`a`rezsiz bir operatsiya esaplanadı, mine usı tu`rdegi kishirek bir manufakturanı ko`rgen edim, ol jerde tek g`ana on adam isler edi. Olar ju`da` ka`mbag`al bolsada, qızg`ın jumıs islep ku`nine 48000 tu`yrewish islep shıg`ara alar edi. Biraq olardın` ba`rlıg`ı jeke halda ha`m bir - birinen g`a`rezsiz ra`wishte islegende de usı arnawlı iske u`yretilmegeninde, olardın` birewi de ku`nine mu`mkin 12, ha`tteki 1 dana tu`yrewish isley almas edi**». **Adam Smit** sa`wlelendirgen tu`yrewish fabrikası ja`miyetlik miynet bo`listiriwinin` abzallıg`ın ko`rsetedi.

**1. İslep shıg`arıwdın` ta`biyiy sharayatı.** Bul sharayat qanshelli qolay bolsa, o`nimdarlıq sonshelli joqarı boladı, ta`biyiy sharayattı insan o`zgerte almaydı, biraq texnikanı jetilistiriw arqalı qolaysız ha`m ta`biyiy sharayatta da o`nimdarlıqtı asırıp barıwı mu`mkin.

Bazar ekonomikası sharayatında miynet o`nimdarlıg`ına, jan`a basqarıw ha`m kon`yunktura, jan`ai tovar ha`m xızmetlerge bolg`an talap ta sezilerli ta`sir ko`rsetedi. Bizge ma`lim, talap ko`beyse, bahalar o`sedi ha`m bul jag`day islep shıg`arıwdı ku`sheytiriwdi talap etedi. Bul bolsa o`z na`wbetinde, miynet o`nimdarlıg`ın asırıwg`a alıp keledi. Eger keri jag`day bolıp, talap kemeyse, islep shıg`arıw turg`ınlıq ha`m kriziske ju`z buradı.

Ekonomikag`a ta`n nızamlılıq bul miynet o`nimdarlıg`ının` asıp barıwı esaplana-dı, sol sebepli resurslar sheklengen bolıwına qaramay, o`nim ko`beyip baradı.

### Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:

Ekonomikalıq iskerlik, islep shıg`arıw. Materiallıq ha`m materiallıq emes islep shıg`arıw. İsshi ku`shi. Miynet quralları. Miynet predmetleri. İslep shıg`arıw qualları. Ta`biyiy resurslar. Kapital. İsbilermenlik. Bo`listiriw. Almastırıw. Tutınıw. Jalpı milliy o`nim (JMO`). JMO`nin` natural buyımlasqan ha`m qun ko`rinisindegi formaları. Sap milliy o`nim. Za`ru`riy o`nim, qosımsha o`nim. Qosımsha o`nim massası ha`m norması. Miynet o`nimdarlıg`ı, og`an ta`sir etiwshi faktorlar.

## 3 - tema: Tovar islep shıg`arıw ha`m pul, olardın` ekonomikalıq rawajlanıwdag`ı ornı

### 1. Xojalıq ju`rgiziw formaları

Ja`miyette ekonomikalıq sistemanın` tu`rli formadag`ı modelleri bar. Biraq uzaq tariyxıy da`wirlerden baslap milleti, elatı, geografiyalıq jaylasıwına, ma`mlekettin` siyasatına qaramastan ba`rshe ushın ulıwma bolg`an natural ha`m tovar xojalıg`ı a`mel etip kelgen.

Natural xojalıq degende o`zinin` mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw ushın a`melge asırılatug`ın islep shıg`arıw protsessi tu`siniledi. Bunda islep shıg`arılg`an o`nimnin` mug`darı tutınılg`an tovarlardın` mug`darına ten` boladı.

Natural xojalıqtın` qa`siyetleri to`mendegilerden ibarat:

- bir qıylı o`nimler islep shıg`arıwshı a`piwayı patriarxal xojalıqlardın` ha`reket etiwi;
- miynetti bo`listiriw ha`m qa`niygelesiwdin` joqlıg`ı;
- islep shıg`arıwdın` tar shen`berde a`melge asıwı;
- mu`lkke ja`miyetlik ja`ma`a` ta`repinen iyelik etiwi;
- almasıw, aldı – sattı qatnasıqlarının` joqlıg`ı.

Natural xojalıq islep shıg`arıw protsessinin` rawajlanıwının` da`slepki basqıshı bolıp, ol ekonomikalıq rawajlanıwdın` barlıq basqıshlarında, da`stu`riy bazar ekonomikasında da saqlanıp qaladı. Ja`miyettin` rawajlanıwı miynet o`nimdarlıg`ının` asıwı menen, ja`miyetlik miynet bo`lisiwinin` teren`lesip barıwı menen baylanıslı. Na`tiyjede adamlar birer-bir ka`sipke qa`niygelese baslaydı ha`mde o`zlerinin` artıqsha bolg`an miynet o`nimlerin almastıradı, ha`mde olar o`z ara ja`miyetlik qatnasıqlarg`a kirisedi.

Tovar xojalıg`ı degende o`zinin` mu`ta`jlikleri ushın emes, ba`lki bazar ushın, almastırıw ushın islep shıg`arıwdı a`melge asıratug`ın xojalıq ju`rgiziw forması tu`siniledi. Tovar xojalıg`ıda islep shıg`arılg`an o`nimlerdin` mug`darı islep shıg`arıwshılardın` tutınıwınan ko`p bolıwı kerek.

Tovar xojalıg`ı da`slep a`piwayı tovar xojalıg`ı formasında ju`zege keledi. A`piwayı tovar xojalıg`ı menen, tiykarınan, diyxanlar, o`nermentler shug`ıllanadı. Bul da`wirde tovar xojalıg`ı pu`tkil ekonomikanı kamrap almaydı. Miynet bo`listiriwinin` teren`lesiwi, miynet o`nimdarlıg`ının` rawajlanıwı menen a`piwayı tovar xojalıg`ı ken`eytirilgen ulıwmalasqan tovar xojalıg`ı jag`dayında a`melge asadı. Bunda adamlar jaratqan o`nim g`ana emes, ba`lki miynet ku`shi de tovarg`a aylanadı. Miynet bazarında miynet ku`shi de satıladı. Demek, tovar xojalıg`ının` a`hmiyetli elementi – tovar bolıp qaladı.

**Tovar - bul insanlardı tutınıw mu`ta`jliklerin qanaatlandıratug`ın almasıw yaki satıw ushın, islep shıg`ılg`an adamlar miynetinin` na`tiyjesi esaplanadı.** Tovar xojalıg`ı **islep shıg`arıw – almastırıw – bo`listiriw – tutınıw sisteması** tiykarında a`melge asadı.

### 2. Tovar ha`m onın` onın` qa`siyetleri

Tovarda sa`wlelengen miynettin` eki jaqlama xarakteri. Tovardın` eki qıylı qa`siyeti bolıp, bul onın` qun ha`m tutınıw qunına iye ekenligi.

Tovardın` tutınıw qunı bul adamlardın` ja`miyetlik mu`ta`jliklerin qanaat-landırıw imkaniyatı esaplanadı. Tovardın` tutınıw qunı materiallıq ha`m ruwxıy ko`riniste bolıwı mu`mkin.

Tovardın` almasıw qunı onın` qunın sa`wlelendiriw ushın ayrıqsha a`hmiyetke iye. Sebebi almasıw protsessinde adamlar o`zlerinin` sarplag`an miynetlerin ten`lestiriwge ha`reket etedi.

Qunnın` miynet tiykarında ju`zege keliwi haqqındag`ı teoriyalardın` tiykarshıları (**Aristotel, U.Petti, Adam Smit**) o`nimlerdi og`an sarplang`an miynet tiykarında almastırıladı degen pikirdi ilgeri su`rgen. Olar almasıw protsessinde o`nimnin` sanı, awırlıg`ı, formasın esapqa almag`an.

Almasıw protsessinde tovardın` tutınıw qunı esapqa alınadı. Tovardın` tutınıw qunı onın` sıpat jag`ınan qa`siyetin sa`wlelendiredi. Tigiw mashınası menen, toqıw mashinasının` adamlardın` mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw qa`siyeti ha`r qıylı. Olardın` tutınıw qunları miynet birdey sarıplansada ha`r qıylı qa`siyetke iye boladı. Demek, almasıw protsessinde og`an sarıplang`an ja`miyetlik miynet sarpı esapqa alınadı.

Ulıwma miynet ha`m ja`miyetlik miynet ja`miyet rawajlanıwının` ba`rshe basqısh-larında bar bolg`an. İnsanlar miynet islegenler, biraq olardın` miyneti da`slep jeke halda a`melge asırılg`an. İnsanlar o`z miynet o`nimlerin almastırg`anlarında o`z-ara ja`miyetlik qatnasıqqa kirisken. Miynet ja`miyetlik xarakterge iye bolg`an. Qun tovardın` emes, ba`lki tek g`ana miynettin` ja`miyetlik qa`siyeti esaplanadı.

Ha`zirgi da`wirde tovarlardı qun tiykarında emes, ba`lki tutınıw qunı tiykarında almastırıw kerek degen pikir ilgeri su`rilmekte. Bul teoriya "**shegaralang`an paydalılıq teoriyası**" dep ataladı.

Ha`r qanday islep shıg`arıw protsessinde jaratılg`an o`nim yaki ko`rsetilip atırg`an xızmetler o`zinin` ma`lim qunına iye boladı. Ol a`dette qun nızamına a`mel qılıng`an halda islep shıg`arılg`an o`nimge sarıp etilgen ja`miyetlik za`ruriy miynet penen o`lshenedi.

**Egerde tovardın` qunı og`an sarıplang`an ja`miyetlik miynet penen o`lshense, bul miynettin` mug`darı, sıpatı ha`m dawamlılıg`ı qalay anıqlanadı? Karl Marks** miynetti a`piwayı ha`m quramalı miynetke ajıratqan. A`piwayı miynetlerdin` jıyındısın, quramalı miynetke ten`lestirgen. **Bul a`piwayı miynettin` mug`darı ha`m onın` koeffitsienti qalay anıqlanadı?** Bul soraw ashıq qalg`an.

Miynettin` qun teoriyası boyınsha onın` sarpı bazarda anıqlanadı. Biraq shegaralan-g`an paydalılıq teoriyası ta`repdarlarının` pikiri boyınsha bazardag`ı o`nimlerdi qarıydarlar og`an qansha miynet sarıplang`anlıg`ına qarap emes, ba`lki onın` paydalılıg`ına qarap satıp aladı.

Tek g`ana tovardın` paydalılıg`ı tovarg`a ja`miyetlik xarakter beredi. Jazbaytug`ın ruchkanı, sıpatsız su`tti og`an miynet sarıplang`anlıg`ına qaramastan satıp almaysız. Ol sizge payda berse g`ana satıp alasız. Mu`ta`jligin`izdi qanaatlandırasız. At go`shin Rossiyada satıp almaydılar. Jılan go`shin shet elden miynet sarıp etip alıp kelsede onı (Kıtay yaki Yaponiyadag`ı kibi) O`zbekistanda xesh kim satıp almaydı.

Shegaralang`an paydalılıq teoriyasına muwapıq tovardın` qımbatlılıg`ı, kerekliligi qalay anıqlanadı?

Bul sorawg`a juwap beriw ushın shegaralang`an paydalılıq teoriyasının` ta`repdarları nemis ekonomisti bolg`an **G.Gossen nızamınan** (1810-1858) paydalanadı.

Ha`r bir tovardan keyingi tovar o`zinin` paydalılıg`ın joytıp baradı.

Bul **K.Mengerdin`** mısalı ja`rdeminde sa`wlelenedi. Tog`ayda jasap atırg`an adamg`a 5 qap da`n beremiz dep koz aldın`ızg`a keltirin`. Ol:

1- qaptı onın` awqatına
2- qaptı eginge
3- qaptı u`y quslarına
4- qaptı pivog`a
5- qaptı – totı quska isletedi.

Qaraqshılar 2 qaptı urlap ketse bul adam qanday is tutadı?

Ol pivog`a ha`m totıqusqa da`n isletpeydi. O`zine kerekli, paydalı bolg`an mu`ta`jli-gine isletedi. Yag`nıy ha`r bir qosımsha tovardın` paydalılıg`ı kemeyip baradı.

Da`slep qaralg`anda qun ha`m shegaralang`an paydalılıq teoriyaları bir-birine qarama-qarsı bolıp ko`rinedi. Lekin **A.Marshal** joqarıdag`ı teoriyalardı qayshının` eki ta`repine uqsatadı. Yag`nıy birar bir na`rseni qırqqanda qayshının` joqarı ha`m to`men ta`repi birdey orın iyelegenindey qun ha`m paydalılıq shegarası nızamı bazarda tap usınday orın tutadı. Bahalardın` qa`liplesiwinde, qun nızamı usınıs ta`repinen, shegeralang`an paydalılıq teoriyası bolsa talap ta`repinen ta`sir o`tkizedi, ha`mde tutınıwshılardın` ha`reketlerin sa`wlelendirip beredi.

Tovardın` qunı ha`m tutınıw qunı o`z ara qarama - qarsı bolg`an birlikti quraydı. Bunın` sebebi tovarda paydalanılg`an miynettin` eki tu`rli xarakterge iye ekenliginde.

Miynet paydalı bolg`anlıg`ı sebepli tutınıw qunın jaratadı. Yag`nıy ol anıq, konkret miynet esaplanadı. Ha`r qanday anıq miynet o`zinin` jaratıwshılıq, texnolo-giyalıq da`rejesi, isshinin` bilimi ha`m maqseti kibi qa`siyetleri menen parıqlanadı.

Lekin, usıg`an qaramastan ha`r qıylı islep shıg`arıwshılardın` miynetin ulıwmalastıratug`ın qa`siyet bar. Miynettin` qanday bolıwınan qattiy na`zer og`an insan fiziologiyalıq ta`repinen qaralg`anda energiya sarıplaydı.

Bul: **energiya – nerv, ko`z nurı, fizikalıq ha`m aqılıy miynet sarpı**. Yag`nıy ulıwma insaniylıq miynetinin` sarpı – abstrakt miynet espalanadı. Abstrakt miynet tovar almasıwda kerek bolatug`ın qundı jaratadı.

Biz miynettin` sıpat ko`rsetkishlerin ko`rip shıqtıq. Endi onın` mug`dar ko`rsetkishin ko`rip shıg`amız.

Tovarg`a sarıplang`an qunnın` mug`darı og`an sarıplang`an ja`miyetlik za`ru`riy miynetke ten`. Ja`miyetlik za`ru`riy miynet ja`miyettin` islep shıg`arıw ku`shlerinin` rawajlanıw da`rejesindegi ortasha miynet o`nimdarlıg`ı ha`m ortasha miynet tezligindegi miynet sarpı menen o`lshenedi.

**Ma`selen**, yaponlar bir televizor islep shıg`arıwg`a 1 saat sarplasa, inglizler 2,7 saat waqıt sarplaydı. İngliz Yaponiyada islese ol da 1 saat waqıt sarplaydı. Demek, miynet sarpı ha`r qıylı ma`mlekette ha`r qıylı boladı ha`m onın` sarpı islep shıg`arıw ku`shlerinin` da`rejesine baylanıslı boladı.

Tovardın` qunına miynet o`nimdarlıg`ı ha`m miynet tezligi tu`rlishe ta`sir o`tkizedi. Miynet o`nimdarlıg`ının` asıwı tovar qunın pa`seytirse, miynet intensiv-liginin` asıwı o`nim qunın asıradı.

### 3. Puldın` ma`nisi ha`m wazıypaları

Puldın` ju`zege keliwi uzaq tarixıy da`wirge barıp taqaladı. Samarqandta IX a`sirlerde pul bolg`an, 1507- jıllarda pul reformaları o`tkizilgen. Buxarada altın ten`geler usı waqıtlarda engizilgen. Lekin pul aylanısta ken` qollanılmag`an. Sawdagerler, baylar halıqtın` bir bo`legi pul ja`redeminde aylanısqa kirisken bolsada, halıqtın` ko`p bo`legi natural xojalıq tiykarında jasag`an ha`m o`nimlerdi o`nimlerge almastırıw ja`rdeminde qatnasıqlarg`a kirisken. Da`slep ja`ma`a`tte miynet qural-larının`, miynet o`nimdarlıg`ının` rawajlanıwı, ja`miyetlik miynet bo`listiriwinin` rawajlanıwına alıp kelgen. Bul da`wirde adamlar o`nimlerin o`z ara almasıwg`a kirisken.

Almastırıw protsessinin` da`slepki basqıshı qunnın` a`piwayı yaki tosınnanlıq forması dep ataladı:

**1 balta 4 qap da`nge almastırıladı.**

Ja`miyetlik miynet bo`listiriliwinin` rawajlanıwı na`tiyjesinde tovarlardın` tu`rleri ko`beyedi. Almasıwdın` ken`eytirilgen forması ju`zege keledi. Almasıwdın` bunday formasın to`mendegishe sa`wlelendiriw mu`mkin.

**1 balta 14 qap da`nge, 11 etikke, 11 qoyg`a ten`lestirildi.**

Ja`miyetlik islep shıg`arıwdın` rawajlanıwı almasıwdın` ulıwmalasqan usılı-nın` qa`liplesiwi menen almasıw protsessi ta`rtipke tu`sedi ha`m tovarlar du`n`yasınan bir tovar ajıralıp shıg`adı. Usı tovar tiykarında qalg`an tovarlardın` qunı sa`wlelendiriledi. Uzaq da`wirler dawamında ha`r qıylı ma`mleketlerde ulıwmalıq ekvivalent sıpatında duz, shıg`anaq, teri, temir, altın usıg`anlar isletiledi ha`m na`tiyjede ba`rshe ma`mleketler ulıwmalıq ekvivalent sıpatında altınnan paydalanadı.

Altınnın` ulıwmalıq ekvivalent sıpatında isletiliwinin` sebebi:

- onın` totlanbawı;
- mug`darı az bolsada, bahanın` joqarı ekenligi;
- onın` ta`biyatta kem ushırawı;
- bo`linsede, o`zinnin` qunın joytpaslıg`ı.

Demek, puldın` ju`zege keliwi, tovar islep shıg`arıw ha`m almastırıw qıyınshılıqlarının` keskinlesiwi na`tiyjesi esaplanadı. Pul (altın yaki gu`mis) ulıwmalıq ekvivalent rolin oynawshı arnawlı tovar.

**Pul - barlıq tovarlar ha`m xızmetlerdi satıw ha`m satıp alıw mu`mkin bolg`an ulıw-malıq ekvivalent.**

Puldın` ma`nisi onın` wazıypalarında sa`wlelenedi:

**1. Pul qun o`lshew birligi.**

Qunnın` pulda sa`wleleniwine baha deyiledi. Tovardın` bahası talap ha`m usınıs nızamı bir – birine tuwrı tu`skende g`ana tovardın` qunın sa`wlelendiredi. O`nimge bolg`an talap joqarı bolg`anda onın` bahası da qunınan jokarı, usınıs joqarı bolg`anında bahası qunınan to`men bolıwı mu`mkin.

Da`slep pul birlikleri ha`m olardın` atları ko`binese belgili awırlıq qımbat metallar menen baylanıslı bolg`an, valyutalardın` atları da (funt, sterling) sonnan derek beredi. Lekin waqıt o`tiw menen "**salmaq**" atı pul birliginen qımbat metal-lardın` xaqıqıy salmag`ınan parıq qıla baslag`an.

**2. Pul aylanıs quralı.**

Puldın` aylanıs quralı sıpatındag`ı wazıypası sonnan ibarat, ol tovarlar aylanısı protsessinde daldalshı bolıp maydang`a shıg`adı.

Da`slep tovarlardı almastırıwda altın ha`m gu`mis quymalarınan paydalanılg`an.

A`ste-aqırın quymalar ornına ten`geler isletilgen. Altın ha`m gu`mis ten`geler aylanıs protsessinde jemirilgen yaki olardın` sıpatı buzıla baslag`an. Sol sebepli aylanısqa altınnın` ornın basıwshı, pul sıpatıda qag`az pullar islep shıg`arılg`an. Demek, usı aylanıs tarawı qag`az pullardın` ju`zege keliwine sebep bolg`an.

**3. Toplaw wazıypası.**

Pul aylanıstan shıg`arılg`annan son` baylıq toplaw wazıypasın orınlay baslaydı.

Natural xojalıq sharayatında baylıq toplaw o`nim toplaw formasıda bolg`an. Tovarlardı sheklenbegen mug`darda saqlab bolmaydı. Puldı qa`legen mug`darda saqlaw mu`mkin. Pullar banklerde de saqlanadı. Puldın` qa`dirsizleniwi onı basqasha formada toplawg`a sebep boladı. Adamlar pulların islep shıg`arıwga sarıplaydı, awıllarda sıyır, qoy, qozı, ko`shpes mu`lklerdi satıp aladı, altın ha`m gu`mis tag`ınshaqlar, antikvariatlardı satıp aladı. İslep shıg`arıwdı rawajlandırıw maqsetinde jan`a texnika ha`m texnologiyalardı satıp alıw da toplaw esaplanadı.

**4. To`lew wazıypası.**

To`lew wazıypası naq pullar ja`rdeminde a`melge asırıladı. Puldın` to`lew wazıypası renta, salıq, kreditke to`lewler ko`rinisinde boladı. Bunın` sebebi islep shıg`arıw protsessinin` ma`lim da`wirdi talap qılıwı esaplanadı. Bunday jag`dayda puldın` to`lew wazıypasınan veksel ha`m banknotalar kelip shıg`adı. Banknotalar menen bir qatarda aylanıstın` kredit qurallarınan ja`ne biri – chekler payda boladı. Chek amanat iyesi ta`repinen o`z esabındag`ı puldan chekte ko`rsetilgen shaxsqa beriw haqqında bankke jazılg`an buyrıqlar esaplanadı.

Halıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlarda esap - kitaplar altın menen ta`miynlenbegen milliy valyutalarda (dollar, marka, yena h.t.b.) a`melge asırıladı.

**5. Pullar ja`ha`n pulı wazıypasın orınlaydı.** Biraq olar ma`lim formag`a ten`lestiriledi, tiykarınan AQSh dollarına. Milliy ekonomikanın` ja`ha`n ekonomikasına qosılıwı puldın` qa`dirin asırıwdı talap etedi.

Puldın` ma`nisi ha`m wazıypaları haqqındag`ı sorawdı juwmaqlag`anda, puldın` ja`ne bir wazıypasın aytıp o`tiw za`ru`r.

Ga`p almasıwdı a`melge asırıwda ju`zege keletug`ın qa`rejetler haqqında barmaqta. Bul qa`rejetlerge: **iskerlik ju`rgiziw tarawına tiyisli bolg`an mag`lıwmatlardı toplaw, bazarda potetsial sheriklerdi tan`law, reketshilerge pul to`lew, pochta qa`rejetleri, qamsızlandırıw** qa`rejetleri kiredi.

Bul qa`rejetler transaktsion qa`rejetler deyiledi. Pul bunday qa`rejetlerdi kemeytiriw imkanın beredi. Sonın` ushın puldın` wazıypasın paydalı tovar emes, almastırıwdı a`melge asıratug`ın ha`m onın` aylanısın tezlestiretug`ın qag`az pullar orınlaydı.

## 4. Puldın` tovarg`a aylanıwı. Miynet ku`shi – tovar

O`mirde ko`pshilik puldı kapital dep esaplaydı. Egerde pul aldı-sattı wazıypasın orınlasa, ol tek g`ana aylanıs kuralı esaplanadı. (**T – P - T**) Pul aylanısqa qoyılg`anda onın` qunı assa kapitalg`a aylanadı. (**P – T - P1**). Puldın` qunı da`slepki qunnan joqarı boladı. Puldın` aylanısta ko`beyiw protsessi qa`dim - qa`dim da`wirlerde de ushırag`an. Su`tqorlıq kapitalın bug`an mısal etiw mu`mkin. Biraq su`tqorlıq kapitalı islep shıg`arıw protsessinde emes, ba`lki aylanıs protsessinde ko`beygen.

Kapitalizm da`wirinde puldın` mug`darı jallanba miynet esabınan asıp baradı. İs beriwshi islep shıg`arıw protsessinde miynet ku`shin satıp aladı.

Miynet ku`shi tovarg`a aylanadı. Miynet ku`shi tovar eken, ol qun ha`m tutınıw qunına iye boladı.

Jallang`an isshi 8 saatlıq is ku`nin ma`lim bo`leginde o`zine miynet etse, qalg`an bo`leginde og`an is bergen mu`lk iyesine isleydi. Bul da`wirde ol qun ha`m tutınıw qunın jaratadı. Tutınıw qunının` qa`siyeti onın` o`z qunınan ko`p qun jaratıw menen sa`wlelenedi.

Miynet ku`shining qunı isshinin` ha`m onın` shan`araq ag`zalarının` tirishilik baylıqlarının` jıyındısınan ibarat. Miynet ku`shinin` qunına ta`sir etetug`ın en` a`hmiyetli faktor miynet o`nimdarlıg`ı esaplanadı. Amerikada miynet ku`shi qunının` joqarı bolıwı usı ma`mlekette miynet o`nimdarlıg`ının` joqarı ekenliginen da`lil beredi.

Miynet o`nimdarlıg`ı joqarı bolsada miynet ku`shi qunı pa`s bolıwı mu`mkin. Bunday halda qa`niygeli miynet ku`shine bolg`an talap pa`s boladı.

Sonın` menen birge miynet ku`shi qunına ma`mlekettin` islep shıg`arıw ku`shlerinin` rawajlanıw da`rejesi, ma`deniyat da`rejesi, tabiyiy – ıqlım sharayatı, miynet ku`shinin` tariyxıy qa`liplesiw protsessi, bilim alıwg`a ha`m qa`niygelikti asırıwg`a sarıplang`an qa`rejetlerdin` mug`darı, qasızlandırıw sistemasının` jag`dayı ha`m t.b. ta`sir o`tkizedi.

Solay etip, tovar almasıw, miynet ku`shinin` tovarg`a aylanıwı, puldın` kelip shıg`ıwı ha`m onın` wazıypaları bazar ha`m bazar ekonomikasının` kelip shıg`ıwına sebep boldı ha`m onın` rawajlanıwına sha`rt-sha`rayat jarattı.

### Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:

Natural xojalıq, tovar xojalıg`ı, a`piwayı tovar xojalıg`ı, kapitalistik tovar xojalıg`ı, tovar, tovardın` tutınıw qunı, tovar qunı, tovardın` almasıw qunı, barter, miynet, ja`miyetlik miynet, anıq miynet, abstrakt miynet.

## 4 - tema: Mu`lkshilik qatnasıqları

### 1. Mu`lkshilik qatnasıqlarının` ma`nisi

Ekonomikada islep shıg`arıw qurallarına qarata mu`lkshiliktin` tu`rleri ha`m formaları u`yreniledi. Mu`lkshilik qatnasıqları materiallıq ha`m ruwxıy baylıq-lardı islep shıg`arıw ha`mde ja`miyet baylıqların o`zlestiriw protsesslerinde ju`zege kelip, ha`r qanday ekonomikalıq sistemanın` negizin ha`m ondag`ı ekonomikalıq qatna-sıqlardı sa`wlelendiredi. Mu`lkshilik islep shıg`arıwshılar ortasında ju`zege kele-tug`ın o`z - ara qatnasıklardı sa`wlelendiredi. İslep shıg`arılg`an o`nimnin` bo`listi-riliwi almastırıw da`rejesin ha`mde tutınıw da`rejesin belgileydi. Ulıwma alg`anda mu`lkshilik qatnasıqları mu`lkke iyelik etiw ha`m onnan paydalanıw ha`mde basqarıw protsessinde ju`zege keletug`ın ekonomikalıq qatnasıqlar esaplanadı.

Mu`lkshilik qatnasıqları, onın` ob`ektleri ha`m sub`ektleri bolıwın talap etedi. Mu`lk ob`ektleri bul mu`lkke aylang`an barlıq materiallıq ha`m ruwxıy baylıqlar, ta`biyiy baylıqlar, aqılıy miynet jemisleri, insannın` miynet etiw qa`bileti ha`m t.b. Mu`lk ob`ektinin` tiykarg`ı buwını islep shıg`arıw quralları kimdiki bolsa, islep shıg`arılg`an o`nimler de sog`an tiyisli boladı.

Mu`lk sub`ekti bul ja`miyette ma`lim ekonomikalıq statusqa iye bolg`an, mu`lk ob`ektin o`zlestiriwde qatnasıwshılar, mu`lkiy mu`na`sibetler qatnasıwshıları bolıp olar ja`ma`a`t, topar, yaki basqa ja`miyetlik toparlarg`a birlesedi. Mu`lk sub`ektleri ayırım adamlar, shan`araqlar, tu`rli ko`rinistegi ka`rxanalar, shet el puqaraları, sho`lkemler ha`m ma`mleket esaplanadı. Yag`nıy bular ulıwma mu`lkiy mu`na`sibetlerde qatnasıwshı ba`rshe fizikalıq ha`m yuridikalıq shaxslar esaplanadı.

**Mu`lkke iyelik etiw mu`lkdarlıq huqıqının` onın` iyesi qolında bolıwın bildiredi ha`m jaratılg`an materiallıq baylıqlardı o`zlestiriwdin` ja`miyetle-siwin sa`wlelendiredi.**

Ayırım jag`daylarda mu`lk iyesi mu`lkke iyelik huqıqın saqlap qalg`an halda o`z mu`lkinen o`zi paydalanbaydı, ba`lki basqa adamlarg`a paydalanıw ushın beredi. Bunda arenda qatnasıg`ı ju`zege kelip, bul jag`dayda mu`lkten paydalanıw yag`nıy mal mu`lktin` ekonomikalıq iskerlikte isletiliwi yaki ja`miyetlik o`mirde qollanıwı ju`zege keledi. **Mal - mu`lkten paydalanıw ju`z bergende ol da`ramat alıw yaki jeke mu`ta`jlikti ju`zege keltiredi. Mu`lkti biylik etiw (basqarıw) bul mal-mu`lk ta`g`dirin g`a`rezsiz sheshiwdi bildiredi.** Ol mal-mu`lkti satıw, miyras etip qaldırıw, sawg`a etiw, ijarag`a beriw kibi jayg`daylarda ju`z beredi.

Mu`lkshilik o`z ma`nisine ko`re huqıqıy ha`m ekonomikalıq qatnasıqlar mazmunın o`zinde sa`wlelendiredi. Mu`lkshiliktin` huqıqıy ha`m ekonomikalıq mazmunı o`z ara baylanıslı bolıp bir-birin tolıqtırıp turadı. Sonın` ushın mu`lkshilik ha`m huqıqıy, ha`m ekonomikalıq kategoriya esaplanadı.

Mu`lkshilik huqıqıy ma`niste mu`lkke ma`lim huqıqıy iyelik mu`na`sibetin sa`wlelendiredi.

Sonın` ushın materiallıq baylıqlardın` tu`rli subektler ortasında bo`lis-tiriliwi ha`m o`zlestiriliwinin` huqıqıy normaları belgilep beriledi. Usıg`an ko`re mu`lk iyesi o`zine nızamda belgilengen buyımg`a g`ana iyelik etiw, paydalanıw yaki biylik etiw huqıqın aladı. Ma`mleket mu`lkshilik qatnasıqların bekkemleydi ha`m qorg`aydı.

Huqıqıy normalar, bir ta`repten mu`lkshilik qatnasıqların qorg`asa, ekinshi ta`repten mu`lkshilik qatnasıqların rawajlandıradı. Solay etip, mu`lkshiliktin` xuqıqıy normaları birinshiden islep shıg`arıw quralları ha`m jaratılg`an materiallıq baylıqlardın` ma`lim sub`ektlerge tiysli ekenligin, ekinshiden, mu`lk iyelerinin` xaq xuqıqları ma`mleket ta`repinen nızam menen qorg`alıwı, u`shinshiden, mal-mu`lkti qorg`aw usılların belgilep beredi.

Mu`lkshilik ekonomikalıq ma`niste islep shıg`arıwda a`hmiyetli orındı iyeleydi ha`m adamlar ortasındag`ı quramalı xojalıq qatnasıqların quraydı. Mu`lkshilik qatnasıqları ekonomikalıq mu`lkshiliktin` onın` ajıralmas u`sh jag`dayı: **iyelik etiw, paydalanıw, ha`m biylik etiwdı (basqarıwdı)** belgilep beredi. Sonın` ushın mu`lk iyesine da`ramat keltirse g`ana, mu`lk ekonomikalıq realizatsiya qılıng`an esaplanadı. Keri jag`dayda, yag`nıy islep shıg`arıwda

qatnaspasa yaki mu`lk iyesine da`ramat keltirmese, ol tek g`ana “**huqıqıy**” kategoriya bolıp qaladı.

Ha`r qanday ja`miyettin` ekonomikalıq du`zilisi menshikten baslanadı. Menshik qatnasıqlarına tiykarlanbag`an hesh bir ja`miyet joq. Sonlıqtanda ekonomikalıq qatnasıqlardın` bir bo`legin menshik qatnasıqları quraydı.

**Menshik qatnasıqları** ja`miyettegi baylıqlardı o`zlestiriw menen baylanıslı bolg`an ekonomikalıq qatnasıqlar esaplanadı. Bul qatnasıqlar mu`lkke iyelik etiw, onnan paydalanıw ha`m onı biylik etiw (basqarıw) jag`daylarında ju`zege keledi. Bul u`sh jag`day mu`lkke iyelik etiw, paydalanıw ha`m biylik etiw menshik-liktin` ajıralmas bo`limleri esaplanadı.

**Mu`lkke iyelik etiw** - bul menshik huqıqının` menshik iyesinin` qolında saqlanıp turıwın an`latadı. Bul jag`dayda menshik bolg`an baylıq bo`limlerge bo`linip o`zlestiriledi. Mu`lkke iyelik etiw saqlang`an halda, onı a`melde isletiw o`zgenin` qolında bolıwı mu`mkin. Bunın` na`tiyjesinde mu`lkten kelgen payda bo`listiriledi, onın` bir bo`legin mu`lk iyesi, al ekinshi bo`legin mu`lkti a`melde isletiwshi o`zlestiredi.

**Mu`lkti paydalanıw** - bul mu`lk bolg`an baylıqtı ekonomikalıq xızmette qollanıp, onı xojalıq aylanısına kirgizip, onnan na`tiyje alıwdı an`latadı. Bul jag`dayda baylıq da`ramat tabıw yaki insan mu`ta`jligin qanaatlandırıwg`a jumsaladı. Eger mu`lk iyesi o`z mu`lkin o`zi paydalansa, iyelik etiw ha`m paydalanıw bir qolda boladı. Alıng`an na`tiyje tek g`ana menshik iyesine tiyisli boladı. Al iyelik etiw ha`m paydalanıw ajıralg`an jag`dayda, na`tiyje bo`listirilgen halda o`zlestiriledi.

**Mu`lkti biylik etiw (basqarıw)** - bul mu`lk bolg`an baylıq ta`g`diyrin g`a`rezsiz sheshiwdi yag`nıy mu`lkti satıp jiberiw, ijarag`a beriw, miyras etip qaldırıw, asırap abaylap ko`beytiw yaki onı joq etip jiberiw menen baylanıslı ha`reketlerdi a`melge asırıwdı bildiredi.

Menshik ulıwma ekonomikalıq kategoriya. Ol qatnasıq sıpatında o`z ob`ekt-lerine ha`m sub`ektlerine iye.

**Menshik ob`ektleri** - bul menshikke aylang`an barlıq baylıq tu`rleri.

Olarg`a jer, suw, ta`biyiy ka`nler, o`simlikler ha`m haywanatlar du`n`yası, mashina-u`skeneler, imaratlar, qurılmalar, o`nimler ha`m xızmetler, tariyxıy - ma`deniy estelikler, ilimiy - texnikalıq bilimler, tovarlar, miynetke bolg`an aqlıy (ruwxıy) ha`m fizikalıq qa`siyetler h.t.b. kiredi. Mine bul materiallıq ha`m materiallıq emes formadag`ı o`nimlerdi o`zlestiriw menen baylanıslı menshik qatnasıqları qa`liplesedi ha`m o`nimler menshikke aylang`anda o`zlestiriledi.

**Menshik sub`ektleri** - bul menshik ob`ektlerin o`zlestiriwde qatnasıwshılar yamasa menshik qatnasıqlarının` qatnasıwshıları.

Bularg`a ayırım adamlar, shan`araqlarxarakterge iye boladı.

Menshik ob`ektlerin o`zlestiriw to`mendegishe eki jolda a`melge asırıladı:

**1. O`ndiris resursların o`zlestiriw.** Bunda materiallıq ha`m miynet resursların menshik iyesi o`z menshigine aylang`annan son` o`zlestiredi.

**2. O`ndiris na`tiyjelerin o`zlestiriw** - bul o`ndirilgen o`nim ha`m xızmetlerdi, olardı satıwdan kelgen da`ramatlardı kimnin` menshigine aylang`anlıg`ın bildiredi. O`ndiris a`sbapları kimnin` menshiginde bolsa, na`tiyje sog`an tiyisli boladı.

Bazar ekonomikası menshik formalarının` ko`p tu`rliligin talap etedi. O`zbekistan Respublikası Konstituttsiyasında da: «**Bazar qatnasıqların rawajlandırıwg`a qaratılg`an O`zbekistan ekonomikasının` tiykarın ha`r qıylı menshik formaları quraydı»** dep ko`rsetilgen.

## 2. Mu`lk tu`rleri ha`m olardın` ekonomikalıq mazmunı

Ekonomika tariyxında mu`lkshiliktin` u`sh tu`ri bar dep kelingen. Waqıt o`tiwi menen mu`lkshilik qatnasıqları ju`zesinen pikirler o`zgerip jan`a mu`lkshiliktin` formaları payda boldı.

Ha`zirgi ekonomikalıq a`debiyatlarda mu`lktin` ulıwmalıq, aralas, jeke, individual, ma`mleketlik, ja`ma`a`, shirket, ma`ha`lle, miyras mu`lki kibi tu`rleri bar dep belgilenbekte. Ayırım ekonomikalıq a`debiyatlarda bolsa ma`mleket mu`lki, shirket mu`lki, miyras mu`lk ha`m tag`ı basqalardı ulıwmalıq mu`lktin` quramlılıq bo`lekleri sıpatıda analiz qılınsada, shet el ekonomikalıq a`debiyatlarda olar ayırıqsha mu`lk tu`ri sıpatıda sa`wlelendiriledi.

Bazar ekonomikası mu`lkshilik formalarının` ha`r qıylılıg`ın talap etedi. Sebebi tovar almastırıw protsessinde tovar belgili mu`lk ob`ekti bolg`anda g`ana aldı-sattı qılınadı. Sonın` ushın da O`zbekistan Respublikası Konstitutsiyasında da «**Bazar qatnasıqların rawajlandırıwg`a qaratılg`an O`zbekistan ekonomikası-nın` negizin ha`rqıylı formalardag`ı mu`lk quraydı**» ([13], 19 – betler) dep atap o`tilgen.

Ja`miyet rawajlanıwının` ha`zirgi basqıshında ma`mleket mu`lkinen tısqarı islep shıg`arıw ha`m xızmet ko`rsetiw tarawlarındag`ı mu`lklerinin` ha`r qıylı tu`rleri, ja`miyetlik sho`lkemler mu`lki, uy xojalıg`ı ha`m jeke tamarqa xojalıg`ı ha`mde jeke ta`rtiptegi miynet iskerligi menen baylanıslı bolg`an miynetkeshlerdin` jeke mu`lki, sırtqı ekonomikalıq qatnasıqlar tarawındag`ı aralas mu`lk formaları ha`m jeke mu`lk tiykarındag`ı iskerlikler a`mel qılmaqta.

«**O`zbekistan Respublikasının` mu`lkshilik haqqındag`ı**» nızamında ma`mleket mu`lki, ja`ma`a` mu`lki, jeke mu`lk, individual mu`lk ha`m aralas mu`lk tu`rleri bar dep ko`rsetilgen.

**Ma`mleket mu`lki** – bul ma`mleket ıqtıyarındag`ı tu`rli ko`rinistegi mu`lk bolıp, og`an ma`mleket ta`repinen tolıq iyelik qılınadı ha`m paydalanıladı. Ma`mleket mu`lki tiykarınan eki jol menen payda boladı:

- ✓ **Jeke mu`lkti ma`mleket, xalıq mu`lkine aylandırıw.**
- ✓ **Ma`mleket qarjısı esabınan mu`lklerdi qa`liplestiriw.**

Ma`mleket mu`lkine usı ma`mleket territoriyasındag`ı jer, suw, hawa boslıg`ı, jer astı ha`m jer u`sti ta`biyiy baylıqları, ma`mleket ko`lemindegi ekonomikalıq ha`m strategik a`hmiyetke iye bolg`an ka`rxanalar, sotsial – ma`deniy binalar, meditsina sho`lkemleri ha`m emlewxanalar ha`mde basqalar kiredi.

Bazar ekonomikası ma`mleketlik mu`lk monopoliyasının` qısqarıwın talap etedi.

**Ja`ma`a`t mu`lki** – belgili maqset jolında ja`ma`a`ge birlesken adamlar ta`repinen materiallıq ha`m ruwxıy baylıqlardı awızbirshilik penen o`zlestiriwdi bildiredi. Ja`ma`a`t mu`lki ma`mleket mu`lkin ka`rxana ja`ma`a`si satıp alıwı, taban to`lep ka`rxana qurıwı, aktsiya shıg`arıp, olardı satıw arqalı sho`lkemlestiriledi. Bul mu`lk tu`rinin` tiykarg`ı qa`siyeti sonnan ibarat, ol bir shaxsqa tiyisli bolmay, ma`lim topar, yag`nıy ja`ma`a`ge tiyisli boladı. Og`an kooperativ mu`lk, ijara ha`m ja`ma`a` ka`rxanalarının` aktsioner ja`miyetleri, shirketler ja`ma`a` ha`m diniy sho`lkemlerdin` mu`lkleri kiredi. Onda islep shıg`arıw quralları ha`m olardın` na`tiyjelerinde paydalanıw ha`m o`zlestiriw mu`lk iyesi bolıwshı miynet ja`ma`a`sine tiyisli boladı.

**Jeke mu`lk** - ayırım adamlarg`a tiyisli jallanba miynetke tiykarlang`an ha`m o`z iyesine payda keltiriwshi mu`lk esaplanadı. İsbilermenlik penen shug`ıllanıw, jallanıp islew, kredit mekemelerine qoyılg`an qarjılar, qımbatlı qag`azlardan alınatug`ın da`ramatlar, miyras ta`rtipte mal-mu`lkti qolg`a kirgiziw kibiler jeke mu`lkke mısal boladı.

**İndividual mu`lk** - bul puqaralardın` jeke ha`m ulıwmalıq mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a qaratılg`an mu`lki bolıp, mu`lk formaları ishinde a`hmiyetli orın tutadı, sebebi ha`r bir shaxs o`zinin` ha`m shan`arag`ının` mu`lkin ko`beytiw maqsetinde miynet qıladı. Sonın` ushın da individual mu`lk shaxstın` yaki onın` shan`araq ag`zalarının` miyneti na`tiyjesinde ko`beyip baradı. Ulıwma individual mu`lk puqara-lardın` ja`miyetlik islep shıg`arıwdag`ı qatnası ha`m o`z xojalıg`ıda is ju`rgiziwden tu`sken da`ramatı tiykarında qa`liplesedi. İndividual mu`lk ob`ekti bolıp wy – jay, bag` ha`wlisi, transport quralları, pul jamg`armaları, jeke tutınıw ha`m u`y–ruzger ushın mo`lsherlengen buyımlar, xojalıg`ıdag`ı individual iskerligi ushın kerekli islep shıg`arıw quralları esaplanadı.

**Aralas mu`lk** - tu`rli formadag`ı mu`lklerdin` qosılıp ketiwi na`tiyjesinde payda bolatug`ın mu`lk bolıp, ko`p jag`daylarda qospa ka`rxanalar, shet el sho`lkemleri ha`m puqaralar yaki sırt el ma`mleketinin`, rezident emes yuridikalıq shaxstın` u`lesi esabınan sho`lkemlestiriledi. Bul mu`lk ob`ekttin` tu`rli mu`lkdarlar qatnasıwında o`zlestiriliwin bildiredi.

O`zbekistanda bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde mu`lkshilik formalarının` ha`r qıylı bolıwı islep shıg`arıwdı rawajlandırıw ha`m onın` na`tiyjeliligin asırıw ushın ba`rshe imkaniyatlardan paydalanıw, sho`lkemlestiriwshilik ha`m ba`sekini ju`zege keltiriw ushın qolay imkaniyat ha`m sharayatlar jaratıp bermekte. Mu`lk tu`rlerine qarap, ayırım ma`mleketler ekonomikalıq resurslarınan qanday paydalanıwdı o`zlerinin` imkaniyatlarınan, ja`miyet ekonomikalıq sistemasının` qa`siyetlerinen kelip shıg`ıp sheshedi.

**Ekonomikalıq sistema - ja`miyet aldında turıwshı ekonomikalıq mashqala-lardı sheshiw usılları, mexanizmleri ha`m qurallarının` jıyındısı.** Adamzat ja`miyeti ju`zege kelgennen baslap ekonomikalıq sistemanın` 4 tu`ri ju`zege kelgen ha`m usı ku`nde de a`mel qılıp kelmekte. Ekonomikalıq sistemanın` en` a`piwayı tu`ri da`stu`riy ekonomikalıq sistema esaplanadı. Bunday sistema to`men rawajlang`an ko`pg`ana ma`mleketlerde bar. Bunday ja`miyetlerde islep shıg`arılatug`ın o`nimler ha`m xızmetler a`dette on, ju`z jıllar dawamında o`zgermey qaladı. Qullası, da`stu`riy ekonomikada islep shıg`arıw ju`da` a`ste o`zgeretug`ın u`rp-a`detler menen belgilenedi. Da`sturiy islep shıg`arıw a`piwayı qayta islep shıg`arıwg`a mas tu`sedi.

Ekonomikalıq sistemalardan ja`ne biri administrativ buyrıqpazlıq sisteması bolıp, og`an Burıng`ı Awqamdag`ı ha`mde sotsialistlik sistemada bolg`an ma`mleketlerdi kiritiw mu`mkin. Administrativlik buyrıqbazlıq sistemasının` tiykarg`ı qa`siyetleri mu`lktin` ulıwmalıq ekenligi ha`m islep shıg`arıw na`tiyjesi bolg`an materiallıq baylıqlardın` oraydan turıp bo`listiriliwi, xojalıq buwınlarında ekonomikalıq erkinliktin` joqlıg`ı esaplanadı.

Bazar ekonomikası sistemasında mu`lktin` ko`p bo`legine mayda mu`lk iyeleri iyelik qıladı. Mu`lk forması rawajlang`an sayın sap bazar ekonomikasınan aralas ekonomika-lıq sistemag`a o`tiledi. Ha`zirgi da`wirdegi bazar ekonomikası sisteması ha`r qıylı modellerdin` ko`rinisin o`zinde sa`wlelendiredi. Bul modeller ha`r bir ma`mleket ekonomikasının` qa`siyetlerin sa`wlelendiredi. Sonın` ushın da bul modeller ma`mleketlerdin` atları menen ataladı: **Qubla Koreya modeli, Amerika modeli, Turkiya modeli, Yaponiya modeli, Shveytsariya modeli, O`zbek modeli** ha`m tag`ı basqalar.

Aralas ekonomikalıq sistemada ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıwı inkar etil-meydi. Bazar ekonomikasına iye bolg`an ma`mleketlerde ko`pshilik ekonomikalıq sheshimlerdi bazar belgilesede, olardın` sheshiminde ma`mlekettin` roli barg`an sayın asıp barmaqta. Bazar menen ma`mleket qatnası tiykarında ekonomikalıq sistemanı ha`m rawajlanıwdı aralas ekonomika dep ataw imkanın beredi.

### 3. Mu`lkti ma`mleket qaramag`ınan shıg`arıw ha`m menshiklestiriw mashqalaları

Joqarıda keltirip o`tilgenindey bazar ekonomikasının` tiykarg`ı sha`rtlerinen biri ha`r tu`rli mu`lk formalarının` bolıwı. Sebebi ko`p ukladlı ekonomika ha`m ba`sekelesiwshi ortalıqtı sho`lkemlestiriw tiykarında mu`lkshiliktin` ha`r qıylı formalarının` ha`reket etiwi jatadı.

Sabıq Awqam da`wirinde Respublikamızda ma`mleket mu`lki hu`kmranlıq qılg`an. Ulıwma xalıq mu`lki sub`ekti bolıp ma`mleket esaplang`an. Bul jag`day bolsa halıq arasında «ma`mlekettiki»me demek «xesh kimdiki», yaki «birewdiki» degen pikirlerdi payda etken. Na`tiyjede ma`mleket mu`lkine xojasızlarsha mu`na`sibet qa`liplesip, ulıwma halıq mu`lki abaylap ko`beytiriliwi ornına ayırım jag`daylarda talan – taraj qılıng`an. Sonın` ushın ekonomikalıq reformalardın` en` a`hmiyetli wazıypası mu`lkiy qatnasıqlardı tu`pten o`zgertiw bolıp, onın` tu`p ma`nisi mu`lkti o`z yeleri qolına beriw, isbilermenlikke ken` jol ashıp beriw ha`m mu`lkdarlarda jan`a mu`lk iyesi tu`sinigin qa`liplestiriwden ibarat. Bunın` ushın bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde ko`p ma`mleketlerde mu`lkti menshiklestiriw ha`m ma`mleket qaramag`ınan shıg`arıw za`ru`riyatı ju`zege keldi. Mu`lkti ma`mleket qaramag`ınan shıg`arıw menshiklestiriwge qarag`anda ken` tu`sinik esaplanadı. Mu`lkti ma`mleket qaramag`ınan

shıg`arıw bul mu`lk esabınan jeke mu`lkten tısqarı basqa ma`mleketlik emes mu`lk formaların ju`zege keltiriw esaplanadı. Ol ma`mleket ka`rxanaların aktsionerlik ja`miyetlerge aylandırıw; ma`mleket ka`rxana-sın satıp, ja`ma`a`t mu`lkine aylandırıw; mu`lkti qunına qarap shıg`arılg`an chekler boyınsha puqaralarg`a biypul beriw, ayırım ma`mleket ka`rxanalarının` shet el firma ha`m puqaralarına satıw yaki qarız esabına beriw ha`m usı kibi ilajlardı o`z ishine aladı. Mu`lkti ma`mleket qaramag`ınan shıg`arıw sharayatına qarap pullı, yaki jen`illikler ta`rizinde o`tkiziledi. O`z forması ha`m usılınan qattiy na`zer bul ila`j ha`r qıylı mu`lkshiliktin` ju`zege keltiriliwin ta`miynleydi.

**Menshiklestiriw** – bul ma`mleket mu`lkine iyelik etiw huqıqın ma`mleketten jeke shaxslarg`a o`tiwi. Onın` 3 modeli bar:

**Menshiklestirwdin` 1-modeli** mu`lkti ba`rshe xalıqqa biypul ta`rizde ten` bo`listiriliwi. Bunday massalıq menshiklestiriwden maqset qısqa mu`ddet ishinde chekler bazarının` engiziw esabınan mu`lkdarlardın` ken` ko`lemin sho`lkemlestiriw bolıp, ol menshiklestiriwdin` chekli (vaucherli) modeli deyiledi. Ol Rossiyada qollanılg`an.

**Menshiklestirwdin` 2-modeli -** ka`rxana mu`lkin onın` ja`ma`a`tine biypul ta`rizde o`tkiziw bolıp, onın` itibarlı ta`repi sonda, ka`rxana miynet etiwshi ja`ma`a` ıqtıyarında boladı, bul bolsa miynet ja`ma`a`si ha`m karxananın` islep shıg`arıw bag`darın saqlap qalıwına sebep boladı.

**Menshiklestirwdin` 3-modeli** - mu`lkti bo`leklep yaki tolıq ta`rizde satıp alıw. Bunın` abzallıq ta`repi onın` mu`lkdarda haqıqıy mu`lk iyesi, juwapkershiligi ku`sheyip, ma`mleket byudjetine de mu`lkdarg`a da payda beredi. Bul model ma`mleket mu`lkinin` xalıqtın` sotsiallıq qorg`alatug`ın bo`legine biypul yaki jen`illikli ta`rizde o`tkiziwdi biykar etpeydi. Bul model O`zbekistandag`ı menshiklestiriw da`stu`rinin` tiykarın quraydı. Bunda menshiklestiriw protsessi u`sh basqıshta a`melge asadı.

**Birinshi basqısh – 1992 - 1993 jıllarda a`melge asırıldı.** Bul waqıtta derlik ba`rshe u`y-jaylar menshiklestirilip, awıl xojalıg`ındag`ı ha`r bir shan`araqqa jer ajıratıldı. Sawda, turmıslıq xızmet, jergilikli tag`ı kishi ha`m orta ka`rxanalar satıldı ha`m aktsionerlerge bo`lip berildi.

**Ekinshi basqısh - 1994 -1995 jıllarg`a tuwrı keledi.** Bul da`wirde mın`lap iri ha`m orta ka`rxanalar aktsionerlerdin` mu`lkine aylandırıldı. Bul da`wirde kishi biznestin` sanı 70000 g`a jetti.

**U`shinshi basqısh - 1996 jıldan baslandı.** Bul basqısh juwmaqlanıwshı qa`siyetke iye bolıp, bul da`wirde menshiklestirilmegen ob`ektler dizimine kirmegen ba`rshe ob`ktler ha`m ka`rxanalar ma`mleket qaramag`ınan shıg`arıladı.

2004 jıldın` 1-yanvarına kelip dizimnen o`tken kishi ha`m orta ka`rxanalar 263,8 mın`dı quradı. Ma`mleketlik emes sektorg`a 2004-jılda iskerlik ko`rsetip atırg`an ba`rshe ka`rxana-lardın` 89,9 protsenti tuwrı kelgen. Olarda ba`nt bolg`anlar sanı 2002–2003 jıllar ishinde 471 mın` adamg`a ko`beygen.

Respublikada ma`mleket mu`lkin menshiklestiriwdin` o`zine say qa`siyetleri İ.A.Karimov ta`repinen bayan qılıng`an ekonomikalıq reformalardın` tiykarg`ı qag`ıydalarınan kelip shıg`adı. Bular:

1. Ma`mleket mu`lkin menshiklestiriw respublikada a`melge asırılıp atırg`an reformalardın` tiykarın quraydı.
2. Mu`lkti menshiklestiriw protsessi ma`mleket ta`repinen basqarıladı.
3. Menshiklestiriwdi xuqıqıy normativ ta`repinen ta`miynlewde nızamg`a a`mel qılınadı.

**Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:**

Mu`lk, mu`lk sub`ektleri ha`m ob`ektleri, mu`lkiy qatnasıqlar, xuqıqıy ha`m ekonomikalıq qatnasıqlar. Mu`lk tu`rleri: ma`mleket mu`lki, ja`ma`a`t mu`lki, jeke mu`lk, aralas mu`lk, mu`lkti menshiklestiriw modelleri ha`m basqıshları. Ekonomikalıq sistema, administrativ buyrıqpazlıq sistema, bazar ekonomikası sisteması, aralas ekonomika sisteması, ma`mleket qaramag`ınan shıg`arıw ha`m menshiklestiriw.

## 5 - tema: İslep shıg`arıw. Tutınıw ha`m toplaw. İnvestitsiya

## 1. İslep shıg`arıw ha`m onın` tu`rleri

Ja`miyette makroekonomikalıq ten`salmaqlıqtı ju`zege keltiriw ta`kirar islep shıg`arıw protsessinin` tiykarg`ı mashqalalarınan biri esaplanadı. İslep shıg`arıw bir jola bolatug`ın ha`reket emes, islep shıg`arıw u`ziliksiz protsess. Ha`r dayım ta`kirarlanıp ha`m tiklenip turatug`ın bul protsess ta`kirar islep shıg`arıw dep ataladı.

Ta`kirar islep shıg`arıw eki tu`rge bo`linedi:

- a`piwayı ta`kirar islep shıg`arıw,
- ken`eytirilgen ta`kirar islep shıg`arıw. A`piwayı ta`kirar islep shıg`arıw dep islep shıg`arıw ko`leminin` bir mug`darda ta`kirarlanıwına aytıladı. Ken`eytirilgen ta`kirar islep shıg`arıw deb islep shıg`arıw protsessin u`ziliksiz ra`wishte o`sip barıwına aytıladı. Bazar ekonomikası sharayatında ken`eytirilgen ta`kirar islep shıg`arıwdın` deregi bolıp, ka`rxanalardın` sap islep shıg`arıw da`ramatları alıng`an kreditler ha`m amortizatsiya qarjıları esaplanadı. Adamzat ja`miyetinin` rawajlanıwı, ja`ha`n ko`leminde halıq sanının` o`siwi, tutınıw ko`leminin` tu`rli da`rejesin ta`miynlewshi ta`kirar islep shıg`arıw protsessinin` ha`r dayım ken`eyip barıwın talap etedi. Demek, ken`eytirilgen ta`kirar islep shıg`arıw protsessi jıl sayın islep shıg`arıw ko`lem-lerinin` ken`eyiwin, yag`nıy onda paydalanıp atırg`an resurslar, isshi ku`shin, islep shıg`arıw quralların ha`m shiyki zatlardı jıl sayın ko`birek da`rejede tutınıwdı, sonın` menen birge ta`kirar islep shıg`arıw protsessi na`tiyjesinde islep shıg`arılg`an tovarlar ha`m xızmetler ko`leminin` jıl sayın asıp barıwın ha`m usıg`an mas ra`wishte, aylanıs, bo`listiriw ha`m tutınıw protsessine jıl sayın ko`birek tovarlar ha`m xızmetler kelip tu`siwin bildiredi. Sonın` ushın ekonomika ha`r dayım jan`alanıp turıwshı tovarlar ha`m xızmetler, materiallıq ha`m finanslıq resurslarının` shen`berlik ha`reketinen ibarat boladı.

## 2. Makroekonomikalıq ten`salmaqlıq

Makroekonomikalıq protsess quramalı bolıp, pu`tkil ja`miyet da`rejesindegi iskerlikti bildiredi ha`m ol millionlap tovarlar ha`m xızmetler jaratılıwın,olardı millionlap adamlar tutınıwın bildiredi. Makroekonomikalıq ha`rekettin` bir tegis a`melge asıwı ushın ondag`ı ekonomikalıq qatnasıqlar, yag`nıy ta`kirar islep shıg`arıwdın` tu`rli ta`repleri ortasındag`ı qatnaslar a`hmiyetli rol` oynaydı.

Ja`miyette makroekonomikalıq ten`salmaqlıqtı ju`zege keltiriwdin` bazar usılı tovarlar ha`m xızmetler, materiallıq ha`m finanslıq resurslar ha`reketin o`ndiriwshiler ma`plerin, qa`biletlerin esapqa alg`an halda ta`miynleydi. «**Bazar ekonomikası - bul adamzat ja`miyetinin` XX a`sirlik o`miri dawamında ju`zege kelgen en` u`lken a`jaybatı, siyasiy ha`m ekonomikalıq iskerliktin` en` joqarı forması esapla-nadı**», - deydi **J.M.Keyns**.

Ja`miyette makroekonomikalıq ten`salmaqlıqtı ju`zege keltiriwde ta`kirar islep shıg`arıw protsessinin` ba`rshe tarawlarında makroekonomikalıq ten`salmaqlıqtın` tu`rleri boyınsha ten`salmaqlıqtı ju`zege keltiriwdi talap etedi. Makroekonomikalıq ten`salmaqlıqtın` to`mendegi tu`rleri bar:

**1. Ja`miyetlik talap penen usınıs ortasındag`ı ten`salmaqlıq.** Jalpı talap dep, ha`r qanday bahalar da`rejesinde tutınıwshılar, isbilermenler ha`m ma`mleket ta`repinen satıp alınıwı mu`mkin bolg`an ja`mi o`nimlerge aytıladı.

Jalpı usınıs degende ekonomika islep shıg`aratug`ın ba`rshe tovar ha`m xızmetler tu`siniledi. Da`ramatın` o`siwi og`an mas ra`wishte o`ndiriwshiler ta`repinen ja`ne qosımsha tovarlardı usınıs etiwdi bildiredi.

**2. İslep shıg`arıw menen tutınıw ortasındag`ı ten`salmaqlılıq.** Bul jerde islep shıg`arıw tiykarg`ı orındı iyelep, tutınıw onın` negizin belgileydi. İslep shıg`arıw da`rejesinin` o`siwi tutınıw da`rejesinin` o`siwine alıp keledi. Sonın` menen birge tutınıw da islep shıg`arıw da`rejesine ta`sir etedi.

İnsan o`z xarakterine ko`re, turmıs da`rejesin jaqsılawg`a, tutınıp atırg`an o`nimler sıpatın, tu`rin, o`nimlerdin` tutınıw qa`siyetlerin jaqsılap barıwg`a ha`reket qıladı. Na`tiyjede islep shıg`arıw da insanlardın` turmıs da`rejesine ta`sir etedi.

**3. U`y xojalıg`ı da`ramatı menen olardın` qa`rejeti ortasındag`ı ten`salmaqlılıq.** U`y xojalıg`ı da`ramatları dep is xaqı, o`nimler, sıylıqlar, ma`mleket transfert to`lem-leri ko`rinistegi jalpı da`ramatqa aytıladı. U`y xojalıg`ı qa`rejetleri dep, onın` tutınıw o`nimlerine, u`y jay, elektr energiya, ma`deniy dem alıw, bilim alıw ha`m basqa tovarlarg`a ha`m xızmetlerge bolg`an sarıplarg`a aytıladı. Bul u`y xojalıg`ı da`ramatları ha`m qa`rejetleri ten`salmaqlılıg`ının` buzılıwı ja`miyettin` ulıwma ekonomikalıq ten`salmaqlılıg`ının` buzılıwına alıp keledi.

**4. Pul massası menen tovar ha`m xızmetler massası ortasıdag`ı ten`salmaqlılıq.** Bizge ma`lim, JİO` nin` ta`kirar islep shıg`arıw protsessindegi ha`reketi pul massası arqalı a`melge asırıladı. Sonın` ushın ja`miyette bar bolg`an pul massası tovarlar ha`m xızmetler massasına ten` bolmag`ı lazım. Egerde ja`miyette tovarlar ha`m xızmetler massasına salıstırg`anda pul massası asıp yaki kemeyip ketse, bul o`z na`wbetinde ta`kirar islep shıg`arıw protsessinde jalpı ishki o`nim ha`reketi ten`salmaqlılıg`ının` buzılıwına alıp keledi. Bul jag`day o`z na`wbetinde ta`kirar islep shıg`arıw protsessinde u`zilisler, tosıqlar, tar buwınlardı ju`zege keltirip, bul ulıwma ekonomikalıq ten`salmaq-lılıqtın` buzılıwına alıp keledi.

Bunnan tısqarı toplaw menen investitsiya ortasındag`ı ten`salmaqlılıq, inves-titsiya da`rejesi menen ekonomikalıq o`siw da`rejesi ortasındag`ı ten`salmaqlıqlardı ko`rsetip o`tiw mu`mkin.

Makroekonomikalıq turaqlılıq quralı sıpatında ekonomikanı xarakterlep beriwshi, onın` ekonomikalıq rawajlanıwının` bag`darların, ondag`ı a`melge asıp atırg`an protsesslerdi belgilep beriwshi, ko`pg`ana ko`rsetkishler bar. Olarg`a: **jalpı milliy o`nim (JMO`), jalpı ishki o`nim (JİO`)** ha`m basqalar kiredi. **Jalpı ishki o`nim (JİO`) - ma`mlekette belgili da`wir ishinde islep shıg`arılg`an o`nim ha`m ko`rsetilgen xızmetler qunının` jıyındısı. JİO`** ekonomikanın` tu`rli tarawları ha`m tarmaqları, ka`rxanaları o`nimlerinin` jıyındısı sıpatıda ta`riplew mu`mkin. JİO` quramına to`mendegiler kiredi: tutınılg`an o`ndiris quralları qunı (amortizatsiya ajıratpaları), sarıp etilgen shiyki zat, janılg`ı ha`m materiallardın` qunı, halıqtın`, ka`rxanalardın` da`ramatları. **JİO`** ko`rsetkishi ekonomikalıq iskerliktin` na`tiyjesin anıq ko`rsete almaydı. Sebebi ekonomikanın` ayırım buwınlarında ayırım o`nimler yaki olardın` bo`lekleri shiyki zat materialları sıpatıda bir neshe tarmaq ka`rxanalarında islep shıg`arıwg`a xızmet qıladı. Sol sebepli onda ta`kirar esaplar ju`zege keledi. Bug`an jol qoymaslıq ushın **JMO`** (jalpı milliy o`nim)nen paydalanıladı. **JMO`** jıl dawamında ma`mleket puqaraları ta`repinen (jer ju`zinin` qay jerinde bolıwınan qaramastan) jaratılg`an ja`mi tovar ha`m xızmetlerdin` bazar bahalarındag`ı ulıwma qunı esaplanadı. Bul ayırıqsha qung`a iye bolg`an o`lshem esaplanadı, sebebi ol millet pa`rawanlıg`ı haqqında ko`p mag`lıwmat beredi, yag`nıy **JMO`** ko`beygen sayın tutınıwshılar alsa bolatug`ın tovarlar ko`birek boladı. **JMO`** di ishki, yag`nıy qa`rejetler ha`m da`ramatlar jolı menen esaplaw mu`mkin. Qa`rejetler boyınsha esaplag`anda, ba`rshe tutınıwshılardın` tovar ha`m xızmetlerdi satıp alıwg`a sarplag`an pulı ja`mlenedi. **Ma`selen,** belgili jılda halıq o`z tutınıwı ushın 40 mlrd.sum, firmalar, sho`lkemler, xojalıqlar 50 mlrd. swm, ma`mleket mekemeleri bolsa 30 mlrd. swm sarıplag`an dep oylayıq. Demek, **JMO`** di islep shıg`arıw qa`rejetleri (40+50+30=120) 120 mlrd. swmnan ibarat. Da`ramatlar boyınsha **JMO`** tovar ha`m xızmetlerdi satıwdan tu`sken pul da`ramatların toplaw arqalı esaplanadı. **Ma`selen:** barlıq firma ha`m sho`lkemler 50 mlrd. swmlıq tovar ha`m xızmetlerdi satqan, fermer ha`m ja`ma`a`t xojalıqları tamarqa iyeleri bolsa, o`nim satıwdan 60 mlrd. swm da`ramat alg`an. Ma`mleket ka`rxanalarının` o`nim ha`m xızmetlerdi satıwdan alg`an da`ramatı 40 mlrd swm. Demek, **JMO`** 150 mlrd. swm (50+60+40=150).

**JMO`** esaplarında nominal ha`m real **JMO`** ko`rsetkishleri bar. Ag`ımdag`ı bazar bahalarında esaplang`an milliy o`nim nominal milliy o`nim, o`zgermes bahalarda esaplang`an milliy o`nim real milliy o`nim deyiledi. Ha`r qıylı jıllarda islep shıg`arılg`an **JMO`** qunın baha o`zgermegen jag`dayda salıstırıw mu`mkin. Bunnan tısqarı baha da`rejesi ekonomikada inflyatsiya (baha da`rejesinin` o`siwi) yaki deflyatsiya (baha da`rejesinin` kemeyiwi) barlıg`ın

ha`m onın` qanday da`rejede ta`sir etkenligin biliw imkanın beredi. Baha da`rejesin indeks formasında sa`wlelendirip, to`mendegi ko`riniste jazıw mu`mkin.

$$\textbf{JMO` nin` indeksi} = \frac{\textbf{Ag`ımdag`ı jıldag`ı tutınıwshılar sebetshesinin` bahası}}{\textbf{Bazis jıldag`ı tutınıwshılar sebetshesinin` bahası}}$$

«**Bazis jılı**» salıstırıwdın` baslang`ısh da`wirin bildiredi. Biraq bahanın` ulıwma da`rejesin esaplaw ushın **JMO`** baha indeksinen paydalanıladı. Ol o`z ishine tutınıw tovarlarınan tısqarı, investitsion tovarlar, ma`mleket ta`repinen satıp alınatug`ın ha`mde xalıqara bazarda satılg`an ha`m satıp alıng`an tovar ha`m xızmetler bahalarında aladı. Demek, **JMO`** ning bahalar indeksi nominal **JMO`** di real **JMO`** ge aylandırıp esaplaw imkanın beredi.
Onı to`mendegishe esaplaw mu`mkin:

$$\textbf{Real JMO`} = \frac{\textbf{Nominal JMO`}}{\textbf{Bahalar indeksi}}$$

**JMO`** ko`rsetkishine sap eksport (eksport ha`m import ortasındag`ı parıq) kiredi. Biraq tu`rli ma`mleketlerde sırtqı sawda salmag`ı ha`r kıylı. Sonın` ushın milliy ekonomika rawajlanıw da`rejesin anıqlaw ushın **JİO`** ko`rsetkishinen paydalanıladı. **JİO` - ma`mleket territoriyasında bir jıl dawamında islep shıg`arılg`an, tamamlang`an ko`rinistegi tovar ha`m xızetlerdin` bazar bahalarındag`ı ulıwma qunı esaplanadı**. Rawajlang`an ma`mleketlerde XX a`sirdin` 50 jıllarınan baslap statistikada **JİO`** ko`rsetkishi qollanıla baslandı. Bul ko`rsetkish ja`rdeminde milliy ekonomikanı rawajlanıw nızamlıqları ha`m tendentsiyaları analiz etiledi, basqa ma`mleketlerdin` ekonomikasının` rawajlanıw na`tiyjeleri menen salıstıradı, ekonomikanı islep shıg`arıw strukturasına baha beriledi, ekonomikanı qanshelli sırtqı ekonomikalıq baylanıslarg`a baylanıslı ekenligi anıqlanadı. JİO` ko`rsetkishi **JMO`** nen ma`mlekettin` sırtqı kapital sarplarınan alg`an payda sal`dosı mug`darına parıq qıladı. Ha`zirgi sharayatta iri ka`rxanalar iskerligi de ku`sheyip barmaqta. O`zbekistanda **JİO`** tiykarg`ı ekonomikalıq ko`rsetkish esaplanadı.

**Elimizdin` ekonomikasındag`ı a`melge asırılıp atırg`an strukturalıq o`zgerisler ayrıqsha itibarg`a ılayıq.**

Bizge burıng`ı sovet sistemasınan bir ta`repleme rawajlang`an, tek shiyki zat jetiristiriwge bag`darlang`an, paxtanın` jeke biyligi qıyratıwshı da`rejede ha`wij alg`an o`ndiris ha`m sotsiallıq infrastruktura ku`ta` izde qalg`an, xalıqtın` jan basına tutınıw ko`rsetkishi en` pa`s bolg`an ekonomika miyras bolıp qalg`anlıg`ın ha`mmemiz jaqsı bilemiz.

**Ekonomikamızda ju`z berip atırg`an unamlı o`zgerislerdi ayqın ko`z aldımızg`a keltiriw ushın to`mendegi tsifrlardı keltirip o`tpekshimen.**

Eger bunnan onbes jıl burın, yag`nıy 2000-jılda elimizdin` jalpı ishki o`niminde sanaattın` u`lesi tek 14,2 protsentti qurag`an bolsa, 2010-jılda bul ko`rsetkish 24 protsentti, awıl xojalıg`ının` u`lesi bolsa, 30,1 protsentten 17,5 protsentke qısqardı.

2010-jılda awıl xojalıg`ı o`nimlerin islep shıg`arıw 2009-jılg`a salıstırg`anda 6,8 protsentke, 2000-jılg`a salıstırg`anda bolsa, 1,8 esege asqanı da usını ko`rsetedi.

Bizin` bul bag`dardag`ı en` u`lken tabısımız jalpı ishki o`nim quramında kishi biznes ha`m isbilermenliktin` u`lesinin` ko`beyiwine ja`ne elimiz ekonomikasın rawajlandırıwda onın` rolinin` sezilerlik da`rejede artqanında ko`rinbekte.

2000-jılda JİO` nin` derlik 31 protsenti ekonomikanı jedel rawajlandırıp atırg`an usı sektorının` u`lesine tuwra kelgen bolsa, 2010-jılda bul ko`rsetkish 52,5 protsentti quradı.

Ka`rxanalar arasında kooperatsiyalıq baylanıslar bekkemlenbekte, bul protsesske kishi ka`rxana ha`m jeke biznes sub`ektleri barg`an sayın ken` tartılmaqta.

2010-jılda o`tkerilgen Xalıqaralıq sanaat yarmakası ha`m qooperratsiyalıq birjag`a du`n`yanın` 51 elinen 700 den aslam shet el firmaları ha`m kompaniyalarının` wa`killeri qatnastı, 500 den aslam jan`a tu`rdegi o`nim o`rsetildi, Kunı 2 trillion 600 milliard sumlıq swmlıq sha`rtnamalarg`a qol qoyıldı.

O`tken jıl dawamında kishi biznes sub`ektlerine ajıratılg`an kreditlerdin` ko`lemi 14 ese ko`beydi ha`m 2 trillion 700 milliard swmdı quradı. Sonın` ishinde, mikrokreditlerdin` ko`lemi 485 milliard swmnan asıp, bul ko`rsetkish 2009-jılg`a salıstırg`anda 1,5 ese ko`beydi.

Awıl xojalıg`ın reformalaw, fermer xojalıqlarına bekitilgen jer uchastkaların optimallastırıw, paxta ha`m g`a`llenin` satıp alıw nırqların arttırıw boyınsha a`melge asırılıp atırg`an izbe-iz isler na`tiyjesinde **ekonomikamızdın` agrarlıq sektorında strukturalıq sapa o`zgerisleri ju`z bermekte.**

Paxta ha`m g`alle sıyaqlı strategiyalıq a`hmiyetli awıl xojlıg`ı eginleri menen bir qatarda, miywa-ovosh`, sharwashılıq, qus o`siriwshilik ha`m balıqshılıq salalarında da o`ndiris ko`lemi sezilerli da`rejede o`sti, qayta islew tarmaqları ha`m ishki bazardı su`t, go`sh, kartoshka ovosh` sıyaqlı en` a`hmiyetli azıq-awqatlıq ha`m basqa da awıl xojalıg`ı o`nimleri menen ja`yone de ko`birek toltırıw ushın bekkem shiyki zat bazası jaratılmaqta.

Tek 2010-jıldın` o`zinde jerlerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılawg`a qaratılg`an joybarlardı a`melge asırıw ushın 150 milliard swmnan aslam qarjı qaratıladı ha`m bul 724 kilometrlik kollektor-drenaj tarmaqların, 208 milorativlik qudıqlardı qurıw rekonstruktsiyalaw, derlik 14 mın` kilometrlik kollektor-drenej sistemasın on`law, qayta tiklkew ha`m 335 zamanagoy melioratsiya texnikasın satıp alıw imkaniyatın beredi.

Elimizde 2010-jılda 2009-jılg`a salıstırg`anda 13,6 protsentke ko`p, yag`nıy 9 milliard 700 million AQSh dollarına ten` mug`dardag`ı investitsiyalar o`zlestirildi, bul JİO` nin` derlik 25 prtsentin quraydı.

İnvestitsiya bag`darlaması ko`leminde 2010-jılda 200 den aslam joybar a`melge asırıldı. Sonın` ishinde, jılına 50 mın` avtomobil` islep shıg`arıw quwatına iye bolg`an «M-300» markasındag`ı jen`il avtomobil` islep shıg`arıwdı o`zlestiriw 200 mın` tonna kaliy toginlerin islep shıg`arıw kwwatına iye bolg`an «Diyxanabad kaliy to`ginleri zavodı qurılısı», «Xonjiza ka`ninde polimetall rudalardı qayta islew» sıyaqlı ulken joybarlar, Nawayı ka`n-metallurgiya kombinatı, «Nawayıazot» kompaniya-sının` bir qatar jan`a ob`ektlerin qurıw isleri ha`m basqa da joybarlar juwmag`ına jetkergenligin atap ko`rsetiw kerek.

2010-jılda «Nawayı» Erkin industiriallıq - ekonomikalıq zonası aymag`ında shet ellerdin` investorları menen erisilgen kelisimler ko`leminde 19 investitsiyalıq joybardı a`melge asırıwg`a kirisildi. Usı joybarlar ko`leminde du`n`ya bazarında o`timli bolg`an zamanagoy o`nim islep shıg`aratug`ın 7 ka`rxana paydalanıwg`a tapsırıldı.

O`zbekstan milliy avtomagistralı joybarı quramına kiretug`ın tsement-beton qaplamalı 222 kilometrlik avtomobil` jolın qurıw ha`m rekonstruktsiyalaw ushın «**Aziya rawajlanıw banki**» menen 600 million dollar mug`darında kredit qarjıların tartıw haqqındag`ı sha`rtnamag`a qol qoyıldı. Nawayı qalasındag`ı aeroporta paydalanıwg`a tapsırılg`an «Nawayı» xalıqaralıq inter-modal` logistika orayının` juk terminalı arqalı 50,1 mın` tonna yamasa 2009-jılg`a qarag`anda 3 ese ko`p ju`k tasıldı.

Hawa transportı ha`m temir jol parklerin jan`alaw isleri dawam ettirilmekte. 2010-jılı «Eyrbas indastri» kompaniyasının` 6 dana A-320-200 markalı samolyotı, 8 zamanagoy elektrovoz satıp alındı, 1 mın` 790 jolawshı tasıytug`ın ha`m 38 jolawshı tasıytug`ın vagonlar qurıldı, on`landı ha`m modernizatsiya etildi.

2010-jılda ka`sip - o`ner kolledjlnoi ha`m akademiyalıq litseylerdi qurıw, rekon-struktsiyalaw ja`ne u`skenelew, sonday-aq, mekteplerdi materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew boyınsha bag`darlamalardı a`melge asırıw juwmag`ına jetkerildi.

Ulıwma alg`anda, 2005-2010-jıllar dawamında 7 mın` 800 den aslam ulıwma bilimlen-diriw mekemesi, derlik 1 mın` 500 ka`sip-o`ner kolledj ha`m akademiyalıq litsey qurıldı ha`m rekonstruktsiyalandı. Tek 2010-jılda mektepler, ka`sip-o`ner kolledjleri ha`m akademiyalıq litseylerde 2 mın` 300 den aslam komp`yuter texnikası ha`m mutimediya u`skenesi ornatıldı. Usı jılı 72 sport qurılısı, 27 ju`ziw basseyin paydalanıwg`a tapsırıldı, ulıwma qunı 3 million AQSh dollarına ten` bolg`an sport inventar`ları ha`m u`skeneleri orınlarg`a jetkerip berildi.

Eger 2009-jılda 6 muzıka ha`m o`ner-ko`rkem mektebi qurılg`an ja`ne rekons-truktsiyalang`an bolsa, 2010 jılında 46 a`ne usınday mektep paydalanıwg`a tapsırıldı. Olardın` qurılısına 51 milliard sumnan aslam kapital qarjı jumsaldı.

2010-jılda densawlıqtı saqlaw salasın reformalaw ha`m usı sistemada sapa o`zgerislerin a`melge asırıwdı ta`miyinlew boyınsha isler dawam ettirildi. Tek 2010-jıldın` o`zinde 32 atamadag`ı jan`a da`ri-darmaqlardı islep shıg`arıw o`zlestirildi ham bul 2009-jılg`a qarag`anda 23 protsentke ko`p.

2010-jılda statsionarlıq meditsina mekemelerinde qosımsha tu`rde 1 mın` 630 dawalanıw orınları paydalanıwg`a tapsırıldı.

2010-jılı densawlıqtı saqlaw salasın rawajlanıw ushın ja`mi 2 trillion swmnan aslam qarjı qaratıldı, bunın` 1 trillion 700 milliard swmı byudjet qarjısı esaplanadı.

2010-jılı elimizlilıq rayonında u`lgi joybarlar boyınsha tayar etip tapsırıw sha`rti menen 6 mın` 800 turaq jay qurıldı.

Bu`gingi ku`nde biz ushın en` a`hmiyetli mashqalalardan biri bolg`an elimizde miynetke jaramlı xalıqtı jumıs penen ta`miyinlew boyınsha a`melge asırılg`an islerimiz haqqında aytsaq 2010-jılda elimizde ja`mi 950 mın`nan aslam jumıs ornı du`zilgenin atap ko`rsetiwimiz kerek. Bul jan`adan du`zilgen ulıwma jumıs orınlarının` 600 mın`nan aslam yamasa 65 protsenti kishi biznes salasına tura keledi.

**Xalıq da`ramatların ha`m abadanlıg`ın arttırıw boyınsha da** sapa jag`ınan teren` o`zgerisler ju`z bermekte. Xalıqtın` miynet haqı ha`m ulıwma a ksha da`ramatları turaqlı kobeyip barmaqta, onın` satıp alıw uqıplılıg`ı turaqlı o`spekte, puqaralarımız tutınatug`ın o`nimler quramının` sapası artpaqta.

2010 –jılda byudjet salası mekemeleri xızmetkerlerinin` miynet haqısı, pensiyalar ha`m sotsiallıq napaqalar, stependiyalardın` mug`darı 32 protsentke, xalıqtın` ulıwma aqsha daramatları bolsa jan basına 1,3 ese ko`beydi.

Xalıqtın` da`ramatları quramında isbilermenlik jumısınan alınıp atırg`an da`ramattın` u`lesi barg`an sayın salmaqlı orın iyelemekte ha`m barlıq da`ramatlardın` 47 protsentinen aslamı usı salanın` u`lesine tura kelmekte.

Elimizde shan`araqlardın` sapalı ha`m uzaq mu`ddet paydalanatug`ın tutınıw tovarları menen ta`miyinleniw da`rejesi sezilerli tu`rde arttı. Atap aytqanda, bu`gingi ku`nde ha`r 100 shan`araqqa ortasha 132 televizor, 99 muzlatqısh, 18 den aslam konditsioner, 27 den aslam jen`il avtomobil`, ha`m 12 personal komp`yuterler tuwra keledi.

## 3. Milliy da`ramat ha`m onın` bo`listiriliwi

Milliy ekonomikada jan`adan ju`zege keltirilgen qun, yag`nıy milliy da`ramat tutınıw ha`m toplaw maqsetlerinde isletiledi.

Milliy da`ramat ekonomikanın` en` a`hmiyetli ko`rsetkishi, na`tiyjelilik miyzanı, ja`miyet baylıg`ın tolıraq sa`wlelendiriwshi ekonomikalıq qural esaplanadı. **MD** - payda etilgen sap o`nimnin` qundag`ı sa`wleleniwi yaki pul ko`rinisi, yag`nıy **MD - ma`mleket xalkının` 1 jıllıq ja`mi is xaqı, protsent, renta kibi ba`rshe da`ramatları ha`m ka`rxanalar paydasının` jalpı jıyındısınan ibarat.** Ol **SMO`** nen ba`rshe qıya salıqlardı ayırıw jolı menen anıqlanadı. **MD** ma`mleket xalqının` pa`rawanlıg`ı ha`m turaqlı rawajlanıwının` materiallıq deregi. Sonın` ushın **MD** tı ko`beytiriwdin` ba`rshe usılları ha`m jolları iske salınadı. **MD** tın` ko`beyiwi, tiykarınan, u`sh faktorg`a baylanıslı:

1. İslep shıg`arıwda ba`nt bolg`an adamlardın` ma`lim mug`darı;
2. Miynet o`nimdarlıg`ının` artıwı;
3. İsbilermenlik ha`m biznes.

Ja`miyet rawajlanıwının` tu`rli da`wirlerinde bul u`sh faktor tu`rlishe a`hmiyetke iye bolg`an. Ha`zirgi pa`n texnika rawajlanıwı sharayatında ekinshi faktor ku`shlirek rol` oynamaqta. İslep shıg`arıwdın` rawajlanıwı o`ndirislik emes tarawlarının` rawajlanıwına xızmet ko`rsetiw tarmaqlarında ba`ntlikti asırıw, ekonomikalıq o`siwge alıp keledi. Yag`nıy islep shıg`arıw a`tirapında qa`liplesetug`ın ekonomikalıq ha`m ja`miyetlik infrastrukturanın` rawajlanıwı **MD** tı ko`beytiredi.

**MD** tın` eki tu`ri parıqlanadı:

a) **islep shıg`arılg`an MD, yag`nıy jan`adan jaratılg`an tovar ha`m xızmetler qunının` jıyındısı;**

b) **paydalang`an MD – jaratılg`an MD tan jog`altıwlardı (ta`biyiy apatlar, saqlawdag`ı jog`altıwlar ha`m basqalar) esapqa alg`andag`ı qun.** Ja`miyette jaratılg`an milliy da`ramattı tutınıw ha`m toplawg`a ajıratıw mu`mkin. Tutınıw degende ja`miyetin` ekonomikalıq mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw protsessinde islep shıg`arılg`an tovar ha`m xızmetlerden paydalanıwdı, onı tutınıwdı bildiredi. Tutınıwdı ekige o`nimli ha`m jeke tu`rlerge bo`liw mu`mkin.

O`nimli tutınıw islep shıg`arıw kurallarının` tutınıwı, yag`nıy tutınıw o`nimlerin jaratıw ushın qılıng`an tutınıw. Jeke tutınıw adamlar o`mirin dawam etiwdi ta`miynlew ushın islengen tutınıw. Tutınıw protsessinde materiallıq ha`m ruwxıy baylıqlardan paydalang`anlıg`ımız sebepli, materiallıq o`nimlerdi ha`m xızmetlerdi tutınıwdı ajıratıw mu`mkin. Jeke yaki ja`ma`a` bolıp tutınıwdı da parıqlaw za`ru`r. Jeke tutınıwg`a shan`araq yaki ja`miyet ag`zalarının` ıqtıyarında bolg`an materiallıq baylıqlardı tutınıw tu`siniledi. Ja`ma`a`t bolıp tutınıwdı bolsa ja`miyet ag`zaları toparlarının` birgelikte materiallıq o`nimler ha`m xızmetlerden paydalanıwdı tu`sinemiz.

Tutınıw fondı qarjılarınan pu`tkil ekonomika ko`leminde ba`nt bolg`an isshilerdin` materiallıq ha`m ma`deniy mu`ta`jliklerin, sonın` ishinde, basqarıw ha`m qorg`anıw mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw ushın paydalanıladı. Ol pu`tkil xalıqtın` jeke tutınıwın, xalıqqa ja`miyetlik xızmet qılatug`ın sho`lkemler ha`m basqarıwdag`ı materiallıq sarıplardı o`z ishine aladı. Adamlardın` mu`ta`jlikleri ha`m olardı tolıq qanaatlandırıw da`rejesi bolg`an tutınıw mug`dar ha`m sıpat jag`ınan o`zgerip turadı, yag`nıy toqtawsız ra`wishte artıp, o`sip turadı. Tiykarında adamzat ja`miyetinin` rawajlanıwı tutınıwdın` qanaatlandırılıwına da baylanıslı. Mu`ta`jliklerdin`, sonnan kelip shıqqan halda adamlar tutınıwının` o`siwi tiykarında eki sebep jatadı: Birinshi sebep – adamlardın` jıldan-jılg`a san jag`ınan ko`beyip barıwı (insaniyat tariyxında adamlar ha`m basqa sebeplerge ko`re kemeyip tursa da): ekinshi sebep – ja`miyetlik rawajlanıw sebepli barg`an sayın adamlardın` o`nimlerdi tutınıw strukturasında o`zgerisler ju`z beriwi, onın` ha`r qıylı tu`ske eniwi, sıpat jag`ınan o`sip barwı esaplanadı. Demek, o`sip baratırg`an mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw ushın tutınıw o`nimlerin (azıq-awqat, kiyim-kenshek, u`y-jay, turmıslıq ha`m ma`deniy xızmetler ha`m t.b.) ko`beytiriw lazım.

Adamlardın` o`sip baratırg`an mu`ta`jliklerin qanaatlandırıp barıw ushın toplawdı a`melge asırıw lazım. Toplaw degende islep shıg`arıw ha`m xızmet ko`rsetiw ko`lemlerin ken`eytirip barıw protsessin tusiniw mu`mkin. A`melde bolsa toplaw kapital yaki investitsion sarıpları ko`rinisinde bolıp, tiykarg`ı kapitaldı jaratıw, a`meldegilerdi ken`eytiriw, jan`alawg`a sarıplang`an qarjılardı sa`wlelendiredi. Jamg`armanın` islep shıg`arıw maqsetindegi toplawı, yag`nıy materiallıq islep shıg`arıw tarawının` tiykarg`ı aylanba qarjıların ken`eytiriwge sarıplanatug`ın bo`legi ha`m islep shıg`arıwdag`ı toplaw, yag`nıy ma`deniyat, den sawlıqtı saqlaw, oqıw ha`m sport mekemeleri, u`y jay, qısqası ja`miyetlik – ma`deniy tarawlardı ken`eytiriw jan`alawg`a sarıplar ko`rinisin sa`wlelendiriw mu`mkin. Demek, islep shıg`arıwdı rawajlan-dırıwdın` tiykarg`ı faktorı, o`ndirislik emes tarawdı rawajlandırıw esaplanadı. **Toplaw – ta`kirar islep shıg`arıwdın` a`piwayı formasınan, ken`eygen formasına aylanıwı esaplanadı, yag`nıy toplaw fondı, onın` ko`lemi ha`m quramı ta`kirar islep shıg`arıw pa`tlerin belgilep beretug`ın faktor.**

Toplaw ja`miyetlik protsess bolg`anı ushın og`an ja`miyette keshetug`ın basqa protsessler de ta`sir etedi. Toplawg`a ta`sir etetug`ın faktorlardan biri **pa`n - texnika rawajlanıwı esaplanadı (PTR).** Bul protsess a`sirimizdin` 50-jıllarınan baslanıp, islep shıg`arıw qurallarına, miynet ku`shine, texnikag`a sonday ta`sir o`tkizdi, o`mirimizdegi a`hmiyetli o`zgerislerdin` ha`mmesi usı rawajlanıw na`tiyjesi. **PTR** toplaw imkaniyatların ken`eytirip barmaqta, yag`nıy toplaw ushın jan`a derekler tuwdırmaqta. Bizge ma`lim **PTR** sharayatında texnika qurallarının` jemiriliwi ku`sheyedi, ruwxıy eskiriwi (jan`a qurallardın` tez janalanıp barıwı) artadı. Demek, tiykarg`ı fondlardın` amortizatsiyası artadı, tezlesedi. Na`tiyjede olardı jan`alaw, jetilistiriw, kapital on`law ushın amortizatsiya fondınan paydalanıw za`ru`riyatı tuwıladı. **PTR** tez baratırg`an, sanaatı rawajlang`an ma`mleketlerde toplawdın` usı deregi u`lken a`xmiyet ka`sip etpekte, toplawda amortizatsiya ajıratpalarının` u`lesi artıp barmaqta.

Toplaw protsessi na`tiyjesinde islep shıg`arıwda miynet ku`shining roli tu`pten o`zgeredi. Eger aldın insan islep shıg`arıwdın` tek g`ana jeke faktorı bolg`an bolsa, toplaw onı basqarıwshıg`a, qadag`alawshıg`a aylandıradı. Bunday sharayatta islep shıg`arıwdın` na`tiyjeliligi, o`nimdarlıq miynet ku`shi sıpatına, du`zilisine bilimi ta`jriybesine baylanıslı bolıp qaladı. Demek, islep shıg`arıwdın` ta`g`diri tek g`ana mu`lk iyesine baylanıslı bolıp qalmastan, islep shıg`arıwshıg`a da baylanıslı boladı. Bul toplawdın` ju`da` ku`shli ja`miyetlik aqıbeti esaplanadı.

Toplaw xalıq ba`ntligi ma`selesin basqasha sheshiwdi talap etedi. Ga`p sonda, toplaw protsessinde islep shıg`arıwda ba`nt bolg`an miynet ku`shi ornın texnika - texnologiya ko`birek iyeleydi, yag`nıy isshi ku`shine bolg`an talap kemeyip baradı. Biraq **PTR** jan`a tarmaqlar, **ma`selen**, kosmonavtika, elektrotexnika, jasalma talalar islep shıg`arıwı kibi tarawlardı rawajlandırıp, jan`a qa`niygeliklerdi, sonın` menen bir qatarda jan`a jumıs orınların ju`zege keltiredi. Bul unamlı jag`day. Biraq, toplaw sebepli miynet resurslarının` bir bo`legi islep shıg`arıw mu`ta`jliklerinen artıqsha bolıp qaladı. Bul na`rse ja`miyet aldına, ma`mleket mekemeleri aldına ba`ntlik ma`selesin unamlı sheshiw mashqalasın tuwdıradı. Bul mashqala rawajlanıp atırg`an ma`mleketler ushın, sonın` ishinde O`zbekistan ushın da aktual ma`sele esaplanadı. Usı za`ru`riyattan kelip shıg`ıp, sotsiallıq qorg`awdın` da`stu`rleri islep shıg`ıladı. O`zbekistanda ma`mleket basqarıw sistemasında xalıqtı jumıs penen ta`miynlew, sotsiallıq qorg`aw menen shug`ıllanıwshı arnawlı sho`lkemler qa`liplestirildi.

**Toplaw – ekonomikalıq o`siw faktorı.** Ja`miyet rawajı, onın` sıpatı ekonomikalıq o`siwge baylanıslı, yag`nıy ekonomikalıq o`siw - toplawdın` tiykarg`ı deregi bolg`an qosımsha o`nimnin` ko`beyiwine tu`rtki beredi ha`m bul menen o`zine o`zi jol ashadı.

## 4. İnvestitsiyalar ha`m olardın` mazmunı

İnvestitsiya so`zi latınsha - jaylasıw ma`nisin bildirip, qarjını, ma`lim baylıqtı, qosımsha da`ramat alıw maqsetinde, islep shıg`arıw yaki basqa tarawg`a jaylastırıw, tan`law degendi an`latadı.

İsbilermenlik ha`m basqa xızmetler tu`rlerine qosılatug`ın ba`rshe materiallıq ha`m materiallıq emes baylıqlar investitsiya esaplanadı. Bul baylıqlardı to`mendegishe bo`liw mu`mkin:

•Pul quralları, maqsetli bank amanatları, aktsiyalar, qamsızlandırıw hujjetleri ha`m basqa qımbatbahalı qag`azlar.

• Ko`shpes mu`lk (binalar, imaratlar, u`skeneler ha`m basqa materiallıq baylıqlar).

• Avtorlıq huqıqınan kelip shıg`atug`ın mu`lkiy ha`m mu`lkiy emes huqıqlar, basqa intellektual huqıqlar.

• Basqa baylıqlar.

Demek, finanslıq formasına ko`re, investitsiyalar payda alıw maqsetinde xojalıq iskerligine qoyılg`an aktivler esaplansa, ekonomikalıq qa`siyetine ko`re, ol jan`a ka`rxanalar qurıwg`a, uzaq muddetli xızmet ko`rsetiwshi mashina ha`m a`sbap - u`skenelerge ketken qa`rejetler esaplanadı. İnvestitsiyalardı a`melge asırıw boyınsha ha`reketti investitsion iskerlik, investitsiyalardı a`melge asırıwshı shaxs - investor deyiledi.

İnvestitsiyalardı to`mendegi tu`rlerge bo`liw mu`mkin. O`z - o`zin qaplawg`a ko`re: investitsiyalar uzaq, orta ha`m qısqa mu`ddetli investitsiyalarg`a bo`linedi. Uzaq mu`ddetli investitsiyalar, tiykarınan, qımbat bahalı ha`m quramalı proektlerde a`melge asırıladı, olar uzaq waqıt dawamında o`z - o`zlerin qaplaydı, (10 ha`m onnan ko`birek jıllar) qısqa mu`uddetli investitsiyalar a`dette bir jılg`a shekem boladı.

Joqarıda aytıp o`tkenimizdey, investitsiyalar jeke sektor ha`m ma`mleket ta`repinen ma`mleket ishinde ha`m onın` sırtında tu`rli islep shıg`arıwlarg`a ha`m qımbat bahalı qag`azlarg`a qoyılıwı mu`mkin. Sonnan kelip shıqqan halda, investitsiyalar jalpı ha`m sap investitsiyalarg`a ajıratıladı. **Jalpı investitsiyalar** - bul islep shıg`arıw quralların ın` tutınılg`an bo`legin qaplaw maqsetinde islep shıg`arıw jamg`armaları ha`m xalıqtın qarjı qoyılmalarına aytıladı . Basqasha so`z benen aytkanda, jalpı investitsiyalar amortizatsiya (miynet quralları eskirip barıwına qarap, olar qunının` islep shıg`arılg`an o`nimge a`ste - aqırın o`tip barıwı) ha`m sap investitsiyalar jıyındısınan ibarat. Sap investitsiyalardı anıqlaw ushın jalpı investitsiyalardan amortizatsiya ajıratıladı.

Jalpı investitsiyalar ha`m amortizatsiya ortasındag`ı qatnasqa batıs ekonomikası-nın` jag`dayı qanday ekenligi, yag`nıy ko`teriliw, turg`ınlıq yaki pa`seyiw da`wirin basınan keshirip atırg`anlıg`ın anıqlaw mu`mkin. Egerde, jalpı investitsiyalar amorti-zatsiyadan artıq, yag`nıy sap investitsiya joqarı bolsa, ekonomika ko`teriliw da`wirinde boladı, sebebi onın` islep shıg`arıw quwatları o`sedi. Jalpı investitsiya ha`m amortizatsiya bir - birine ten` bolg`an jag`dayda ekonomika turg`ınlıq jag`dayında boladı.

İslep shıg`arıw protsessindegi aktivlilik pa`seyip baratırg`an ekonomika ushın jalpı investitsiyalardın` amortizatsiyadan kem bolg`an jag`dayı ta`n, yag`nıy ekonomikada jıl dawamında kapital islep shıg`arılg`anına qarag`anda ko`birek tutınıw qılınadı. İnvestitsiya qarjılarının` finans ha`m real tu`rleri bar. Finanslıq investitsiya - aktsiya, obligatsiya ha`m basqa qımbat bahalı qag`azlardı satıp alıw jolı menen qarjı sarıplaw. **Real investitsiya** - ma`mleket ishinde ha`m shet elde islep shıg`arıwdı rawajlandırıwg`a qarjı qoyıw, ssuda ha`m subsidiyalar beriw formasıda a`melge asırıladı.

Finanslıq investitsiya o`zgerisleri aldıng`ı ha`m song`ı qoyılg`an pul ortasındag`ı mug`darlıq parıq penen o`lshenedi. Real investitsiyanın` na`tiyjeliligi bolsa erisilgen ekonomikalıq o`siw boladı. Onın` na`tiyjeliligin to`mendegishe anıqlaw mu`mkin.

$$\text{İnvestitsiya na`tiyjeliligi} = \frac{\text{JMO` o`simi}}{\text{İnvestitsiya o`simi}}$$

Kapitaldı jaylastırıw formaları tu`rlishe bolg`anı ushın, investitsiyalardı tuwrı ha`m qıya tu`rlerge ajıratıw mu`mkin boladı. Tuwrı investitsiya kapitaldı jaylastırıw forması bolıp, investordı qımbat bahalı qag`azg`a yaki mu`lkke bolg`an huqıqınan da`lalat beredi. Tuwrı shet el investitsiyalar, kapital qoyıwshı ma`mleket yaki onın` yuridik shaxsı ta`repinen o`z kapitalın kapital qabıl etiwshi ma`mleket ekonomikasına jaylastırıwdı an`latadı. İnvestitsiyalardan ku`tilip atırg`an da`ramat kapital ornına alıw mu`mkin bolg`an protsent stavkasınan joqarıraq bolıwı kerek. Sonda g`ana kapital qabıl etiwshi ma`mlekettin` tuwrı shet el investitsiyalarg`a bolg`an talabı qanaatlandırılg`an boladı. Shet el kapitalının` milliy ekonomikag`a kiritiliwi eki ta`rep ushın da payda keltiriwi kerek. Bolmasa bunday qatnasıqlar jolg`a qoyılmag`an bolar edi, yag`nıy kapital qabıl etip atırg`an ekonomika ushın investitsiya da`ramat keltirmegende ol kapitaldı jaylastırmag`an, shet el investor ushın bolsa, kapitaldı paydalanıwda ku`tiletug`ın da`ramat kapital arqalı alıw mu`mkin bolg`an bank protsent stavkasınan joqarı bolmag`anda, ol o`z kapitalın o`zge ekonomikag`a bag`darlamag`an bolar edi. Shet el investitsiyaların tartıwdan tiykarg`ı maqset:

- Kontrakt qatnasıwshıları patentler, sawda markalarına iye bolıwdı;
- Basqarıw ta`jriybesin iyelew;
- Satıw bazarların u`yreniwdi;
- Sho`lkemlestiriwshilik bilimlerdi iyelewdi ha`m basqalardı ta`miynleydi. En` tiykarg`ısı bolsa ja`ha`n bazarına o`z o`nimin alıp shıg`ıw ha`m bazar qatnasıwshısı bolıwg`a erisiw esaplanadı. Shet el investitsiyalarının` O`zbekistang`a kirip keliwi, mu`lkshiliktin` tu`rli formalarının` qa`liplesiwine ja`rdem beredi, abroylı tarmaqlardın` qa`liplesiwin ta`miynleydi. Demek, shet el investitsiyalardın` ag`ımı:
- O`zbekistan rawajlanıwında ka`rxanalardı qa`liplestiriwge tiykar saladı;
- Shet el ka`rxanaları ha`m xojalıq ju`rgiziw sub`ektlerinin` tu`rli sın`ar ka`rxanaları, wa`killikleri, xızmet ko`rsetiw mekemelerinin` qa`liplesiwine tiykar jaratadı. Shet el investitsiyalardın` O`zbekistang`a tartılıwı 1991-jıldan baslanıp, shet el investitsiyalar qatnasıwında ka`rxanalardı dizimge alıwdan baslanadı. 1991- jılda 191 qospa ka`rxana dizimge alıng`an bolsa, 2004-jıl 1-yanvarına kelip 3539 qospa ka`rxana dizimge alındı. Solardan 2209 yaki 62,4 protsenti shet el investitsiyaların tartqan halda xızmet ko`rsetpekte.

Qospa ka`rxanalardın` tiykarg`ı bo`legi AQSh, Ullı Britaniya, Shveytsariya, Germa-niya, Qubla Koreya, Qıtay, Turkiya, Rossiya, Ukraina, Qazaxstan ha`m basqa ma`mleketlerdin` investitsiya qarjıları tiykarında qa`liplesken.

Shet el investitsiyaları menen sho`lkemlestirilgen qospa ka`rxanalar 2002–2003 jıllar ishinde ulıwma islep shıg`arılg`an o`nimler, orınlag`an jumıslar, xızmetler ko`lemi 1049,5 mlrd. sumnan 1441,3 mlrd. sumg`a ko`beyedi. Usı da`wir ishinde sanaat islep shıg`arg`an o`nimler ko`lemi 871,3 mlrd. sumnan 1230,9 mlrd. sumg`a ko`beygen yaki 2002- jılda islep shıg`arılg`an o`nimler, orınlang`an ha`m ko`rsetilgen xızmetler ko`leminin` 83,0 protsenti sanaat islep shıg`arıwg`a tuwrı kelgen bolsa, bul ko`rsetkish 2003-jılda 85,4 protsentti quraydı ([15]. 62–bet).

Respublikada a`mel qılıp atırg`an investitsiya da`stu`rlerinde shet el kapitalın engiziwdin` tiykarg`ı tarawları ajıratılg`an. Olarg`a:

- zamanago`y texnologiya tiykarında xalıq tutınıw tovarların islep shıg`arıw;
- o`nimdar texnologiyalardı qollang`an halda awıl xojalıq o`nimin qayta islep shıg`arıw;
- shiyki zat, resurslardı qazıp shıg`arıw ha`m ekologiyalıq jaqtan taza usıllar menen olardı qayta islep shıg`arıw;
- islep shıg`arıwshı ka`rxanalarda a`tirap–ortalıqtı qorg`awg`a qaratılg`an ila`jlar o`tkiziw;
- a`sbap-u`skeneler ha`m radiotexnika o`nimlerin islep shıg`arıw;
- sanaat shıg`ındıların ha`m usı tarmaqqa xızmet etiwshi taraw shıg`ındıların qayta islew;
- da`ri-da`rman ha`m zamanago`y meditsinalıq texnikanı islep shıg`arıw;
- zamanago`y xabar ha`m telekommunikatsiya sistemasın sho`lkemlestiriw ha`m basqa tarawlar.

Demek, ha`zirgi da`wirde «... **ekonomikag`a shet el qarjıların, en` aldı menen, tuwrıdan – tuwrı bag`darlang`an qarjılardı ken` tartıw ushın qolay xuqıqıy sha`rt - sharayattı, kepillik ha`m ekonomikalıq faktorlardı ja`nede ken`eytiriw**» ayrıqsha a`hmiyetke iye [11].

Elimizde 2010-jılda 2009-jılg`a salıstırg`anda 13,6 protsentke ko`p, yag`nıy 9 milliard 700 million AQSh dollarına ten` mug`dardag`ı investitsiyalar o`zlestirildi, bul JİO` nin` derlik 25 prtsentin quraydı.

İnvestitsiya bag`darlaması ko`leminde 2010-jılda 200 den aslam joybar a`melge asırıldı. Sonın` ishinde, jılına 50 mın` avtomobil` islep shıg`arıw quwatına iye bolg`an «M-300» markasındag`ı jen`il avtomobil` islep shıg`arıwdı o`zlestiriw 200 mın` tonna kaliy toginlerin islep shıg`arıw kwwatına iye bolg`an «Diyxanabad kaliy to`ginleri zavodı qurılısı», «Xonjiza ka`ninde polimetall rudalardı qayta islew» sıyaqlı ulken joybarlar, Nawayı ka`n-metallurgiya kombinatı, «Nawayıazot» kompaniyasının` bir qatar jan`a ob`ektlerin qurıw isleri ha`m basqa da joybarlar juwmag`ına jetkergenligin atap ko`rsetiw kerek.

2010-jılda «Nawayı» Erkin industiriallıq - ekonomikalıq zonası aymag`ında shet ellerdin` investorları menen erisilgen kelisimler ko`leminde 19 investitsiyalıq joybardı a`melge asırıwg`a kirisildi. Usı joybarlar ko`leminde du`n`ya bazarında o`timli bolg`an zamanagoy o`nim islep shıg`aratug`ın 7 ka`rxana paydalanıwg`a tapsırıldı.

O`zbekstan milliy avtomagistralı joybarı quramına kiretug`ın tsement-beton qaplamalı 222 kilometrlik avtomobil` jolın qurıw ha`m rekonstruktsiyalaw ushın «**Aziya rawajlanıw banki**» menen 600 million dollar mug`darında kredit qarjıların tartıw haqqındag`ı sha`rtnamag`a qol qoyıldı. Nawayı qalasındag`ı aeroporta paydalanıwg`a tapsırılg`an «Nawayı» xalıqaralıq inter-modal` logistika orayının` juk terminalı arqalı 50,1 mın` tonna yamasa 2009-jılg`a qarag`anda 3 ese ko`p ju`k tasıldı.

Hawa transportı ha`m temir jol parklerin jan`alaw isleri dawam ettirilmekte. 2010-jılı «Eyrbas indastri» kompaniyasının` 6 dana A-320-200 markalı samolyotı, 8 zamanagoy elektrovoz satıp alındı, 1 mın` 790 jolawshı tasıytug`ın ha`m 38 jolawshı tasıytug`ın vagonlar qurıldı, on`landı ha`m modernizatsiya etildi.

2010-jılda ka`sip - o`ner kolledjlnoi ha`m akademiyalıq litseylerdi qurıw, rekonstruktsiyalaw ja`ne u`skenelew, sonday-aq, mekteplerdi materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew boyınsha bag`darlamalardı a`melge asırıw juwmag`ına jetkerildi.

Ulıwma alg`anda, 2005-2010-jıllar dawamında 7 mın` 800 den aslam ulıwma bilimlendiriw mekemesi, derlik 1 mın` 500 ka`sip-o`ner kolledj ha`m akademiyalıq litsey qurıldı ha`m rekonstruktsiyalandı. Tek 2010-jılda mektepler, ka`sip-o`ner kolledjleri ha`m akademiyalıq litseylerde 2 mın` 300 den aslam komp`yuter texnikası ha`m mutimediya u`skenesi ornatıldı. Usı jılı 72 sport qurılısı, 27 ju`ziw basseyin paydalanıwg`a tapsırıldı, ulıwma qunı 3 million AQSh dollarına ten` bolg`an sport inventar`ları ha`m u`skeneleri orınlarg`a jetkerip berildi. Eger 2009-jılda 6 muzıka ha`m o`ner-ko`rkem mektebi qurılg`an ja`ne rekons-truktsiyalang`an bolsa, 2010 jılında 46 a`ne usınday mektep paydalanıwg`a tapsırıldı. Olardın` qurılısına 51 milliard sumnan aslam kapital qarjı jumsaldı.

2010-jılda densawlıqtı saqlaw salasın reformalaw ha`m usı sistemada sapa o`zgerislerin a`melge asırıwdı ta`miyinlew boyınsha isler dawam ettirildi. Tek 2010-jıldın` o`zinde 32 atamadag`ı jan`a da`ri-darmaqlardı islep shıg`arıw o`zlestirildi ham bul 2009-jılg`a qarag`anda 23 protsentke ko`p.

2010-jılda statsionarlıq meditsina mekemelerinde qosımsha tu`rde 1 mın` 630 dawalanıw orınları paydalanıwg`a tapsırıldı.

2010-jılı densawlıqtı saqlaw salasın rawajlanıw ushın ja`mi 2 trillion sumnan aslam qarjı qaratıldı, bunın` 1 trillion 700 milliard sumı byudjet qarjısı esaplanadı. 2010-jılı elimizlilıq rayonında u`lgi joybarlar boyınsha tayar etip tapsırıw sha`rti menen 6 mın` 800 turaq jay qurıldı.

Bu`gingi ku`nde biz ushın en` a`hmiyetli mashqalalardan biri bolg`an elimizde miynetke jaramlı xalıqtı jumıs penen ta`miyinlew boyınsha a`melge asırılg`an islerimiz haqqında aytsaq 2010-jılda elimizde ja`mi 950 mın`nan aslam jumıs ornı du`zilgenin atap ko`rsetiwimiz kerek. Bul jan`adan du`zilgen ulıwma jumıs orınlarının` 600 mın`nan aslam yamasa 65 protsenti kishi biznes salasına tura keledi.

**Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:**

Ta`kirar islep shıg`arıw. A`piwayı ta`kirar islep shıg`arıw ha`m ken`eytirilgen ta`kirar islep shıg`arıw. Makroekonomika. Mikroekonomika. Makroekonomikalıq ten`salmaqlılıq. Ja`mi talap. Ja`mi usınıs. Makroekonomikalıq ko`rsetikshler: JMO`, JİO`, nominal ha`m real JMO`. Milliy da`ramat (MD). Milliy da`ramattın` natural forması. Milliy da`ramattın` qun forması. Milliy da`ramattın` tutınıw ha`m toplawg`a bo`liniwi. Pa`n –texnika rawajlanıwı. İnvestitsiya. Sap investitsiya. İnvestitsiya na`tiyjeliligi. İshki ha`m shet el investitsiyası.

## 6 - tema: Bazar ekonomikasının` mazmunı ha`m wazıypaları

### 1. Bazar ekonomikasının` mazmuni ha`m og`an o`tiwdin` za`ru`rligi

Ja`miyet o`z rawajlanıw protsessinde bir neshe tu`rli islep shıg`arıw usılların basıp o`tedi. Biraq xesh qaysı biri bazar ekonomikasın shetlep o`te almaydı. Bazar ha`m bazar qatnasıqları ja`miyetlik islep shıg`arıw rawajlanıwın tezlestiriw ha`m onın` ja`miyetlik-ekonomikalıq na`tiyjeliligin asırıwdın` a`hmiyetli quralı bolıp tabıladı. Bazar qatnasıqları qa`liplesiwi uzaq dawam etetug`ın, tiyisli tayarlıq ha`m za`ru`r sha`rt-sharayatlardın` sho`lkemlestiriliwin talap etetug`ın protsess.

Bazar ekonomikasının` ma`nisi, onın` ta`biyatı ha`m ha`reket etiw protsessindegi orınlaytug`ın wazıypaları haqqında ekonomistler ju`da` ko`p izleniwler alıp barıp, ilimiy shıg`armalar jaratqanlar. Solardan biri, "**Siyasiy ekonomika**" pa`ninin` "**atası**" **Adam Smit** o`zinin` "**Halıqlar baylıg`ının` ta`biyatı ha`m sebepleri haqqın-dag`ı izertlewler**" shıg`armasında bazar ekonomikasının` ma`nisi ha`m wazıypaların ashıp bergen.

Bazar ekonomikasının` ju`zege keliwinin` ob`ektiv ha`m sub`ektiv sebeplerin keltiriw arqalı **Adam Smit** onın` ma`nisin de ashıp beredi. **Sub`ektiv faktor** - bul adamlardın` almasıwg`a bolg`an mu`ta`jligi bolsa, ob`ektiv sebep - resurslar sheklengenligi sharayatında adamlar mu`ta`jliklerinin` sheksiz ekenliginde dep ko`rsetti. Xaqıyqattan da bazar qatnasıqlarının` tiykarın, bizge ma`lim, miynettin` ja`miyetlik bo`listiriliwi ha`m ha`r qıylı islep shıg`arıwshılar o`nimlerin almastırıw za`ru`riyatı quraydı.

Bazar ekonomikası - bul erkin tovar pul qatnasıqlarına tiykarlang`an, monopolizmdi biykar etiwshi sotsiallıq bag`darlang`an ekonomika. Onın` ma`nisin jaqsıraq an`law ushın, bazar ekonomikasının` o`zine ta`n belgilerin ko`rip shıg`ıwımız lazım.

Bizin` pikirimizshe, bazar ekonomikasının` birinshi belgisi bul mu`lkshiliktin` ko`p tu`rliligi. Yag`nıy sabıq Sovet awqamı sharayatında birden bir ulıwma halıq mu`lki hu`kimranlıq qılsa, bazar ekonomikasına tiykarlang`an sistemada mu`lktin` tu`rli formaları bolıwshı jeke mu`lk, ja`ma`a`ler mu`lki ha`m ma`mleket mu`lki ha`mde qospa mu`lk bar bolıp, ol yaki bul mu`lk monopoliyası bolmaydı. Bul mu`lk iyeleri birdey xuqıqlarg`a iye bolıp, erkin, sheklenbegen halda rawajlanadı.

Bazar ekonomikasının` ja`ne bir belgisi bul bazar sub`ektlerinin` erkinligi esaplanadı, yag`nıy, bul sistemanın` elementleri o`z mal-mu`lki, o`z miyneti jemisleri ha`m da`ramatların erkin basqarıwları mu`mkin.

Bazar ekonomikası en` kem sarıp-qa`rejetler menen joqarı sıpatlı o`nim islep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriw baslamasın ko`rsetiw ushın ken` imkaniyatlar jaratadı.

Bazar ekonomikasında g`ana ba`seki gu`resi a`mel qıladı, qarıydar ha`m islep shıg`arıwshı monopoliyası sheklenedi.

Bazar ekonomikasında tek g`ana ba`seki emes, ma`pler muwapıqlasqan sharayatta birge islesiw ju`z beredi. Bazar miynetke haqı to`lewdi jetilistiredi, yag`nıy joqarı qa`niygeli miynetke joqarı ha`m to`men islep shıg`arıw quwatına iye jumısqa en` kem xaqı to`leniwin talap etedi.

Bazar ekonomikasının` o`zine say rawajlanıw mexanizmi bolıp, ol ekonomikalıq qızıg`ıwg`a, adamlardı toq ha`m tınısh jasawı, abırayg`a iye bolıwı, o`mirde o`z ornın tabıw kibi ma`plerdi ju`zege shıg`arıwg`a tiykarlanadı. Usı ta`repleri menen menen bazar ekonomikası mexanizmi ekonomikalıq xoshametlewdin` mexanizmi bolıp tabıladı.

Bazar ekonomikasına ta`n belgilerinen ja`ne biri erkin bahalardın` a`mel qılıwı, bunda bazar sub`ektleri bazardag`ı talap ha`m usınıslarg`a qarap, joqarı payda alıw maqsetinde ha`reket etediler. Jeke ma`p tuyg`ısı, olardı kem qa`rejet jumsap, sıpatlı o`nim islep shıg`arıwg`a iytermeleydi.

Bazar ekonomikası adamlar alatug`ın da`ramatlardı sheklemeydi. Bazar ja`miyet ag`zaların bayıtıwg`a imkan jaratadı.

Bazar ekonomikası sharayatında to`mendegi nızamlar a`mel qıladı. Bular:

- ✓ qun nızamı;
- ✓ pul aylanısı nızamı;
- ✓ talap ha`m usınıs nızamı;

Qun nızamı  tovar islep shıg`arıw sharayatında tovar islep shıg`arıwshılar ortasındag`ı baylanıslırdı, sotsiallıq ma`nisin, bo`listiriwdi xoshametlewdi ta`rtipke salıwshı ob`ektiv ekonomikalıq nızam esaplanadı. Ol boyınsha tovar islep shıg`arıw ha`m almastırıw olardın` qunı tiykarında alıp barıladı.

Pul aylanısı nızamı bazar ekonomikasının` ob`ektiv nızamı sıpatıda aylanıstag`ı pul mug`darın basqarıwdı a`melge asıradı. Og`an ko`re aylanıs ushın za`ru`r pul mug`darı anıqlanıp, usı tiykarda pul emissiyasi o`tkiziledi. Bul bolsa puldın` ten`salmaqlılıg`ın ta`miynleydi.

Talap ha`m usınıs nızamı bolsa, ja`miyette halıqtın` to`lew qa`biletinin`  qanday ekenligin anıqlawg`a ha`m sog`an tiykarlanıp kerekli o`nim islep shıg`arıwdı talap etedi.

Joqarıda keltirip o`tilgen pikirlerge juwmaq etip bazar ekonomikasına to`mende-gishe ta`riyp beriwimiz mu`mkin. **Bazar ekonomikası - bul erkin ba`seki tiykarında tovar islep shıg`arıw, tu`rli xızmetler ko`rsetiwdi sho`lkemlestiriw, ekonomika-lıq nızamlar tiykarında bo`listiriw, almastırıw ha`m tutınıwdı sho`lkemles-tiretug`ın ha`m ma`mleket ta`repinen basqarılıwı ta`miynlenetug`ın demokratiyalıq tiykarda sho`lkemlestirilgen ekonomikalıq kompleks esaplanadı.**

Respublika ekonomikasın bazar ekonomikası tiykarında sho`lkemlestiriw, islep shıg`arıw sub`ektleri o`z ara jaqın ekonomikalıq baylanıslarda bolıwı ha`m o`z ara birgelikte ha`reket etiwin ta`miynleydi. Sonın` ushın ma`mleket ekonomikasın bazar qatnasıqları tiykarında sho`lkemlestiriw, yag`nıy bazar ekonomikasına o`tiw za`ru`r. Sabıq Awqamda ekonomika oraydan turıp basqarılg`an. Bunday sharayatta erkin ba`seki,  resurslardı tejew, o`nimdi talapqa juwap beretug`ın, sıpatlı ha`m arzan etip islep shıg`arıw degen na`rse bolmag`an. Ekonomikag`a iyesizlershe mu`na`sibette bolıp, ekono-mikalıq resurslar talan taraj qılıng`an. Bul jag`day bolsa adamlar turmıs da`rejesin bazar ekonomikasına tiykarlang`an ma`mleketlerge salıstırg`anda bir qansha arqada qalıwına sebep bolg`an. Demek, bazar ekonomikasına o`tiw tarixıy za`ru`riyat sebepli o`tiwi anıq bolıp qalg`an. Biz joqarıda bazar ekonomikasının` abzal ta`replerin keltirip o`ttik. Biraq,  bazar ekonomikası ta`rtipsiz, ta`biyiy ha`reketlerden de awlaq emes. Bul xaqqında O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov: «**Bazar ekonomikasına o`tiw mashqalalar-ına tik ko`z benen, real qaraw kerek. Bazar ekonomikasının` tek g`ana unamlı ta`replerin g`ana emes, ba`lki onın` unamsız ta`replerinde ko`re biliwi kerek. Bazarg`a, a`sirese onın` qa`liplesiw basqıshında uzaq ha`m teren` ekonomikalıq krizisler, jumıssızlıqtın` o`siwi, puldın` qa`dirsizleniwi, ko`pg`ana ka`rxanalardın` sınıwı ha`m isbilermenlerdin` bankrot bolıwı, halıqtın` materiallıq ta`miynat jag`ınan keskin o`zgesheleniwi, nızamg`a qayshı ha`reketler ha`m jınayatlardın` o`siwi ta`n boladı. Bazardın` bul illetlerin biliw, olarg`a tayar turıw, olardı saplastırıw boyınsha tuwrı sheshimler taba biliw kerek**» ([4]. 38–39 betler).

Solay etip, bazar ekonomikasının` unamsız ta`repleri de bar bolıp, bazar ekonomikası na`tiyjesinde xalıqtın` klasslarg`a bo`liniwinin` teren`lesiwi, inflyatsiya ha`m jumıssızlıqtın` rawajlanıwı solar qatarınan esaplanadı.

## 2. Bazardın` ma`nisi ha`m wazıypaları

Bazar – quramalı ha`m ko`p qırlı ha`diyse. Bazar qatnasıqları rawajlanıw da`rejesi, modifikatsiyasının` o`zine ta`nligi, tarixiy, ja`miyetlik ha`m basqa ko`rinisleri boyınsha tu`rlishe ta`riyplenedi.

Da`slep bazarga maydan, usaqlap sawda o`tkiziwshi orın sıpatında qaralg`an. Biraq ekonomikalıq kategoriya sıpatında zamanago`y ma`nis ka`sip etken halda onın` ta`riypi o`zgerip jetilistirilip barg`an. Ha`zirgi ku`nde bazar to`mendegishe ta`riyplenedi:

**Bazar** – tovar islep shıg`arıw ha`m aylanıs nızamı tiykarında sho`lkemlestirilgen almastırıw bolıp, islep shıg`arıwshı ha`m tutınıwshı ortasında tovar–pul qatnasıqları tiykarında a`melge asatug`ın quramalı mexanizm. Bazardın` materiallıq tiykarın orın emes, ba`lki tovar ha`m puldın` ha`reketi quraydı.

Bazardın` ma`nisi onın` wazıypalarında sa`wlelenedi. Bazardın` wazıypaların sxematik ta`rizde to`mendegishe sa`wlelendiriw mu`mkin:




**Xabar** – bunda bazar bahalar arqalı o`zindegi tovar ha`m xızmetleri talap ha`m usınıslarının` ten`salmaqlılıg`ı haqqında mag`lıwmat beredi.

**Da`lda`lshılıq** – ol bazar sub`ektlerin o`z iskerligi na`tiyjeleri menen o`z ara almasıwları ushın bir–biri menen baylanıstıradı.

**Baha payda etiwshi** – bazar qarıydar to`lewge razı bolg`an tovar qunın ko`rsetedi, Sebebi ol tek g`ana ja`ma`a` ushın za`ru`r qa`rejetlerdi ta`n aladı.

**Basqarıw** - bazar ekonomikasının` ba`rshe tarawlarına en` aldı menen islep shıg`arıwg`a ta`sir ko`rsetip ne, qalay ha`m kim ushın islep shıg`arıw kerek degen sorawg`a juwap beredi.

**Tazalawshılıq** – bunda bazar jawız, ayawsız sistema sıpatıda, ba`seke ja`rdeminde islep shıg`arıwdı ekonomikalıq jaqtan islewge jaramsız islep shıg`arıwshılardan tazalap, ja`nede na`tiyjeli islep shıg`arıwshılarg`a jol ashadı.

### 3. Bazardın` tu`rleri

Bazardag`ı tovarlardın` ha`r qıylılıg`ı onın` quramalı du`ziliske iye ekenliginen derek beredi. Bunnan tısqarı, islep shıg`arıwshılar ha`m tutınıwshılardın` ko`p qırlı quramalı baylanıslardın` a`mel etiwi de bazardın` quramalı mexanizm ekenliginen derek beredi.

Bazardın` ishki du`zilisi quramalı bolg`anlıg`ı sebepli onı tu`rli kriteriyalar boyınsha tu`rlerge bo`lemiz.

**I. Territoriyalıq jaylasıwına qarap:**

**1. Jergilikli bazar** – qala, awıldag`ı bazar (Chorsu bazarı, Alay bazarı, Tashkent bazarı ha`m basqalar).

**2. Milliy yaki ishki bazar** – bul ma`lim bir ma`mlekettin` bazarı (O`zbekistan bazarı, Rossiya bazarı, Ullı Britaniya bazarı, Qıtay bazarı ha`m t.b.lar).

**3. Regionallıq bazar** – bir territoriya yaki bir neshe ma`mleketlerdin` birlesken bazarı (Evropa ekonomikalıq awqamı, Oraylıq Aziya yaki Aziya bazarı, Batıs Evropa bazarı ha`m t.b.lar)

**4. Ja`ha`n bazarı** – rawajlang`an ma`mleketler ekonomikasın qamrap aladı.

**II. Jetiklilik da`rejesine qarap:**

**1. Rawajlanbag`an bazar** – qa`liplesip atırg`an bazar bolıp, tosınanlı qa`siyetke iye. Bunda almastırıw ko`binese barter usılında alıp barıladı, sebebi ol pul ele aylanısqa shıqpag`an yaki pul kriziske ushırag`an sharayatta a`mel qıladı.

**2. Klassikalıq yaki erkin bazar** – bunda bazarda ko`p sanlı islep shıg`arıwshılar ha`m tutınıwshılar qatnasadı ha`m olar ortasındag`ı mu`na`sibet erkin ba`sekege tiykarlang`an, bahalar bolsa talap ha`m usınıs ortasındag`ı qatnas arqalı qa`liplesedi.

**3. Ha`zirgi zaman rawajlang`an bazarı** – bunda ma`mleket de bazar qatnasıwshısı bolıp, bazar ta`rtiplesken boladı, ma`mleket ta`repinen basqarıladı.

**III. A`mel qılıw xarakterine qarap:**

1. Nızamlı bazar;
2. Ta`rtipsiz bazar;

**IV. Ba`seki gu`resine qarap:**

1. Erkin ba`seki bazarında islep shıg`arıwshılar, tutınıwshılar erkin ekonomikalıq ha`rekette boladı;
2. Monopolistik bazarda ko`p mayda firmalar ha`r qıylı tovarlardı islep shıg`arıwda erkin ha`rekette boladı;
3. Oligopoliya bazarında iri firmalar bir tu`rdegi yaki ha`r qıylı tu`rdegi tovarlardı islep shıg`arıwda hu`kimranlıq qıladı;
4. Sap monopoliya bazarında iri bir firma o`nimlerdi islep shıg`arıwda jeke o`zi hu`kimranlıq etedi, derlik ba`seke bolmaydı.

**V. Mazmunı ha`m isletiliwine qarap, yag`nıy bazar ob`ektinin` tu`rlerine qarap:**

**1.Tutınıw tovarları bazarı** – bunda islep shıg`arıw ha`m tutınıw ushın za`ru`r bolg`an sanaat ha`m azıq –awqat o`nimleri satıladı;

**2. Xızmet ko`rsetiw bazarı** – bunda halıq, ka`rxanalar ha`m ma`mleketke ha`r qıylı xızmetler usınıs etiledi. **Ma`selen,** kommunal – turmıslıq xızmet; turizm, transport, meditsinalıq, repetitorlik xızmetleri, xabar quralları menen ta`miynlew xızmeti ha`m t.b.lar;

**3. U`y–jay bazarı** – bunda ko`shpes mu`lk penen sawda–satıq qılınadı;

**4. Miynet ku`shi yaki miynet bazarı** – bunda bazar ekonomikasının` ta`biyatınan kelip shıqqan halda, miynet ku`shi de tovar sıpatıda satıladı. Bul is penen tiykarınan miynet birjaları shug`ıllanadı;

**5. İnvestitsiya bazarı** – finans bazarının` o`zine ta`n ko`rinisi bolıp, onı eki buwıng`a ajıratıw mu`mkin: 1 - ssuda kapitalı bazarı ha`m 2 – qımbat bahalı qag`azlar bazarı.

Birinshi bazarda, tiykarınan, ha`r qıylı kreditler beriledi.

Ekinshi bazarda bolsa aktsiya, obligatsiya, veksel, chek, depozit kibiler satıladı.

**6. İnnovatsiya bazarı yaki intellektual bazar** - onda aqılıy miynet jemisi esaplanatug`ın texnikalıq jan`alıqlar, oylap tabıwshılıq ha`m ratsionalizatorlıq usınısları, ilmiy ideyalar, isskustvo ha`m a`debiyat shıg`armaları, ha`r qıylı mag`lıwmatlar aldı – sattı qılınadı ha`m t.b.

**VI. Aylanısqa shıg`arılatug`ın o`nimlerdin` tu`rlerine qarap:**

**1. Ko`tere satıw bazarda** tiykarınan ko`p mug`dardag`ı tovarlardın` aldı - sattısı a`melge asırıladı;

**2. Usaqlap satıw bazarı** ko`tere satıw bazardan parıq qılg`an halda tovarlardı, tiykarınan kem mug`darda satıw a`melge asırıladı ha`m t.b.

Joqarıda keltirip o`tilgen ha`r qıylı tu`rdegi bazarlar bir–biri menen o`z ara baylanıslı ha`m bir–birin tolıqtırg`an halda rawajlanadı. Olar ortasındag`ı ten`salmaqlılıq na`tiyjesinde ekonomikalıq ten`salmaqlılıq ju`zege keledi.

## 4. Bazar infrastrukturası ha`m onın` elementleri

Bazar sharayatında qarıydardın` hu`kimi a`hmiyetli esaplanadı. **Yag`nıy qarıydar o`zine ne kerek ekenligin o`zi belgileydi, tovar onı qanaatlandıradıma yaki qanaatlandırmaydıma?** Biraq sonın` menen birge qarıydar bazardın` uzaq yaki jaqınlıg`ın, og`an jetip barıwı ushın transport qurallarının` qolaylıg`ı, bazardag`ı o`nimlerdin` sıpatı ha`m bahasının` qanaatlandırarlı bolıwı menen qızıg`adı. Bul ma`selenin` bir ta`repi. Ma`selenin` ekinshi ta`repinde bolsa, o`nim islep shıg`arıw ha`m xızmet ko`rsetiwshi tarawlardın` o`zine ta`n talap ha`m qa`siyetleri jatadı. Bul jag`day ta`biyiy esaplanıp, tutınıwshılar menen islep shıg`arıwshı ha`m xızmet ko`rsetiwshiler ortasında keskin qarama - qarsılıqlardı keltirip shıg`aradı. Usınday sharayatta bazar infradu`zilmesi ju`zege keletug`ın ba`rshe qarama - qarsılıqlardı sheshiw, yag`nıy ha`m tutınıwshılardın` talapların qanaatlandırıw, ha`m islep shıg`arıw ha`m sawda ushın qolay sharayat jaratıp beriwden ibarat boladı.

**Xosh, solay eken, bazar infrastrukturası ne?**

«**Bazar qatnasıqların qa`liplestiriw tiyisli ortalıqsız – tovar, pul bazarlarında ha`m miynet resursları bazarında xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler ortasında o`z ara baylanıstın` ta`miynleniwi kerek bolg`an bazar infrastruktura-sız ko`z aldımızg`a keltirip bolmaydı… Bazarg`a o`tiwden aldın bazar infra-strukturasın jaratıw za`ru`r. Finans, bank–kredit sistemaları menen baylanıslı ma`selelerdi sheshiw, qamsızlandırıw, auditorlıq, yuridikalıq ha`m konsalting firmaları ha`mde sho`lkemlerin, birja sistemasın jaratıw za`ru`r**» ([4]. 260–261 betler).

Bazar infradu`zilmesinin` bul ba`rshe elementleri islep shıg`arıwshılardın` sawda – satıq, finans–kredit jumıslarına, sherik tabıwına, miynet ku`shin jallawg`a ko`meklesedi, ma`mlekettin` ekonomikanı ta`rtipke salıwshı ila`jların a`melge asıradı, islep shıg`arıwshılar menen tutınıwshılar ortasında baylanıslar ornatıwg`a ja`rdem beredi. Olardın` ayırımları ma`mleket sistemasındag`ı ka`rxana ha`m sho`lkemler bolsa, qalg`anları g`a`rezsiz sho`lkemlerden ibarat bolıp, ko`rsetilgen xızmeti ushın xaqı aladı.

Bazar infrastrukturasının` tiykarg`ı wazıypaları to`mendegilerden ibarat:

**1. Sanaat o`nimleri boyınsha:** qabıl etiw, ornatıw, jaylastırıw, saqlaw, talapqa muwapıq tutınıw ushın jetkizip beriw;

**2. Awıl xojalıq o`nimleri boyınsha:** qabıl etiw, juwıw, qurıtıw, sortlarg`a ajıratıw, jaylastırıw, ornatıw, konteynerlerge salıw, saqlaw, kerek bolg`anda suwıtıw ha`m tutınıw ushın bir tempte jetkizip beriw;

**3. Barlıq tu`rdegi o`nim ushın:** iri tutınıwshılarg`a jetkizip beriw ushın tovarlardı toplaw yaki kerisinshe, mayda tutınıwshılarg`a talapqa muwapıq jetkizip beriw ushın iri partiyadag`ı tovarlardın` komplektin maydalastırıw;

**4. İsbilermenlik ha`reketin kreditlestiriw**;

**5. İsbilermenlik ta`wekelshiligin qamsızlandırıw**;

**6.Tovar tabıwdı ta`miynlew**;

**7. İsbilermenlerdi dizimnen o`tkiziw**;

**8. Bazar qatnasıwshılarının` ma`plerin xuqıqıy qorg`aw**;

**9. Bazar qatnasıwshılarına konsalting, injiniring, auditor, proekt–smeta xızmetin ko`rsetiw**.

Solay etip, bazar infrastrukturası ha`m onın` elementleri barlıq bazar tu`rlerinin` a`mel qılıwı ha`mde ma`mleketlar ara ekonomikalıq qatnasıqlardı ta`rtipke salıwdı ta`miynleydi.

### Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:

Bazar ekonomikası. Bazar ekonomikasının` tiykarg`ı belgileri. Bazar ekonomika-sında a`mel qılıwshı tiykarg`ı nızamlar, bazar mexanizmi, bazar strukturası, bazar ob`ekti, bazar sub`ekti. Bazardın` wazıypaları: xabar, da`lda`lshılıq, bahalardı qa`liplestiriw, basqarıw, bazar qatnasıqları, bazardın` tu`rleri. Bazar infradu`zilmesi; bazar infradu`zilmesinin` wazıypaları: audit; konsalting; investitsiya; innovatsiya.

### 6.1– tema: O`zbekistan Respublikasında bazar ekonomikasının` qa`liplesiwi
### 1. O`zbekistanda ekonomikalıq reformalardın` za`ru`rligi ha`m olardın` tiykarg`ı sha`rtleri

Bizge ma`lim, XX a`sirdin` aqırında du`n`yanın` rawajlanıwında a`hmiyetli o`zgerisler ju`z berdi. Yag`nıy sabıq sotsialistlik awqamlas respublikalar g`a`rezsiz boldı. Bul jag`day g`a`rezsiz ma`mleketler ortasında ja`miyetlik - ekonomikalıq baylanıslardı ornatıwda ha`m ulıwma olardın` rawajlanıwında bir qansha mashqalalardı ju`zege keltirdi. Bul mashqalalardın` ko`plerin ja`ha`n ko`leminde g`ana sheshiw mu`mkin bolıp qaldı. Bul bolsa o`z na`wbetinde du`n`ya tanımaytug`ın, jan`adan qa`liplestirilgen g`a`rezsiz ma`mleketlerdin` ja`ha`n xojalıg`ına kirip barıwı, solay eken, bul ma`mleket ekonomikasın ja`ha`n talaplarına juwap beretug`ın ta`rizde qa`liplestirip, rawajlandırıwdı za`ru`r etip qoyadı. Bul a`lbette ju`da` quramalı protsess. Sebebi Sabıq Awqam quramında bolg`an ba`rshe respublikalar ekonomikası to`men jag`dayda edi. O`zbekistang`a da basqa g`a`rezsiz ma`mleketlerdey to`men ekonomika miyras bolıp qaldı. Onın` turmısqa jaramlı emesligi, ekonomikalıq sistema ma`mleket mu`lkshiligine tiykar-lang`anlıg`ı, ka`rxanalardın` orayg`a qaramlılıg`ı ha`m ekonomikalıq xuqıqlarg`a iye emesligi, xalıq xojalıg`ı ha`dden tısqarı monopoliyalas-tırılg`anlıg`ı ma`mleket halqının` turmıs da`rejesin ju`da` pa`seytirip jibergen edi. Qısqası, buyrıqpazlıqqa tiykarlang`an ekonomika islep shıg`arıw pa`tlerinin` pa`siyip ketiwine, barg`an sayın ku`sheyip baratıg`an ekonomikalıq krizis, giperinflyatsiya kibi ko`pg`ana ja`miyetke zıyan keltiriwshi ha`diyseler menen sa`wlelenedi. Ulıwma alg`anda O`zbekistan Sabıq Awqam da`wirinde shiyki zat jetkizip beriwshi bazag`a aylanıp qalg`an edi.

Respublika territoriyasındag`ı ka`rxanalardın` ko`pshiligi o`nimdi ishki bazar ushın emes, ba`lki basqa awqamlas respublikalar ushın islep shıg`aratug`ın edi. Tarmaqlarda juwmaqlanbag`an texnologiya protsessine iye islep shıg`arıw sho`lkem-lestirilgen edi. Olar shiyki zattı da`slepki qayta islew ha`m yarım tayar o`nimlerdi shıg`aratug`ın edi. Bul o`nimlerdi arzang`a satıp, basqa respublikalarda olardı tayar o`nim halına keltirilgennen keyin, onı qımbat bahada Respublika ushın satıp alınar edi. Sonın` na`tiyjesinde 1990-jılda O`zbekistannın` respublikalar ara sawda aynalısında keri sawda 3,7 milliard rubldi yaki milliy o`nimnin` 11 protsentin quradı. Bunnan tısqarı, respublikamız neft` ha`m basqa energetika derekleri menen o`z -o`zin ta`miynlew imkaniyatına iye bolsada, shetten 10 million tonnadan artıq neft` satıp alatug`ın edi. Sonın` menen birge halıq ushın za`ru`r bolg`an o`nimler g`a`lle, qant, go`sh, su`t o`nimleri, kartoshka kibilerdi de tiykarınan shetten satıp alınatug`ın edi.

Respublikanın` 2003-jılg`a kelip sırtqı sawda oborotı 6689,2 mln. AQSh dolların quradı. Bul ko`rsetkish 2002-jılg`a salıstırg`anda 2003- jılda 17,3 protsentke ko`beygen. Ulıwma sırtqı sawda oborotının` 31,4 protsenti yaki 2105,4 mln AQSh dollarında G`MA ma`mleketleri u`lesine tuwrı kelgen. Bul ko`rsetkish 2002–2003 jıllar ishinde 15,4 protsentke, uzaqdag`ı shet el ma`mleketleri menen bolsa, 18,2 protsentke ([16]. 14–bet) ko`beygen.

İslep shıg`arıw faktorlarınan na`tiyjeli paydalanbaslıq na`tiyjesinde ma`mleket milliy da`ramatı o`siwi ju`da` to`men edi. Bunnan tısqarı, ko`birek o`nim islep shıg`arıw maqsetinde ta`biyiy resurslardan paydalanıw, respublika tabiyiy resursları ha`m ekologiyalıq ortalıqqa da ju`da` u`lken mug`darda, qaytarıp bolmaytug`ın da`rejede zıyan jetkizildi. Bug`an Aral apatshılıg`ın mısal etip alıwımız mu`mkin.

Joqarıda keltirilgen unamsız aqıbetler na`tiyjesinde respublikamızg`a g`a`rez-sizlikke iye bolg`an waqıtta to`men rawajlang`an ekonomika Sabıq Awqamnan miyras bolıp qalg`an edi.

Bul kibi jag`day tek g`ana bizde emes, basqa respublikalarda da gu`zetildi. Sonın` ushın, Awqam tarqalıp ketkennen keyin, awqamdag`ı respublikalar basshıları ha`r bir respublika ushın bazar ekonomikasına o`tiwdin` ayırıqsha proektlerin islep shıg`ıwdı usınıs qılg`anlar. O`zbekistanda da bazar qatnasıqlarınan ken` paydalanıw jolı menen ekonomikanı turaqlastrıw respublika da`stu`ri islep shıg`ıldı.

Bul da`stur bazar ekonomikasına o`tiw bul ja`miyetlik islep shıg`arıw, respublika xalıq xojalıg`ının` na`tiyjeliligin asırıwdın` a`hmiyetli quralı bolıp, halıqtın` turmıs da`rejesin

ko`teriw, olardın` sotsiallıq ja`rdemge mu`ta`j qatlamların ma`mleket-lik qorg`awın ta`miynlew, respublika siyasiy ha`m ekonomikalıq g`a`rezsizligine erisiwge tiykar jaratatug`ın birden-bir jol edi.

### 2. Respublikada bazar reformaların a`melge asırıw ha`m onın` tiykarg`ı bag`darları

Joqarıda aytıp o`tkenimizdey, Sabıq Awqam tarqalg`annan keyin, g`a`rezsizlikke erisken respublikalar bazar ekonomikasına o`tiw jolın tan`ladı. Biraq bul wazıypanı ba`rshe birdey, yag`nıy bir joybar tiykarında alıp bara almas edi. Sebebi ba`rshe respublikalar ekonomikasının` rawajlanıw da`rejesi ha`m quramı ha`r qıylı edi.

Sonın` ushın O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov: «**Sotsiallıq bag`darlan-g`an bazar ekonomikasın qurıwda respublikanın` o`zine ta`n qa`siyetlerin esapqa alatug`ın, O`zbekistannın` keshegi, ha`zirgi ku`ni ha`m kelesi rawajlanıwına tolıq mas keletug`ın absolyut jan`a standartları, o`zine ta`n jol za`ru`r**» degen ([4]. 72 bet) edi.

Usıg`an tiykar rejeli – oraylasqan ekonomikadan bazar sisteması, yag`nıy ulıwma jan`a sharayatlarda islep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriw formaları ta`repine respublikamız o`z sha`rt - sharayatların esapqa alg`an halda da`slepki qa`demlerdi qoydı. Bul qa`demler «**sekiriw**» yaki «**shok usılı**» jolı menen emes, ba`lki tınısh, maqsetke bag`darlang`an ha`reketler menen adımladı. Bugin O`zbekistannın` tarixıy, milliy ha`m ma`deniy qa`siyetleri esapqa alındı. Sebebi, ma`nisine ko`re «shok usılı» menen dawalaw ekonomikalıq revolyutsiyanın` forması esaplanadı. Bizde bolsa, bizin` ekonomikalıq rawajlanıw da`rejemizdi, halıqtın` quramı ha`m turmıs da`rejesin esapqa alg`an halda bul joldı qollap bolmas edi. Usıg`an tiykarlanıp Prezidentimiz bir qansha ma`mleketlerge barıp, olardın` ta`jriybelerin u`yrenip, bazar qatnasıqlarına o`tiwdin` o`zine ta`n jolın islep shıqtı. Bul haqqında İ.A.Karimov to`mendegilerdi aytıp o`tedi: «**Biz basqa ma`mleketlerdin` rawajlanıw protsessinde toplag`an ha`m respublika sharayatında engiziwge bolatug`ın ba`rshe unamlı ta`jriybelerden paydalanıw imkaniyatın biykarla-maymız. Ha`zirgi waqıtta birer bir standarttan, ha`tteki ol belgili bir ma`mlekette unamlı na`tiyjelerge alıp kelgen bolsa da, olardan nusha ko`shiriw ulıwma jaramaydı. Sonısı anıq ra`wshan, belgili qural ha`m usıllar qaysı ma`mleket ushın bag`darlang`an bolsa, olar usı ma`mleketke ta`n bolg`an belgili sharayatlarda g`ana unamlı na`tiyje beriwi mu`mkin**» ([4].87-88 betler).

Respublikada ekonomikalıq reformalardı a`melge asırıwdın` tiykarg`ı bag`dar-ları to`mendegilerden ibarat:

1. Mu`lkiy qatnasıqlardı reformalaw;
2. Agrar reformalar;
3. Finans-kredit ha`m baha siyasatı;
4. Basqarıw sistemasın reformalaw ha`m bazar infractrukturasın jaratıw;
5. Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar reforması;
6. Ja`miyetlik reformalar.

Ekonomikalıq reformalardın` bul tiykarg`ı bag`darları İ.A.Karimovtın` «**O`zbek-istan ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw jolında**» kitabında bayan etildi.

O`zbekistannın` bazar qatnasıqlarına o`tiwinin` o`zine ta`nligi ha`m jan`a ta`biyatı, onın` finanslıq qa`siyetlerinde, logikalıq o`z ara baylanısqan ma`mlekettin` bazar qatnasıqlarına o`tiwi Prezident İ.A.Karimov ta`repinen islep shıg`ılg`an bes printsipte o`z sa`wleleniwin tapqan.

Bul printsipler to`mendegiler:

**Birinshiden, ekonomikanı ideologiyadan azat etiw.** Ekonomikadan u`stin turıwı, onın` ishki mazmunın qurawı lazım.

**Ekinshiden, quramalı o`tiw da`wirinde ma`mlekettin` o`zi bas reformator bolıwı za`rur.** Ma`mleket pu`tkil xalıqtın` ma`plerin go`zlep, reformalar protsessinin` baslawshısı bolıwı, ekonomikalıq rawajlanıwdın` jetekshi bag`darların belgilew, ekonomikada, ja`miyetlik tarawda ha`m suveren ma`mleketimizdin` ja`miyetlik – siyasiy o`mirinde tu`p o`zgerislerdi a`melge asırıw siyasatın islep shıg`ıwı ha`m izshil a`melge asırıwı kerek.

**U`shinshiden, pu`tkil jan`alanıw ha`m rawajlanıw protsessi nızamlarg`a tiy-karlanıwı kerek.** Ekonomikalıq o`zgerisler sınalg`an a`meliy ku`shke iye bolg`an nızamlarg`a tayang`anda g`ana bul o`zgerisler sezilerli na`tiyjeler beriwi mu`mkin.

**To`rtinshiden, demografiya tarawındag`ı real jag`daydı, halıqtın` real turmıs da`rejesin esapqa alg`an halda bazar qatnasıqlarına o`tiw menen bir qatarda adamlardı sotsiallıq qorg`aw tarawında ku`shli ila`jlardı aldınnan a`melge asırıw kerek.** Sotsiallıq qorg`aw ha`m kepilliklerdin` kushli, ta`sirshen` mexanizmi a`mel qılg`anda g`ana ja`miyetlik–siyasiy turaqlılıqtı saqlag`an halda bazar ekonomikasına qaray tınımsız rawajlanıp barıwdı ta`miynlew mu`mkin.

**Besinshiden, jan`a ekonomikalıq, bazar qatnasıqların puxta oylap, basqıshpa - basqısh qarar taptırıw lazım….** Sonın` menen birge bazarg`a basqıshpa – basqısh o`tiw printsipi ayırıqsha itibarg`a ılayıq. Bul jetekshi printsiplerden biri. Ol ekonomikalıq reformalardın` pu`tkil ishki logokasın, rawajlanıp barıwı ha`m xarakterin belgilep beredi ([6]. 10–11 betlar), degen.

Solay etip, reformalardın` ba`rshe bag`darları ha`m bazar qatnasıqlarına o`tiw printsipleri bar ekonomikalıq sistemanın` izshillik penen bazar ekonomikasına o`tiwge qaratılg`anlıg`ı menen sa`wlelenedi.

### 3. Bazar qatnasıqlarına o`tiw protsessinde makroekonomikalıq turaqlılıqqa erisiw wazıypaları

Respublikada bazar qatnasıqlarına o`tiw da`wirinde ekonomika aldında bir qansha wazıypalar turadı. Bular:

- menshiklestiriw ha`m ba`seki ortalıg`ın jaratıw protsesslerin teren`lestiriw;
- makroekonomikalıq turaqlılıqqa erisiw;
- milliy valyutanı bekkemlew;
- ekonomika stukturalıq du`zilisin tu`pten o`zgertiw;
- sotsiallıq kepilliklerdi jaratıw, yag`nıy kushli ja`miyetlik siyasat ju`rgiziw na`tiyjesinde kushli demokratiyalıq ma`mleketti qa`liplestiriw.

Bul wazıypalardı orınlawdın` teoriyalıq ha`m a`meliy tiykarların Prezidentimiz İ.Karimovtın` «**O`zbekistan ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw jolında**» kitabında sa`wlelendirip berilgen.

Bazar qatnasıqlarına o`tiw da`wirinde ma`mleket mu`lkin menshiklestiriw na`tiyje-sinde eki tiykarg`ı wazıypa sheshiledi. **Birinshiden**, ma`mleket ıqtıyarındag`ı mu`lk o`zinin` xaqıqıy iyelerinin` qolına tapsırıladı. **Ekinshiden,** ko`p ukladlı ekonomika ha`m ba`seke ortalıg`ın ju`zege keltiriledi.

Ekonomikanı turaqlastırıw bazar qatnasıqların qa`liplestiriw jolındag`ı quramalı protsess. Ol en` aldı menen qıtshılıq jag`dayın saplastırıwg`a qaratıladı. Qıtshılıq jag`dayı kriziske ushırawdın` aldın alıw ushın islep shıg`arıw na`tiyjeliligin asırıw, o`nim ha`m xızmetlerdin` sıpatın jaqsılaw, olardın` tu`rlerin jetilistiriw, ha`mde ba`sekige shıdamlı bolıwıg`a alıp keledi. Bul jag`day bazarda talap ha`m usınıstın` ten`salmaqlılıqta bolıwın ta`miynleydi. Turaqlılıq bolsa ken` ma`niste muwapıqlastırıw degendi an`latadı, yag`nıy makroekonomikalıq ten`salmaqlı-lıqtı ornatıw degendi an`latadı. Bul bolsa o`z na`wbetinde islep shıg`arıwdın` birden pa`seyiwin, massalıq jumıssızlıqtı, inflyatsiyanın` aldın alıwg`a imkan beredi.

Turaqlılıqqa to`mendegi jollar menen jantasıw mu`mkin:

**Birinshiden,** monetar jantasıw: ol puldın` qa`dirsizleniw da`rejesin pa`seytirip turadı ha`m pul aylanısın turaqlastıradı.

**Ekinshiden,** islep shıg`arıw ha`m isbilermenlik xızmetin xoshametlep, ekonomikalıq turaqsızlılıqtı saplastırıwg`a ha`reket qıladı.

Bul jantasıwlar negizinde ekonomikalıq turaqlılıqqa erisiwdin` tiykarg`ı miyzanları to`mendegiler:

1. İslep shıg`arıw koleminin` qısqarıwına jol qoymaw;
2. A`hmiyetli tarmaqlarda islep shıg`arıwdı jetilistiriw ushın qolay sharayatlardı jaratıw;

3. Ma`mleket byudjeti ha`m ka`rxanalardın` finanslıq jag`dayın jaqsılaw;
4. Puldın` qa`dirsizleniwin toqtatıw;
5. To`lew balansı ha`m ma`mleket valyuta rezervlerinin` jag`dayın jaqsılaw;
6. Muwapıqlastırılg`an ja`miyetlik siyasat tiykarında halıqtın` turmıs da`rejesin jaqsılaw.

Solay etip, Respublikada ekonomikalıq reformalardı a`melge asırıw ekonomikada jan`a bazar qatnasıqlarına tiykar saladı, ekonomikalıq iskerlik erkinligi ha`m isbilermenlikti ko`rsetiw ushın sharayat jaratıp beredi ha`m ja`miyetlik - ruwxıy tarawdag`ı ja`miyetlik kepilliklerdi bekkemleydi.

**Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:**

O`tiw da`wiri; bazar reformaları; ekonomikalıq reformalar; ekonomikalıq uklad; ekonomikanı erkinlestiriw; reformalar kontseptsiyası; ekonomikanı turaqlastırıw

## II – Bo`lim. Mikroekonomika

## 7– tema: Talap ha`m usınıs nızamı

### 1. Talap tu`sinigi ha`m talap nızamı

Bizge belgili, adamlar o`miri dawamında ha`r dayım bir na`rsege iye bolıwdı qa`leydi. Adamlardın` jasawı ha`m kamal tabıwı ushın kerek bolatug`ın turmıslıq qurallarg`a bolg`an za`ru`riyatı mu`ta`jlik esaplanadı. İnsan ha`r dayım o`zine za`ru`r bolg`an na`rselerdi satıp alıp, mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a ha`reket qıladı. Biraq mu`ta`jlikti qay da`rejede qanaatlandırılıwı onın` belgili tovarg`a bolg`an talabı menen belgilenedi. Biraq ol adamnın` da`ramatına, onın` satıp alıw qa`biletine baylanıslı. Demek talap - bul pul menen ta`miynlengen mu`ta`jlik, mu`ta`jliktin` tek g`ana pul menen ta`miynlegen bo`legi talap boladı, qalg`anı bolsa «qa`lew» bolıp qala beredi. Sonnan kelip shıg`ıp talapqa to`mendegishe ta`riyp beremiz.

**Talap** - bul tutınıwshının` belgili jerde ha`m belgili waqıtta tovar yaki xızmet satıp alıw imkaniyatı.

Basqasha qılıp aytsaq, talap qarıydar qaltasındag`ı pulına baylanıslı boladı.

Talaplar xa`r qıylı bolıp, birdey tovar yaki xızmetlerge bolg`an talaptın` eki tu`ri bar:

a) **jeke talap** - bul ayırıqsha alıng`an shaxs, shan`araq, ka`rxana yaki firmanın` tovardın` usı tu`rine bolg`an talabı;

b) **bazar talabı** - bul bir qansha, yag`nıy ko`pshilik tutınıwshılardın` usı tu`rdegi tovar yaki xızmetke bolg`an talaplar jıyındısı. Talap mug`darı ha`r dayım birdey bolmaydı, ol bir qansha faktorlar ta`siri astında o`zgerip turadı. Talapqa ta`sir etiwshi faktorlardın` en` ta`sirshen`i bul baha. Baha ha`m satıp alınatug`ın tovarlar mug`darı ortasındag`ı bolatug`ın baylanıslılıqtı to`mendegi tablitsa mag`lıwmatları tiykarında ko`rip shıg`amız:

1-tablitsa

| Tovar birliginin` bahası (swm) | Talap mug`darı (dana) |
|---|---|
| 5000 | 10000 |
| 4000 | 20000 |
| 3000 | 30000 |
| 2000 | 40000 |
| 1000 | 50000 |

Tablitsadan ko`rinip turıptı, tovar birliginin` bahası qanshelli to`men bolsa, tutınıwshılardın` satıp alıw quwatı, yag`nıy satıp alıwı mu`mkin bolg`an tovar mug`darı sonshelli ko`p boladı ha`m kerisinshe.

Talap nızamının` o`zine ta`n qa`siyeti sonnan ibarat, tovar bahası menen satıp alınıp atırg`an tovar mug`darı ortasında keri baylanıs bar.




1 - suwret. Talap qıya sızıg`ı

bul jerde: **OP** - tovarlar bahası. **OQ** - tovarlar mug`darı. **D** - tovar talabı.

Tovar bahası menen tovar mug`darı ortasındag`ı baylanıs tovar qıya sızıg`ı deyiledi ha`m ol talap nızamın sa`wlelendiredi.

Talap mug`darına joqarıda aytıp o`tilgenindey, bahadan tısqarı basqa bir neshe faktor ta`sir etedi. Bular:

**1. Tutınıwshılardın` diydi ha`m a`detlerinin` o`zgeriwi.** Ol tiykarınan rekla-manın` yaki modanın` o`zgeriwi na`tiyjesinde ju`z beredi.

**2. Bir-birinin` ornın basıwshı tovarlar. Ma`selen:** eki qıylı bir tu`rdegi tovar bir qıylı talaptı qanaatlandırıwı mu`mkin. Bul tovarlardın` birinin` bahasının` o`zgeriwi, ekinshisine bolg`an talaptı o`zgertedi.

**3. Tolıqtırıwshı tovarlar bahalarının` o`zgeriwi. Ma`selen:** ko`p tu`rdegi tovarlar birgelikte satıp alınadı. Ayaq kiyim bahasının` o`siwi og`an bolg`an talaptı to`menletedi, sonın menen ayaq kiyim mayına bolg`an talap ta pa`seyedi.

**4. Tovar paydalılıg`ının` o`zgeriwi. Ma`selen:** palız miywelerdin` ma`wsimge qarap, den sawlıq ushın payda ekenligi haqqındag`ı mag`lıwmat og`an bolg`an talaptı asıradı.

**5. A`tirap–ortalıqtag`ı o`zgerisler. Ma`selen:** eger hawa ısıp ketse, salqın ishimlikler ha`m muzqaymaqqa bolg`an talap asadı ha`m kerisinshe.

**6. Halıq da`ramatlarının` o`zgeriwi,** yag`nıy halıq da`ramatlarının` asıwı, olardın` satıp alıw quwatın asıradı, bul bolsa tovarlarg`a bolg`an talaptı asıradı.

**7. Halıq sanının` o`siwi. Ma`selen:** halıqtın` tuwılıw da`rejesinin` o`siwi na`tiyjesinde akusherlik xızmeti, mektepke shekemgi ta`rbiya, mektep ta`rbiyası kibi xızmetlerge, balalar ushın kerekli o`nimlerge talap asadı.

Bahadan tısqarı talapqa ta`sir etiwshi faktorlardın` ba`rshesi talaptı on` yaki shep ta`repke jılısıwına alıp keledi, yag`nıy baha o`zgeriwi talap mug`darın o`zgertirse, sızılmada bul o`zgeris talap qıya sızıg`ı boylap gu`zetiledi, bunda ha`r bir bahag`a ta`n ra`wishte o`nim mug`darı da o`zgeredi.

Sızılmada bul to`mendegishe sa`wlelenedi:




2 - suwret. Talap qıya sızıg`ının` bahadan tısqarı faktorlar ta`sirinde o`zgeriwi.

Talaptın` **$D_1$** yaki **$D_2$** ta`repine o`zgeriwi joqarıda keltirilgen, yag`nıy bahag`a baylanıslı bolmag`an faktorlar na`ntiyjesi.

Talap **D** sızıg`ı boyınsha o`zriwine talap mug`darının` o`zgiriwin ha`m sonın` menen birge talap nızamın sa`wlelendiredi. Talaptın` **D** sızıg`ı boyınsha o`zgeriwi talap elastikligi deyiledi.

## 2. Usınıs tu`sinigi ha`m usınıs nızamı

Bazardag`ı tovarlardın` bahası tek g`ana talapqa baylanıslı bolmay, ba`lki bazardag`ı o`nimler mug`darına da tuwradan tuwrı baylanıslı. Yag`nıy bazarg`a usınılıp atırılg`an o`nimler mug`darı qansha ko`p bolsa, olardın` bahası sonsha tomen boladı ha`m kerisinshe.

Bazarg`a satıw maqsetinde keltirilgen yaki keltiriliwi anıq bolg`an tovarlar mug`darına usınıs deyiledi. O`nim bahasının` o`zgeriwi menen bazarg`a usınıs qılınıp atırg`an tovarlar mug`darı da o`zgeredi.

Usınıstın` bahag`a qarata o`zgerip turıwın to`mendegi tablitsada ko`riw mu`mkin.

2 – tablitsa

| Tovar birliginin` bahası (swm) | Talap mug`darı (dana) |
|---|---|
| 5000 | 50000 |
| 4000 | 40000 |
| 3000 | 30000 |
| 2000 | 20000 |
| 1000 | 10000 |

Tablitsada ko`rinip turg`anınday, o`nimge qoyılg`an baha qanshelli joqarı bolsa, bazarg`a keltirilip atırg`an o`nimler mug`darı sonshelli ko`p boladı. Bul - o`nimnin` bahası menen onın` mug`darı ortasında tuwrı baylanıs barlıg`ınan da`lalat beredi. Bul baylanıstı grafik ko`rinisinde sa`wlelendiremiz:




3 - suwret. Usınıs qıya sızıg`ı.

Bul jerde: **OP** - tovarlar bahası. **OQ** - tovarlar mug`darı. **S** - bazardag`ı usınıs.

Grafikdagi **S** sızıg`ı usınıs qıya sızıg`ı deyiledi ha`m usınıs nızamın sa`wlelendiredi. Sızılmada ko`rsetilegnindey, usınıs ko`leminin` o`zgeriwi tovar bahasına tuwrı baylanıslı. S qıya sızıg`ı boyınsha usınıs ko`leminin` bahag`a qarata o`zgeriwi usınıs elastikligi deyiledi. Usınıs ta talapqa uqsap tek g`ana bahag`a baylanıslı emes. Usınıstın` o`zgeriwine baxadan tısqarı ja`ne ko`pg`ana faktorlar ta`sir qıladı, olar to`mendegiler:

**1. Resurslar bahasının` o`zgeriwi.** Bizge ma`lim o`nimnin` bahası tuwrıdan tuwrı resurslardın` bahasına baylanıslı. Resurslar bahası assa, o`nim bahası da asadı. Na`tiyjede usınıs qılınıp atırg`an o`nim ko`lemi kemeyedi ha`m kerisinshe islep shıg`arıw qarejetlerinin` kemeyiwi islep shıg`arıw ko`lemin asıradı ha`m sonın` menen birge, o`nim usınısı da asadı.

**2. Texnologiyanın` o`zgeriwi.** Jan`a texnologiyanın` engiziliwi resurslardan na`tiyjeli paydalanıw ha`m sonın` menen birge ko`birek o`nim islep shıg`arıwg`a alıp keledi. Demek, usınıs ko`beyedi.

**3. Salıq ha`m dotatsiya mug`darı.** Olardın` asıwı yaki kemeyiwi usınıstın` o`zgeriwine alıp keledi.

**4. Orınbasar tovarlar bahasının` o`zgeriwi. Ma`selen**: «**Sosa-sola**» yaki «**Fanta**»nın` bahasının` asıwı basqa usıg`an uqsas ishimlikler usınısın ko`beytiredi ha`m kerisinshe.

**5. Baha o`zgeriwinin` ku`tiliwi. Ma`selen:** keleshekte birar bir o`nim bahası o`zgeriwinin` kutiliwi onın` usınısın da o`zgertiredi.

**6. Satıwshılar sanı o`zgerse** ha`m t.b.

Joqarıda sanap o`tilgen faktorlar usınıs ko`lemin emes, ba`lki usınıstın` o`zgeriwin sa`wlelendiredi. Sızılmada bunı to`mendegishe sa`wlelendiriwimiz mu`mkin:

Usınıstın` **$S_1$** yaki **$S_2$** ta`repine o`zgeriwi bahag`a baylanıslı bolmag`an faktorlar na`tiyjesi. Bahag`a qarata usınıs tek g`ana **S** sızıg`ı boyınsha gu`zetiledi ha`m bunda joqarıda aytıp o`tkenimizdey usınıs ko`lemi o`zgeredi.




4 - suwret. Usınıs qıya sızıg`ının` bahadan tısqarı faktorlar ta`sirinde o`zgeriwi.

### 3. Bazardag`ı tensalmaqlı baha.

Talap ha`m usınıs qıya sızıg`ı bizge tu`rli bahalarda qarıydarlar qansha tovar satıp alıwın, satıwshı bolsa qansha tovardı bazarg`a keltire alıwı haqqında mag`lıwmat beredi. Bazar mexanizmine bolsa turaqlılıq ta`n. Sonın` ushın talap ha`m usınıs bir–birine mas, yag`nıy muwapıq bolıwı kerek. Sebebi turaqsızlıq jag`dayları tek g`ana bazardın` iskerligine g`ana emes, ba`lki pu`tkil ekonomika rawajına keri ta`sir o`tkizedi. **Ma`selen,** tovardın` usınısı og`an bolg`an qarıydar talabınan astı dep paraz qılayıq. **Birinshiden** bunday qatnas tovar molshılıg`ı na`tiyjesinde og`an bolg`an talap kemeyedi yaki tovarlar usınısı kemeyse bahalardın` biyta`rtip o`siwine, tovar sıpatının` pa`seyiwine, qandırılmag`an talap ha`m pul qıtshılıg`ına alıp keliwi mu`mkin.

**Ekinshi ta`repten** talap usınıstan asıp ketiwi mu`mkin. Bunda tovar qıtshılıg`ı ju`zege keledi. Adamlar qolında isletilmegen pullar mug`darı ko`beyip ketadi. Bul bolsa o`z na`wbetinde inflyatsiyanı keltirip shıg`aradı.

Demek, ekonomikada ju`z bolatug`ın bunday keri jag`daylardın` aldın alıw ushın talap mug`darı menen usınıs mug`darın muwapıqlastırıp turıw kerek.

Talap penen usınıs sa`ykesliligi bazarg`a qansha o`nim kerek ekenligin ha`m ol qanday bahada satılg`anda xaqıqıy aldı-sattı ju`z beriliwin sa`wlelendiredi. Bunı anıqlaw ushın talap ha`m usınıs qıya sızıqların birlestiriw lazım.

Bunın` ushın joqarıdag`ı eki tablitsanı salıstırmalı analiz etemiz. Eger bir birlik o`nim 5000 swmnan satılsa, qarıydar 10000 birlik o`nim satıp alıwı mu`mkin. İslep shıg`arıwshı bolsa bul bahada 50000 o`nim usınıs etedi. Demek, 40000 o`nim qarıydar ta`repinen talap qılınbay qaladı. Eger o`nimnin` bir birligi 1000 swmnan satılsa qarıydar 50000 birlik satıp alıw imkaniyatına iye boladı. Biraq bul jag`day islep shıg`arıwshını qanaatlandırmaydı, yag`nıy ol bul

bahada tek g`ana 10000 birlik o`nim islep shıg`ara aladı. Demek, 40000 birlik o`nim islep shıg`arılmaydı, yag`nıy o`nim qıtshılıg`ı ju`z beredi. Usı ta`rizde analizdi dawam ettirip barsaq, o`nim 3000 swmdan satılg`anda, qarıydar talabı menen islep shıg`arıwshı usınısı bir-birine mas keliwi gu`zetiledi. Talap penen usınıstın` mas keliwi bazar ten`salmaqlıg`ı deyiladi ha`m bundag`ı baha ten`salmaqlı bahanı beredi. Sızılmada bul jag`day to`mendegishe sa`wlelenedi:




5 - su`wret. Ten`salmaqlı bahanın` qa`liplesiwi.

Bul jerde: **D** - talap. **S** - usınıs. **E** – ten`salmaqlı baha.

Yag`nıy talap ha`m usınıs qıya sızıqları kesilisken tochkada ten`salmaqlı baha ju`zege keledi. Bizin` sızılmada ol **E** tochkasında jatadı. Demek, ten`salmaklı bahanın` ornatılıwı ushın, **birinshiden** - qarıydarlar satıp alıwı mu`mkin bolg`an tovarlar mug`darı usınıs mug`darına mas keliwi kerek, **ekinshiden**, baha ha`m tovar mug`darı o`zgermesligi kerek, biraq talap ha`m usınıs ha`r dayım sub`ektiv ha`m ob`ektiv sebeplerge ko`re o`zgerip turadı.

Joqarıda keltirip o`tkenimizdey, talap ha`m usınıstın` bahag`a qarata o`zgeriwi olardın` elastikligi deyiladi. Elastiklik tu`sinigi talap ha`m usınıs dinamikasın belgilep beretug`ın tiykarg`ı faktorlardın` o`zgeriwine bazardın` maslasıp barıwı protsessin an`satraq an`lap alıwımızg`a ja`rdem beredi. Ha`r qıylı tovarlarg`a bolg`an talap ha`m usınıs bahalardın` o`zgeriwine qarap ha`r qıylı boladı. **Ma`selen,** birinshi da`rejeli o`nimlerge bolg`an talap ha`m usınıs bahalar asıwı aqıbetinde de o`zgermewi mu`mkin (nan, may, qant, kartoshka)

Biraq orınbasar tovarlarg`a bolg`an talap o`zgeredi. Ekinshi da`rejeli tovarlar bahasının` asıwı bolsa ko`binese olarg`a bolg`an talaptın` pa`seyiwine sebep boladı. Baha 1 protsentke o`zgergende talap neshe protsentke o`zgeriwin ko`rsetiwshi ko`rsetkish talaptın` bahag`a qarata elastikligi koeffitsienti deyiledi ha`m to`mendegishe sa`wlelendiriledi:

$$E_D = \frac{\textbf{Talap mug`darının` protsentli o`zgeriwi}}{\textbf{Bahalardın` protsentli o`zgeriwi}}$$

Usınday ta`rizde usınıs elastikligin de anıqlaw mu`mkin, yag`nıy

$$E_S = \frac{\textbf{Usınıs mug`darının` protsentli o`zgeriwi}}{\textbf{Bahalardın` protsentli o`zgeriwi}}$$

**Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler:**

Talap tu`sinigi, talap qıya sızıg`ı, talap nızamı. Talap mug`darına ta`sir etiwshi faktorlar. Usınıs tu`sinigi, usınıs qıya sızıg`ı, usınıs nızamı. Usınıs mug`darına ta`sir etiwshi faktorlar. Bazar ten`salmaqlıg`ı. Ten`salmaqlı baha. Talap elastikligi. Usınıs elastikligi.

## 8– tema: Ba`seki ha`m onın` tu`rleri

### 1. Ba`sekinin` a`hmiyeti, ekonmikalıq tiykarları ha`m tu`rleri

Ba`seki gu`resinin` a`hmiyeti sonsheli joqarı, olsız bazardı ta`sewir etip bolmaydı, sebebi ol bazar ekonomikasının` mazmunına aylanıp ketken. Ba`seki ulıwma insanıy kategoriya bolıp, sotsial protsessler qatnasshıları ortasındag`ı ko`birek paydag`a erisiw ushın bolatug`ın gu`resti an`latadı.

Ba`seki qatnasıwshılarının` sotsial ekonomikalıq statusı birdey emes, sol sebepli olardın` tuwrıdan - tuwrı maqseti de o`zgeshelenedi. İsbilermennin` maqseti ko`birek payda ko`riw, isshinin` jaqsı is haqı alıw, bankir bolsa ko`birek protsent alıw, jer iyesi bolsa jerden ko`birek da`ramat alıw esaplanadı. Ba`seki bul tek g`ana individual ma`p g`ana emes, ba`lki ja`ma`a`ttin` birgeliktegi ma`pin ko`zleydi. Ba`seki xojalıqtın` ba`rshe tarawında ha`reket etip, onda ekonomikalıq isker adamlar qatnasadı. Ba`sekinin` ku`shi bazar xojalıg`ının` rawajlanıwına qaray artıp baradı. Tariyxiy ta`jriybe sonı ko`rsetedi, qaysı ja`miyette ba`seki muna`sip orın iyelese, sol jerde islep shıg`arıwshı ku`shler tez rawajlanadı, islep shıg`arıw qatnasıqları olarg`a mas halda jetilisip baradı ha`m ja`miyet ag`zalarının` turmıs da`rejesi joqarı boladı. Ekonomikalıq ba`sekinin` tiykarın jekeleniw payda etedi. Sebebi ha`r bir mu`lk iyesinin` o`z ma`pi bar. Onın` ba`rshe xızmeti o`z ma`pine boysıng`an boladı. Usı ma`niste ba`seki islep shıg`arıw sub`ektlerinin` toqnasıwınan ibarat.

Ba`seki en` da`slep isbilermenlikke sa`ykes, ol investitsiyanın` ishki ta`biyatın sa`wlelendiredi. Ba`sekide qolı ba`lent keliwinin` ja`ne bir sha`rti ta`jriybeli ha`m o`te joqarı ta`jriybeli isshiler ha`m qa`niygelerge iye bolıwı esaplanadı. Sol sebepli firmalar miynet bazarında qarıydar sıpatında ba`sekilesiw menen sheklenbey o`z qolındag`ı isshiler ta`jriybesin asırıwg`a, olardı jan`a ka`sipke u`yretiwge de qarjı sarplaydı. Bunda olar insan kapitalına puldı sarplawdı en` qolaylı jaylastırıw dep qaraydı. İnsan faktorın tolıq iske salıw esabınan xalıq aralıq bazardag`ı ba`sekide ha`m jen`ip utıp shıg`ıw mu`mkin. Ba`seki gu`resi to`mendegi parametrler boyınsha tu`rlenedi:

**1. Ba`seki gu`resi ha`reket etiwi, a`mel qılıwı, ko`lemi ha`m xarakterine qaray to`mendegilerge bo`linedi:**

1. Materiallıq texnika tarawında sapalı shiyki zat, jan`a texnologiya, jeti-lisken islep shıg`arıw quralları ushın bolatug`ın ba`seki gu`resi.

2. Transport - geografiyalıq tarawg`a iye bolıw ushın alıp barılatug`ın ba`seki gu`resi, sonın` ishinde, firmanın` bazarg`a, transport tarawlarına, resurslarg`a, jaqsı orıng`a iye bolıw ushın alıp barılatug`ın ba`seki gu`resi.

3. Kadrlar tarawında ta`jriybeli qa`niygelerge iye bolıw ushın alıp barılatu-g`ın ba`seki gu`resi.

4. Jan`a tovarlar islep shıg`arıw ushın bolatug`ın ba`seki gu`resi.

5. Ulıwma taraw, o`nimdi satıw ushın, tutınıwshı ushın bolatug`ın ba`seki gu`resi.

**2. Ba`seki gu`resi ha`reket etiw shen`derine qaray to`mendegishe boladı:**

**1. Taraw ishindegi ba`seki gu`resi.** Bunda bir tu`rdegi tovarlardı jaqsı sharayatta satıw ha`m bazardın` u`lken bo`legine iye bolıw maqsetinde de gu`res alıp barıladı.

**2. Tarawlar ara ba`seki gu`resi. Birinshiden:** kapitaldı kerekli tarawlarg`a jumsaw maqsetinde alıp barılatug`ın ba`seki gu`resi bolsa, **ekinshiden:** ha`r qıylı tarawlarda islep shıg`arıw bir tu`rdegi o`nimdi satıw ushın alıp barılatug`ın ba`seki gu`resi esaplanadı.

**3. Ba`seki a`mel kılıw shen`berine qarap ekige bo`linedi:**

1. Bahalar ja`rdeminde alıp barılatug`ın ba`seki.

2. Bahasız ba`seki gu`reslerine ajıratıladı.

Bazar ekonomikası sharayatında «hadal emes» ba`seki tu`ri de bar. Bunday ba`seki gu`resine ekonomikalıq ayg`aqshılıq, firma belgisinen nızamsız paydalanıw, shantaj, reket, korruptsiya, ekonomikalıq jınayatshılıqlardı kiritiw mu`mkin.

Bazar ekonomikası sharayatında bazar du`zilisin sa`wlelendiretug`ın to`rt tu`rli ba`seki gu`resi ha`reket etedi:

1. Jetilisken yaki jetilispegen ba`seki gu`resi.

2. Jetilispegen (monopol) ba`seki gu`resi.

3. Oligopoliya.

4. Sap monopoliya.

**1. Jetilisken ha`m jetilispegen ba`seki.**

Ba`seki turli ekonomikalıq sharayatta ju`zege keledi. Bul sharayat firmalar sanı, o`nim tu`ri, bahalar u`stinen qadag`alaw, ha`r tu`rli tarawlardı monopollasıw da`rejesi bahasız ba`sekinin` barlıg`ı yamasa joqlıg`ı, informatsiya imkaniyatlarının` ha`r qıylılıg`ın bildiredi.

Bul real turmısta bazar sistemasında ha`r qıylı bolıp, onın` ba`sekige ta`sir etiwin ko`rsetedi. Bazar sistemaları jetilisken yaki jetilispegen ba`seki dep atalg`an eki tu`rge bo`linedi, sog`an qaray ba`seki de o`zgeshelenedi.

Jetilisken ba`seki degende sonday ba`sekilesiw sharayatları tu`siniledi, onda birdey o`nim islep shıg`aratug`ın ko`plep mayda ha`m orta ka`rxanalar bar, olardın` gu`res shen`beri ken`, ja`ne sol tarawg`a kiriw ha`m onnan shıg`ıw ha`mde informatsiya alıw erkin-ligi kepilikke alınadı. Jetilisken ba`sekige mısalı etip sap ba`seki sistemasın alıwımız mu`mkin. Sap ba`seki sistemasının` tiykarg`ı qa`siyeti sonnan ibarat, bazarda o`z o`nimin usınıs etetug`ın bir–birinen g`a`rezsiz is ko`retug`ın (ha`reket etetug`ın) ko`p sanlı satıwshılar bar boladı. Bul sistemanın` ja`ne bir o`zgesheligi ba`sekilesiwshi firmalardın` bir turdegi o`nim islep shıg`arıwı esaplanadı. Jetilisken ba`sekili bazarda baha, talap ha`m usınıs tiykarında jetilisedi ha`m sonın` menen ba`rshe satıwshılar menen esaplasıwına ma`jbu`r boladı. Satıwshılardan ha`r birinin` bazarg`a shıg`arg`an tovardag`ı u`lesi kem bolmag`anlıg`ı ushın olar bazar bahasına ta`sir ko`rsete almaydı ha`m sol waqıttag`ı baha menen esaplasıwına ma`jbu`r boladı.

Jetilisken ba`seki sharayatında ol yaki bul tarawg`a jan`a firmalardın` erkin kirip keliwi ha`m firmalardı erkin shıg`ıp ketiwi mu`mkin, sebebi bul jolda xesh qanday yuridikalıq, texnologiyalıq ha`m finanslıq tosıqlar bolmaydı. Bunday sharayatta erkin ba`sekini sheklewge imkaniyat bermeydi.

**Jetilispegen ba`seki** degende ma`lim da`rejede sheklengen ba`seki tu`siniledi. Onın` 3 tu`ri bar: monopolistik ba`seki, oligopoliya ha`m sap monopoliya ba`seki.

**1. Monopolistik ba`seki** — onda satıwshıları ko`p uqsas, biraq ayırım ko`rinisleri menen parıqlanatug`ın o`nimlerdi satadı. Monopolistik ba`sekide jetilisken ba`sekiden o`zgesheligi olarg`a qarag`anda onsha ko`p emes (olardın` mug`darı 25, 35, 60 yaki 70 jeterli) sanlı satıwshılar ha`reket qıladı. Monopolistik ba`sekige to`mendegi belgiler tiyisli:

- Satıwshılardın` baha u`stinen qadag`alawı ju`da` sheklengen;
- O`nim sapası, oralıwı, jaylastırılıwı ha`m xızmetler toplamı boyınsha gruppalarg`a ajıratılg`an boladı.

Jetilispegen ba`sekinin` ja`ne bir tu`ri oligopoliya sharayatındag`ı ba`seki esaplanadı.

**2. Oligopoliya** – az sanlı iri firmalar ha`reketindegi ba`sekilesiwshi bazar tu`ri. Og`an to`mendegi belgiler ta`n:

- Basqa tarawlarg`a qarag`anda az sanlı firmalar hukimranlıq etedi. Olar qımbat bahalı texnologiyalar qa`rejetlerin u`nemlew, tarawg`a kiriwge tosıqlar qoyıw menen o`z-ara baylanısta boladı.
- O`nim gruppalarg`a ajıratılg`an yamasa standartlastırılg`an bolıwı mu`mkin.
- O`z - ara qosıp alıw ushın ba`seki. Bunnan maqset bazarda bir o`zi xukimranlıqtı qolg`a alıwdan ibarat.
- Ulıwma o`z - ara baylanıslılıq.

**3. Sap monopoliya ba`seki** degende, o`nim o`ndiris tarawında tek g`ana bir firmanın` xızmet ko`rsetiwin tu`sinemiz. Bul jerde pu`tkil bir tarmaq bir firmadan ibarat boladı. Sap monopoliyanı ayırım waqıtta ta`biyiy monopoliya dep te ataydı. Bunday jag`dayda ta`biyiy monopoliyag`a ma`mleket ha`m onın` mu`lkke monopol iyelik etiwi tu`siniledi, **ma`selen:** elektrostantsiyalar, ministrlikler, O`zbekistan hawa jolları uqsag`anlar ma`mlketke qaraslı ha`m onın` tek jeke bir o`zi g`ana iyeliligin sa`wle-lendiredi.

Bazar ekonomikası sharayatında ma`mleket ka`rxanaları, firmalar ortasında erkin ba`sekini ta`miyinlew ushın olardın` xızmetin qollap quwatlawı ha`m monopoliyag`a qarsı tu`rli

ekonomikalıq ilajlardı amelge asırıwı, monopol ba`seki ortalıg`ının` aldın alıw ushın ha`reket etiwi za`ru`r.

### 3. Monopoliya ha`m ma`mlekettin` antimonopol siyasatı

Ba`seki bazar ekonomikasının` tiykarg`ı elementlerinen biri bolıp tabıladı. Ol ha`reket etiwi ushın ma`lim bir sharayatlar bolıwı kerek ha`m ol monopoliyag`a qarsı ku`sh sıpatında maydang`a shıg`adı.

**Monopoliya** - bul ekonomikanın` qanday da bir tarawındag`ı hukimranlıg`ı degen ma`nisti an`latadı.

Monopoliya islep shıg`arıw quralları, jumısshı ku`shi ha`m jaratılg`an o`nimler-din` tiykarg`ı bo`legin birden-bir yamasa azshılıq ka`rxanalar isbilermen shaxslar yaki ma`mleket qolında toplanıwı na`tiyjesinde payda boladı. Bunda monopolistlerdin` ma`plerine tiykarlang`an sha`rtler qalg`an ba`rshe ushın ma`jbu`riy esaplanadı. Usınıs ko`lemi ha`m bazardag`ı baha monopoliya ta`repinen belgilenedi.

Monopolistik birlespelernin` bir qansha tu`rleri bar:

**Kartel:** islep shıg`arıwdın` bir tarawına tiyisli bir qatar ka`rxanalardın` birlespesi. Kartel ag`zaları o`zinin` islep shıg`arıw quralları ha`m o`nimleri iyesi bolıp qala beredi. Kartel ag`zaları monopol payda alıw maqsetinde de o`nim islep shıg`arıw, satıw bahaları, bazardı bo`listirip alıw ha`m tag`ı basqalar haqqında kelisimler du`zedi. Karteldin` basqa birlespelerden o`zgesheligi sonda, og`an kiriwshiler xojalıq ju`ritiw g`a`rezsizligin saqlap qaladı.

**Sindikat:** bunda sindikatqa birlesip atırg`an ka`rxanalar islep shıg`arıw g`a`rezsizligin saqlap qalg`an halda o`zlerinin` kommertsiyalıq tarawındag`ı g`a`rezsiz-liklerinen ayrıladı. Bunda buyırtpalardı bo`listiriw shiyki zattı satıp alıw, islep shıg`arılg`an o`nimdi satıw ushın o`zlerinin` kommertsiyalıq iskerliklerin birlestirip ka`rxana du`zedi.

**Trest:** Onda o`nimdi islep shıg`arıw, satıw, ka`rxanalardın` qarjıları tolıq birlestiriledi. Trest beligili bir tarawg`a hukimranlıq etiwshi birden-bir u`lken shirketshilik ja`miyeti bolıp esaplanadı.

**Kontsern:** Ko`p tarawlı korporatsiyalardı tu`siniw kerek. Olardın` quramına ha`r tu`rli tarawlardag`ı onlag`an, ju`zlegen, ka`rxanalar kiredi. Demek, ba`seki sharayatında qarıydar bul xojayın, bazar onın` agenti, ka`rxana bolsa onın` xızmetshisi esaplanadı. Monopoliyalardın` ju`zege keliwi bul wazıypanı keskin o`zgertip jiberedi.

Ba`seki usullarının` qatnası bazar jag`dayına baylanıslı. Toyınbag`an, sonın menen, tovarlardı tan`lap alıw imkanı ha`m adamlardın` satıp alıw qa`bileti sheklengen sharayatta baha ja`rdeminde ba`sekilesiw abzallıqqa iye boladı, sebebi baha talaptın` o`zgeriwshen`liligine ta`siri ku`shli boladı, yag`nıy bahanı pa`seyttirip, tovardı ko`p satıw ha`m bahanı o`z waqtında pa`seytirmesten qarsılastı bazardan sıg`ıp shıg`arıw mu`mkin.

Ha`r ta`repleme toyıng`an tovar tu`rleri og`ada ko`p bazarda tovarlardı tan`lap alıw imkanı u`lken boladı, qarıydarlardın` ko`pshiliginin` satıp alıw qa`bileti joqarı boladı, olardın` quramına puldar adamlar u`lesi artıp baradı, mol tutınıw ushın bahanı sorastırmay tovar satıp alıw ju`z beredi. Sonday sharayatta bahasız ba`seki u`stinlikke iye boladı, lekin ba`ri bir bazar ekonomikası sharayatında xalıq xojalıg`ı-nın` barlıq tarawlarında salamat ba`seki ushın ortalıq jaratalıwı imkanın beredi.

Respublikamızda ekonomikanın` ha`r qıylı tarawlarında xojalıq ju`ritip atırg`an sub`ektlerdin` xuquqıy ha`m ekonomikalıq erkinligin ta`miyinlewshi nızamlar qabıl etilgen. Monopolistik iskerlik monopoliya xızmetin sheklew nızamı tiykar-ında sheklep qoyıldı. Bazar infrastrukturasın jetilsitiriw ha`m onın` xızmetin ta`rtipke salıwshı nızamlar qabıl etildi. Antimonopol nızamlardı qabıllaw ha`m turmısqa engiziw bazar qatnasıqlarına o`tip atırg`an ha`r bir ma`mleket ushın turmıslıq za`ru`riyat esaplanadı. Sebebi, erkin ba`sekige jol bermey turıp, bazardı jetilistirip bolmaydı. Sol maqsette O`zbekistanda 1992-jılda monopoliyag`a qarsı nızamshılıqqa tiykar salındı. Sol jılı Respublikamızda monopolistik xızmetti sheklew haqqındag`ı nızam qabıl etildi. Nızamg`a boyınsha, arnawlı tu`rde bazarda qıtshılıqtı payda etiw, bahalardı monopoliyalastırıw, ba`sekishilerdin` bazarg`a kirip barıwına tosqınlıq etiw,

ba`sekinin` hadal emes usılların qollaw qadag`an etiledi. Nızamdı buzg`anlar qarsılasına jetkizgen zıyandı qaplawları, ja`riyma to`lewi sha`rt. Olar nızamsız jol menen alıng`an paydadan ayrıladı.

Ekonomika tek g`ana sanlar emes, esap - kitap, paydalı kelisimler, o`z - ara almasıwlar menen g`ana turaqlı bolmaydı, bul menen rawajlana almaydı. Onın` rawajlanıwı ushın anıq ha`m puqta islengen rejeler, tiykarg`ı bag`darların belgilep beriwshi printsipler, izshil siyasat ju`ritiliwi, salamat ba`seki ortalıg`ın ju`zege keltiriw maqsetke muwapıq boladı. Ol bolsa demokratiyalıq bazar ekonomikası qatnasıqlarının` jetilisiwin tezlestiredi.

O`zbekistanda ba`seki ortalıg`ın ju`zege keltiriw Prezidentimiz İ.A. Karimovtın` ekinshi shaqırıq O`zbekistan Respublikası Oliy Ma`jlisinin` birinshi sessiyasındag`ı bayanatında aytıp o`tilgenindey, ekonomikanı erkinlestiriw – bul xojalıq ju`ritiwshi sub`ektlerdin` erkinligi ha`m ekonomikalıq g`a`rezsizliligin asırıw, isbilermenlik xızmetin rawajlandırıw jolındag`ı tosıqlardı saplastırıwdı an`latadı. Soday-aq, Prezidentimizdin` 20-fevral` 2000-jılda Ministrler Kabinetinde bolıp o`tken jıynalısında so`ylegen bayanatında biznesti erkinlestiriw olarg`a, ekonomikalıq g`a`rezsizlik beriwdin` anıq bag`darları ko`rsetilgen.

O`zbekistanda ba`seki ortlıg`ın ju`zege keltiriwdin` tiykarg`ı jolı, bul ba`sekini biykar etiwshi ma`mleketlik mu`lk monopoliyasınan ma`mleketlik emes, tu`rli mu`lkshilik tu`rlerine tiykarlang`an xojalıq ju`ritiw tu`rlerinin` payda bolıwına tiykarlang`an bazar sistemasına o`tiwi esaplanadı. Ba`seki qatnasıqların jetilistiriw, da`slep g`a`rezsiz tovar islep shıg`arıwshılardın` payda bolıwın an`latadı. Olar o`z ma`pleri ushın bazarda erkin ba`seki tiykarında arzan shiykizat, isshi ku`shi ha`m tutınıw bazarı ushın gu`res alıp baradı.

**Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler.**

Ba`seki, taraw ishindegi ha`m tarawlar ara ba`seki, bahalar ja`rdeminde ha`m bahasız ba`sekilesiwi, quramalı ha`m quramalı emes ba`seki, monopolistik ba`seki, oligopoliya, sap monopoliya, monopoliya ha`m onın` tu`rleri, sindikat, kontsern, trest, kartel.

## 8.1 - tema. Bahalar. Bahalardın` payda bolıw mexanizmi.

### 1. Bahalardın` mazmunı, onın` wazıypaları ha`m og`an ta`sir etiwshi faktorlar.

Biz qanday da bir na`rseni satıp alıwdan aldın a`lbette onın` bahasın soraymız, ulıwma bahalar menen qızıg`amız. Bunı o`z qolımızg`a ne alıwımızdı shamalap ko`riw menen tu`sintiriw mu`mkin, sebebi tovardın` bahası arzan yaki qımbat bolıwı qarıydar tutınıwın belgileydi.

Bazar mexanizminde bahanın` a`xmiyetin onın` wazıypalarında ko`riw mu`mkin. Onın` to`mendegi wazıypaları bar:

**1. Bazar ten`salmaqlılıg`ın ta`miyinlew wazıypası.** Bunda baha talap ha`m usınısqa ta`sir etiw arqalı, olardı ten`salmaqlılıq jag`dayına alıp keledi. Bunda usınıs etilip atırg`an ha`m talap etilip atırg`an tovarlar mug`darı bir - birine ten` boladı, yag`nıy bazar bahası qa`liplesedi.

Bazar bahası tovarlardın` satılıwın ta`miyinleydi. Bazarda tovar deffitsitin ju`zege keltirmeydi.

**2. Esap-kitap, o`lshem wazıypası.** Bahanı qunnın` puldag`ı sa`wdeleniwi deyiledi. Sebebi sarp etilgen qa`rejetler, alıng`an payda – zıyanlar, jumıs ko`lemi olardın` barlıg`ı bahalar qatnasında esap kitap qılınadı. İslep shıg`arılg`an natural – mater-iallıq tovarlardı salıstırıw onın` birdey ko`rsetkishke keltiriw ha`m olardın` wlıwma o`lshemi bolg`an pulda sa`wlelengen baha arqalı a`melge asırıladı. **Ma`selen:** natural ko`rsetkish bolg`an tonna, kg, metr, kvt saat ha`m basqalardın` ulıwmalıq o`lshemi olardın` pulda sa`wlelengen bahası esaplanadı.

**3. Ekonomikalıq ta`rtipke salıw wazıypası.** Baha talap ha`m usınısqa ta`sir etip bazardı ta`rtipke salıp turadı. **Ma`selen,** belgili bir tovarlar bahasının` o`siwi, og`an talaptın` ko`beygenin, sol tovar ko`birek islep shıg`arılsa jaqsı payda keltiriwin bildiredi, ha`m kerisinshe, bahanın` pa`seyip ketiwi tovarg`a talaptın` kemligin, onnan paydanın` azlıg`ın ko`rsetip turadı. Bunday jag`day islep shıg`arıwshılar xızmetine ha`m ta`sir ko`rsetedi.

Demek, baha joqarılasa islep shıg`arıw ken`eyedi, bul basqa qarjılardın` ha`m payda joqarı bolg`an tarmaq ha`m tarawlarg`a ag`ıp kele baslanıwın bildiredi. Sol ta`rtipte baha arqalı islep shıg`arıw ta`rtipke salınadı.

**4. Ba`seki quralı.** Bazarda islep shıg`arıwshılar o`z - ara bir - biri menen ba`sekilesedi. İslep shıg`arılg`an tovar ha`m xızmetlerdi satıw ushın, bazardan qarsılasın sıg`ıp shıg`arıw ushın olar tovarlar bahasın pa`seytiredi ha`m sonday jol menen qarıydarlardı o`zlerine tartıwg`a ha`reket etedi.

**5. Sotsial qorg`aw wazıypası.** Baha xalıqtın` ayırım tayıpasın qımbatshı-lıqtan saqlaw wazıypasın o`teydi. Xalıqtın` ka`mbag`al ha`m to`men qatlamlarına tovarlar arzanlastırılg`an bahada satıladı. Bahanın` bul wazıypasın sotsial dotatsiyalarda ko`riwimiz mu`mkin. Olar ma`mleket byudjeti ha`m ha`r tu`rli kekseler qarjıları ta`repi-nen finanslastırıladı.

Baha ha`r tu`rli faktorlar ta`sirinde qa`liplesedi. Olardan en` tiykarg`ılarınan biri - qun. Qun tovarg`a sarıplang`an miynetti sa`wlelendiredi, lekin ha`r qanday miynet qa`re-jeti ha`m qun bola almaydı.

Paydalı bolg`an adamlar ta`n alatug`ın miynet qundı payda etedi ha`m ol bahag`a tiykar boladı. **Ma`selen,** u`sh nanbayshının` ha`r biri 3 saatta 150 den nan jawıp, bazarg`a alıp shıg`adı deyik. Birinshi nanbayshının` nanın xesh kim almadı, demek onın` sarıp etken miyneti zaya ketdi, ekinshi nanbayshı bolsa 100 nan sattı, onın` sarp etken eki saat miyneti ta`n alındı, qalg`an bir saatı bolsa ta`n alınbadı. U`shinshi nanbayshı bolsa barlıq nanın satıp boldı. Onın` sarp etken miyneti tolıq ta`n alındı. Demek, bul mısalda bahanın` qa`liplesiwinde miynettin` ha`r tu`rli qatnasıwın ko`rdik.

Bahanı ju`zege keltiriwshi ja`ne bir faktor talap ha`m usınıs ha`m olardın` ten`salmaqlıg`ı esaplanadı.

Eger talap u`lken bolsa, baha joqarı boladı ha`m kerisinshe to`men bolsa - baha da to`men boladı.

Eger olar ortasında ten`salmaqlılıq ta`miyinlense, baha ortasha boladı.

Bazardag`ı bahag`a ta`sir etiwshi faktorlardın` ja`ne biri, tovar paydalılıg`ı, yag`nıy turmıslıq za`ru`rlik da`rejesi esaplanadı. Tovardın` payda keltiriw o`zgesheligi degende, tan`lang`an o`nim qarıydarının` diydine tu`wrı keliwi, onın` mu`ta`jligin tolıq qanaatlandıra alıwı ha`m ulıwma tutınıw prtsessinde qarıydar tolıq qanaatlanıw payda etiw qusag`anlardı tu`siniwimiz mu`mkin. Demek, paydalılıq qansha joqarı bolsa, bahada sonshelli joqarı boladı. Biraq, bahanın` o`sip barıwının` shegarası bar ha`m biz onı tutınıwdın` toyınıwı dep ataymız, yag`nıy paydalılıq en` joqarı da`rejege shıqqang`a shekem o`sip baradı, son` ol kemeye baslaydı. **Paydalılıqtın` joqarı da`rejesin tovar tutınıwınan alınatug`ın en` joqarı qanaatlanıw shegarası menen belgileymiz.**

**Paydalılıqtın` ja`ne bir ta`repi bar, biz onı tutınıw waqtı dep ataymız.** Tutınıw waqtı qanshelli qolaylı ha`m waqıttı u`nemlese, qarıydar ushın sonsha maqul boladı. **Ma`selen,** eki shan`araqtı alayıq. **Birinshi** shan`araq palaw tayarlaw ushın tayar tuwralg`an geshirdi 300 swmnan satıp aladı. Ekinshi sem`ya bolsa pu`tin geshirdi 150 swmnan satıp aladı ha`m o`zi qırshıp tuwraydı. Bug`an yarım saat waqıt ketedi, dep aytayıq. Demek yarım saat waqıt sarp etken **ekinshi** sem`ya 150 swm u`nemleydi. Biraq yarım saat waqıttın` qa`diri joqarı bolg`an sem`yada, sol yarım saattı basqa iske sarplap (ma`selen o`nermentshilikke), 200 swm pul tabadı. Sol sebepten bahası joqarıraq bolsa da tuwralg`an geshirdi satıp aladı.

Bahag`a ta`sir etiwshi ja`ne bir faktor bul ba`seki bolıp esaplanadı: ol bahag`a usınıs arqalı ta`sir ko`rsetedi. Eger ba`sekishiler ko`p bolsa, baha to`menleydi, eger az bolsa, baha ba`lent bolıwı mu`mkin. Ma`selen, bu`gin bazarg`a 1 tonna alma usınıs etildi, dep esaplayıq. Eger usı o`nim 20 satıwshının` qolında bolsa, 350 swmnan, 10 satıwshının` qolında bolsa, 450 swmnan satılıwı mu`mkin. Demek, birinshi jag`dayda ba`seki bar, ekinshi jag`dayda bolsa ba`seki joq.

Bahanın` jetilisiwine inflyatsiya ha`m o`z ta`sirin tiygizedi. İnflyatsiya tutınıwshıg`a keri ta`sir tiygizedi, sebebi bul islep shıg`arıw qa`rejetlerinin` o`sip barıwı ha`m tovarlar qıtshılıg`ının` ko`beyiwi esabınan ju`zege keledi.

Juwmaqlap aytqanda, bahanı ju`zege keltiriwshi faktorlar og`an ha`r qıylı da`rejede ta`sir ko`rsetedi ha`m sog`an qarata baha tebrenip turadı. Onın` to`mengi ha`m joqarı shegarası bar. To`mengi shegara islep shıg`arıw qa`rejetleri menen belgilenedi, yag`nıy baha da`rejesi qa`rejetti qaplap, az bolsa da payda alıw imkanın beriwi kerek. **Ma`selen,** islep shıg`arılg`an tovar 1000

swmg`a tu`sti, onı hesh bolmag`anda 1050 swmg`a satıw kerek, sonda ol 50 swm payda ko`redi. Eger o`nimdi ol 995 swmnan satsa ha`m zıyan ko`redi, demek, monopol abroydag`ı qarıydar ha`m bahanı o`zi bilgenishe tu`sire almaydı, sebebi onın` to`mengi shegarası bar.

Bahanın` joqarı shegarası bolsa qarıydardın` satıp alıw qa`biletin belgileydi. **Mısalı ushın,** tovardın` bahası 10.000 swm bolsa, bazarda 300 satılıwı mu`mkin, baha 12.000 swmg`a ko`terilse 50 danası satılmay, olarg`a ketken qa`rejet ha`m qaplanbay qaladı. Demek, payda alıw ma`lim bir baha da`rejesinde bolıwı kerek.

## 2. Baha tu`rleri

A`dette «**baha**» so`zi ulıwmalasqan tu`sinik sıpatında qabıl etiledi. Og`an tovar, xızmet atı qosılg`anda g`ana, ayqınlasqanday boladı.

**Ma`selen,** «**muz qaymaq bahası**», «**kino bileti bahası**» deyilgende g`ana anıqlıq kirgendey boladı. Haqıyqatında bolsa, ekonomikada bir g`ana «**baha**» so`zi negizinde onın` ha`r qıylı tu`rleri jatadı ha`m onı to`mendegi tu`rlerge bo`liw mu`mkin.

Demping baha, ol qarsılaslardı sıg`ıp shıg`arıp, o`z ornın iyelewde qollanıladı, yag`nıy og`ada to`men bahalardın` qollanılıwı bolıp tabıladı. Demping baha qarsılasın sındırıp, ba`sekini ha`lsizlendiriw ushın paydalang`anlıg`ı sebepli, onı ma`mleket biykarlaydı. Sonın` ushın bul baha jasırın qollanıladı.

Standart bahalar qarıydar jag`dayına qarap qollanıladı. Bunda baha o`zgermese de payda ko`beyiwi mu`mkin. **Mısalı ushın,** shokolad bahasın o`zgertpegen halda, onı arzanraq qag`azg`a orap, quramındag`ı qant ha`m sarı may mug`darın kemeytiriw mu`mkin.

O`zgermeli bahalar sharayatqa qaray asırılıp, yaki kemeytirilip turıladı. **Mısalı ushın**, qanday da bir tovarg`a talap joqarı bolg`anda, sog`an qaray onın` bahası da ba`lent boladı, a`dettegi tovar jag`dayına kelgen son` bahası arzanlastırıladı yaki ma`selen, qıs ma`wsimi baslang`anda qıskı tovarlar bahası ba`lent, ma`wsim aqırına shekem arzanlasadı.

Arnawlı hu`jjetlerde belgilep qoyılg`an baha ha`m tarifler preyskurant bahalar deyiledi. Ol qarıydar ushın mag`lıwmatnama baha bolıp, tovar sol baha a`tirapında satılıwın bildiredi.

Bundan tısqarı, tovarlardın` satılıwı ko`lemine qaray, ko`tere (kontrakt) ha`m usaqlap satıw bahaları o`zgeshelenedi. Ko`tere bahalarda tovarlardın` u`lken bo`legi satıladı ha`m bahalar bir qansha to`men boladı. Xalıqtın` tutınıw tovarları bolsa, tiykarınan, usaqlap satıw bahalarında satıladı.

Bahalar belgili territoriyalar boyınsha da o`zgesheleniwi mu`mkin. Sonın` ushın da bazardın` tu`rine qaray jergilikli, milliy ha`m jer ju`zlik bahaları a`mel qıladı. Jergilikli baha tek g`ana belgili bazarg`a ta`n bolıp, sol territoriya do`geregindegi faktorlar ta`sirinde payda boladı. Milliy bazar bahası bir ma`mleket do`gereginde a`mel etiwshi bahalar bolıp tabıladı. Jer ju`zlik baha degende, ja`xa`n bazarında xalıq aralıq sawda - satıq ta`jriybesinde ta`n alıng`an bahalar tu`siniledi. Bul bahalar o`z-ara parıqlansa da bir - birine jaqın, sebebi olar birdey faktorlar ta`sirinde qa`liple-sedi. Biraq faktorlardın` ta`sir da`rejesi ha`r tu`rli bolg`anı ushın olar birdey emes.

**Ma`mleket ta`repinen joqarı shegarasının` belgileniwi ha`m onnan artıp ketpeytug`ın bahalar - limit bahalar dep ataladı.** Bul bahalar ja`rdeminde inflyatsiya jılawlawdı ha`rekette boladı.

**Dotatsiyalang`an baha** - bul ma`mleket byudjeti esabınan, kem da`ramatlı shan`araqlar, jumıssız ha`m mayıplardı turmıslıq za`ru`r o`nimler menen kem bolsada ta`miyinlep turıw ushın arnawlı arzanlastırılg`an bahalar bolıp esaplanadı.

Erkin bazar bahaları talap ha`m usınıs tiykarında qa`liplesedi. Erkin bahalar satıwshıg`a da, qarıydarg`a da qolaylı bolg`an, yag`nıy barlıq bazar sub`ektleri ma`plerin ja`mlestiredi.

## 3. O`zbekistanda baha siyasatı

Bazarda payda bolatug`ın baha bazar ekonomikasının` aynası bolsa, ba`seki onı ju`zege keltiriwshi ku`sh bolıp tabıladı. Ba`seki ha`m baha mexanizmleri o`z ta`sirleri menen bazardı ha`reketlendiriwshi tiykarg`ı mexanizmler bolıp, bazar ekonomikasının` basqarılıwında sheshiwshi a`hmiyetke iye. Ba`seki ortalıg`ın ju`zege keltiriw menen baylanıslı bolg`an ma`selelerden biri baha siyasatı bolıp tabıladı. Sotsiallıq tan`law aqıbetinde ka`rxanalardın` bir bo`legi irilenip, monopol statusqa iye boladı. Olar o`z-ara kelisip, erkin bahalar ornına monopol bahalardı ornata baslaydı.

Bunın` na`tiyjesinde ba`sekiles ka`rxanalar kemeyip ekonomikalıq erkinlik sheklenedi ha`m o`z na`wbetinde monopoliyadan paydalanıp tovarlar bahasın arzanlastırmay, olardın` sapasın asırmay turıp, paydanı maksimallastırıw imkaniyatı payda boladı. Bunda xesh qanday ha`reket islemey turıp, jaqsı payda alıw imkaniyatı ta`miy-inlenedi, dep tu`siniliwi mu`mkin.

Sonın` esabınan ma`mleket ba`seki ortalıg`ın ju`zege keltiriw ilajların ko`redi. Administrativ - buyrıqpazlıq ekonomikalıq sistemadan bazar ekonomikasına o`tip atırg`an ma`mleketlerde ma`mlekettin` baha tarawındag`ı siyasatı bahalardı erkinles-tiriwdi, milliy bazar bahaların ja`xa`n bazar bahalarına jaqınlastırıwg`a qaratılg`an.

Bahalardı erkinlestiriw siyasatı a`ste-aqırınlıq penen xalıqtın` da`ramatların o`sip barıwın ta`miyinlew arqalı a`melge asırıladı. Sog`an qaray bahalar to`mendegi jollar menen erkinlestiriledi:

- bahalardı birden yaki «**ha`lsiretetug`ın**» ta`rizde qoyıp jiberiw,
- bahalar o`siwin jasalma ra`wishte toqtatıp qoyıw
- bahanı ma`mleket ta`repinen basqarıwdı ha`m qadag`alawdı belgili bir da`rejede saqlap qalıw.

Respublikada xalıqtın` alıp atırg`an da`ramatlarının` sotsial - ekonomikalıq real sha`rt - sharayatların itibarg`a alıng`an halda ekonomikalıq reforma jolları tan`lap alıng`an.

Eski awqam negizinde ju`zege kelgen bir qansha ma`mleketler bahanı erkinlestiriwdin` en` jaqın jolın tan`lap aldı. Bul joldın` a`hmiyetinen kelip shıqqan halda barlıq tu`rdegi shiyki zatlar, tutınıw buyımları ha`m xızmetler bahası bir qansha erkin qoyıp jiberiledi. Na`tiyjede bolsa bahalar keskin astı. Bunın` aqıbetinde tiykarg`ı xalıqtın` birden ka`mbag`allasıwına sotsial jag`daydın` keskinlesiwi ju`zege keldi. İslep shıg`arıw pa`seyip, milliy sanaat ha`m awıl xojalıg`ının` isten shıg`ıwı gu`zetildi.

Bahalardı erkinlestiriwge **birinshi basqıshta (1992-jıl basında)** ken` ko`lemdegi islep shıg`arıwdın` texnika quralı bolg`an o`nimler ayırım tu`rdegi xalıq tutınıw tovarları, orınlang`an jumıslar ha`m xızmetlerdin` erkin bahaları ha`m tariflerine o`tildi. Xalıqtı qorg`aw maqsetinde bolsa sheklengen ko`lemdegi azıq-awqat ha`m sanaat o`nimlerinin` bahalarının` shegarası belgilep qoyıldı.

Bahalardı erkinlestiriwdin` **ekinshi basqısında (1993-jıl)** kelisilgen ko`tere bahalardı ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salıw tamamlandı. Qatan` belgilengen bahalarda satılatug`ın tovarlar ha`m xızmetlardin` sanı qısqartırıldı.

Bahalardı erkinlestiriwdin` **keyingi basqıshında (1994-jıl)** xalıq tutınıw tovarlarının` tiykarg`ı tu`rlerinin` bahaları erkin qoyıp jiberildi. Transport ha`m kommunal xızmetlerdin` tarifleri asırıldı. Sonday etip respub-likada ekonomikanı reformalastırıwdın` birinshi basqıshı bahalardı basqıshpa - basqısh tolıq erkinlestiriw menen tamalandı. Joqarıdag`ı pikirlerden juwmaq etip, bahalardı erkinlestiriw, rejelesti-rilgen ekonomikadan bazar ekonomikasına o`tiwdin` tiykarg`ı faktorı esaplanadı dep aytıw mu`mkin. Sebebi erkin baha:

- O`nim islep shıg`arıwshılar menen tutınıwshılardın` o`z-ara qarım - qatnasının` bekkemligin ta`miyinleydi.
- Bazardag`ı talap va usınıs ten`salmag`ın ta`miyinleydi, yag`nıy bazarda o`tpey qalg`an tovarlar toplanbaydı ha`m tovar qıtshılıg`ı ju`zege kelmeydi.
- İshki bahalardı jer ju`zlik bahalarına muwapıqlastırıw protsessin a`melge asırıw ta`rtibin belgilep beredi.
- Baha xalıqtın` ha`m ka`rxanalardın` da`ramatları ortasındag`ı ten`likke erisiw protsessine jandasıw shen`berin belgilep beredi.

## 9 - Tema : Talapkershilik hızmeti. İsbilermenlik kapitalı ha`m onın` aylanısı. O`ndiris shıg`ınları ha`m da`ramat. Ka`rxana paydası

Jobası

1. Biznes ha`m isbilermenliktin` ulıwmalıqları ha`m ayırmashılıqları.
2. Ka`rxananın` tiykarg`ı formaları.
3. Menedjment ha`m marketing.
4. Ekonomikalıq shıg`ınlar tu`sinigi, olardın` tu`rleri ha`m quramı.
5. Ka`rxananın` xojalıq xızmetinin` na`tiyjeliligi. Payda norması ha`m massası.
6. Kommertsiyalıq shıg`ınlar ha`m kommertsiyalıq payda.

### 1. Biznes ha`m isbilermenliktin` ulıwmalıqları ha`m ayırmashılıg`ı

Bazar ekonomikası isbilermenlik ha`m bizneske tiykarlang`an ekonomika. Biznes degende qandayda xızmet penen ba`nt bolıwdı ha`m isbilermenlerdin` ekonomikalıq qatnasıqları tu`siniledi. Ha`zirigi waqıtta ekonomikalıq xızmettin` qa`legen tu`ri menen shug`ıllanıwshı xojalıq sub`ektlerinin` is ha`reketleri biznes ha`m isbilermen-lik penen tıg`ız baylanıslı. Biznes isbilermenlik qatnasıg`ı sıpatında o`z sub`ekt-lerine iye. Olarg`a:
- jeke ta`rtipte biznes penen shug`ıllanıwshılar,
- isbilermen birlespeler,
- ma`mleketlik sho`lkemler h.t. basqalar kiredi. Biznes ken` mazmundag`ı tu`sinik. İsbilermenlik onın` bir forması. İsbilermenlik tovar islep shıg`arıw, xızmet ko`rsetiw jolı menen da`ramat tabıwdı an`latadı. Bazar ekonomikası jag`dayında isbilermenlik ekonomikanı ha`reketke keltiriwshi ku`sh sıpatında xızmet etedi. İsbilermenlik ulıwma aqsha tabıw emes, al qandayda tovar islep shıg`arıw, xızmet ko`rsetiw yamasa do`retiwshilik penen shug`ıllanıwdı bildiredi.

Bizneske isbilermenlikten basqa basqasha jollar menen ma`selen, jerdi yamasa mu`lkti ijarag`a berip renta alıw, basqalardı jallap isletiw arqalı da`ramat tabıw, aqshanı bankke qoyıp protsent alıw sıyaqlı xızmetler de kiredi. Biraqta bul xızmetlerde hesh na`rse do`retilmeydi, al tek g`ana baylıqtan baylıq arttırıladı. Bunday xızmetler isbilermenlikke kirmeydi. Sonlıqtan da isbilermenlik jumıs islemey turıp, kapital esabınan da`ramat tabıwdı biykarlaydı.

O`zbekistan Respublikası isbilermenlik haqqındag`ı nızamına muwapıq **“İsbi-lermenlik menshik sub`ektlerinin` da`ramat tabıw maqsetinde ta`wekelshilik etiw ha`m mu`lk juwapkershiligi tiykarında ha`rekettegi nızamlarg`a su`yengen halda ekonomikalıq xızmetlerdi ko`rsetiw“** -dep ko`rsetilgen.

Rejeli ekonomikadan bazar sistemasın o`tiw da`wirinde isbilermenliktin` to`mendegi toparları payda boladı:

1. Mayda islep shıg`arıw menen ba`nt bolg`an isbilermenler.
2. Aqıl miyneti menen shug`ıllanıwshı isbilermenler.
3. Fermerler.
4. Ja`ma`a`t ha`m aktsionerlik menshiktin` birliktegi iyeleri.
5. O`z ka`rxanasına iye, basqalardı jallap isletetug`ın isbilermenler.

Menshik formalarının` ko`p tu`rliligine baylanıslı isbilermenlikti tek g`ana jeke xızmet penen bir qatarda ja`ma`a`tlik, sem`yalıq, ma`mleketlik ha`m aralas (qospa) isbilermenlikler de ha`reket etedi. İsbilermenler qanshelli ko`p bolg`an sayın, o`ndiris rawajlanıp, ekonomika joqarı da`rejedegi o`siw ko`rsetkishlerine iye boladı.

İsbilermenlik penen shug`ıllanıw ushın aldı menen huqıqıy kepillikke iye bolıwı kerek ha`m nızam qag`ıydalar menen qorg`alıw za`ru`r. İsbilermenlerge qolaylı jag`daylar jaratıp beriwde ma`selen, **“O`zbekstan Respublikasının` isbilermenlik haqqındag`ı”**, **”O`zbekistan Respublikası menshik haqqındag`ı”** nızamları ha`m t.b. nızamlarında isbilermenlikti sho`lkemlestiriwdin`, og`an tiyisli bolg`an huqıqları ha`m juwapkershilikleri ko`rsetilgen.

En` aldı menen isbilermenlikti sho`lkemlestiriwge belgili bir mug`dardag`ı qarjı talap etedi. Sebebi isbilermenler ha`m biznesmenler erkin tu`rde jumıs alıp barıwı ushın o`zlerinin` qarjılarına iye bolsa maqsetke muwapıq bolar edi. İsbilermenliktin` en` za`ru`r faktorı

isbilermenlik qa`bileti, yag`nıy istin` ko`zin biliwi bolıp tabıladı. Egerde isbilermen isti qalay alıp barıwdı bilmese, ol qansha qarjıg`a iye bolmasın, nızam onı qorg`amasın, ba`ri bir ol jumıstı alıp bara almaydı. Sonlıqtan da isbilermenlik joqarı ta`jiriybeni, teren` bilimdi, basqarıw uqıplılıg`ın, qa`nigeli jumıs ku`shin talap etedi.

İsbilermen bazardın` tiykarg`ı qatnasıwshısı tu`rinde bazardın` jag`dayı ha`m da`rejesin o`zinin` dıqqat orayına tarta biliw qa`biletine de iye bolıwı lazım. Sebebi isbilermenliktin` tiykarg`ı sha`rtleri bazardı toltırıw, al maqseti payda alıw.

İsbilermenlik rawajlanbasa ekonomikalıq o`siwde bolmaydı. İsbilermenlik onın` qanday da bir maqsetke qaratılg`an xızmeti bolg`anlıqtan, ol ekonomikalıq qatnasıq sıpatında o`zinin` printsip ha`m qag`ıydalarına iye. Olar to`mendegilerden ibarat:

**1). Menshik qatnasıqlarının` qatnasıwshısı bolıw, o`ndiris faktorlarına iyelik etiw.**

**2). Ekonomikalıq erkinlikke iye bolıw.**

**3). Ekonomikalıq ha`reketler ushın juwapkershilikti o`z moynına alıw ha`m jumıstın` na`tiyjeligine juwap beriw.**

**4). Payda alıwg`a umtılıw.**

**5) . Kommertsiyalıq sırg`a iye bolıw.**

**6). Ba`seki gu`resine qatnasıw ha`m bazarda nızam tiykarında hadal ba`sekilesiw.**

**7). Aldawshılıqqa jol bermew, hadallıq penen xızmet etiw.**

**8). Ekonomikalıq ta`wekelshilik.**

**9). Nızam qag`ıydalarg`a boysınıw.**

**10). İsbilermenlikte o`zin-o`zi basqarıw.**

İsbilermenlik ma`mlekettin` qatnasıwısız, onın` ja`rdemisiz rawajlanbaydı. Ma`mleket salıqlar, subventsiyalar, eksport jen`illikleri, sonday-aq o`zinin` esabınan pulsız ulıwma bilim beriw arqalı isbilermenlikti qollap quwatlaydı. İsbilermenlik penen shug`ıllanıwshılar patent ha`m litsenziyalarg`a iye bolıwları tiyis.

**Patent** - bul jeke ta`rtipte isbilermenlik penen shug`ıllanıwg`a berilgen guwalıq. Ol ma`mleketlik finans sho`lkemleri ta`repinen beriledi.

**Litsenziya** -patentten paydalanıwg`a berilgen ruxsatnama.

## 2. Ka`rxananın` tiykarg`ı formaları

Bazar ekonomikası jag`dayında tiykarg`ı tovar o`ndiriwshi bolıp, ka`rxanalar xızmet etedi. İsbilermenlikte ka`rxanalardan baslanadı. Ka`rxana o`z aldına, o`z ıqtıyarı menen xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt. Ol qanday menshikke tiykarlanıwına qaramastan bazar ushın xızmet etedi. Ka`rxana satıwshı sıpatında bazarg`a o`z tovarların shıg`aradı, al qarıydar sıpatında o`ndiriske kerekli bolg`an resurslardı satıp aladı.

Ka`rxana xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt sıpatında ekonomikalıq g`a`rezsizlikke iye. Ol tiykarg`ı ekonomikalıq mashqalalardı o`zi sheshedi. Bazarg`a qarap is tutadı. Rejeli ekonomika-dan bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde ka`rxananın` erkinligi sheklengen boladı.

Ka`rxanalar ma`mleketlik menshikte bolmasa da ma`mleket qadag`alawında boladı. Olar xızmet tu`rin tan`lawda erkin bolmaydı. Biraqta olar a`stelik penen bazar qatnasıqlarına o`te baslaydı. Ka`rxanalardın` menshik formaları ha`m xojalıq ju`rgiziw usılları ha`r qıylı. Xızmet ko`rsetiwine qarap ka`rxana kishi, orta ha`m iri ka`rxanalar bolıp bo`linedi.

Ka`rxanalar o`z na`wbetinde kishi, orta ha`m iri biznestide sho`lkemlestiredi. Kishi ha`m orta biznes bazar ekonomikası jag`dayında ha`r qanday jag`dayg`a tez beyimlese aladı, onın` ushın pul tabıw an`sat, bul jerde ekonomikalıq ma`pler arasında u`ylesimlikte joqarı da`rejede boladı.

## 3. Menedjment ha`m marketing

Ka`rxanalardın` na`tiyjeli jumıs islewi olardı basqarıw menen tıg`ız baylanıslı boladı.

Ha`zirgi waqıtta ka`rxanalardı basqarıwda menedjmenttin` roli a`hmiyetli. **Menedjment** - bul bazar ekonomikası jag`dayında ka`rxananı basqarıw forması bolıp tabıladı. Ol firmanın` o`ndirislik xızmetlerin rejelestiriw, miynet jag`dayın sho`lkemlestiriw, sawda jumısların ju`rgiziw, firmanın` keleshegin belgilew, og`an jetiw ilajların a`melge asırıw ha`m firmanın` ekonomikalıq potentsialın basqarıw sıyaqlı wazıypalardı orınlaydı. Menedjmenttin` tiykarg`ı organları marketing esaplanadı.

**Marketinng** - bul firma xızmetin bazar talabına muwapıqlastırıw. Marketing tek g`ana bazar jag`dayın esapqa alıw emes, al qarıydarlardın` talabına da ta`sir etiw. Sonday-aq reklama quralları, ko`rgizbe yarmarkası ilajları sıyaqlı qarıydarlarg`a ekonomikalıq ta`sir ko`rsetiw sistemasının` quralı bolıp tabıladı. Marketing tovar ha`m xızmetler bazarın u`yreniw ha`m boljaw, tutınıwshılardın` talabın analizlew sıyaqlı wazıypalardı orınlaydı. Marketingtin` orınlaytug`ın wazıypaları o`ndiris ha`m sawdanın` ko`lemine, tovardın` tu`rine sonday-aq bazardag`ı talap ha`m usınısqa qaray anıqlanadı.

### AQSh – ta menedjer kadrlardı tayarlaw ha`m qayta tayarlaw

Professional menedjerlerdi tayarlaw boyınsha AQSh – ta 1500 joqarı oqıw orınları shug`ıllanadı. 1987 jılı AQSh – ta 240 mın` biznes bag`darında bakalavr (yag`nıy pitkeriwshilerdin` 24%) ha`m 70 mın` magistr administrativ jumısshılar (yag`nıy magistrler da`rejesinde pitkeriwshilerdin` 25% - in quraydı).

Menedjment qa`niygeligine ka`sibin bag`darlaw ushın Amerika universitet-lerinde oqıytug`ın studentlerdin` 25%-tin, al magistrlerdin` de 25% -tin quraydı.

1985 jılı AQSh – ta menedjerlerdi oqıtıwdın` barlıq formaları ushın 60 mlryad dollar jumsalg`an, sonın` ishinde 13 mlryadı menedjerlerdin` qa`niygeliklerin jetilistiriw ushın qaratılg`an.

AQSh ha`m Yaponiya ma`mleketlerinin` firmalarında menedjerlerdin` qa`niyge-liklerin qa`niygelestiriwge ku`shli itibar berilgen. **Mısalı ushın**, Amerikadag`ı «İBM» firması 1986 jılı o`zinin` xızmetshilerin qayta tayarlaw ha`m oqıtıwg`a 750 mln dollar jumsag`an. Bul maqsetlerge erisiwdin` en` joqarı qurılması (da`rejesi) bolıp profetsionallıq tayarlıq esaplanadı.

Al, Yaponiyada bolsa firmalar bir xızmetshige esaplag`anda Amerikadag`ı firma-larg`a qarag`anda 3–4 ese ko`p qa`rejet jumsaydı. Yaponiyada u`zliksiz bilim alıw o`ndiris protsessinin` ajıralmas bo`legi bolıp esaplanadı. **Mısalı ushın**, Yaponiyada ha`ptesine 8 saat oqıwg`a ajıratılsa, sonın` n` saatı jumıs ku`ni esabınan, al 4 saatı bolsa bilim alıwshının` jeke o`zinin` esa-bınan dep anıqlang`an.

**AQSh – ta qa`niygelikti jetilistiriw ha`m qayta tayarlaw sisteması kelesi ko`riniste beriledi:**

1. **Universitet ha`m biznes mektepler**. AQSh – ta 150 bunday kurslar bar bolıp, onda ha`r jılı 10 mın` adam oqıydı. Firmalardın` bunday oqıw tu`rine jumsaytug`ın qa`rejetleri jılına shama menen 16 mlryad dollardı quraydı.
2. **(American Management Assosiation) Amerikanın` menedjerler assosatsiyası** jılına 2000 nan ko`birek seminar ha`m kurs o`tkerilip, bunda 100 mın`g`a jaqın menedjerler (to`mengi ha`m orta da`rejedegi personallar) oqıydı.
3. **Assosatsiya** 192q jılı du`zilip, onın` shtat birliginde 900 adam ha`m o`00 adam kurs, seminar ha`m konferentsiyalar o`tkeriw ushın sırttan shaqırıladı.
4. **Keshki kurslar.** AQSh –ta 100 ge jaqın bolıp, bularda oqıwg`a firmalar esabınan to`lenedi.
5. **Menedjerlerdin` qa`niygeliklerin joqarılatıwdı firmalar ishinde joqarılatıw kursı.** Mısalı ushın, «**Kseroks**» firmasının` oqıw kompleksi jılına 12 mın` adam oqıta aladı. Bunday kompleksler: **«İBM», «Vestern elektrik», «Djeneral motors»** firmalarında da o`zlerinin` oqıw programmaları boyınsha jumıs alıp baradı.
6. **Kolledj, universitet, oqıw orayları janındag`ı qa`niygelikti jetilistiriw orayları.** Bunday oraylar AQSh – ta 400 ge jaqın (sonın` ishinde «İBM» firması da kiredi).

7. **«İBM» ha`m «Doeneral Motors» firmalarında universitet ha`m biznes mektepler menen ko`p jıllıq qa`niygelikti jetilistiriw sha`rtnamaları ha`reket etedi.**
8. **Jumıs ornında qayta tayarlaw.** Konkret xojalıq jag`daylarında analiz etiw tiykarında oqıp atırg`an jumısshılardın` gruppasın du`ziwdi talap etedi. Bunday usıllardan «İBM», «Djeneral Motors», «X`yullet-Pakkard» ha`m «Boyng» firmaları ken`nen qollanadı.
9. **Jer ju`zlik sawda-satıq Amerika institutlarının` keshki mektebi,** bul mektep o`zinin` 3 orayında 45 kurstı usınıs etedi. Sabaqlar ha`ptesine 1-2 ret, ulıwma 3 –ten 15 sabaqqa shekem o`tiledi. Bunda oqıwshılar ushın 1- kurstın` oqıw bahası 8**0$** dollardan 4**90$** dollarg`a shekm belgilengen.

### Tiykarg`ı tayanısh so`zler

**İsbilermenlik xızmeti** - payda alıw maqsetinde ta`wekelshilik penen ha`m de nızam-lar shen`berinde o`z initsiativası menen a`melge asırılatug`ın ekonomikalıq xızmet.

**Aktsiya** - bul onın` iyesi sheriklik ja`miyeti kapitalına o`zinin` belgili bir bo`legin qosqanlıg`ı ha`m onın` paydasınan divident formada da`ramat alıw huqıqı barlıg`ına guwalıq beriwshi qımbat bahalı qag`azlar bolıp tabıladı.

**Menedjment** - ka`rxananı basqarıw forması.

**Marketing** - bazar jag`dayın u`yreniw ha`m aldın ala boljaw.

**Dividend** - aktsiya iyesi o`zlestiretug`ın da`ramattın` tu`ri.

**Patent** -bul jeke ta`rtipte isbilermenlik penen shug`ıllanıwg`a berilgen guwalıq.

**Litsenziya**-patentten paydalanıwg`a berilgen ruxsatnama.

### Ta`kirarlaw ushın sorawlar.

1) İsbilermenlik xızmetin ta`riyplep berin`?
2) Biznes ha`m isbilermenliktin` ayırımashılıg`ı nede?
3) İsbilermenliktin` formaların ha`m olardın` qa`siyetlerin ko`rsetin`?
5) Menedjment ha`m marketingting mazmunın tu`sindirin`?

### A`DEBİYaTLAR :


1.Uzbekiston Respublikasi konstitutsiyasi.T.1992 y.18-19 betlar.
2.Uzbekiston Respublikasining konuni. «Uzbekiston Respublikasida mulkchilik tugrisida». Uzbekiston Respublikasi Konun va Farmonlar.T.1992,1994 yillar.
3. Uzbekiston Respublikasining konuni. «Davlat tassarufidan chikarish va xususiylashtirish tugrisida».Uzbekiston Respublikasi Konun va Farmonlar.T.1992,1994 yillar.
4. İ.A.Karimov. Uzbekiston XXI asr busogasida: xavsizlikka taxdid, barkarorlik shartlari va tarakkiyot kafolatlari. T. 1997 y. 2-bob. 197-199, 245-272 betlar.
5. İ.A.Karimov. Uzbekiston XXI asrga intilmokda T. 1999 y. 33 bet.
6. M.Rasulov Bozor iktisodiyoti asoslari. T. 1999 y. 244-272 betlar.
7. Sh.Sh.Shodmonov İktisodiet nazariyasi T. 2002 y. 180-205 betlar.

## 4. Ekonomikalıq shıg`ınlar tu`sinigi, olardın` tu`rleri ha`m quramı

Bazar qatnasıqları jag`dayında ha`r qanday ka`rxananın` baslı maqseti joqarı payda alıwdan ibarat bolıp esaplanadı.

Bul maqsetke erisiwdin` real mu`mkinshilikleri o`ndiris shıg`ınları ha`m sol ka`rxana islep shıg`arg`an o`nimge bolg`an talaptın` da`rejesine baylanıslı. A`dette shıg`ınlar degende o`nim islep shıg`arıw ushın sarplang`an qa`rejetler tu`siniledi. O`ndiris shıg`ınların ja`miyetlik ko`z-qarastan ha`m ka`rxana ko`z qarasınan alıp qaraw kerek. Ja`miyetlik o`ndiris shıg`ınları o`nim o`ndiriw ushın sarplang`an tolıq miynet qa`rejetlerine ten` boladı. Al o`nim o`ndiriw ushın ka`rxana esabınan sarplang`an shıg`ınlar ka`rxananın` o`ndiris shıg`ınları dep ataladı. Marksistlik teoriya ko`z-qarasınan alıp qarag`anda o`ndiris shıg`ınları sol o`nimdi o`ndiriw ushın sarplang`an shiyki zat, material, janılg`ı, xızmet haqı qa`rejetlerinen ibarat bolıp tabıladı. Al ha`zirgi waqıtta bolsa, ekonomistler o`ndiris shıg`ınların resurs-lardın` sheklengen-ligi menen baylanıstırıp ko`rsetedi.

**Ekonomikalıq shıg`ınlar** - bul firma ta`repinen resurslardı jetkerip beriwshi-lerge to`lenetug`ın haqı bolıp tabıladı.

O`ndiris shıg`ınları **ishki** ha`m **sırtqı** o`ndiris shıg`ınları bolıp bo`linedi. **Sırtqı o`ndiris shıg`ınları-** shiyki zat, material, janılg`ı ushın yag`nıy ka`rxana o`zi islep shıg`armaytug`ın resurslar ushın to`lenetug`ın qa`rejetler bolıp tabıladı.

Al, **ishki o`ndiris shıg`ınlarına** ka`rxana ishindegi qa`rejetler kiredi. **Mısalı**, ka`rxana iyesi o`zine o`zi xızmet haqı to`lemeydi, ima`rat ushın arenda haqısın almaydı yamasa sawda ushın qa`rejet jumsag`an bolsa onnan protsent almaydı. Biraq firma iyesi normal payda ko`riwi tiyis. Eger ol bul paydanı almasa, islemegende bolar edi. Ka`rxana iyesi alatug`ın normal payda da o`ndiris shıg`ınlarına kiredi.

O`ndiris shıg`ınlarının` mug`darı o`ndirilgen o`nimlerdin` ko`lemine baylanıslı boladı. O`ndiris ko`lemi artsa, o`ndiris shıg`ınları da ko`beyedi. Usıg`an baylanıslı o`ndiris shıg`ınların **turaqlı** ha`m **o`zgermeli** o`ndiris shıg`ınları dep ekige bo`lemiz.

**Turaqlı o`ndiris shıg`ınları** - bul o`ndiris ko`lemine g`a`rezsiz ra`wishte jumsalatug`ın qa`rejetler bolıp tabıladı. **Mısalı**, renta to`lewleri, amortizatsiya ajıratpaları, qamsızlandırıw to`lemleri, basqarıwshı xızmetlerge to`lenetug`ın haqı ha`m t.b. Bul qa`rejetler ha`tte ka`rxanada o`nim islep shıg`arılmag`an jag`dayda da jumasaladı.

**O`zgermeli shıg`ınlar dep** - o`ndiris ko`lemine qarap o`zgerip turatug`ın shıg`ınlarg`a aytıladı. Olarg`a ma`selen, shiyki zat, janılg`ı, transport, o`ndiriw-shilerge to`lenetug`ın xızmet haqı ha`m t.b. kiredi.

Turaqlı ha`m o`zgermeli shıg`ınlardın` jıyındısı ulıwmalıq o`ndiris shıg`ın-ların payda etedi.

## 5. Ka`rxananın` xojalıq xızmetinin` na`tiyjeleri. Payda norması ha`m massası

Ha`r qanday ka`rxanada ulıwmalıq o`ndiris shıg`ınları menen birge o`nimnin` bir-birligi esabına sarplanatug`ın shıg`ınlarda esapqa alınadı. O`nimlerdi o`ndiriw ushın sarplang`an shıg`ınlardın` aqshalay forması o`nimnin` o`zine tu`ser qunı dep ataladı. O`nimnin` o`zine tu`ser qunı shiyki zat, materiallar, energiya, janılg`ı, xızmet haqı sıyaqlı bir qatar elementlerden quralg`an.

Ka`rxana a`dette joqarı na`tiyjege erisiw ushın, yag`nıy payda alıw ushın o`nimnin` o`zine tu`ser qunın arzanlatıwı kerek. O`nimnin` o`zine tu`ser qunın arzanlatıw bir neshe faktorlarg`a baylanıslı boladı.

En` aldı menen o`nim o`ndiriw ushın sarplanatug`ın shiyki zat, materiallardan u`nemli paydalanıw da`rejesine baylanıslı boladı. O`nim birligine sarplanatug`ın qa`rejetlerdi azaytıw arqalı o`nimnin` o`zine tu`ser qunın arzanlatıwg`a erisiledi.

O`nimnin` o`zine tu`ser qunı miynet o`nimdarlıg`ınada baylanıslı boladı. Sonday-aq ol ka`rxanada jan`a texnika ha`m texnologiyalardan paydalanıw da`rejesine baylanıslı jag`dayda o`zgerip turadı.

O`nimnin` o`zine tu`ser qunı qanshelli arzan bolsa, ka`rxananın` alatug`ın paydasıda sonshelli joqarı boladı.

**Payda** - bul ka`rxanalar aqırg`ı is na`tiyjeligin sa`wlelendiriwshi en` a`hmiyetli ko`rsetkishlerdin` bir bolıp tabıladı. Ol ka`rxanalardın` ulıwma da`ramatlılıg`ınan ulıwma shıg`ınlardı alıp taslag`annan qalg`an bo`legine ten`. Ha`zirgi waqıtta payda kategoriyası bayınsha bir qatar anıqlamalar ushırasadı. Olardan:

1) **Payda** - bul o`ndiris faktorların paydalanıwdan alınatug`ın da`ramat.

2) **Payda** - isbilermenlik xızmeti ushın to`lenetug`ın haqı.

3) **Payda** - oylap tabıwshılıq, firmanı basqarıwdag`ı uqıplılıq ushın to`lenetug`ın haqı.

n`. **Payda** ta`wekelshilik ushın to`lenetug`ın haqı h.t.b. Ha`r qanday ka`rxana yamasa isbilermendi alınatug`ın paydanın` mug`darı qızıqtıradı.

A`lbette, paydanın` absolyut mug`darına qaray ka`rxana iskerligi haqqında tolıq juwmaq shıg`arıw mu`mkin emes.

Tolıq juwmaq shıg`arıw ushın paydanın` qansha qa`rejet sarplaw esabına alıng`anlıg`ın biliw kerek.

Ka`rxanalardın` alg`an paydasın sarplag`an qa`rejetlerge salıstırıw arqalı payda norması anıqlanadı.

$$P^1 = (RM / F) * 100\%$$

Bul jerde:

$P^1$ - payda norması;

RM - paydanın` mug`darı;

F - sarplang`an kapital.

## 6. Kommertsiyalıq shıg`ınlar ha`m kommertsiyalıq payda

Kommertsiyalıq tar ma`niste sawda menen shug`ıllanıwdı ko`rsetedi. Kommertsiya ha`r qanday iskerlik sıyaqlı belgili qa`rejetlerdi talap etedi. Sawda da islewshiler xızmet haqı aladı, tovarlardı alıp-satıw, olardı tasıp keltiriw, qarıydarg`a jetkerip beriw belgili da`rejedegi materiallıq ha`m miynet qa`rejetlerin talap etedi. Materiallıq shıg`ınlarg`a imaratlar, mashinalar, transport, amortizatsiya, ijara haqı, ha`r qıylı materiallar, janılg`ı ha`m energiya qa`rejetleri kiredi.

Qa`rejetlerdin` u`lken bo`legin reklama shıg`ınları quraydı. **Mısalı**, Moskvada olimpiyada otkerilgen jılı "**Koka-kola**" firması reklama ushın 342 mln dollar sarıplang`an. Kommersantlar o`zlerinin` daramatlarınan ha`r qıylı salıqlardı to`lewdi, bulda shıg`ınlarg`a kiredi. Kommertsiyalıq shıg`ınlar turaqlı ha`m o`zgermeli shıg`ınlar bolıp ekige bo`linedi. **Tuwraqlı shıg`ınlar - bul kommersant iskerligi g`a`rezsiz tu`rde aldın ala belgilep qoyılg`an shıg`ınlardan turadı, o`zgermeli shıg`ınlar ha`r qıylı faktorlar ta`sirinde o`zgerip turadı.** Bunda baha tiykarg`ı orındı iyeleydi. Qa`rejetlerdi qa`liplestiriwshi shıg`ınlar resurslar bahasına baylanıslı boladı. Xızmet haqıda usınday shıg`ınlarg`a kiredi.

Tek g`ana **alıw - satıw islerine yag`nıy tovarlardı aqshag`a almasıwg`a xızmet qılatug`ın shıg`ınlar naq kommertsiyalıq qa`rejetleri dep ataladı**.

Kommertsiyalıq paydada basqa payda sıyaqlı qosımsha o`nimnin` bir bo`legi bolıp esaplanadı.

Kommertsiyalıq payda o`zinde deregi ha`m qa`liplestiriw mexanizmi boyınsha g`ana emes, al o`zlestiriw sub`ektleri boyınsha da ajıraladı.

Kommertsiyalıq paydanı o`ndiriwshi firmalar o`zlerinde o`zlestiriwi mu`mkin. Bunda o`z qarıydarları menen tikkeley baylanıs ornatıp, qa`rejetlerdin` ha`mmesin o`zleri ko`teredi.

Sawda da da`ldalshı qatnasqanda paydanı kommersant o`zlestiredi. Kommertsiyada normal payda, ekonomikalıq payda ha`m omad paydası boladı. Bazar ushın normal payda bolıwı sha`rt, biraq kapitallar sawdadan shıg`ıp ketpewi ushın ekonomikalıq payda za`ru`r ha`m ol bazarda qosımsha resurslar keliwin ta`miyinleydi. Sonlıqtanda bazardın` u`zliksiz islep turıwı ushın baha hesh bolmag`anda normal paydanı ta`miyinlewi kerek. Satıwshı bunday paydanı alıwı ushın baha qa`rejetlerge kirgiziledi. A`melde baha qa`rejetleri joqarı bolıwı da mu`mkin. Bunday jag`dayda ekonomikalıq payda alınadı. Bazardag`ı ku`tilmegen payda omad paydası dep ataladı.

Bundan payda bazarda qolaylı jag`daylar ju`zege kelgende alınadı. Kommertsiyalıq payda norması ha`r qıylı faktorlardın` ta`sirinde o`zgerip turadı.

1. Bazardag`ı bahanın` da`rejesine
2. Sawda aylanısının` tezligine
3. Almasıw qa`rejetlerinin` mug`darına qaray.

Kommertsiyalıq payda normasın eki usıl ja`rdeminde anıqlawg`a boladı.

**1. PN = (PM / Q) * 100%**

Bul jerde:
Pn -payda norması;
PM –payda mug`darı;
Q-qa`rejetler

**2. PN = (PM / Q) * 100%**

Bul jerde:
K-sawdag`a qosılg`an kapital

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler.**

**O`ndiris shıg`ınları** - Tovar ha`m xızmetlerdi o`ndiriske ha`m tutınıwshılarg`a jetkerip beriwge jumsalg`an barlıq qa`rejetler.
**Tuwraqlı shıg`ınlar** - O`ndiris ko`lemine ta`sir ko`rsetpeytug`ın, ol o`zgergendede mug`darı o`zgermeytug`ın shıg`ınlar.
**O`zgermeli shıg`ınlar** -O`ndiris ko`leminin` o`zgeriwine ta`sir etetug`ın shıg`ınlar.
**Payda** - ulıwmalıq da`ramattan ketken barlıq shıg`ınlardı alıp taslag`annan keyingi qalg`an bo`legi.
**Naq kommertsiyalıq qa`rejetleri** - alıw-satıw islerine yag`nıy tovarlardı aqshag`a almasıwg`a xızmet qılatug`ın shıg`ınlar ataladı.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar.**

1. Ekonomikalıq shıg`ılar degen ne?
2. Ka`rxana paydası qalayınsha anıqlanadı?
3. Payda norması degen ne ha`m ol qalayınsha anıqlanadı?
4. Paydanın` mug`darına ta`sir ko`rsetiwshi qanday faktorlardı bilesiz?
5. Kommertsiyalıq shıg`ınlardı mısallarda tu`sindirin`?

A`DEBİYaTLAR:

1.Uzbekiston Respublikasining konuni. Uzbekiston Respublikasida mexnatni muxofaza kilish tugrisida. Uzbekiston yangi konunlari. T. 8-tom 1994 yillari.
2. «Uzbekiston Respublikasida mulkchilik tugrisida». Uzbekiston Respublikasi Konun va Farmonlar.T.1994 y.
3. «Uzbekiston Respublikasida bankrotlik tugrisida». Uzbekiston yangi konunlari T. 1997 y.
4. İ.A.Karimov. Uzbekiston iktisodiy isloxotlarni chukurlashtirish yulida. T. 1995 y. 183-184 betlar.
5. İ.A.Karimov. Uzbekiston XXI asrga intilmokda. T. 1999 y. 34 bet.
6. Sh.Shodmonov İktisodiyot nazariyasi T. 2002 y. 10-11 boblar, 205-226 betlar.
7. N.Beknazov, Yu.K.Yuldoshev Bozor iktisodiyoti nazariyasi. T. 1993y.30-41 betlar.

## 9 -1. - tema: Agrar qatnasıqlar ha`m agrobiznes

### 1. Agrar qatnasıqlar ha`m olardın` o`zgeshelikleri

Ekonomikalıq nızam ha`m kategoriyalar ekonomikanın` barlıq tarawlarında a`mel qıladı. Biraq islep shıg`arıw tarawlarının` o`zine ta`ns o`zgeshelikleri, olardag`ı sotsial - ekonomikalıq sharayatlar turlishe bolg`anlıg`ı sebepli, ekonomikalıq qatnasıqlar ha`m o`zine ta`nligi menen ajıralıp turadı. A`sirese, bunday o`zine ta`nligi agrar tarawındag`ı ekonomikalıq qatnasıqlarda anıq ko`rinedi. Sebebi, bul tarawda islep shıg`arıw basqa tarawlardag`ı islep shıg`arıwdan ko`p ta`repten ajıralıp turadı.

Agrar tarawda ja`miyat ushın za`ru`r bolg`an azıq - awqat o`nimleri ha`m sanaat tarawları ushın shiyki zat islep shıg`arıladı. Ulıwma alg`anda, awıl xojalıg`ı ekonomikanın` tiykarg`ı tarawı esaplanadı. A`sirese, respublikamızda agrar tarawda islep shıg`arıw mug`darı, xalıqtın` ba`ntligi, eksport quwatı boyınsha ekonomikanın` iri tarawı esaplanadı. Sonın` ushın xalıqtın` turmıs da`rejesi onın` parawanlıg`ı, sonday-aq, ekonomikanın` basqa tarawlarının` rawajlanıwı ha`m tek g`ana agrar tarawının` jag`dayı ha`m onın` rawajlanıw da`rejesine baylanıslı. Respublikamız Prezidenti İ.A.Karimov aytıp o`tkenindey, «**Respublika sanaatının` ko`pshilik tarawların, sonın` ishinde, paxta tazalaw, toqımashılıq, jen`il sanaatı, azıq - awqat, ximiya sanaatın, awıl xojalıg`ı mashinasazlıg`ın ha`m basqalardı (olar pu`tin sanaat potentsialının` yarmına jaqının quraydı) rawajlandırıw perespektivaları, olardın` quramalı o`tiw da`wirindegi ekonomikalıq, finanslıq jag`dayı tuwrıdan - tuwrı awıl xojalıg`ına baylanıslı**». ([4].226 bet). Sonın` ushın agrar siyasat ma`mleketimiz ekonomikalıq finanslıq siyasatının` tiykarg`ı buwını esaplanadı.

Awıl xojalıg`ında islep shıg`arıw ko`p ta`repten jer menen baylanıslı. Sonın` ushın jerge iyelik etiw, biylik etiwdi sho`lkemlestiriw ha`m onnan paydalanıw menen baylanıslı bolg`an qatnasıqlar agrar qatnasıqlar delinedi. Bul qatnasıqlardın` ob`ekti - jer, sub`ekti bolsa jer iyeleri esaplanadı. Respublikamızda jer ma`mleket mu`lki bolıp, ol uzaq mu`ddetke paydalanıwg`a tapsırıladı. Jerdi qanday da bir waqıttqa ijarag`a beriw arqalı tovarg`a aylanıwı jerde ha`r qıylı mu`lkshiliktin` payda bolıwı, jerdin` isbilermenlik ob`ekti bolıwı, jerdin` girewge qoyılıwı, jerge renta tu`rinde pul o`ndiriliwi agrobiznestin` arnawlı xızmet tu`rine aylanıwı bazar menen baylanıslı.

Awıl xojalıg`ında ta`kirar islep shıg`arıwdın` basqa tarawlardag`ı islep shıg`arıw-dan ja`ne bir parqı sonda, awıl xojalıg`ında islep shıg`arıw protsessi tuwrıdın - tuwrı tiri janzatlar, yag`nıy jer, o`simlik du`n`yası ha`m sharwa malları menen baylanıslı boladı. Bul bolsa o`z na`wbetinde ekonomikalıq nızamlardı ta`biyiy nızamlar menen tıg`ız baylanıslı bolıwın an`latadı. Sonın` ushın awıl xojalıg`ında islep shıg`arıw eki jaqlama xarakterge iye deyiledi, yag`nıy birinshiden, bul ekonomikalıq protsess bolıp, insan miynetinin` na`tiyjesinde ju`z beredi; ekinshiden, ta`biyiy biologiyalıq protsess bolıp, o`nim jetistiriwdi ta`biyiy faktorlar bolıwı klimat sharayatı, hawa - rayının` jag`dayı, topıraqtın` ta`biyiy qa`siyetlerine baylanıslı. Sonın` menen birge awıl xojalıg`ındag`ı o`zine ta`n o`zgesheliklerden ja`ne biri jerdin` jeke islep shıg`arıw quralı ekenligi esaplanadı, yag`nıy bunda jer ha`m miynet quralı, ha`m miynet predmeti sıpatında qatnasadı, islep shıg`arıw protsessinde bolsa jerden paydalanıw da`wrinde ol jelinbeydi ha`m tozbaydı, awıl xojalıg`ında islep shıg`arıw protsessinin` ma`wsimlik xarakterge iye. Bul bolsa awıl xojalıg`ında ba`nt bolg`an islep shıg`arıw qurallarınan paydalanıwdı da ma`wsimge baylanslı etip qoyadı. Joqarıda ko`rsetip o`tilgenindey jer awıl xojalıg`ında tiykarg`ı islep shıg`arıw quralı esaplanadı. Lekin ha`r qanday ekonomikalıq resurs uqsag`an ol sheklengen bolıp, onı islep shıg`arıw mu`mkin emes. Jerdin` paydalılıg`ın asırıw ushın og`an sarp etilgen investitsiya qarjıları tiykarında o`nimnin` o`nimdarlıg`ın ko`beytiw mu`mkin.

Jerge xaqı to`lew menen ma`lim mu`ddette paydalanıw esabınan kelip shıg`atug`ın ekonomikalıq baylanıslar ijara qatnasıqları deyiledi. Jer iyesi ijarag`a beriwshi, jerge to`gin beriwshi bolsa ijarag`a alıwshı esaplanadı ha`m olar ortasındag`ı ha`m ekonomikalıq qatnasıqlar ijara kelisimi arqalı bekkemlenedi.

Belgilengen mu`ddet ishinde, kelisilgen qunda jerden paydalanılg`anlıg`ı ushın to`leytug`ın xaqı ijara xaqı deyiledi.

İjara haqı menen jer rentası bir – birinen parq qıladı. İjara haqı tek g`ana ijara alg`an jerden emes, ba`lki sol jerdegi miyweli tereklerden, tiykarg`ı ha`m ja`rdemshi imarat ha`mde jaylar qunın ha`m o`zide sa`wlelendiredi. Jer rentası bolsa jerden paydalang`anı ushın jer iyesine to`lenetug`ın haqı bolıp esaplanadı. Jer rentası ijara haqını belgilew ushın tiykar boladı. Onın` qunı to`mendegi faktorlarg`a baylanıslı:

1. Jerdin` ta`biyiy o`nimdarlılıg`ı;
2. Jerdin` tutınıwshılarg`a qaray jaylasıwı;
3. Og`an sarp etilgen materiallıq ha`m miynet resurslarına ketken qa`rejet mug`darı.

Jer rentası jer iyeliginin` ekonomikalıq jaqtan a`melge asırıw, yag`nıy realiza-tsiyalaw sha`rti bolıp, ol absolyut renta, differentsial (gruppalarg`a ajıratılg`an) renta ha`m monopol renta tu`rinde sa`wlelenedi.

**Absolyut jer rentası.** Jer maydanlarının` sheklengenligi sebepli, ijarag`a beriletug`ın barlıq jer uchastkalarının` sapasınan qattiy na`zer, jerden paydalanılg`anlıg`ı ushın to`lenetug`ın haqı absolyut jer rentası deyiledi. Bul rentanın` ju`zege keliw mexanizmi sonnan ibarat, jer iyeleri jerdi islewshi ijarashılarg`a paydalanıw ushın ijarag`a beredi ha`m olardan paydalag`anlıg`ı ushın to`lem aladı. Eger jer ijarag`a berilgende sol jerde ha`r tu`rli imaratlar, jaylar qurılg`an bolsa, olardın` ijara haqı ayrıqsha dara halında esaplanadı.

**Differentsial renta. Jer uchastkalarının` o`nimdarlıg`ı ha`m jaylasqan ornındag`ı o`zgeshelikler na`tiyjesinde ju`zege keletug`ın qosımsha bir bo`legi renta formasın aladı ha`m ol differentsial renta dep ataladı.** Differentsial renta jerdin` sapasına qarap alınatug`ın absolyut rentadan artıqsha bolg`an bo`legi esaplanadı. **Differentsial renta** o`zinin` kelip shıg`ıw sharayatlarına qaray **differentsial renta - I** ha`m **differentsial renta - II** ge bo`linedi.

**Differentsial renta - I** jerdin` ta`biyiy o`nimdarlıg`ı yaki jer uchastkasının` bazarg`a, qalag`a ha`m oraylıq jollarg`a qarag`anda jaqınıraq jaylasqanlıg`ına, yag`nıy o`nimdi tutınıwshıg`a jetkeriw, qosımsha sarp – qa`rejetti talap etpeytug`ın yaki kem sarp – qa`rejet ketetug`ın jerlerden alınadı. Basqasha aytatug`ın bolsaq jaman yaki tutınıwshıg`a qarag`anda uzaq jerlerdegi qa`rejetler menen basqasha sapalıraq yaki tutınıwshıg`a birinshisi jaqınıraq jerdegi qa`rejetler ortasındag`ı ayırmashılıq **differentsial renta - II** ni payda etedi. Bul mazmunı jag`ınan ekonomikalıq paydanın` bir tu`ri bolıp, jer iyelerine tiyisli bolg`anı ushın rentag`a aylanadı.

Tablitsada berilgenindey, jaman jerge sarplang`an individual islep shıg`arıw bahası da 250 swmdi payda etedi, jaratılg`an o`nimnin` sotsial qunı (bazar bahası) ha`m 250 swm. Demek, bunday jag`dayda **differentsial renta** - I - 0 ge ten`. Ekinshi jer mayda-nı ortasha bolg`anı ushın og`an sarplang`an individual miynet penen sotsial miynet qa`rejeti 50 swmg`a, jaqsı jerlerde bolsa 125 swmga ten`. A`sirese, mine usı ayırmashılıq (50 ha`m 125 swm) **differentsial renta - I** bolıp, ol jer iyesine tiyedi.

1-tablitsa

**Differentsial renta- I din` payda bolıwı**

| | Jer sapası | Jer maydanı (ga) | İslep shıg`arıw qa`rejeleri (swm) | 1 ga jerden alınatug`ın o`nimdarlıq (ts) | Jeke ta`rtipte islep shıg`arıw bahası | Sotsial islep shıg`arıw bahası (swm) | Diffe-rentsial renta |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Jaman | 1 | 1000 | 4 | 250 | 250 | 0 |
| 2 | Ortasha | 1 | 1000 | 5 | 250 | 250 | 50 |
| 3 | Jaqsı | 1 | 1000 | 8 | 125 | 250 | 125 |

Jerdin` o`nimdarlıg`ın ko`beytiw maqsetinde jerge qosımsha sarp-qa`rejet sarplanadı. Bul differentsial renta- II ni beredi. Yag`nıy ekonomikalıq o`nimdarlıq (qosımsha materiallıq qa`rejetler arqalı jerdin` o`nimdarlıg`ın asırıw) esabınan alıng`an daramat differentsial renta- II nin` payda etedi.

2-tablitsa

**Differentsial renta- II nin` payda bolıw**

| | Jer sapası | Jer maydanı (ga) | İslep shıg`arıw qa`rejeleri (swm) | 1 ga dan alınatug`ın o`nimdarlıq (ts) | Qosımsha islep shıg`arıw qa`rejetleri (swm) | 1 ga jerden alıng`an qosımsha o`nimdarlıq (ts) | 1 ga jerden alıng`an ulıwma o`nimdarlıq (ts) | Ja`mi qa`rejet (swm)a | Qosımsha o`nimdarlı o`nim islep shıg`arıw qunı (swm) | Qosımsha o`nimdarlı o`nim satıw bahası (swm) | Differentsial renta |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Jaman | 1 | 1000 | 4 | 0 | 0 | 4 | 1000 | 250 | 250 | 0 |
| 2 | Ortasha | 1 | 1000 | 5 | 200 | 3 | 8 | 1200 | 150 | 250 | 10 |
| 3 | Jaqsı | 1 | 1000 | 8 | 400 | 6 | 14 | 125 | 100 | 250 | 150 |

**Monopol renta.** Rentanın` bul tu`ri ayrıqsha klimat sharayatlarına iye bolg`an, ol awıl xojalıq o`ndirisinde ayırım kem ushrasatug`ın o`nim jetistiriletug`ın jer ushın onın` iyesine to`lenetug`ın xaqı esaplanadı. Ayrıqsha klimat sharayatın talap etetug`ın o`nimler monopol bahalarda satıladı. Bul baha olardı islep shıg`arıwg`a ketken qa`rejetlerden sonshelli joqarı boladı, na`tiyjede jer iyeleri monopol renta aladı.

Joqarıda toqtalıp o`tkenimizdey, jer ha`mmege tiyisli resurs bolıp, onnan tek g`ana awıl xojalıg`ı o`nimin jetististiriw ushın paydalanılmaydı, ba`lki o`ndiris sanaatta da qazılma baylıqlar islep shıg`arıladı. Ta`biyiy, bul halda da qosımsha daramat alınadı. Bul daramat o`ndiris sanaatta da renta dep ataladı. Paydalı qazılma-lardın` jaylasıwı, olarda islewinin` qolaylı yaki qolaylısızlıg`ı, ka`nnin` baylıg`ı jag`ınan da qazılma ka`nleri bir–birinen ayırılıp turadı. Demek, olardan alınatu-g`ın daramatda ha`r tu`rli boladı, orta ha`m jaqsı ka`nlerdegi ka`rxanalar qosımsha payda aladı ha`m bul payda da differentsial rentag`a aylanadı.

Bazar ekonomikası sharayatında jer tek g`ana ijarag`a berilmey, ba`lki aldı–sattı ob`ekti de bola aladı. Jer awıl xojalıq o`nimlerin jetistiriw, ta`biyiy qazılma baylıqların qazıp alıw, ha`r tu`rli islep shıg`arıw ha`m turaq-jay imaratların, jollar qurıw ushın satıp alınadı. Lekin jer miynet jemisi bolmag`anı ushın ol almasıw qunına iye emes. Sonın` ushın jer irratsional bahag`a iye. Jer uchastkasının` iyesi onı satıwdan alıng`an summanı bankke qoyg`anda, protsent ta`rizinde ol keltiretug`ın da`ramat sol jer uchastkasınan alınatug`ın rentadan kem bolmag`an ta`g`dirde g`ana jerdi satadı. Yag`nıy jerdin` bahası kapitallasqan renta bolıp ol birinshiden, jer uchastkası iyesi alıwı mu`mkin bolg`an jer rentası mug`darına, ekinshiden, ssuda protsenti normasına baylanıslı. Jer bahası to`mendegishe anıqlanadı:

$$\mathbf{Jb = (Jr / P) * 100\%}$$

bul jerde: Jb – jerdin` bahası;

Jr– jer rentası;

P – banklerde to`lenug`ın protsent.

Jerdin` bahası renta mug`darına tuwrı, ssuda protsentine bolsa keri qatnasta. Renta mug`darı o`sip, ssuda protsenti norması pa`seyip barg`anda jerdin` bahası o`sip baradı, jer bahasının` o`zgeriwine basqa faktorlar da ta`sir etedi. Ma`selen, inflyatsiya ha`m giperinflyatsiya sharayatında jerge talap o`sedi, yag`nıy onın` bahası artadı.

## 3. Agrobiznes ha`m onın` O`zbekistandag`ı ko`rinisi

Bizin` respublikamızda, joqarıda aytıp o`tkenimizdey, awıl xojalıg`ı ekonomikanın` tiykarg`ı, jetekshi bo`legi esaplanadı. Sonın` ushın awıl xojalıg`ın rawajlandırmay turıp, pu`tin ekonomikalıq reformalardı na`tiyjeli dawam ettiriw mu`mkin emes. Bug`an erisiw ushın awıl xojalıg`ıda ha`m isbilermenlikti ken` rawajlandırıw kerek. İsbilermenlik xızmetinin` awıl xojalıq tarawlarındag`ı forması agrobiznes formasında ko`rinedi. Agrobiznes degende awıl xojalıg`ı tarawındag`ı biznes tu`siniledi ha`m ol bazar sistemasının` quramlı bo`leklerinen birin quraydı. Agrobiznes awıl xojalıg`ına texnikalıq, remontlaw, xızmet ko`rsetiw, onın` o`nimlerin qayta islew ha`m tutınıwshılarg`a jetkerip beriw menen baylanıslı bolg`an isbilermenlik xızmeti bolıp, onın` maqseti tutınıw bazarın jeterli mug`darda sapalı awıl xojalıq o`nimleri, sanaattı bolsa shiyki zat penen u`zliksiz ta`miynlew arqalı payda ko`riwden ibarat.

O`zbekistanda **agrobiznes agrosanaat kompleks** ko`rinisinde rawajlanadı. **ASK** to`rt tarawdı o`z ishine aladı:

**Birinshi taraw** – awıl xojalıg`ına islep shıg`arıw qurallarıın jetkerip beretug`ın sanaat tarawları ha`m awıl xojalıg`ına texnika xızmetin ko`rsetiw menen ba`nt bolg`an tarawlar.

**Ekinshi taraw** – awıl xojalıg`ı ka`rxanalarının` o`zi.

**U`shinshi taraw** – awıl xojalıg`ı o`nimlerin tutınıwshıg`a jetkerip beriwdi ta`miyinleytug`ın tarawlar (qayta islew, tayarlaw, saqlaw, tasıp beriw ha`m satıw).

**To`rtinshi taraw** – infrastruktura, yag`nıy agrosanaat ko`leminde xızmet etip atırg`an adamlardın` islep shıg`arıw ha`m jasawı ushın za`ru`r sha`rt - sharayatlardı ta`miyinlep beretug`ın tarawlardı, yag`nıy jol - transport xojalıg`ı, baylanıs, materiallıq texnika xızmeti, o`nimdi saqlaw sisteması, sklad ha`m tara xojalıg`ı, ma`deniy turmıslıq xızmet, sawda, u`y - jay, ulıwma awqatlanıw ha`m tag`ı basqalardı o`z ishine aladı. Ol o`zinin` a`hmiyetine qaray, islep shıg`arıw ha`m sotsial infrastruk-turag`a bo`linedi. İslep shıg`arıw infrastrukturası tek g`ana islep shıg`arıwg`a xızmet qılatug`ın, sotsial infrastruktura bolsa, adamlardın` turmıs keshiriw xızmetinin` ulıwma sharayatların ta`miyinleytug`ın tarawlardı o`z ishine aladı.

Prezidentimiz İ.A. Karimov infrastruktura iskerligine baha berip, «**Awıldı jan`alaw ha`m qayta qurıw ila`jları sistemasında islep shıg`arıw ha`m sotsial infrastrukturanı jedel rawajlandırıw ju`da` u`lken a`miyetke iye**» ([4],239 bet) dep aytıp o`tken.

Agrobiznestin` tiykarg`ı ha`m birlemshi tu`ri bul fermer ha`m diyxan xojalıqları esaplanadı. Olar kishi biznestin` ko`rinisi bolıp, tuwrıdan - tuwrı awıl xojalıg`ı o`nimlerin islep shıg`aradı. Bul xojalıqlar o`zinin` jerlerinde yaki ijarag`a alıng`an jerde is ju`ritip, mu`lk iyesi ha`m is ju`ritiwshi fermerdin` o`zi ha`m shan`araq ag`zaları esaplanadı. Bunda mu`lk ha`m miynet tuwrıdan - tuwrı qosılıp ketedi, bul bolsa joqarı na`tiyje beriwge imkaniyat jaratadı. Fermer - diyxan xojalıqları g`a`rezsiz du`zilme bolg`anlıg`ı sebepli bazar kon`yunkturasına tez maslasadı. Bunda ekonomikalıq ma`pdarlıq joqarı bolg`anlıg`ı ushın fermerler juwapkershilik penen isleydi.

Respublikamızda fermer xojalıqların rawajlandırıw ushın ha`m huquqıy, ha`m sho`lkem-lestiriwshilik sha`rt–sharayatlar jaratılg`an. **Ma`selen,** fermerlerge ajıratılg`an jerlerdi miyras etip qaldırıw sha`rti menen uzaq mu`ddetke alıw huquqı nızam ta`repinen kepillikke alıng`an.

Na`tiyjede diyxan - fermer xojalıqları sanı jıl sayın artıp barmaqta.

**Ekonomikamızda ju`z berip atırg`an unamlı o`zgerislerdi ayqın ko`z aldımızg`a keltiriw ushın to`mendegi tsifrlardı keltirip o`tpekshimen.**

Eger bunnan on jıl burın, yag`nıy 2000-jılda elimizdin` jalpı ishki o`niminde sanaattın` u`lesi tek 14,2 protsentti qurag`an bolsa, 2010-jılda bul ko`rsetkish 24 protsentti, awıl xojalıg`ının` u`lesi bolsa, 30,1 protsentten 17,5 protsentke qısqardı.

2010-jılda awıl xojalıg`ı o`nimlerin islep shıg`arıw 2009-jılg`a salıstırg`anda 6,8 protsentke, 2000-jılg`a salıstırg`anda bolsa, 1,8 esege asqanı da usını ko`rsetedi.

Bizin` bul bag`dardag`ı en` u`lken tabısımız jalpı ishki o`nim quramında kishi biznes ha`m isbilermenliktin` u`lesinin` ko`beyiwine ja`ne elimiz ekonomikasın rawajlandı-rıwda onın` rolinin` sezilerlik da`rejede artqanında ko`rinbekte.

2000-jılda JİO` nin` derlik 31 protsenti ekonomikanı jedel rawajlandırıp atırg`an usı sektorının` u`lesine tuwra kelgen bolsa, 2010-jılda bul ko`rsetkish 52,5 protsentti quradı.

Ka`rxanalar arasında kooperatsiyalıq baylanıslar bekkemlenbekte, bul protsesske kishi ka`rxana ha`m jeke biznes sub`ektleri barg`an sayın ken` tartılmaqta.

2010-jılda o`tkerilgen Xalıqaralıq sanaat yarmakası ha`m qooperratsiyalıq birjag`a du`n`yanın` 51 elinen 700 den aslam shet el firmaları ha`m kompaniyalarının` wa`killeri qatnastı, 500 den aslam jan`a tu`rdegi o`nim o`rsetildi, Kunı 2 trillion 600 milliard swmlıq sumlıq sha`rtnamalarg`a qol qoyıldı.

O`tken jıl dawamında kishi biznes sub`ektlerine ajıratılg`an kreditlerdin` ko`lemi 14 ese ko`beydi ha`m 2 trillion 700 milliard swmdı quradı. Sonın` ishinde, mikrokreditlerdin` ko`lemi 485 milliard swmnan asıp, bul ko`rsetkish 2009-jılg`a salıstırg`anda 1,5 ese ko`beydi.

Awıl xojalıg`ın reformalaw, fermer xojalıqlarına bekitilgen jer uchastkaların optimallastırıw, paxta ha`m g`a`llenin` satıp alıw nırqların arttırıw boyınsha a`melge asırılıp atırg`an izbe-iz isler na`tiyjesinde **ekonomikamızdın` agrarlıq sektorında strukturalıq sapa o`zgerisleri ju`z bermekte.**

Paxta ha`m g`alle sıyaqlı strategiyalıq a`hmiyetli awıl xojlıg`ı eginleri menen bir qatarda, miywa-ovosh`, sharwashılıq, qus o`siriwshilik ha`m balıqshılıq salalarında da o`ndiris ko`lemi sezilerli da`rejede o`sti, qayta islew tarmaqları ha`m ishki bazardı su`t, go`sh, kartoshka ovosh` sıyaqlı en` a`hmiyetli azıq-awqatlıq ha`m basqa da awıl xojalıg`ı o`nimleri menen ja`yone de ko`birek toltırıw ushın bekkem shiyki zat bazası jaratılmaqta.

Tek 2010-jıldın` o`zinde jerlerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılawg`a qaratılg`an joybarlardı a`melge asırıw ushın 150 milliard swmnan aslam qarjı qaratıladı ha`m bul 724 kilometrlik kollektor-drenaj tarmaqların, 208 milorativlik qudıqlardı qurıw rekonstruktsiyalaw, derlik 14 mın` kilometrlik kollektor-drenej sistemasın on`law, qayta tiklkew ha`m 335 zamanagoy melioratsiya texnikasın satıp alıw imkaniyatın beredi.

Qashqada`r`ya, Buxara, Nawayı, Surxandar`ya, Sırda`r`ya, Jizzaq wa`layatlar, sonday-aq, Oraylıq Ferg`ana aymag`ı ha`m Qaraqalpaqstan Respublikasında irrigatsiya ja`ne melioratsiya qurlısların qayta tiklew ushın 2010-jılda xalıq-aralıq finans institutlarının` 62 million dollardan aslam qarjıları tartıldı ha`m o`zlestirildi.

A`melge asırılg`an a`ne usınday ken` ko`lemli isler na`tiyjesinde 260 mın` gektar suwg`arılatug`ın jerdin` melorativlik jag`dayı jaqsılandı ha`m bul awıl xojalıg`ı eginlerinin` zu`ra`a`tligin, fermer ha`m diyxan xojalıqlarının` da`ramatın arttırıw ushın bekkem tiykar bolıp xızmet etpekte.

Bunda, ba`rinen burın, jerlerdin` o`nimdarlıg`ın arttırıwg`a ayrıqsha itibar qaratıw tiyis. Bul bag`dardag`ı islerdin` ko`lemi jıl sayın ken`eyip atırg`anına qaramastan, suwg`arılatug`ın jerlerdin` ha`zirgi meliorativlik jag`dayı u`lken tınıshsızlanıw-shılıq tuwdırıp atırg`anın aytıw kerek.

Ha`zirgi waqıtta elimizde ja`mi suwg`arılatug`ın jerlerdin` derlik 49 protsenti ha`r qıylı da`rejede shorlang`an bolıp, bunın` derlik 18 protsenti ku`shli ha`m orta da`rejede shorlang`an jerler, 23 protsentten aslamı bolsa boniteti to`men jerler qatarına kiredi. Melorativlik jag`dayı qanaatlandırarsız jerdin` u`lken bo`legi Qaraqalpaqstan Respublikası, Xorezm, Buxara, Jizxaq ha`m Ferg`ana wa`layatlarına tuwra keledi.

Sharwashılıq salasın alatug`ın bolsaq, bul tarawda iske qosılg`an u`lken imkaniyatlar bar ekenligin atap o`tiw orınlı boladı. Salıstırıw ushın to`mendegi bir mısaldı keltiremen: Daniya ha`m Qubla Koreyada su`t sawıp alıw boyınsha ortasha ko`rsetkish 8 - 9,5 mın` kilogramdı, Vengriya, Germaniyada bolsa 6 - 7 mın` kilogramdı qurap atırg`an bir waqıtta, bizde son`g`ı bes jılda bul ko`rsetkish 1,7 mın` kilogram da`rejesinde saqlanıp qalmaqta.

Bul jerde ga`p tek o`zine ta`n ıqlım shaarayatları menen g`ana emes, al en` tiykarg`ı ma`sele bolg`an zamanagoy texnologiyalardan paydalanıw menen baylanıslı ekenin, tu`siniw qıyın emes.

Awıl ha`m suw xojalıg`ı ministrligi zamanagoy agrotexnalogiyalardı u`yreniw ha`m a`melde engiziw menen ku`ta` shıntlap shug`ıllanıwı, selektsiya islerin ja`ne de jetilistiriw ha`m awıl xojalıg`ı o`ndirisinin` o`nimdarlıg`ın arttırıw boyınsha anıq ilajlar kompleksin islep shıg`arıw za`ru`r.

Agrobiznes tu`rlerinen biri agrofirmalar esaplanadı. Olar ma`lim tu`rdegi awıl xojalıg`ı o`nimlerin jetistiriw ha`m onı sanaat usılında qayta islewdi qosıp alıp baratug`ın ka`rxanalar esaplanadı. Olar ha`m awıl xojalıg`ı, ha`m sanaatqa mas resurs-lardan paydalanıp, tutınıwg`a tayar bolg`an o`nim jaratadı. Ja`ne sonı ayrıqsha atap o`tiw lazım, agrofirmalar fermer xojalıqları uqsag`an birden-bir individual jeke mu`lkke tiykarlanbag`an, olarda g`a`rezsiz individual mu`lk penen birgelikte ulıwma–kooperativ mu`lkte boladı.

Agrosanaat birlespeler ha`m kombinatları agrobiznestin` jan`a tu`rleri esaplanadı. Olar bir tu`rdegi o`nim yaki bir neshe tu`rdegi islep shıg`arıw xızmeti menen paydalanıwshı bir neshe xojalıq ha`m de ka`rxanalardı birlestiredi. **Ma`selen,** bag`shılıq ha`m ju`zimgershilik penen shug`ıllanıwshı xojalıqlar, olardın` o`nimin qayta islewshi tsex ha`m zavodlar, jetkerip beriwshi sawda tarawları bir texnologiyalıq protsesske birlesip birgelikte iskerlikti (xızmetti) a`melge asıradı. Bunday birlespe qatnasıwshıları islep shıg`arıw, xojalıq ha`m finanslıq g`a`rezsizlikti saqlap qalıwı menen birge, olardın` ulıwma mu`lki ha`m o`nimlerin jetistiriw, qayta islew ha`m tutınıwshılarg`a jetkerip beriwge shekem barlıq texnologiyalıq protsesslerge xızmet qılıwshı xojalıq ha`m ka`rxanalardın` ma`lim territoriyadag`ı birlesiwi bolıp tabıladı.

Joqarıda aytıp o`tilgenindey, elimizde alıp barılıp atırg`an ekonomikalıq reformalardın` ishinde awıl xojalıg`ı haqqındag`ı reformalar tiykarg`ı orındı iyeleydi. Bul haqqında Prezidentimiz İ.A.Karimov «**Awılda bazar qatnasıqları-nın` rawajlanıwına, diyxannın` mu`lkdarlıq sezimin qayta tiklewge jerdi miyras etip qaldırıw huquqı menen o`mirinshe paydalanıw ushın berip qoyıw arqalı erisiledi. En` tiykarg`ısı awılda xojalıq ju`ritiwdin` ha`r bir diyxang`a ma`pdarlıq penen erkin miynet etiw, o`z miynetinin` na`tiyjelerin g`a`rezsiz ta`sewir etiw imkanın beretug`ın quraldı jaratıwdan ibarat**», degen edi ([4] ,228 bet). Awıl xojalıg`ının` o`zi awıllıq jerlerde jasap atırg`anlardın` ha`mmesin jumıs penen ta`miyinley almaydı. Awıl xojalıq islep shıg`arıwg`a joqarı na`tiyjeli industrial usıllar, aldıng`ı agroximiya usılları jag`dayı a`ste engizilmekte. Miynet o`nimdarlıg`ı to`men da`rejede.

Sol sebepli awıllıq jerlerde ha`m zamanago`y texnologiyag`a iye ka`rxanalar ashıw esabınan jumıs orınların payda etiw tiykarg`ı wazıypa esaplanadı. Biz o`z juwapkershiligimizge awılda ulıwma jan`a tarawlardı islep shıg`arıw ha`m sotsial infrastrukturanı payda etiw wazıypasın alg`anbız. Bul bolsa awıldın` ko`rnisin, turmıs ma`deniyatın o`zgertiwge imkan tuwıladı. Bul ma`mlekette sotsial - siyasiy sharayattı turaqlastırıwg`a ja`rdem beredi. ([4] ,580-581 betler)

### Tiykarg`ı tu`sinikler:

Agrar qatnasıqlar, ijara qatnasıqları, ijara xaqı, jer rentası, absolyut renta, **differentsial renta - I , differentsial renta - II,** monopol renta, sanaat rentası, jerdin` bahası, agrobiznes, agrosanaat kompleksi, agrosanaat, agrofirmalar.

### 10– tema: Ja`miyetlik islep shıg`arıwdın` da`wirligi. Jumıssızlıq ha`m inflyatsiya.

### 1. Ja`miyetlik islep shıg`arıwdın` a`hmiyeti

Ekonomika ushın islep shıg`arıw birlemshi bolıp u`stinlikke iye. İslep shıg`arıw degende tek g`ana o`nimlerdi emes, ba`lki adamlardın` talap - mu`ta`jliklerin qanatlandırıwshı ha`r qıylı xızmetlerdi jaratıwdı ha`m tu`siniledi. Teoriyada islep shıg`arıw o`ndiris ushın za`ru`r bolg`an faktorlar, yaki islep shıg`arıwshı ku`shler ha`m olardın` joqarı na`tiyje menen isletiliwin ta`miyinlewshi ekonomikalıq sha`rt-sharayat (qatnasıqlar) ha`mde olardan kelip shıg`atug`ın du`zilisi bayan etiledi. Ekonomikada o`ndiris ken` ma`niske iye. Adamlardın` mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a qaratılg`an iskerlik o`ndiris esaplanadı.

**Ulıwma o`ndiris – bul islep shıg`arıwdın` onın` o`zine ta`n` ja`miyetlik tu`rlerine baylanıslı bolmag`an tiykarg`ı ha`m ulıwma belgilerinin` jıyındı-sınan ibarat.** Ja`miyetlik islep shıg`arıw protsessinin` rawajlanıwı insaniyat ma`deniyatın joqarıg`a qaray rawajlanıwının` materiallıq tiykarı bolıp esaplanadı. İslep shıg`arıw anaw mınaw ha`reket emes, islep shıg`arıw bul u`zliksiz protsess esaplanadı. İslep shıg`arıw protsessinde tovarlar ko`lemi, ha`mde onın` qunı da artıp baradı.

İslep shıg`arıw protsessi eki tu`rge bo`linedi: **materiallıq islep shıg`arıw protsessi** ha`m **materiallıq emes islep shıg`arıw protsessi**. Materiallıq islep shıg`arıw protsessi ja`miyettin` rawajlanıw keleshegi ushın za`ru`r bolg`an shiyki zat ha`m ha`r tu`rli islep shıg`arıwshı tarawlar, sanaat, qurılıs, transport, awıl xojalıg`ı, kommunal xojalıg`ı, turmıslıq xızmet ha`m basqa da tarawlardan turadı. Materiallıq emes islep shıg`arıw materiallıq emes o`nimler, yag`nıy ruwxıy qa`driyatlar, materiallıq emes xızmetler ko`rsetiletug`ın den sawlıqtı saqlaw, bilimlendiriw ha`m basqada sog`an uqsas tarawlardan turadı.

İslep shıg`arıw qatnasıqları adamlar ortasında materiallıq o`nimlerdi islep shıg`arıw, bo`listiriw, almastırıw ha`m tutınıw protsessinde ju`zege keletug`ın qatnasıqlar esaplanadı. Olar ha`r tu`rli sistemalarda o`zine ta`n belgige iye bolıp, o`z-ara o`zgeshelenedi.

### 2. Ekonomikalıq rawajlanıwdın` da`wirligi. Ekonomikalıq tsikl ha`m onın` basqıshları

Tariyxıy ta`jriybe sonı ko`rsetedi, hesh qaysı ma`mlekette ekonomikalıq rawajlanıw bir tegis bolmaydı. Ol da`wirlik xarakterge iye bolıp, ekonomikalıq o`siw izinen ba`rqulla krizis kelip turadı. Ekonomikalıq a`debiyatlarda ekonomikalıq da`w-irge (tsiklge) to`mendegishe anıqlama beriledi: «**Da`wirlik – bul mu`lkshilik xojalıq-lar ha`m jer ju`zlik xojalıg`ın bir pu`tin halda ha`reket etiwinin` ulıwma tu`ri ….ekonomikalıq dinamikanın` en` tiykarg`ı faktorı, mikroekonomikalıq ten`sal-maqlılıqtın` anıqlawshılardan biri... progressiv rawajlanıwdın` tu`ri**»

«**Ekonomikalıq tsikl ekonomikalıq rawajlanıw da`rejesinin` izbe-iz ko`teriliwi ha`m tu`skinlikke tu`siw protsessi bolıp tabıladı**». Demek, ekonomikalıq da`wir bul rawajlanıwdın` tu`ri bolıp, ekonomikanın` bir krizisten ekinshi kriziske shekem bolg`an ha`reket da`wirin o`z ishine aladı. Da`wirler dawamlılıg`ı tu`rlishe, yag`nıy qısqa ha`m uzın bolıwı mu`mkin. Sonın` ushın «uzın tolqınlar» ha`m «**qısqa tolqınlar**» da`wiri menen o`zgeshelenedi. Uzın tolqınlar da`wiri 40-60 jıllıq da`wrin o`z ishine aladı. «**Uzın tolqınlar**» teoriyasına Ullı Britaniyalı X.Klark tiykar salg`an. Ol 1847-jılda 1793 ha`m 1847 jıllardag`ı krizisler ortasında 54 jıllıq ayırmashlıqqa itibar berdi ha`m tosınarlı emes, bul protsess ob`ektiv tiykarlang`an, degen juwmaqqa keldi.

Joqarıda toqtalıp o`tiletug`ın ekonomikalıq da`wir (tsikl)de islep shıg`arıwdın` bir ekonomikalıq krizisten ekinshisi baslang`ang`a shekem ta`kirarlanıp turatug`ın ha`reketi tu`siniledi.

Bunı sxematik ko`riniste to`mendegishe sa`wlelendiriwimiz mu`mkin.

**Milliy islep shıg`arıwdın` real ko`lemi**

**D**




**1-su`wret. Ekonomikalıq tsikl fazalarının` klassik jaqtan sa`wleleniwi.**

**U** – jıllar;
**X** – milliy islep shıg`arıwdın` real ko`lemi;
**A** – o`tken islep shıg`arıw tsiklının` en` joqarı ko`lemi;
**B** – islep shıg`arıwdın` en` kem pa`seyiw tochkası;
**AB**- krizis da`wirinde islep shıg`arıwdın` pa`seyiw ko`lemi;
**BS**- turg`unlıq ha`m janlanıw basqıshlarının` ekonomikalıq rawajlanıwı;
**D** – basqıshtın` joqarı tochkası;
**SD** – rawajlanıw basqıshının` ekonomikalıq rawajlanıwı.

Ekonomikalıq da`wir (tsikl) krizis, turg`ınlıq, janlanıw, rawajlanıw qusag`an basqıshların o`z ishine aladı. Bul basqıshlar ekonomikalıq da`wir fazaları delinedi. Fazalardın` ha`r birinde na`wbetindegi fazag`a o`tiw ushın sharayat ju`zege keledi. Endi fazalardı dara halında ko`rip shıg`amız. Ayırım waqıtları ja`miyetlik islep shıg`arıw ha`reketinde payda bolıp turatug`ın u`zilis, yag`nıy ekonomikalıq turaqsızlıq ekonomikalıq krizis dep ataladı. Onın` eki tu`ri o`zgeshelenedi:

**1. Artıq tovar islep shıg`arıwdan ju`zege keletug`ın krizis.**

**2. İslep shıg`arıwdı qısqartırıw na`tiyjesinde ju`zege keletug`ın krizis.**

Krizis da`wirinde islep shıg`arıwdın` qısqarıwı, bahalardın` turaqlı bolmawı, jumıssızlar sanının` artıwı, is haqının` pa`seyiwi, xalıq (miynetkeshler) turmıs da`rejesinin` to`menlewi uqsag`an jag`jaylar ju`zege keledi. Krizis basqıshında tovarlar xalıqtın` satıp alıw qa`bileti menen belgileniwshi talabına qarag`anda artıqsha islep shıg`arılg`anlıg`ı ha`m satılmay qalıp atırg`anlıg`ıda anıq sa`wlelenedi, bahalar pa`seyip ketedi, payda mug`darı to`menleydi, islep shıg`arıw ko`lemi qısqaradı. Bunın` na`tiyjesinde jumıssızlar sanı ko`beyedi, is xaqı pa`seyedi, kreditke talap artadı, protsent ko`teriledi, banklerdegi qoyılmalar massalıq tu`rde qaytarıp alınadı.

Krizisten keyin turg`ınlıq fazası baslanadı. Bul basqıshta islep shıg`arıwdın` to`menlewi toqtaydı, ol turg`ınlıq halatında turadı. Tovarlardı bazarda ju`da` to`men bahalarda satıw baslanadı. Bos pul kapitalı ju`zege kelip, protsent to`menleydi. Bul janlanıw basqıshı ushın sharayattı ju`zege keltiredi. Janlanıw basqıshında islep shıg`arıw ayaqqa turıp aladı. İslep shıg`arıwdın` ko`lemi a`ste-aqırın krizisten aldıng`ı da`rejesine jetedi, bahalar ko`teriledi, payda mug`darı artadı, janlanıw fazasının` ornın rawajlanıw ko`teriliw fazası iyeleydi. Ko`teriliw fazası ushın islep shıg`arıwdın` kriziske shekem bolg`an da`rejesinen artıp ketiwi, tovar bahalarının` bir qansha ko`teriliwi, ka`rxanalardın` iske tu`siriliwi, jumıssızlar sanının` azayıwı, bank ha`m kredit jumıslarının` jolg`a qoyılıwı, kreditke talaptın` artıwı ha`m protsent normasının` ko`beyiwi xarakterli esaplanadı. Salıstırmalı artıqsha islep shıg`arıw ha`m salıstırmalı az islep shıg`arıw tu`rindegi krizislerden tısqarı strukturalıq krizis ha`m bar bolıp, olar da`wirlik xarakterge iye emes. Bunday jag`dayda ayırım taraw ha`m tarawlar ortasında teren` ten`sizlik ju`z beredi. Bunday krizis shiyki zatlardın` keskin jetispewshiligi ma`selen, energiya krizisi menen baslanadı. Struk-turalıq krizis na`tiyjesinde talap ha`m usınıs ten`salmaqlıg`ı buzıladı ha`m shiyki zattın` bahası ko`terilip ketedi. Joqarıda aytıp o`tilgenindey, strukturalıq krizis

da`wirlik xarakterke iye emes, lekin uzaq mu`ddet dawam etiwi menen xarakterlenedi. Tsikllı krizisten parqlı ra`wishte, strukturalıq kriziste, bir yaki bir neshe taraw izden shıqqan sharayatta qalg`an tarawlar tez rawajlanadı.

A`lbette, ma`mleket kriziske qarsı sharaların a`melge asırıp turadı. Krizis ha`m tu`skinlik da`wirleri unamsız aqıbetlernin` aldın alıw, olardı saplastırıw ushın bir ma`mleket shen`berinde g`ana emes, ba`lki ma`mleketler ara da`rejesinde xızmetler muwapıqlastırılmaqta, birgelikte milliy programmalar islep shıg`arılmaqta.

**3. Jumıssızlıq ha`m inflyatsiya ha`mde olar ortasındag`ı baylanıslılıq**

Miynet bazarında isshi ku`shine bolg`an talap ha`m usınıs ortasındag`ı ten`salmaqlıq qatar faktorlar ta`sirinde buzılıp turadı. Bul faktorlardan biri miynet bazarının` basqa tovarlar bazarına baylanıslı ekenligi. Tutınıw tovarlarına bolg`an talaptın` o`zgeriwi islep shıg`arıw quramının` o`zgeriwine alıp keladi. **Ma`selen,** bir tovardı islep shıg`arıwg`a qarag`anda basqasının` islep shıg`arılıwı paydalı bolıp qaladı. Miynet bazarında ha`m sog`an mas ra`wishte birinshi tarawda isshilerdi jallaw qısqarıp, ekinshi tarawda isshilerge bolg`an talap artadı. İsshiler bir jumıstan bosap, ekinshisine kiriwi lazım bolıp qaladı. Olar qashan basqa taraw boyınsha tovar islep shıg`arıw, ta`jriybesin iyelep, og`an maslasıp alg`ang`a shekem, yag`nıy, isshi ku`shinin` usınısı talabına maslasıwına shekem, miynet bazarında ten`salmaqlıq buzıladı. Na`tiyjede jumıssızlar payda boladı.

Jumıssızlıq ma`mlekette jumısqa qa`biletli, belgilengen is haqıg`a islewdi qa`lewshi ha`m jumıs izlep ju`rgen puqalardın` barlıg`ı menen sa`wlelenedi. Miynetke qa`biletli xalıq degende, 16 jastandan u`lken (respublikamızda 16 jastan baslap miynet etiw nızam boyınsha ruxsat etilgen) ha`m miynet etiwge jaramlı adamlar tu`siniledi. Ma`mlekettin` barlıq miynetke qa`biletli xalıq onın` miynet resursların payda etedi. Ma`mlekettegi jumıssızlıq da`rejesi jumıssızlar sanının` ma`mleket isshi ku`shinin` ulıwma sanına qarag`anda protsent mug`darı menen o`lshenedi.

**Jumıssızlıq da`rejesi = (Jumıssızlar sanı / İsshi ku`shi sanı) * 100%**

Jumıssızlıqtın` kelip shıg`ıwı o`zinin` sebeplerine qaray to`mendegi tu`rlerge bo`linedi.

**1. Friktsion jumıssızlıq.** Bul jumıssızlıq adamlardın` bir jumıstan bosap, ekinshi jumısqa jaylaspay atırg`an waqıtta ju`zege keledi. Sonday-aq bunday jumıssızlıq jaslardın` o`spirim jasına jetip, yaki oqıw orınların pitirip jumıs izlep atırg`an waqıtları da kelip shıg`ıwı mu`mkin.

**2. Ma`wsimlik jumıssızlıq.** Ma`wsimlik jumıslardın` tamamlanıwı na`tiyjesinde kelip shıg`adı. Ma`selen, qıs aylarında awıl xojalıq jumısları toqtap, awıllıq jerlerde ko`pshilik adamlar jumıssız qaladı.

**3. Strukturalıq jumıssızlıq.** Bul jumıssızlıq ma`mleket ekonomikasındag`ı strukturalıq o`zgerisler na`tiyjesinde kelip shıg`adı. Ma`mleket ekonomikasındag`ı eski tarawlar qısqarıp, ornına jan`a tarawlardın` payda bolıwı, jan`a ekonomikalıq territoriyalardın` ju`zege keliwi, islep shıg`arıwda jan`a texnologiyalardın` qollanı-lıwı, jan`a ka`sip iyelerine jan`a ta`jriybege iye bolg`an qa`niygelerge talaptı keltirip shıg`aradı. Miynetke qa`biletli xalıq jan`a talapqa maslasıwına shekem strukturalıq jumıssızlıq payda boladı.

**4. Da`wirlik jumıssızlıq.** Ma`mleket ekonomikasının` da`wirlik o`zgeriwi menen baylanıslı jumıssızlıq, da`wirlik jumıssızlıq dep ataladı. Da`wirlik jumıssızlıq ma`mleket ekonomikasının` barlıq tarawları kriziske ushrag`an waqıtta payda boladı. Bunday waqıtta ekonomikalıq iskerlik pa`seyedi, jalpı talap kemeyedi. Bul bolsa o`z na`wbetinde jumıssızlıq da`rejesinin` keskin o`siwine alıp keledi. Ma`mleket ekono-mikası janlang`an da`wirde bolsa jalpı talap artadı. Bul bolsa o`z na`wbetinde jumıssızlıq da`rejesinin` pa`seyiwine alıp keledi h.t.b. Bunday ko`rinistegi jumıssızlıq da`wirlik ra`wishte birese o`sip, birese pa`seyip turadı. Da`wirlik jumıssızlıq ja`miyet ushın ju`da` awır o`tedi. Da`wirlik jumıssızlıqtın` uzaq waqıt dawam etiwi, pu`tkil ekonomikanı izden shıg`arıwı aqıbetinde bolsa pu`tkil ja`miyetti la`rzege salıwı mu`mkin.

**5. Iqtıyarıy jumıssızlıq** – ta`biyiy jumıssızlıq tu`ri bolıp, bunda miynetke qa`biletli adamlardın` miynet xızmetinen o`zinin` qa`lewi boyınsha jumıstan shıqqan, yag`nıy islewdi qa`lemeytug`ın bo`legi tu`siniledi.

**6. İnstitutsional jumıssızlıq ha`m ta`biyiy jumıssızlıqtın` na`wbettegi tu`ri esaplanadı.** Jumıssızlıqtın` bul tu`rin isshi ku`shi bazarı infrastrukturası ha`reket etiwi ha`mde sol bazarda talap ha`m usınıstı o`zgertiwshi faktorlar keltirip shıg`aradı.

**7. Texnologiyalıq jumıssızlıq islep shıg`arıwdın` amel qılıwında texno-logiyalıq usıllar bir-birinin` ornına kirip keliwi menen birge baradı.** Olardın` jumıstag`ı tiykarg`ıları mexanizatsiya, avtomatlastırıw, robotlastırıw ha`m informatsion texnologiyanı qollaw esaplanadı.

**8. Territoriyalıq jumıssızlıq** tariyxiy, demografiyalıq, ma`deniy, milliy ha`m sotsial-psixologiyalıq qa`siyettegi bir qatar kompleks faktorlar menen baylanıslı.

**9. Jasırın jumıssızlıq** ushın jumıs ku`ni yaki jumıs ha`ptesi dawamında tolıq ba`nt bolmawı ta`n. Ol o`z ishine isshi ku`shinin` jumısların tolıq ko`lemin orınlamaytug`ın bir bo`legin aladı.

**10. Turg`un jumıssızlıq** miynetke uqıplı xalıqtın` jumıs ornın jog`altqan, jumıssızlıq boyınsha pensiya alıw xuqıqınan ayırılg`an ha`m isker miynet xızmetine xesh qanday qızıg`ıwı bolmag`an bo`legin o`z ishine aladı.

Ayırım jag`daylarda milliy o`nimnin` xaqıyqıy ko`lemi potentsial ko`leminen artıp ketiwi mu`mkin. Bunday jag`day jumıssızlıq da`rejesi ta`biyiy da`rejeden ha`m to`men bolg`an da`wirlerde ju`z beredi. İslep shıg`arıwg`a isshilerdin` qosımsha jumıs smenaların tartıw, kapital u`skenelerden ornatılg`an normadan joqarı da`rejede paydalanıw jumıs waqtınan artıqsha islew ha`m qosımsha jumıslarda ba`nt bolıw uqsag`anlar bunın` tiykarg`ı sebebi bolıp tabıladı.

**Jumıssızlıq – bul tek g`ana ekonomikalıq, ba`lki sotsial aqıbetlerge de iye boladı.**

Turg`ınlıq (depressiya) fazası isshi ku`shinin` ha`reketsizligine sebep boladı, ha`reketsizlik bolsa ta`jriybenin` jog`alıwına da ha`mde sotsial ha`m siyasiy ta`rtipsizlik-lerge alıp keledi.

Jumıssızlıqtın` keri aqıbetlerinen biri onın` JMO` ko`lemine ta`sir o`tkeriwi esaplanadı. Jumıssızlıqtın` xaqıyqıy da`rejesi 1% ke artqanda JMO` nin` ko`lemi 2,5% ke tu`sedi. Jumıssızlıq da`rejesi menen JMO` ortasındag`ı bunday keri baylanıslılıqtı amerikalik ekonomist A.Ouken analizlegen, sonın` ushın bul baylanıslılıq A.Ouken nızamı dep ju`ritiledi.

Jumıssızlıqtı saplastırıwda O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov «**..kishi, orta ha`m jeke isbilermenliktin` jalpı ishki o`nim islep shıg`arıwda tek g`ana sheshiwshi abıraydı iyelewi, sonın` menen birge onın` xalıq parawanlıg`ın ha`m da`ramatlarının` ko`beyiwinde, jumıssızlıq mashqalasının` sheshimide tiykarg`ı faktorg`a aylanıwına erisiwimiz lazım.**» ([3],17 bet), degen edi.

Jumıssızlıq inflyatsiya menen tıg`ız baylanıslı. A`piwayı Keys modelin ba`nt-lilik ha`m islep shıg`arıw ko`lemi modeline salıstırsaq, ekonomikada jumıssızlıq ha`m inflyatsiya birden ju`zege kelmeydi. Ba`lki inflyatsiya menen jumıssızlıq ortasında baylanıslılıq bar shıg`ar. Bul baylanıslılıqtı **Fillips qıya sızıg`ı** deyiledi.




2-su`wret. Fillips qıya sızıg`ı.

Bul sızılmada ko`rinip turg`anınday, inflyatsiya menen jumıssızlıq ortasında baylanıslılıq bar.

İnflyatsiya makroekonomikalıq turaqlılıqtın` ko`rinislerinen biri esaplanadı.

İnflyatsiya tu`sinigi birinshi ma`rtebe Amerikada, (1861-1865) jıllardag`ı puqaralar urısı da`wirnide isletile baslag`an ha`m qag`az pul aylanısının` ko`beyip ketiw protsessin bildirgen. Ekonomikalıq a`debiyatlarda inflyatsiya tu`sinigi XX a`sirde, birinshi jer ju`zlik urıstan keyin ken` tarqaladı.

**İnflyatsiya – bul pul birliginin` qa`dirsizleniwi ha`m umıg`an mas ra`wishte tovar bahalarının` o`siwi esaplanadı.**

İnflyatsiya bazar xojalıg`ının` ha`r qıylı tarawlarında ta`kirar islep shıg`arıw turaqsızlıg`ın ju`zege shıg`aratug`ın quramalı sotsial-ekonomikalıq ha`diyse bolıp esaplanadı. Pul tovarlarg`a, altıng`a ha`m o`zinin` qa`dirin, turaqlılıg`ın saqlap qalg`an shet el valyutalarına qaray qa`drsizlenedi.

Bahalar indeksinen paydalang`an halda, inflyatsiya tempin (İT) to`mendegi formula arqalı anıqlaw mu`mkin:

$$\mathbf{İT = [(Bb - Ab)/ Ab] *100\%}$$

**İT** – inflyatsiya tempi;

**Bb**- bazis baha indeksi;

**Ab** – ag`ımdag`ı baha indeksi.

Kelip shıg`ıw sebepleri ha`m o`siw templerine qaray, inflyatsiyanın` bir qansha tu`rleri bar.

**1. Talap inflyatsiyası.** Baha da`rejesinin` da`stu`riy o`zgeriwi ja`mi talap artıqshalıg`ı menen tu`sintiriledi. Ekonomikanın` islep shıg`arıw tarawı o`nimnin` real ko`lemin ko`beytip, artıqsha talaptı qanaatlandıra almaydı. Sebebi barlıq bar resurslar tolıq paydalanılg`an boladı. Sol sebepli bul artıqsha talap bahasının` artıwına alıp keledi ha`m talap inflyatsiyasın keltirip shıg`aradı.

**2. Usınıs inflyatsiyası.** İnflyatsiya islep shıg`arıw qa`rejetleri ha`m bazardag`ı usınıstın` o`zgeriwi na`tiyjesindn ha`m kelip shıg`ıwı mu`mkin. İslep shıg`arıw qa`rejetlerinin` o`zinshe keltirip shıg`aratug`ın inflyatsiya, o`nim birligine sarplana-tug`ın qa`rejetlerinin` ko`pliginin` esabına bahalardın` artıwın bildiredi.

**3. Tezkor inflyatsiya** – jılına 200% ke shekem o`sedi, ma`mleketler ortasında du`ziletug`ın ekonomikalıq sha`rtnamalar shet el valyutasına baylanıslı halda bahalardın` o`siwin itibarg`a alıp du`ziledi.

**4. Giperinflyatsiya** – bunda bahalar 200% artıq jılg`a o`sedi, aylanıstag`ı pul ko`lemi ha`m bahalar astronomiyalıq templeri menen artadı, baha menen is haqı ortasında ju`da` u`lken parq ju`zege keledi. To`lenenetug`ın is xaqılari minimum tutınıw korzinası talabın da qanaatlandırmaydı. İnflyatsiya bir turden ekinshi tu`rge o`tiwi mu`mkin. Boljaw mu`mkinligine qaray ku`tiletug`ın ha`m ku`tilmegen inflyatsiya parqlanadı. Ku`tilip atırg`an inflyatsiya ha`m onın` aqıbetlerin aldınnan boljaw mu`mkin, ku`tilmegen inflyatsiyanı aldınnan aytıp bolmaydı. Birinshi jag`dayda inflyatsiyanın` kutilip atırg`an unamsız aqıbetlerge tayarlanıp onı sezilerli da`rejede jumsartıw mu`mkin. Ekinshi jag`dayda bahalardın` ku`tilmegen o`siwi na`tiyjesinde ma`mlekettin` ekonomikalıq jag`dayın sezilarli da`rejede to`menlewi ju`z beriwi mu`mkin. İnflyatsiyag`a qarsı gu`restin` taktikası bar bolıp, qısqa mu`ddet ishinde onın` na`tiyjelerin analizlew, strategiyası bolsa uzaq mu`ddetke belgilengen maqsetler ha`m usıllardın` jıyındısı esaplanadı.

**Strategikalıq usılda** – uzaq mu`ddetli pul siyasatı a`melge asırıladı. Pul massasının` o`siwine qattı limit belgilenedi. Byudjet jetispewshiligin qısqartırıwg`a ha`reket etedi. Bunın` ushın taktik usıllardan paydalanıladı.

**Taktikalıq usıllar**: ka`rxanalardan jen`illikli salıq alıw, ma`mleket mu`lkin menshikles-tiriw, tutınıw tavarların satıp alınıwın ko`beytipwdi toplaw normasın, ma`mleket obligatsiyaları protsentin ko`beytiriw h.t.b qollanıladı.

## III - Bo`lim. Makroekonomika

## 11- tema: Ekonomikalıq o`siw ha`m milliy baylıq.

### 1. Ekonomikalıq o`siw a`hmiyeti ha`m faktorları

Ja`miyet ag`zalarının` ha`r tu`rli ha`m rawajlanıp baratırg`an mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwdın` birden bir quralı ekonomikalıq o`siw bolıp tabıladı. Ekono-mikalıq o`siw ja`miyette islep shıg`arıw protsessinin` o`siwine, islep shıg`arılıp atırg`an o`nimlerdin` sapasın jaqsılanıwına ha`m islep shıg`arıw qa`rejetlerin islep shıg`arılıp atırg`an o`nim birligine qaray kemeyip barıwına baylanıslı. Egerde ekonomikalıq rawajlanıw protsessi sezilerli da`rejede bolmasa, bul ja`miyettin` ekonomikalıq rawajlanıwının` tiykarg`ı sha`rti bolg`an islep shıg`arıw ku`shlerinin` o`sip barıwın islep shıg`arıw qatnsıqlarına muwapıq kelmesligi bolıp tabıladı. Sebebi ekonomikalıq o`siw ja`miyet proggresinin` talapları menen tıg`ız bog`lan.Onın` tiykarg`ı wazıypası ja`miyet ag`zalarının` ekonomikalıq talapların tolıq qanaatlan-dırıwg`a qaratılg`an.

**Ekonomikalıq o`siw degenda adamlardın` talap - mu`ta`jliliklerin qanaatlandırıw ushın za`ru`r bolg`an materiallıq o`nim ha`m xızmetlerdi, yag`nıy barshe o`nimlerdi islep shıg`arıwdın` ko`beyip barıwı tu`siniledi.** Ekonomikalıq o`siw tek g`ana tutınıw buyımları, ba`lki islep shıg`arıw quralları, yag`nıy resurslardı da ko`binese islep shıg`arıwdı an`latadı, sebebi o`siw ja`miyet ag`zalarının` tutınıwın qanaatlandırıw menen sheklenbey, keleshekte islep shıg`arıwdı rawajlantırıw arqalı keleshektegi tutınıwdı qanaatlandırıwdı da mo`ljelleydi.

Sotsiallıq - ekonomikalıq o`zgerislerinin` ulıwma maqsetin belgilep alıw ha`zirgi reformalastırıw strategiyasının` baslang`ısh tochkası bolıp xızmet qıladı.

Ekonomikalıq o`siw ja`miyattegi islep shıg`arıw ko`lemin xalıqtın` jan basına jartılg`an o`nimler ha`m xızmeler ko`leminin` artıp barıwı menen o`lshenedi. Bul haq-qında Prezidentimiz İ.A.Karimov «**Bunda biz oraylastırılg`an adminstrativ- buyrıqpazlıqqa tiykarlang`an ekonomikadan, bazar ekonomikasına o`tiw – eski xojalıqtı ju`ritiw mexanizmin tek g`ana jan`alaw yaki jetilistiriw emes, ba`lki bir sapa jag`dayınan ekinshi sapa jag`dayın o`tiw ekenligin qayta - qayta aytıp o`tilgen. Bul bir ekonomikalıq qatnasıqlar ha`m sho`lkemlik – basqarıw sistema-larının` basqa ekonomikalıq qatnasıqları menen almasıwı bolıp tabıladı**». ([4],186 bet).

Ekonomikalıq o`siwde ja`miyettin` ekonomikalıq quwatı artadı, kelejek ushın isenimli ortalıq tayarlanadı. Ekonomika o`sip baratırg`an sayın jan`a payda bolıp atırg`an ko`teriliw turg`an mu`ta`jliliklerdi qanaatlandırıw imkanı ju`zege keledi.

O`zbekistandı ullı keleshegi ma`mleketi bolıwı ushın onın` ekonomikanı jedel o`siriw ekonomikanın` u`stinlikke iye bolıwı sha`rt.

**Ekonomikalıq o`siw ne menen o`lshenedi?**

Ekonomikalıq o`siw bir jıl ishinde jaratılg`an jalpı milliy o`nimnin`, milliy da`ramattın` ha`m sap paydanın` ko`peyiwi bilan yaki xalıqtın` jon basının` o`siwi menen o`lshenedi.

Sog`an qaray, ekonomikalıq o`siwdin` ba`rshe ko`rinisi jıllıq o`siw pa`tlerinin` protsenttegi o`lshemide tolıq o`z ko`rinisin tabadı: Onı to`mendegiler menen esaplaw mu`mkin:

$$\mathbf{Eo`} = [(\mathbf{J\dot{I}O`}_{\text{ag`ımdag`ı da`wir}} - \mathbf{J\dot{I}O`}_{\text{bazis da`wir}}) / \mathbf{J\dot{I}O`}_{\text{bazis da`wir}}] * 100\%$$

bul jerde:

**Eo`** - ekonomikalıq o`siw pa`ti, protsentte;

$\mathbf{J\dot{I}O`}_{\text{bazis da`wir}}$ - salıstırılıp atırg`an da`wir (jıl)dag`ı real **JİO`** ko`lemi;

$\mathbf{J\dot{I}O`}_{\text{ag`ımdag`ı da`wir}}$ - ha`rekettegi da`wir (jıl) dag`ı (usı da`ir) real **JİO`** ko`lemi.

Ekonomikalıq o`siwge ta`sir ko`rsetiwshi faktorlardı sha`rtli ra`wishte eki toparg`a ajıratıw mu`mkin.

Birinshi topar faktorları ekonomikanın` mug`darlıq o`siw potentsialın belgilep beredi, olar usınıs faktorları dep te ataladı. Bul faktorlar to`mendegilerden ibarat:

1.Ta`biyiy resurslardın` mug`darı ha`m sapası.

2.Jumısshı ku`shi resurslarının` mug`darı ha`m sapası.

3.Tiykarg`ı kapital, tiykarg`ı fondlardın` ko`n`lemi ha`m sapası.

4.Texnologiya ha`m ilim texnika progressi.

Respublikamızda bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde a`melge asırılıp atırg`an «**quramlı o`zgerisler ekonomikalıq o`simnin` sheshiwshi faktorına aylanıp baratır**», - degen edi Prezidentimiz İ.A.Karimov

Ekonomikalıq o`siwde resurslardı bo`listiriw faktorları da o`zinin` iye bolsa – da, bul mashqalanı analizlewde tiykarg`ı itibar usınıs faktorloarına qaratılıwı lazım. Ekonomikalıq o`siw templerine o`lshew mu`mkin bolmaytug`ın faktorlar (islewdi qa`lew, isbilermenlik, xojalıqtag`ı ta`rtip buzarlıqlar, miynetke sanalı jandasıw, awıl xojalıqtag`ı ta`biyiy sharayat, ta`biyiy apatlar h.b.t.) da ta`sir etedi.

Ekonomikalıq o`siw islep shıg`arıw protsessin ken`eytirilgen usulda alıp barıw menen baylanıslı. Bul bolsa o`z na`wbetinde islep shıg`arıw qaysı faktorlar esabınan alıp barılatug`ınlıg`ın sa`wlelendiredi. Ulıwma ekonomikalıq o`siw eki tu`rli **ekstensiv** ha`m **intensiv** turge bo`linedi.

**Ekstensiv turdegi** ekonomikalıq o`siwge islep shıg`arıwdın` da`slepki texnikalıq tiykarı saqlanıp qalg`an halda islep shıg`arıw faktorları mug`darının` ko`beyiwi sebepli erisiledi. Ekonomikalıq o`siwdin` **intensiv turinde** o`nim islep shıg`arıw ko`lemin ken`eytiriwge islep shıg`arıw faktorların sapası jag`ınan jetilistiriw ja`nede jetilistiriw ja`ne de progresssiv o`ndiris a`sbapların ha`m jan`a texnikanı qollanıw, jumıs ku`shinin` qa`niygeligin arttırıw, bar bolg`an o`ndiris potentsialinan jaqsiraq na`tiyjeli paydalanıw joli menen erisiledi. Bul jag`dayda o`ndiris na`tiyjeligi o`ndiristin` aldıng`ı da`rejesine salıstırg`anda artadi, miynet o`nimdar-lıg`ı ko`teriledi.

Ha`r bir ja`miyette ekonomikalıq o`siw sol ja`miyettegi o`ndiristin` ko`lemi menen o`lshenedi. Ol ma`mlekettin` real ulıwma o`niminin` yamasa real milliy da`ramattın` o`siwinde sa`wlelendirildi.

İlim - texnikanın` rawajlanıwı miynet o`nimdarlıg`ı ha`m ekonomikalıq o`siwdi ta`miyinlewshi tiykarg`ı faktor bolıp tabıladı. Texnikannın` rawajlanıwı o`zinin` ishine tek g`ana islep shıg`arıwdın` pu`tkil jan`a usıllarınan emes, ba`lki basqarıw ha`m islep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriwdin` jan`a formalarınan turadı. Ta`lim ha`m ta`jriybeli tayarlıq miynet o`nimdarlıg`ın asırıdı ha`m na`tiyjede miynet iserliginde ba`nt bolg`anlardı bir qansha joqarı is xaqıg`a iye bolıw imkaniyatın beredi. İnsan kapitalına investitsiyalar qoyıw yaki olardın` ta`jriybelerin asırıw, ilim - pa`n jetiskenliklerin o`ndiriske jalıp etiw miynet o`nimdarlıg`ın asırıwdın` tiykarg`ı quralı esaplanadı. Ha`zirgi da`wirdi respublikamız xalıq xojalıg`ında ba`nt bolg`anlardın` 90% ke jaqını joqarı ha`m orta arnawlı ta`limge iye. A`meliy turmısta ekonomikalıq o`siwdi toqtatıp turıwshı faktorlar bar, olar miynet qorg`awı, a`irap - ortalıqtın` pataslanıwı ha`m sog`an uqsas jag`daylar na`tiyjesinde kelip shıg`adı.

Ekonomikalıq rawajlanıw templeri haqqında aytatug`ın bolsaq onın` ma`wsimleri-ne en` da`slep, sapa ko`rsetkishlerine ko`birek itibar qaratıw a`hmiyetke iye.

Bunday o`siwler ekonomikamızda ju`z berip atırg`an sostavlı o`zgerisler, onın` izshil ha`m turaqlı rawajlanıwı ushın xızmat qılıwshı, xalqımızdın` turmıs da`reje-sini rawajlantırıwg`a bir so`z benen aytqanda, a`meliy turmısımızdı jaqsılawg`a alıp keliwi mu`mkin.

## 2. Ekonomikalıq o`siw modelleri

Ekonomikalıq o`siw ma`mleket ta`biyiy resurslarının` mug`darı ha`m sapasına, miynet resurslarının` mug`darı ha`m sapasına, investitsiya resurslarına ha`m islep shıg`arıw texnologiyası uqsag`an faktorlarg`a baylanıslı.

O`zbekistan Respublikasının` ekonomikalıq o`siwi ushın jeterli da`rejede shiyki zat ilmiy o`ndiris ku`shleri bar. O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A. Karimov aytqanınday: «**O`zbekistan – keleshegi ullı ma`mleket**», dep aytıwı ushın barshe tiykarı bar. Respublikada barlıq na`rse de ta`biyiy baylıqlar, o`nimdarlı jer, qu`dretli ekonomikalıq ha`m ilmiy texnikalıq , insanıy ha`m ruwqıy potentsial bar. Ha`zirgi ku`nde, sha`rtli ra`wishte, ekonomikalıq o`siw modellarinin` 3 tu`rli teoriyası ha`m 3 tu`rli bag`darların aytıp o`tiw mu`mkin:

**- Keynsshilik bag`dar;**
**- Neoklassik bag`dar;**
**- Tariyxıy – sotsial bag`da.**

Ekonomikalıq o`siwdi birinshi ma`retebe **Fridrix Kene** o`zinin` ekonomikalıq tablitsasında (1758 j.) ko`rgen edi. Ol milliy xojalıqtı ekonomikalıq sistema sıpatında sa`wlelendirdi. Tek g`ana ol awıl xojalıg`ında miynet, o`nimli miynet ha`m onda qosımsha o`nim jaratıladı degen pikirge tiykarlang`an edi. Ol qosımsha o`nim dep, awıl xojalıg`ında ulıwma o`nimnin` tutınılg`annan keyin artıqshasın tu`singen. Yag`nıy tek g`ana awıl xojalı-g`ında o`nimli miynet daramat keltiredi. **Fridrix Kene** awıl xojalıg`ı o`nimi ekonomikanın` basqa tarawlarına satıw jolı menen ha`reket qıladı degen.

**1. Fridrix Kene tablitsası** a`meliy a`hmiyetke iye bolmasada, bunday bag`dardag`ı birinshi ekonomikalıq o`siw modeli edi. **Dj. Keyns modeli** jalpı talapqa tiykarlanadı. Jalpı talap ten`lesken ekonomikalıq o`siwdi ta`miyinledi. Sotsial talap kapital qoyılmalar tiykarında qanaatlandırıladı ha`m daramat artıp baradı. Ol **Domar modeline** tiykarınan, kapital qarjılar daramatları g`ana emes, ba`lki islep shıg`arıw quwatlarının` faktorı dep esaplang`an. Kapital qarjılardın` o`siw dinamikası, jalpı talap ha`m jalpı usınıstın` ten`salmaqlıg`ın ta`miyinleydi, sonın` menen birgelikte jan`a islep shıg`arıw quwatların ha`m kapital qarjıların vujudga keltiradi. **Domar modeli** bir faktorlı ha`m bir tu`rli o`nim islep shıg`aratug`ın tarawg`a tiykarlang`an.

**2. Xarrd modeli.** Bu model akselerator teoriyasına tiykarlang`an bolıp, ekonomika-lıq o`siwdi normal halda alıp barıw, daramat ha`m kapital qarjılarının` qatnasına baylanıslı ekenligi analizlenedi. Yag`nıy ol daromatlardın` balanslı o`siw norması kapital qarjılar menen baylanıslı ekenligin sa`wlelendiredi. Akselerator teoriyasına tiykarlana, isbilermenlerdin` invesitsiya menen baylanıslı bolg`an xızmet-leri analizlenedi. **Xarrd** eki tu`rli shart - sharayailardan kelip shıg`adı. Birinshisi: toplaw da`rejesinin` o`siwi menen daramat da`rejesinin` o`siwi (**ARS=MRS**) bolsa, ekinshisi kapital qarjılar ko`leminin` artıwı menen daramat mug`darının` artıwı esaplanadı.

**Xarrd** erkin isbilermenlik xızmeti sistemasın joqarı da`rejede rawajlanıwı ushın ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıwı sha`rt degen pikirdi ilgeri surdi.

**Neoklassik model** eki model ha`m onın` o`z-ara baylanıslı ekenliginen paydala-nadı. Neoklassik modelindin` tiykarg`ı analiz quralı o`ndiris funktsiyası esaplana-dı (**P. Duglas, X. Kobb**). Avtorlar tiykarg`ı kapitaldın` ko`beyiwi, islep shıg`arıw waqtı ha`m islep shıg`arıw ko`lemin analizlegen. Na`tiyjede to`mendegi sa`wlelenedi:

$$Y = A * K^{\alpha} * L^{\beta},$$

bul jerde:

**Y** – islep shıg`arıw ko`lemi;

**K** – kapital qa`rejetleri;

**L** – jumısshı ku`shi qa`rejetleri;

al, $\alpha$ ha`m $\beta$ - islep shıg`arıw ko`leminin` jumısshı ku`shi ha`m kapital qa`rejetleri boyınsha elastiklik koeffitsienti.

**A** – turaqlılıq koeffitsienti;

Elastiklik koeffitsienti bir ko`rsetkish mug`darının` o`zgeriwi na`tiyjesinde basqa bir ko`rsetkish mug`darının` o`zgeriw da`rejesin sa`wlelendiredi. Sog`an qaray, $\alpha$ koeffitsienti kapital qa`rejetlerinin` 1% ke o`siwi islep shıg`arıw ko`lminin` neshe protsentke o`siwin, $\beta$ koeffitsienti bolsa jumısshı ku`shi qa`rejetlerinin` 1% ke o`siwi islep shıg`arıw ko`leminin` neshe protsentke o`siwini ko`rsetedi. $\alpha$ ha`m $\beta$ nın` jıyındısı jumısshı ku`shi ha`m kapital qa`rejetlerinin` bir waqıttın` o`zinde 1% ke o`siwi islep shıg`arıw ko`leminin` neshe protsentke o`siwin ko`rsetedi.

**3. Tariyxıy – sotsiologiyalıq model. U. Rostau** - ekonomikalıq o`siw basqıshları teoriyasının` avtorı. Ol to`mendegi basqıshlarg`a itibarın qaratqan:

1). Klasslıq ja`miyet (statistik ten`salmaqlıq,)te paydalanıwdın` shegaralang`an ekenligi, xalıqtın` jan basına tuwrı keletug`ın daramat da`rejesinin` to`menlewi.

2). Rawajlanıw ushın sha`rt-sharayatlardı jaratıw basqıshı (ayırım islep shıg`arıw tarawında na`tiyjeliliktin` artıwı)

3). Rawajlanıw basqıshı (milliy daramattag`ı u`lesi artadı, ilmiy texnika jetiskenliklerinen paydalanıladı)

4). Jetiskenlik da`wrine jol (ekonomikalıq o`siw templeri artadı, islep shıg`arıw xalıqtın` sanı o`siwine qarag`anda joqarı boladı)

5). Ko`p mug`dardan tutınıwshı ja`miyet qısqa mu`ddetli o`nimlerge bolg`an talaptı sheklew na`tiyjesinde, uzaq mu`ddetke mo`ljellengen tovarlardı tutınıwdın` a`hmiye-ti artıp baradı.

Ekonomikalıq o`siwdi ta`miyinlewde tarawlar ara balansların muu`apıq da`rejede bolıwı u`lken a`hmiyetke iye. Bunı birinshi ma`retebe amerikalıq ekonomist alım, Nobel sıylıg`ı laureatı **V. Leontev** islep shıqtı. V.Leontevtın` tarawlar balans modeli. Bul model ekono-mikalıq o`siwdi basqarıwg`a mo`ljellengen bolıp, islep shıg`arıp qa`rejetleri sıpatında sa`wlelenetug`ın natural ha`m qun ko`rinisindegi sistemanı sa`wlelendiredi. Onın` jaratqan tarawlar ara balansı tiykarında o`nimlerdi islep shıg`arıw ushın za`ru`r bolg`an miynet ha`m resurslar ha`reketin anıqlaw mu`mkin boladı.

## 3. Milliy baylıq tu`sinigi ha`m onın` du`zilisi

Milliy baylıq insaniyat ja`miyetinin` rawajlanıwı dawamında ata - babalarımız ta`repinen jaratılg`an ha`ma`wladlar ta`repinen toplang`an materiallıq, materiallıq emes ha`m intellektual ha`mde ta`biyiy baylıqlardan ibarat. Milliy baylıqtın` bir bo`legin insan miynetinin` na`tiyjesin esaplasaq, basqa bo`legin tabiyat baylıqlarınan ibarat boladı. Sonday eken, milliy baylıq ken` ma`nisinde o`zinin` ishine tek g`ana materiallıq ha`m materiallıq emes o`nimler, jaratılg`an sanaat shıg`armaları, intellektual poten-tsialın, barshe ta`biyiy resurslar ha`m baylıqlardı ha`mde ta`kirar islep shıg`arıwdın` ta`biyiy klimat sharayatların da o`z ishine aladı. Milliy baylıqtın` bunday barshe sostavlı bo`leklerin mug`dar, qun o`lshemlerinde esaplap shıg`ıw bir qator ob`ektiv sebeplerge qaray bir qansha qıyın, sonın` menen, onın` ta`biyat jemislerinen ibarat bo`legi insan miynetinin` na`tiyjesi esaplanbaydı ha`m qun o`lshemlerine iye emes. Sol sebepli ekonomikalıq analiz a`meliyatında milliy baylıqtın` insaniyat miyneti menen jaratılg`an ha`m ta`kirar islep shıg`arılıwı mu`mkin bolg`an barlıq materiallıq baylıqlardan ibarat bo`legi ko`birek, itibarg`a alınadı. Milliy baylıq-tın` bul bo`legi milliy ekonomika rawajlanıwının` pu`tkil tariyxı dawamında ba`rqulla ta`kirarlanıp turıwshı o`ndiris protsessinin` ulıwma na`tiyjesi sıpatında shıg`adı ha`m materiallıq buyım tu`rinde sa`wlelenedi. Ol adamlardın` ko`plep a`wladının` miyneti na`tiyjesi esaplanadı.

Aytılg`anlardan kelip shıg`ıp, milliy baylıqtı sha`rtli ra`wishte to`mendegi u`sh iri quramlı bo`leklerge ajıratıw mu`mkin:

**1. Materiallıq buyımg`a aylang`an baylıq.**
**2. Materiallıq emes baylıq.**
**3. Ta`biyiy baylıq.**

Materiallıq buyımg`a aylang`an baylıq aqır-aqıbetinde o`ndiristin`, u`nemli miynetin` na`tiyjesi esaplanadı. Ol islep shıg`arıw jaratılg`an o`nimlerdin` joriy tutınıwdan artıqsha bo`legin toplaw aqıbetinde ju`zege keledi ha`m o`sip baradı.

Biraq materiallıq buyımg`a aylang`an baylıqtı qatar jıllardag`ı jıllıq jalpı o`nimler jıyındısı sıpatında ta`sewir etiw natuwrı boladı. Sebebi bul baylıqtın` bir bo`legi ha`r jılı isten shıg`arılıp, qaytadan jan`alanıp turadı (o`ndiris qural-ları, tutınıları). Sol sebepli o`ndiris qurallarının` ornın qaplaw menen bir waqıtta jalpı o`nimnin` tek g`ana bir bo`legi materiallıq buyımg`a aylang`an baylıq sıpatında toplanıp barıladı. Demek, qaplaw fondı ha`m materiallıq buyımg`a aylang`an baylıq-tın` o`siwi jalpı milliy o`nim esabınan a`melge asırıladı.

Milliy baylıqtın` insan miyneti menen jaratılg`an materiallıq bo`legi qun tu`rine iye bolıp, sostavlı du`zilisi boyınsha to`mendegilerdi o`z ishine aladı:

- islep shıg`arıw o`zgesheligindegi tiykarg`ı kapital (fondlar). Bular pu`tin milliy baylıqtın` quramında bir qansha u`lken salmaqqa iye boladı ha`mde o`zinin` texnikalıq da`rejesi boyınsha jalpı milliy o`nimnin` o`siw imkaniyatın belgilep beradi;
- o`nidirslik emes tiykarg`ı kapital (fondlar). Tiykarg`ı kapitaldın` bul tu`rine ma`mlekettin` u`y-jay fondı, sotsial ma`deniy o`zgesheliktegi obektler kiredi;
- aylanba kapital (fondlar). Milliy baylıqtın` bul bo`legi miynet predmetlerinen ibarat bolıp, tiykarg`ı kapitaldın` shamalang`an bo`legin quraydı;
- tamamlanbag`an o`ndiristin` materiallıq buyımg`a aylang`an bo`legi. Olar o`ndiris basqıshında miynet protsessi ta`siri astında bolıp, potentsial tayar o`nim esaplanadı;
- materiallıq zapaslar ha`m mu`ta`jlikler. Bug`an aslanıs basqıshındag`ı tayar o`nim, ka`rxanalar ha`m sawda tarawlarındag`ı materiallıq zapaslar, ma`mleket mu`ta`jlikleri ha`m rezerv fondları kiredi. Materiallıq zapaslar ekonomikada ju`z beriwi mu`mkin bolg`an ha`m aldınnan bilip bolmaytug`ın ku`tilmegen jag`daylarda paydalanıw maqseti de uslap turıladı.

Ma`mleket mu`ta`jliklerine altın zapasları, qamsızlandırıw ha`m qurallı ku`shler mu`ta`jlikleri ushın za`ru`r zapaslar kiredi:

- xalıqtın` u`y, jeke ha`m ja`rdemshi xojalıqlarında toplang`an mal - mu`lkler. Olarg`a u`y-jay, avtomobil, ma`deniy - maishiy buyımlar, kiyim - kenshekler ha`m ha`m tag`ı basqa qusag`anlar kiredi.

Materiallıq buyımg`a aylang`an baylıq quramlı bo`lekleririn` mazmunı ha`m olardın` salmag`ı o`zgermesten qalmaydı. Tiykarınan ilim - texnikanın` rawajlanıw sharayatında materiallıq, buyımg`a aylang`an baylıq quramında iri o`zgerisler ju`z beredi. Sanaat tarawlarının` tiykarg`ı kapitalı tez ko`beyewi ha`m jan`alanıwı sebeinen, o`ndirislik emes tarawının` tiykarg`ı kapitalı quramında ilmiy, oqıw, den sawlıqtı saqlaw sho`lkemlerinin` u`lesi ko`beyip baradı. Ta`biyiy resurslardı ekonomikalıq xızmetke jalıp etiw templeri o`sip baradı.

Materiallıq buyımg`a aylang`an baylıq o`siwinin` tiykarg`ı faktorları sıpatında to`mendegilerdi ajıratıp ko`rsetiw mu`mkin:

- miynet o`nimdarlıg`ının` o`siwi;
- o`ndiris na`tiyjeliginin` artıwı;
- milliy daramatta toplaw normasının` artıwı.

Materiallıq buyımg`a aylang`an baylıqtın` o`siwi o`ndiris da`rejesin o`sip barıwına baylanıslı. Materiallıq baylıq o`ndiristin` na`tiyjesi ha`m sha`rt - sharayatı esapla-nadı. Materiallıq baylıqtın` o`siwi o`ndiris qa`rejetlerin kemeyttiriw, o`nim sapasın asırıwg`a da baylanıslı. Qanshelli islep shıg`arıw u`nemli ha`m sapalı alıp barılsa materiallıq buyımg`a aylang`an baylıq ko`beyip baradı. Bunda o`ndiristin` o`siw pa`ti ha`m da`rejesi milliy baylıqtan paydalanıw o`zgesheligine baylanıslı boladı.

Milliy baylıqtın` basqa bo`legi ta`biyiy baylıqlar ilep shıg`arıw sha`rt-sharayatın ha`m insan iskerliginin` sırtqı ortalıg`ın payda etedi. Ta`biyiy baylıqtın` ju`zege keliwi insaniyat ja`miyeti rawajlanıwı menen baylanıslı emes, ol ta`biyat nızamları tiykarında ju`zege keledi. Ta`biyat jemisleri o`zlerinin` da`stlepki ko`rinisinde ta`biyiy baylıq bolıp, sol xalatında insan xızmetinin` na`tiyjesi esaplang`an sotsial baylıq quramına kirmeydi. Bunın` ma`nisi, ta`biyiy baylıqlar

ja`miyet ushın tek g`ana poten-tsial baylıq esaplanadı. Olar real baylıqqa insan miynetinin` ta`siri aqıbetinde aylanadı.

Milliy baylıq tek g`ana materiallıq o`ndiris tarawlarında jaratıladı. Onın` bir bo`legi materiallıq emes o`ndiris tarwlarında ju`zege keletiriledi ha`m ja`miyettin` materiallıq emes baylıg`ı esaplanadı. Materiallıq tarawlardı materiallıq buyım tu`ri menen baylanıslı bolmag`an ayrıqsha tu`ridegi tutınıw qunları payda etiledi. Olar ha`m materiallıq o`ndiris tarawlarının` xızmet etiwi ha`m rawajlanıwı ushın sonın`day-aq, tuwrıdın-tuwrı xalıqtın` turmıs da`rejesin ta`miyinlew ha`m ko`beytiw ushın za`ru`r boladı. Bunday baylıqlarg`a ta`lim, den sawlıqtıi saqlaw, ilim, ma`deniyat, sanaat, sport tarawlarında ju`zege keltiriletug`ın materiallıq emes qunları kiredi. Onın` quramında tariyxıy estelikler, arxitektura estelikleri, noyob a`debiyat ha`m sanaat shıg`armaları ayrıqsha orındı iyeleydi.

**Tiykarg`ı tu`sinik ha`m atamalar.**

Ekonomikalıq o`siw, ekonomikalıq o`siw omillari, usınıs faktoları, ekstensiv ha`m intensiv o`siw, ekonomikalıq o`siw modelleri, Keynsishilik modeli, neoklassik model, tariyxıy - sotsial model. V.Leontevtin` tarawlar ara modeli, milliy baylıq, material-lıq ha`m materiallıq emes baylıq, ta`biyiy baylıq.

## 11.1- tema: Miynet qatnasıqları ha`m is haqı

### 1. Miynet bazarı ha`m jumısshı ku`shinin` tovar sıpatında qunı

Bazar ekonomikası sharayatında jumısshı ku`shi ha`m basqa miynet o`nimleri qusag`an tovar tu`rine iye bolıp, tovar pul qatnasıqlarına isker jalıp etiledi ha`m bul protsess miynet bazarında ju`z beredi. Miynet bazarının` a`hmiyeti jumıs tabıw, jumısshı ku`shinen paydalanıw imkaniyatın aniqlawdan ibarat. Miynet bazarının` ob`ekti arnawlı tovar bolıp, bul jumıs ku`shi esaplanadı, yag`nıy miynet etiwge bolg`an potentsialının` tovar bolıp satılıwı ha`m satıp alınıwı. Miynet bazarında jumısshı ku`shi pu`tinley satılmaydı, ba`lki waqtınsha satıladı. Bul bazar basqa bazarlardan o`zgeshelenedi. Bul arnawlı tovar bazarı bolıp bazarda jumısshı ku`shi miynetke jaramlıxalıq ta`repinen satıladı. Jumısshı ku`shi o`z na`wbetinshde og`an mu`ta`j bolg`an ka`rxanalar ta`repinen satıp alınadı. Demek, jumısshı ku`shine talap is beriwshi ka`rxanalar ta`repinen, onın` usınısı bolsa jumısqa potentsialı xalıq ta`repinen jetilisedi. Bul bolsa o`z na`wbetinde, miynet bazarının` basqa bazarlardan ayırmashılıg`ı o`zine mas o`zgesheliklerin ha`m mashqalalardı keltirip shıg`aradı. Jumısshının` ku`shinin` usınısı adamlar menen baylanıslı. Onı kemeytiriw yaki ko`beytiw menen adamlar sanın belgili waqıtta o`zgertip bolmaydı. Jumısshı ku`shine bolg`an talap, sol jumısshı ja`rdeminde islep shıg`arılatug`ın tovarga bolg`an talaptan kelip shıg`apanıqlanadı. Miynet bazarının` eki tu`rli o`zgesheligi bar:

**1 – Satılatug`ın tovardın` universallıg`ı.**

**2 – Satıwshılardın` sotsial a`dillikke umtılıwı.**

Bul tovardın` universallıg`ı bul ha`r tu`rli ka`sipti iyelewi, ha`r qıylı firma ha`m territoriyalarda isley alıwı mu`mkinligi esaplanadı. Jumısshılardın` ka`siplerin ha`m jumıs orınların tez - tez o`zgerte alıwı jumıs beriwshi, yag`nıy qarıydarlar ortasındag`ı ba`sekini ku`sheytiredi. Miynet bazarının` ko`rinislerinen biri miynet birjası bolıp, ol tiykarınan bul tarawda da`lda`lshılıq wazıypasın atqaradı, yag`nıy miynet birjası jumısshı ku`shi - tovar iyesi menen firma ortasında turadı.

Birja usınıs ha`m talaptı bir - biri menen baylanıstıradı. Bir waqıttın` o`zinde satıwshı ha`m qarıydar atınnan is ju`rgizip dizimge alınadı ha`m ma`lim bir ka`rxana, sho`lkemge jiberiledi. Bunnan tısqarı birjalar za`ru`rlikke qaray jan`a o`ner u`yreniw ha`m bunın` ushın oqıwdı sho`lkemlestiriw, ta`jriybesin asırıw yaki onı miynet etiw ta`jriybesin qayta tayarlaw kusag`an jumıslardı da orınlaydı.

Jumısqa jallawshı ha`m jumısqa jallanıp islewshiler ortasındag`ı kelisimdi u`shke bo`liw mu`mkin:

**1. Miynet sha`rtnamaları** - jumısqa kiriwshi ha`m jumısqa alıwshı ortasında jekke ta`rtipte kelisim du`zilip, jumıstın` mazmunı, jumıs waqtı, jumıs sharayatı, is haqı to`lew ta`rtibi ha`m eki ta`reptin` juwapgershilikleri anıq belgilenedi.

**2. Jama`a`t kelisimi** - firmalar ha`m jumısshı xızmetshiler jama`a`ti ortasında shartnoma du`zilip, bunda eki ta`reptin` minnetlemeleri yag`nıy sıpatlı ha`m u`nemli islew, is waqtı, miynet qa`wipsizligin ta`miyinlew, is xaqı mug`darı, baha ko`terilgenin esapqa alıp is haqını asırıw kusag`anlar belgilenedi.

**3. Bas kelisim** - is beriwshi ha`m jumısshı xızmetshilernin` ka`siplik birlespeler ha`m hukimet ortasındag`ı kelisim. Og`an qaray miynet qatnasıqlarının` tiykarg`ı ta`repleri ulıwma ma`mleket ko`leminde belgilenip, ka`siplik birlespelerinin` federa-tsiyası ken`esi menen jumıs beriwshiler birlespeleri ortasında du`ziledi.

## 2. İs haqının` a`hmiyeti ha`m tu`rleri

Ekonomika tarawındag`ı barsheni qızıqtıratug`ın, ha`mme biletug`ın, ko`retug`ın ha`m en` qızıqtug`ın na`rse haqı to`lew, is haqı mashqalası esaplanadı. Belgili miynetke qansha haqı to`lewi kerek, qansha mug`dardag`ı pul menen sarıplang`an miynet ornın qaplawı kerek, degen ma`sele ba`rqulla ekonomist alımlardı, jumıs beriwshi ka`rxana ha`m sho`lkem iyelerinin` jumısların qızıqtırıp kelgen. Haqıyqattan da jumısshı orınlag`an miyneti ushın a`lbatte haqı alıwı kerek. **Qansha haqı alıwı kerek? Onın` mug`darın jumısshı belgileydime, jumıs beriwshi belgileydime yaki qanday da bir ta`rtip, nızamı barma?**

İnsan isleydi ha`m bul protsesste aqlıy ha`m fizikalıq ku`sh - quwatın sarıplaydı. Bul islegenligi ushın alatug`ın is haqı qa`niygenin` jasawı ushın za`ru`r bolg`an shıg`ınlar ornın qaplawı, xoshametlew ha`m na`tiyjeli ha`mde sapalı miynetke iyterme-lew wazıypasıların orınlaydı. Qa`niyge orınlag`an isi ushın to`lenetug`ın is haqıg`a aytıp o`tiw orınlı, sarplang`an miynettin` mug`darı ha`m sapası mas keliwi kerek. **Sonday eken is xaqı qanday anıqlanadı?**

Bir ta`repten ha`mmege beldgili jumısshı ku`shinin` bahası qansha arzan bolsa bunday miynet menen shug`ullanıwdı qa`leytug`ın jumıslar sanı sonsha kem boladı ha`m kerisinshe. Jumısshı ku`shinin` bahası qansha qımbat bolsa, bunday miynet penen shug`ullanbaqshı bolg`anlar mug`darı sonsha ko`p boladı.

Ekinshi ta`repten, jumısshı ku`shinin` bahası qansha arzon bolsa, ka`rxanalar sonsha ko`p jumısshı jallaydı ha`m kerisinshe, jumısshı ku`shinin` bahası qansha qımbat bolsa, sonsha kem jumısshını jumısqa jallaydı. Demek, jumısshı ku`shinin` bazar bahası og`an bolg`an talap ha`m usınıstan kelip shıg`ıp anıqlanadı. Jumısshı ku`shine bolg`an talaptın` usınıs mug`darına ten` bolg`andag`ı bahası onın` bazar bahasın belgileydi.

Jumısshı ha`m xızmetshilerinin` is haqılarının` ko`p yaki kem bolıwı ja`ne to`mendegi faktorlarg`a baylanıslı:

- jumısshıdan qansheli bilim, ta`jriybe talap etse, ol sonshelli qımbat turadı, yag`nıy a`piwayı jumısların orınlay alatug`ın adamlar ju`da` ko`p;
- jumıstın` na`tiyjesi bolg`an tovar yaki xızmet satılg`anan keyin, jumıs beriwshige qanshelli ko`p payda alıp kelse, jumıstın` o`zi de sog`an mas ra`wishte joqarı bahalanadı;
- jumıs qanshelli awır ha`m adamnan fizikalıq ku`shti talap etse, sonsha qımbat boladı;
- jumıs qanshelli qa`wipli, den sawlıqqa zıyan keltiretug`ın bolsa, sonsha qımbat bahalanadı.

Sonday faktorlardan kelip shıqqan halda, is haqı mug`darı turlishe. Demek, **is haqı - jumısshı ha`m xızmetshiler miynetinin` mug`darı, sapası ha`m o`nimdarlıg`ına qaray, milliy o`nimnen alatug`ın u`lesinin` puldag`ı sa`wleleniwi esaplanadı.**

Biz bilemiz, is haqı da`ramatının` bir tu`ri esaplanadı. Da`ramat bolsa insannın` miyneti esabınan yaki mu`lki esabınan alatug`ın pul qarjıları esaplanadı. Jumısshı ku`shin ta`krar islep shıg`arıw protsessinde qatnasatug`ın da`ramat tek g`ana is haqıdan ba`lki qosımsha derekler ta`repinen tu`setug`ın ulıwma jıyındısıda qatnasadı. Sonın` menen, jumısshının` isbilermenligi tiykarında qosımsha miynet iskerlikleri arqalı alınatug`ın qosımsha da`ramatları, mu`lkleri esabınan keletug`ın da`ramatlar, qımbat bahalı qag`azlar arqalı alınatug`ın dividentler, banklerge qoyılg`an pullarga to`lenetug`ın protsentler, ijara haqı, jer rentaları ha`m

basqalardan turadı. Biraq daramattın` tiykarg`ı bo`legi is haqı bolıp tabıladı. İs haqını asırıp barıw O`zbekistan Respublikası xukimetinin` tiykarg`ı wazıypası bolıp qalmaqta. Sebebi bul xalıqtı sotsial qorg`awdın` en` tiykarg`ı faktorı esaplanadı. Bul haqqında O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A. Karimov: – «**Barlıq reformalardın` –ekonomikalıq, demokratik, siyasıy reformalardın` tiykarg`ı maqseti insang`a muna`sip turmıs ha`m xızmet sharayatların ju`zege keltiriwden ibarat**», ([4], 282 bet) degen edi.

Ha`r qanday islep shıg`arıwshını is xaqının` mug`darı emes, ba`lki og`an bir qansha tovar xızmetler satıp alıwı mu`mkinligi qızıqtıradı. Onın` da`rejesin anıqlaw ushın nominal ha`m real is haqını ayırıp bile alıwımız lazım.

**Nominal is haqı - islewshinin` ma`lim bir waqıt aralıg`ında (saat, ku`n, ha`pte, ay) islengen miyneti esabınan alg`an pul mug`darı.** Onın` xaqıyqıy satıp alıw quwatın bahalaw ushın a`meldegi bahalar da`rejesin esapqa alıw za`ru`r, yag`nıy adam sol pul mug`darına bazardan qansha tovar ha`m xızmetlerdi satıp alıwı mu`mkinligin yag`nıy real is xaqı mug`darın aniqlaw kerek. Onı to`mendegishe anıqlaw kerek:

$$\textbf{Real is haqı} = \frac{\textbf{Nominal is haqı}}{\textbf{Tutınıw buyımları ha`m xızmetlerinrin` baha da`rejesi}}$$

Nominal is haqı islep tabılg`an pul da`ramatı da`rejesin real is haqı bolsa jumısshılardın` tutınıwı ha`m pa`rawanlıq da`rejesin anıqlaydı.

İs haqı to`lewdi payda etiwde onın` tiykarg`ı eki tu`rine itibar beriledi, olar waqıt pay ha`m jumıspay is haqılar esaplanadı. **Waqıt pay is haqı miynet qılıng`an is waqtı mug`darı tiykarında belgilenedi.** Ma`mleketimizde waqıt pay is haqı to`lew tu`ri tiykarınan orınlap atırg`an is mug`darın esapqa alıp bolmaytug`ın tarawlarda ko`birek materiallıq emes tarawlarda bilimlendiriw, meditsina ha`m basqalarda qollanıladı. Biraq ayırım islep shıg`arıw bag`darlarında, sonın` ishinde, dari - darmaqlar, anıq aptiq asbaplar ha`m sog`an uqsas tarawlarda da waqıt pay is haqı to`lew tu`rinen paydalanıladı.

Waqıt pay is haqı orınlang`an is yaki tayarlang`an o`nim mug`darına qaray belgi-lenedi. Waqıt pay is haqı to`lewde jumısshının` aylıg`ı tayarlang`an o`nim mug`darının` artıwı menen turaqlı ra`wishte artıp baradı. O`nimnin` joqarı sapalılıg`ın, shiyki zat materialların tejelgenligin ha`m basqa sog`an uqsasların sıylawdı ko`zde tutıwshı mukafatlaw sisteması da ken` tarqalg`an. Olardan waqıtpay mukafat, jumıs pay mukafat, jumıs pay, progressiv akkord ha`m tag`ı basqa ish haqı tu`rlerin mısal etiw mu`mkin.

İs haqının` joqarı ha`m to`men da`rejesi bar bolıp, en` to`mengi is haqı mug`darı nızam tiykarında ornatıladı. Jallanba jumısshıg`a onnan to`men mug`darda aylıq to`lew qadag`an etilgen. İs xaqının` en` to`men da`rejesi qa`niygenin` sarp etken potentsialın tiklewge, onın` ta`jriybesin asırıwg`a sem`yasın bag`ıwına ketetug`ın qunnan ibarat. O`zbekistanda is haqının` en` kem mug`darı inflyatsiya sebepli, onın` real da`rejesi turaqlılıg`ın ta`miyinlew maqsetinde waqtı - waqtı menen qayta ko`rip shıg`ılmaqta. **Mısalı,** O`zbekistanda en` kem is haqı 2000-jılı 1-avgusten baslap 2450 swm dep belgilengen bolsa, 2005 jılg`a kelip bul 9500 sumdı quraydı al, 2006 jıl 1-noyabrden 12420 swm bolsın dep Prezidentimiz İ.A.Karimov ta`repinen 12- oktyabr 2006 jılı qarar qabıl etildi ha`m is haqılar 1,2 esege ko`beyetug`ınlıg`ı ko`rsetildi. Qartayg`anlıq (g`arrılıq) ha`m tag`ı basqa pensiya tu`rleri bolsa 14900 swm dep belgilendi. 2007 jıl avgust ayınan baslap bolsa Prezidentimizdin` parmanına muwapıq is haqılar ortasha esap penen 25 prpotsentke ko`terildi.

Al, 2013 - jıl 15-dekabrinen baslap bolsa Prezidentimizdin` parmanına muwapıq is haqılar, pentsiya, stependiyalar ortasha esap penen 1,05 esege ko`terildi. En` kishi is haqı 92150 sum bolıp belgigen bolsa, 2014 jıl 1-sentyabrinen baslap is xakı 1.2 esege koterilgen edi. 2014-jıl 15-dekabrinen baslap is haqı ja`ne 1.2 protsentke ko`beyt-tirildi. 2015-jıl 1-aprelinen baslap en` kem is haqı ja`ne 1.5 protsentke ko`beyttirildi.

Da`ramatlardın` joqarı shegarası belgilep qoyılmaydı. Bul adamlarda aqsha tabıwg`a bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın arttıradı. Biraq ta isbilermenler, biznesmenler a`dalatlı jol menen da`ramat tabıwı tiyis ha`m onı jasırmastan ja`riya etiwi kerek. Joqarıda aytıp o`tilgendey, jumısshı ha`m xızmetshiler is haqını olardın` bilimi is maharatı ha`m tu`rine qaray gruppalarg`a ajıratılg`an halda to`lenedi. Biz bunı tariyf sisteması dep ju`ritemiz. **Tarif sisteması - qa`niyge mag`lıwmatnama, tariyf setkasınan ha`m lawazım is haqıları setkasınan turadı.** Tariyf sisteması normativ hu`jjet bolıp, onın` ja`rdeminde ma`mleket regionı ha`m tarawları boyınsha olar jumısta islep shıg`arıw tu`rleri, qa`niygeler ta`jriybesi ha`m miynet sharayatlarına qaray, jumısshı ha`m xızmetshilerdin` is haqı da`rejesini ta`miyinlenip turadı.

### 3. İs haqını belgilewde ka`siplik birlespelerinin` roli

Ha`zirgi pa`n texnika keleshegi jetiskenliklerin islep shıg`arıwg`a engiziw templerin tezleskenli na`tiyjeside qa`niygelerdin` miynet etiw ha`m jasaw sharayatları o`zgerip barmaqta. Bunday sharayatda tiykarg`ı ma`sele jumısshı ha`m qa`niygelerdin` miynet etiw sharayatların jen`illestiriw, miynet iskerliklerin ja`nede xoshametlewden ibarat. Ol ma`lim sotsial ortalıqta ju`zege kelip miyneti ushın to`lenetug`ın barlıq to`lemlerdi ha`m ortalıq sharayatların o`z ishine aladı ha`m sotsial nızamlarda sa`wlelenedi. Bul nızamlarg`a tiykarlang`an halda ma`mleket ka`siplik birlespeleri ha`m miynet ja`ma`a`tleri miynet qatnasıqların jetilistirip beredi.

Biz bilem ka`rxananın` ka`rxananın` tiykarg`ı maqseti ko`birek payda alıw bolıp, is xaqı bolsa o`ndiris qa`rejetleri quramına kiredi. O`ndiris protsessindn jumısqa jallawshılar ha`m jallanıp islewshiler ortasında kelispewshilikler tartıslar kelip shıg`adı. Bul kelispewshiliklerdi bolsa belgili bir da`wirge kelisiwler tiykarında ja`ma`a`t kelisimlerine qol qoyıw arqalı sheshiw mu`mkin. Jumısqa jallawshılar ha`m qa`niygeler ortasındag`ı miynet sotsial, ekonomikalıq ha`m ka`siplik qatnasıqların ta`rtipke salıwshı xuquqıy hu`jjet ja`ma`a`t kelisimi deyiledi. Kelisimde eki ta`rep yag`nıy ka`rxana basqarması ha`m qa`niygelerinin` o`-ara minnetlemeleri, is xaqı stavkası normasınan artıqsha orınlang`an isler ushın stavka, da`m alıw ku`nleri ha`m dem alıslar, pentsiya fondları ha`m den sawlıqtı saqlawg`a ajratpalar sa`wlelendiriledi.

Tariyxtan belgili jumısshılardın` o`z xuquqların, sonın` menen birge, miynet-lerin tuwrı bahalaw ushın gu`resiwi ka`siplik birlespelerinin` ju`zege keliwine sebepshi bolg`an. Ka`siplik birlespeleri jumısshılarının` assotsiatsiyaları bolıp olar o`zinin` ag`zalarının` ma`plerin sa`wlelendiriw ushın du`ziledi. Ka`siplik birlespelerdin` tiykarg` wazıypası jumıssızlıqtı sotsial kepillikkealıw (qorg`aw) islewshilerdin` miynet sharayatların jaqsılaw haqı mug`darın asırıw, miynet qa`wipsizligin ta`miyinlewden ibarat. Bunday maqsetke bolsa ha`r tu`rli jollar menen erisiw mu`mkin.

Birinshiden miynetke bolg`an talaptı ken`geytiriw arqalı, yag`nıy jumısshı ku`shine talap artsa, o`z - o`zinen is haqı stavkası da, bos jumısshı orınları da artıp baradı. Bunda ka`siplik birlespelerinin` wazıypası talaptı belgilewshi bir neshe faktorlardı o`zgertiwden ibarat:

1. İslep shıg`arılıp atırg`an o`nim, ko`rsetilip atırg`an xızmetine bolg`an talaptı asırıw.

2. Miynet o`nimdarlıg`ın asırıw. 3. Basqa islep shıg`arıw faktorları bahasın o`zgertiw.

Ekinshiden is xaqı stavkasın asırıwdın` jan`a bir jolı jumısshı ku`shi usınıstı qısqartırıw. Bunda ka`siplik birlespelerinin` wazıypaları: 1. Balalar miynetin qqısqartıw. 2. Emigratsiyanı sheklew. 3. Jumıs ha`ptesin qısqartıwg`a ja`rdem beriw. 4. Pentsiyag`a mu`ddetinde shıg`ıwdı ta`miyinlew.

U`shinshiden ka`siplik birlespelerinin` ja`ne bir wazıypası, ka`rxana basqarmasmına belgili bir ka`siptegi jumısshılardı anıq ko`rsetilgen talaplarg`a juwap bergende g`ana jumısqa qabıl etiwlerin qadag`alaw bolıp tabıladı. Bul talaplarg`a jumısshının` bilim da`rejesi, qa`niygeligi boyınsha is stajı, shaxsıy xarakteristikaların kiritiw mu`mkin.

### Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler

Miynet bazarı, miynet birjası, miynet kontraktı, ja`ma`a`t kelisimi, bas kelisim, jumısshı ku`shi, is haqı, nominal is haqı, real is haqı, waqıt pay is haqı, jumıs pay is haqı, tarif sisteası, tariyf qa`niygelik mag`lıwmatnaması, ka`siplik birlespeleri.

## 12- tema: Xalıq da`ramatları ha`m ma`mlekettin` sotsial siyasatı

### 1. Xalıq da`ramatları ha`m onın` derekleri

Ha`r qanday ja`miyette o`nidiris protsessinde ba`nt bolg`an ja`miyet ag`zaları milliy da`ramatınjetilistiredi. Olar o`z u`leslerin milliy da`ramatan is haqı sıpatında aladı. Bul xalıqtın` da`ramat dereklerinin` tiykarg`ı bo`legi esaplanadı. Lekin, insanlar ha`r qanday o`ndiris protsessinen qa`ttiy na`zer belgili bir da`rejede qosımsha miynet iskerlikleri menen shug`ıllanıp, belgili bir da`rejede qosımsha is haqıların o`zlestiredi. Bul qosımsha is xaqılar to`mendegi tu`rlerinde, yag`nıy payda, mal - mu`lkten alınatug`ın da`ramat, qımbat bahalı qag`azlardan keletug`ın dividentler, banklerde qoyılg`an pul ushın alınatug`ın protsentlerde ha`m sotsial to`lemlerde sa`wlelenedi. Mine usı ba`rshe is haqı, payda dividentleri, protsent, rentalar, sotsial to`lemler,xalıq da`ramatların payda etedi.

Xalıq da`ramatları a`dette bir jıl ishinde alıng`an pul ha`m natural tu`rdegi da`ramatlarının` jıyındısına aytıladı. Xalıq da`ramatlarının` a`hmiyeti ja`miyettin` birlemshi buwını bolg`an sem`yanın` ja`mi da`ramatlarında sa`wlelenip, ol usı sem`yanın` jasaw da`rejesin belgilep beredi.

Bazar ekonomikası sharayatında xalıqtın` alıp atırg`an da`ramatlarına qaray olardın` klass-larg`a ajıralıwına alıp keledi alıp keledi.

Xalıqtın` da`ramatları **nominal** ha`m **real** da`ramatlarg`a bo`linedi.

**Nominal da`ramat** belgili is waqtına to`lengen miynet xaqı esaplanadı. **Real da`ramat** bolsa alıng`an nominal da`ramat xalıqtın` jasaw sha`rayatın qanshelli qanaat-landırıwında sa`wlelenedi. Xalıqtın` nominal da`ramatlarının` o`siwi, is xaqıları, protsent stavkalarının` o`siwi, alınıp atırg`an dividentlern, mal - mu`lkten tu`sip atırg`an da`ramatlar, jer rentalarının` o`siwi ha`m xalıqtı sotsial qorg`awg`a ajratılg`an qarjılardın` ko`beyip barıwına baylanıslı bolsa, xalıqtın` real da`ramatları bolsa nominal da`ramatlarnın` o`siwine ha`m islep shıg`arılıp atırg`an o`nimlerdin`, xalıqqa ko`rsetilip atırg`an sotsial xızmetlernin` arzanlasıwına baylanıslı boladı. Respublikamızda jalpı ishki o`nimnin` o`siwi 2003-jılda 4,3% ti qurag`an bolsa, sanaat islep shıg`arıwında 8,5% in awıl xojalıg`ında 6,1% in payda etti. İslep shıg`arıw protsessinin` o`siwi na`tiyjesinde xalıqtın` ortasha jan basına da`ramatlardın` o`siwi 12,5 % ke ko`beyedi. Bul o`z na`wbetinde xalıqqa pullıq xızmet ko`rsetiwdi 8,3% ke, usaqlap satıp alıw tovar aylanbasın 1,7% ke o`siwine alıp keldi. Bul ko`rsetkishler xalıqtın` nominal ha`m real da`ramatlarının` o`sip barıwı na`tiyjeleri esaplanadı dep esaplaw mu`mkin. 2003-jıl maydan baslap xalıqtın` is xaqıların 20% ke ko`beyiwi de nominal ha`m real da`ramatlarının` o`siwin ta`miyinleydi.

**Xalıq da`ramatların ha`m abadanlıg`ın arttırıw boyınsha da** sapa jag`ınan teren` o`zgerisler ju`z bermekte. Xalıqtın` miynet haqı ha`m ulıwma aqsha da`ramatları turaqlı kobeyip barmaqta, onın` satıp alıw uqıplılıg`ı turaqlı o`spekte, puqaralarımız tutınatug`ın o`nimler quramının` sapası artpaqta.

2010 –jılda byudjet salası mekemeleri xızmetkerlerinin` miynet haqısı, pensiyalar ha`m sotsiallıq napaqalar, stependiyalardın` mug`darı 32 protsentke, xalıqtın` ulıwma aqsha daramatları bolsa jan basına 1,3 ese ko`beydi.

Xalıqtın` da`ramatları quramında isbilermenlik jumısınan alınıp atırg`an da`ramattın` u`lesi barg`an sayın salmaqlı orın iyelemekte ha`m barlıq da`ramatlardın` 47 protsentinen aslamı usı salanın` u`lesine tura kelmekte.

Elimizde shan`araqlardın` sapalı ha`m uzaq mu`ddet paydalanatug`ın tutınıw tovarları menen ta`miyinleniw da`rejesi sezilerli tu`rde arttı. Atap aytqanda, bu`gingi ku`nde ha`r 100 shan`araqqa ortasha 132 televizor, 99 muzlatqısh, 18 den aslam konditsioner, 27 den aslam jen`il avtomobil`, ha`m 12 personal komp`yuterler tuwra keledi.

Xalıq da`ramatlarının` o`sip barıwı ma`mleketler ta`repinen islep shıg`arılg`an da`ramatlar siyasatına baylanıslı boladı. Bul da`ramat siyasatı to`mendegilerden ibarat: Puqaralardın` «**ka`mbag`allıq sızıg`ınan**» to`menge tu`sip ketpeslik ila`jları ko`riw

tiykarında, da`ramat mug`darların kepillikke alıw yaki da`ramatların kepillikke almastan puqaralarg`a o`z da`ramatların asırıw ushın sha`rt-sharayatlar jaratıp beriwden ibarat.

**2. Da`ramatlardın` bo`listiriliwi. Lorens qıya sızıg`ı**

Du`n`yadag`ı barlıq ma`mleketler xalıqtın` jan basına tuwrı keletug`ın ortasha da`ramatlar da`rejesi menen bir – birinen keskin parıqlanadı. Bul ha`r qıylı ma`mleketler xalqının` da`ramatları da`rejesinde ortasında ten`sizlik barlıg`ın bildiredi.

Da`ramatlardı qa`te bo`listiriliwi ekonomikalıq nızam esaplanadı. Da`ramatlardın` qa`te bo`listiriliwi ta`biyiy bolıp, onın` ob`ektiv sebepleri bar. Bul sebepler to`mendegiler esaplanadı:

1. Adamlar qa`bilietlerinin` ha`r qıylı ekenligi ha`r kimnin` qa`bilietine jarasa isleydi ha`m miynetine jasara xaqı alıw printsipinin` a`mel qılıwın an`latadı.
2. A`wmet. Adamlarg`a a`wmet ku`lip baqqanda, bayıp ketiw imkanına iye boladı.
3. Baxtsız ha`diyse, qa`wipler qa`terler orta yaki bay adamlardın` turmıs da`rejesin keskin tu`sirip jiberiwi mu`mkin.
4. Bilimli, potentsiallı, talantlı adamlardın` turmıs da`rejesi joqarı boladı.

**Ma`selen:** Dun`yada o`zinin` aqıllılıg`ı esabınan en` bay bolg`an kompyuter patshası Bil **Geytstin`** turmısın mısalı etip keltiriw mu`mkin. Onın` bir jıllıq da`ramatı 37 mlrd. dollardı payda etedi. Bir saatlıq da`ramatı bolsa, 5 million dollardan ibarat.

5. Miyras ta adamlar da`ramatlarının` artıwına ta`sir etedi.
6. Tanıw - biliwshilik. Bizde sol ku`nge shekem bul faktorg`a pa`njere (reshetka) arqasınan qarap kelingen. Lekin adamlardın` jumısqa jaylasıwında usınıslar beriw, tanıwlar ko`megine tayanıw da bar. Bul jag`daydı inkar etip bolmaydı.

Da`ramatlar ortasındag`ı ayırmashılıq qa`wipli, o`zine jalıp etiwi, awır jen`illigine de baylanıslı bolıwı mu`mkin. Shaxta jumısshıları miynetinin` qa`wipli ekenligi og`an to`lenetug`ın xaqının` joqarı bolıwın talap etedi. Modellerdin` miyneti ko`rkem. Bul jumıstı a`melge asırıw ushın bul ka`sip iyesi sqrtqı jaqtan ma`lim talaplarg`a juwap beriwi kerek. İsbilermenlik miyneti de qa`wipli esaplanıp, ol bir ku`nde bayıp ketiwi yaki bankrot bolıwı mu`mkin. Demek, joqarıda sanap o`tilgen faktorlardı esapqa alsaq ten`sizliktin` ta`biyiy jag`dayı ekenligine ıqrar bolamız. Daramatlardın` ten`sizligi da`rejesin mug`darlıq anıqlaw ushın ja`ha`n a`meliyatında Lorents qıya sızıg`ınan paydalanıladı ( 5-su`wret)

Sızbanın` jayıq sızıg`ı arqalı xalıq gruppalarının` protsenttegi u`lesi, tik sızıqta bolsa, bul gruppalar ta`repinen alınatug`ın da`ramattın` protsenttegi u`lesi jaylas-tırılg`an. Teoriyalıq jaqtan da`ramatlardın` absolyut ten` bo`listiriliw imkaniyatı (mu`yeshti ten` ekige bo`liwshi) **OE** sızıg`ında sa`wlelengen bolıp, ol sem`yalardın` ha`r qanday tiyisli protsenti da`ramatlarının` sa`ykes keliwshi protsentti alıwın ko`rsetedi. Yag`nıy xalıqtın` 20% ti barlıq da`ramatlardın` 20% tin, xalıqtın` 40% da`ramatlarının` 40% tin, xalıqtın` 60% ti da`ramatlarının` 60% tin alıwın bildiredi ha`m tag`ı basqa. Demek, **OE** sızıg`ı da`ramatlardın` bo`listiriliwindegi absolyut ten`likti sa`wlelendiredi




5- su`wret. Lorents qıya sızıg`ı

|

Sonın`day-aq teoriyalıq jaqtan absolyut ten`sizlikti ha`m ajıratıp ko`rsetiw mu`mkin. Bunda xalıqtın` ma`lim toparları (20%, 40% yaki 60% h.t.b.) hesh qanday da`ramatqa iye bolmay, tek g`ana bir protsenti g`ana ba`rshe 100% da`ramatqa iye boladı. Sızılmadag`ı **OKE** sınıq sızıg`ı absolyut ten`sizlikti sa`wlelendiredi.

Real o`mirde absolyut ten`lik ha`m absolyut ten`sizlik jag`dayları bolmaydı. Ba`lkim xalıqtın` ma`lim bir gruppaları ortasında da`ramatlardın` bo`listiriliwin ta`rtipsiz ra`wishte baradı. Bunday bo`listiriliwdi **Lorents qıya sızıg`ı** dep atalıwshı **OE** qıya sızıg`ı arqalı gu`zetiw mu`mkin. Xalıqtın` toparları u`lesi ha`m da`ramat u`lesin birlestiriwshi qıya sızın`tan sa`wlelenedi, xalıqtın` da`slepki 20% ti da`ramatlardın` ju`da` az (shama menen 3-4 % ke shekem) bo`legi tuwrı keledi. Keyingi gruppalarg`a tuwrı keliwshi da`ramat u`lesi artıp baradı. Da`ramattın` en` u`lken bo`legi (dierli 60%) xalıqtın` son`g`ı 20% ke tuwrı keledi. Bul topar shegarasın ishinde de da`ramatlao ta`rtipsiz bo`listirilgen, yag`nıy da`slepki 10% shama menen 20% da`ramatqa iye bolsa, keyingi 10% ke da`ramattın` derlik 40% ti tuu`rı keledi, ha`m t.b. Absolyut ten`sizlikti sa`wlelendiriwshi sızıq **Lorens qıya sızıg`ı** ortasındag`ı aralıq da`ramatlar ten`sizligi da`rejesin sa`wlelendiredi. Bul ayırmashılıq qanshelli u`lken bolsa, yag`nıy Lorents sızıg`ı **OE** sızıg`ınan qanshelli uzaqta jaylassa, da`ramatlar ten`sizligi da`rejesi de sonshelli u`lken boladı.

Da`ramatlardı bo`listiriliwindegi ten`sizlik mug`darının` da`rejesi **Djini koeffitsienti** ja`rdeminde aniqlanadı. **Djini koeffitsenti** sızılmadag`ı **Lorents sızıg`ı** menen absolyut ten`lik ortasındag`ı maydanı **0KE** u`shmu`yeshlik maydanına qatnası arqalı anıqlanadı. Bul ko`rsetkish qanshelli u`lken bolsa, (yag`nıy 1,0 ge jaqınlassa) ten`izlik sonsha ku`shli boladı. Ja`miyet ag`zalarının` da`ramatları ten`lesip barg`anda bul ko`rsetkish 0 (nol`) ke umtıladı. **Ma`selen,** keyingi yarım a`sir dawamında **Djini indeksi** Ullı Britaniyada 0,39dan 0,35 ke shekem, AQSh ta bolsa, 0,38 den 0,34 ke shekem pa`seygen.

O`zbekistanda **Djini koeffitsienti** 1996-jılda 0,396, sol jıldın` aqırında 0,315 bolg`an. Ten`sizlik kemeygen. Demak, ten`sizlikti keltirip shıg`aratug`ın ob`ektiv sebeplerdi esapqa alg`an halda, da`ramatlardın` tegis emes bo`listiriliwin ob`ektiv ekenligine ıqrar bolıwı mu`mkin.

### 3. Xalıqtı sotsial qorg`awdın` za`ru`rligi ha`m onın` tiykarg`ı bag`darları

Ten`sizlik mashqalası sotsial mashqala bolg`an kambag`allıq penen baylanıslı. Kambag`allıq mashqalası deyerli barlıq ma`mleketlerde bar. Ha`tteki Amerika qurama shtatında da ha`zirgi ku`nde 13% ke jaqın xalıqtın` kambag`allıq shegarasında jasaydı.

Kambag`allıq degende adamnın` tiykarg`ı mu`ta`jliklerin qanaatlandıra almawı tu`siniledi. Kambag`allıqtı anıqlawda kambag`allıq shegarası degen ko`rsetkishten paydalanıladı. Kambag`allıq shegarasının` tiykarg`ı ko`rsetkishi minimum tirishilik o`nimlerine bolg`an mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw bolıp tabıladı. Sotsiallıq ha`m fiziologiyalıq tirishilik minimumi bar.

Fiziologiyalıq minimum fizikalıq mu`ta`jliklerge kerekli bolg`an minimum tovarlar ha`m xızmetler jıyındısınan ibarat. Sotsiallıq minimumg`a - minimum sotsial ha`m ruwqıy mu`ta`jlikler de kiredi.

Ha`r bir ma`mlekette minimum tirishilik o`nimleri ha`r tu`rli jollar menen esaplanadı. O`zbekistanda minimum tirishilik o`nimlerin esaplawda normativ usıl qollanıladı. Minimum tirishilik o`nimleri minimal tutınıwshılar korzinasına tuwrı keledi. A`piwayı tutınıwshı korzinasına 18 o`nim kiredi. Tutınıwshılar korzinasına kiretug`ın o`nimler ilimpazlar, biolog ekonomistler ta`repinen analiz-lenedi ha`m esaplanadı.

O`zbekistanda a`piwayı tutınıwshılar korzinasındı 1 adamg`a o`nimler to`mendegi mug`darda belgilengen:

Tutınıw korzinası

| № | O`nim atı | O`lshem birlik | Aylıq norma | Jıllıq norma |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Qara nan | kg | 7,7 | 92,4 |
| 2 | Aq nan | kg | 7,25 | 86 |
| 3 | Gu`rish | kg | 1,5 | 1,8 |
| 4 | Vermishel | kg | 0,6 | 7,2 |
| 5 | Qant | Kg | 2,1 | 25,2 |
| 6 | O`simlik mayı | Kg | 0,85 | 10,2 |
| 7 | Sarı may | Kg | 0,3 | 3,6 |
| 8 | Mal go`shi | Kg | 3,5 | 42 |
| 9 | Kalbasa (pisirilgen | Kg | 1,8 | 21,6 |
| 10 | Kolbasa (duzlang`an) | Kg | 1 | 12 |
| 11 | Su`t | Litr | 15,5 | 186 |
| 12 | Qaymaq | Kg | 0,25 | 4,2 |
| 13 | Sır | Kg | 0,2 | 2,4 |
| 14 | Ma`yek | Dana | 15 | 180 |
| 15 | Kartoshka | Kg | 12,5 | 150 |
| 16 | Kapusta | Kg | 2,5 | 30 |
| 17 | Piyaz | Kg | 0,85 | 10,2 |
| 18 | Alma | Kg | 1 | 12 |
| 19 | Sigareta | Pashka | 8 | 96 |

Minimal tirishilik da`rejesi ma`mlekettin` sotsial siyasatın a`melge asırıwda tiykar bolıp esaplanadı. Ha`r bir ma`mleket xalıqtı kem ta`miyinlengen qatlamın qorg`aw sotsial siyasatın alıp baradı.

Xalıqtı sotsial qorg`aw ma`mlekettin` da`ramatlar bo`listiriliwindegi ten`sizlikti jumsartıwı ha`m xalıq qatlamları ortasındag`ı kelispewshiliklerdi sheshiwge qaratıl-g`an siyasat bolıp tabıladı.

Xalıqtı bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde sotsial qorg`awdın` tiykarg`ı bag`darları O`zbekistan Respublikasi Prezidenti İ.A. Karimovtın` "**O`zbekistan ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw jolında**" atlı kitabında tolıq bayan etilip berilgen. Xalıqtı sotsial qorg`aw ha`r qıylı formalarda ju`zege keledi:

- pul menen ja`rdem beriw,
- materiallıq ja`rdem,
- biypul awqatlarg`a talonlar beriw,
- balalardı asırap alıw,
- kekseler oyının qurıw,
- sponsorlıq etiw ha`m tag`ı bsqalar.

Da`slep sotsial qorg`alatug`ın qatlamlar anıqlanadı. Olarg`ı da`ramatı minimum tirikshilik o`nimine jatatug`ın qatlamlar, kekseler, ko`p bolalı ha`m jalg`ız perzent o`sirip atırg`an analar, "**o`zine ja`rdem bere almaytug`ın**" adamlar kiritiledi.

Xalıqtın` isker qatlamlarına bolsa ja`rdem – o`z imkaniyatların ko`rsetiwleri ushın kerek bolatug`ın qolaylı sha`rt – sharayatlardı jaratıwdın ibarat.

İnflyatsiya sharayatında waqtınshalıq a`melge asırılatug`ın sotsial qorg`aw mexanizmi:

1. Xalıqtın` sotsial iskerligin asırıwı.
2. Sotsial qorg`aw birinshi na`wbette xaqıyqattan da mu`ta`jlerge qaratılıwı.
3. Real miynet bazarıın payda etip, miynet resurslarınan na`tiyjeli paydalanıwdı jolg`a qoyıw.
4. Sotsial tarawlardı rawajlantırıw.
5. Xalıqtı sotsial qorg`awdı ma`mleket ha`m puqaralardın` qarjıları esabınan a`melge asırıw za`ru`r. Respublikada xalıqtı sotsial qorg`aw bir neshe basqıshta a`melge asırıldı.

**Birinshi bag`darda** - da`ramatlardın` en` kemi ha`m ortashası turaqlı asırılıp barıldı. Da`ramatlar qatnasın o`zgertiwde 1993 jılda engizilgen birden-bir tariyf setkası u`lken a`hmiyetke iye boldı.

**Ekinshi bag`darda** – ishki tutınıw bazarın qorg`aw ha`mde azıq-awqat o`nimleri ha`m azıq awqatlıq emes o`nimlerinin` bahaların belgili da`rejede saqlab turıw boldı.

**U`shinshi bag`darda** – nogiranlar, pentsionerler ko`p bolalı ha`m kem da`ramatlı sem`yalar, jumıssızlar, oqıwshılar (biypul awqatlar), talabalarg`a (awqatlanıwı ushın) talonlar berildi.

**To`rtinshi bag`darda** – adresli sotsial qorg`aw a`melge asırıldı. Mu`ta`jler qatlamın anıq belgilew ha`m ja`rdemlerdi a`melge asırıw ma`ha`le ıqtıyarına tapsırıldı.

Xalıqtı sotsial qorg`aw ma`mleket byudjetinen tısqarı O`zbekistan Respublikası sotsial qamsızlandırıw fondi, ka`rxanalar (jumısshılarına jen`ilikler beriw, biypul awqat, jol xaqını to`lew, miynetkeshlerdin` ma`resimlerine ja`rdem beriw, u`y-jay menen ta`miyinlew), sotsial sho`lkemler ka`siplik birlespeleri, veteranlar ha`m inivalidler birlespeleri, kekseler fondları ta`repinen ha`m a`melge asırıladı.

Ma`mlekettin` sotsial qorg`awdag`ı iskerligi adamlarda beyparwalılıq keyfiyatın asıradı, bul bolsa islep shıg`arıw na`tiyjeligi pa`seyip ketiwine alıp keledi. Ma`mleket ta`repinen sotsial qorg`awdın` pa`seyiwi bolsa ten`sizlikti teren`lesiwine alıp keledi.

**Sotsial a`dillik tu`sinigi** - sub`ektiv tu`sinik bolıp, onın` a`mel etiwine ekonomikalıq qaraslar menen birgalikte siyasıy, ma`deniy, sotsial, tariyxıy, adamlardın` turmıs ta`rzi kusag`an faktorlar da ta`sir etedi.

Adamlar da`ramatındag`ı ten`sizlik a`dilsizlik degen ga`p emes. Ja`miyettegi a`dillik islep shıg`arıw quralların birgelikte paydalanatug`ın orınlarına qaray sa`wlelenedi. Az da`ramat yaki ko`p da`ramat alıwdan qatıiy na`zer ja`miyet ag`zalarının` ba`rshesi ja`miyettegi sotsial o`nimlerden birdey paydalanıw xuquqına iye boladı. **Ma`selen:** Joqarı oqıw orayında oqıw, meditsina xızmetinen paydalanıw, jarıs, konkurslarda qatnasıw h t.b.

Biraq bazar mexanizminin` bar ekenligi ekonomikalıq ten`sizlikti jolg`altpaydı. Ma`mleket baylar yaki bay ka`rxanalardın` artıqsha paydasın ma`mleket byudjetine jalıp etse, ekonomikalıq xoshametlew bolmaydı. Bazar mexanizmi isten shıg`adı.

## 13- tema. Finans ha`m finans qainasıqları. Salıq sisteması.
## 1. Finansttın` a`hmiyeti ha`m wazıypaları

Finans tariyxıy xarakterge iye bolg`an ekonomikalıq kategoriya. Ol bazar ekono-mikası qatnasıqları protsessinde ma`mlekettin` aldında turgan tiykarg`ı wazıypaları-nan ha`m xalıqtın` mu`ta`jliklerin ta`miyinlew maqsetinde tu`rlenedi.

Finans kategoriyası latınsha so`zden alıng`an bolıp, to`lem, da`ramat ma`nisin bildiredi. Ekonomikanın` keleshegi ushın za`ru`r bolg`an pul qatnasıqları pul fondları tu`rinde jetilistirilip o`ndiris protsessin ken`geytiriwge, sotsial keleshekti rawaj-landırıwg`a sarplanadı. Finans ekonomika kelesheginde ha`rekette bolg`an barshe pul qarjılarının` o`zinde ja`mlemeydi. Finans qatnasıg`ı belgili bir da`rejede sheklengen boladı. Finans qatnasıqları te g`ana xuquqıy sub`ektlerdin` ha`m xuquqıy jag`dayına iye bolg`an fizikalıq shaxslardın`, ha`r qıylı sotsial sho`lkemlerinin` pul qarjılarının` ko`lemi da`rejesinin` finanslıq qatnasıqlardı tu`rlentiredi.

Demek, finanslıq qatnasıqlar ulıwma esapqa alang`an pul qarjıları fondları-nın` ha`reketi esabınan ma`mleket, ka`rxanalar, sho`lkemler, sotsial mekemeler territoriya-lar ha`m fizikalıq xuquqıy sub`ektler jag`dayına iye bolg`an puqaralar ortasında ju`zege keliwshi ekonomikalıq qatnasıqlar bolıp tabıladı. Finanslıq qatnasıqlardı to`mendegi bo`leklerge bo`liw mu`mkin:

- Ma`mleket penen ka`rxanalar ortasındag`ı qatnasıqlar.
- Ka`rxanalar menen bankler ortasındag`ı qatnasıqlar.
- Ka`rxana ishindegi, bo`limler ara ha`m jumısshılar ortasındag`ı xojalıq baylanısları.
- Basqarıwdın` ha`r tu`rli da`rejesindegi ma`mleket sho`lkemleri ortasındag`ı qatnasıqlar.
- Ma`mleket penen birlespeler, ja`ma`a`t sho`lkemleri ortasındag`ı qatnasıqlar.
- Ma`mleket penen xalıq ortasındag`ı finanslıq qatnasıqlar.

Barlıq pul qatnasıqları finanslıq qatnasıqlar bola almaydı. Jeke tutınıwg`a ha`m almasıwg`a, usaqlap satıwg`a, transportqa, kommunal xızmetlerge, tamashaxanalar ha`m basqalarg`a to`lem ushın, sonın`day-aq ja`miyettin` ayırım ag`zaları ortasındag`ı aldı-sattı aylanısı, pul sawg`a etiw ha`m miyras etip alıw ushın xızmet etetug`ın pul qarjaları finanslıq qatnasıqlarg`a kirmeydi.

Finanstın` to`mendegi wazıypaları bar.

Ha`r jılı jaratılg`an milliy o`nim ha`m milliy da`ramat ha`r tu`rli finans fondlarına aylantırılıp, pul tu`rinde bo`listiriledi. Bo`listiriw ekige bo`linip, birlemshi (is xaqı, payda, sotsial qamsızlandırıw, amortizatsiya fondları), yag`nıy tuwrıdan-tuwrı islep shıg`arıwdag`ı bo`listiriw, ekilemshi (salıqlar, tu`rli to`lemler, maishiy xızmet xaqı h. t. b.) yaki qayta bo`listiriwden ibarat. Bo`listirilgen pul qarjıların paydalanılıwın qadag`alaw. Yag`nıy islep shıg`arıwdı rawajlantırıw yaki sotsial keleshek ushın ajıratılg`an finanslıq qarjıların belgilenean bag`darda tuwrı paydalanıwdı ta`miyinlew wazıypasın orınlaydı. Finanslıq qadag`alaw bazar ekono-mikası qatnasıqları protsessin talap ha`m usınıs nızamı tiykarında tuwrı jetilisiwin ta`miyinledi. Finans ekonomikalıq rawajlanıwdı xoshametlewshi ekonomikalıq faktor bolıp ta xızmet qıladı. Finans sisteması o`zinin` ekonomikalıq quralları salıqlar, to`lemler, subsidiyalar ha`m subvensiyalar arqalı xojalıq sub`ektlarin na`tiyjeli rawajlandırıwg`a iytermeleydi.

Finans tek g`ana o`ndiris ishlab chiqarish protsessinin` tiykarg`ı faktorı g`ana bolmay, ba`lki xalıqtın` sotsial qorg`awda da tiykarg`ı sotsial - ekonomikalıq a`hmiyetke iye.

Xalıqtı sotsial qorg`awdın` en` tiykarg`ı jolı is xaqın asırıp barıw bolıa tabıladı. Real is xaqı 2004- jıl 9 ayı juwmaqları boyınsha. 2003- jıl sol da`wirge qarata 18,4% ke astı ha`m 62,3 mln. swmdı payda etti, xalıqtın` jan basına real da`ramatı 12,8%, pentsiyalardın` real ortasha aylıq mug`darı 13,6% ke ko`beydi. ([14] ,2 bet).

Bazar ekonomikası sharayatında sotsial qorg`awg`a mu`xtaj bolg`an puqaralar boladı. Olardın` jasawları ushın minimum da`rejede tutınıw talapların qanaatlandırıwda, finans olardı sotsial qorg`awdı ta`miyinleydi.

Xalıqtı sotsial qorg`aw to`mendegi usıllar arqalı a`melge asırıladı.

Xalıqqa biypul yaki jen`illikli xızmet ko`rsetiwshi tarawlar (bilimlendiriw, den - sawlıqtı saqlaw, ma`deniyat, fizikalıq tarbiyanı finanslastırıw) ha`m xalıqtın` nashar, ja`rdemge mu`ta`j

qatlamlarına pul menen ja`rdem beriw. Bul isler ma`mleket, firmalar, xayriya sho`lkemleri ta`repinen a`melge asırıladı.

Finanstın` ornı ju`da` u`lken a`hmiyetli bolıp, bul xaqqında da: O`zbekistan Respub-likası Prezidenti ekonomikalıq reformalar strategiyası ha`m jolın jetilistiriw mexanizmlerinen biri «**Finans ha`m salıq siyasatı tarawındag`ı u`lken siyasattı a`melge asırıw, xalıq xojalıg`ı tarawların, ayırım ka`rxanalardı rawajlandırıw ushın byudjetten pul menen qaytarmaytug`ın qetip ta`miyinlew a`meliya-tınan waz keshiw. A`ne sol maqsetler ushın investitsiya kreditlernen ken` paydalanıw, turaqlı pul mashqalasın ta`miyinlew, kredit ha`m naq pul emissiyasın, ja`mi pul massasın tiykarsız o`siwin keskin sheklew, bahanı belgilew sistemasın ja`nede, ta`rtipke salıw, bazardı ta`rtipke salıp turıwshı qural sıpatında bahanın` rolin bekkemlew**»den ([4],190-191 betlar) ibarat degen edi.
Finanslıq qatnasıqlar ha`m olarg`a xızmet qılıwshı arnawlı sho`lkemler ja`miyettin` finans sistemasın payda etedi. Finans sistemasın eki bo`lekke bo`liw mu`mkin.

Demek, mikrofinansqa firmalar (kommertsiyalıq ha`m kommertsiyalıq emes) ha`r qıylı ja`ma`a`t sho`lkemleri u`y xojalıg`ı finansı (is xaqı, pentsiya, stipendiya, divident, mu`lkten kelgen ha`m isbilermenlikten alıng`an da`ramatlar) kirse, makrofinansqa ma`mleket finansı (ma`mleket byudjeti) ha`m sotsial finans (sotsial qamsızlandırıw, pentsiya, xalıqtı jumıs penen ta`miyinlew, jol qurılısı, ta`biyattı qorg`aw, tariyxıy esteliklerimizdi saqlaw, isbilermenlerge, a`skerlerge, ka`rxanalarg`a sanatsiya ja`rdem beriw ha`m basqalar) kiredi.

## 2. Ma`mleket byudjetinin` tu`rleniwi

**Ma`mleket byudjeti** - finanslıq reje bolıp,belgili da`wir ushın da`ramat ha`m qa`rejetlerdi o`zinde sa`wlelendiredi. Ma`mleket byudjeti ma`mleket ko`leminde ulıwma ja`miyet ma`pin oraylasqan halda toplanıwın ha`m sarplawın sa`wlelendiriwshi finans sistemesının` tiykarg`ı bo`legi esaplanadı. Byudjet finanslıq reja bolıp, belgili da`wir ushın da`ramat ha`m qa`rejetlerin ja`mleydi. **Ma`mleket byudjetin du`ziwden ko`zlengen tiykarg`ı maqset: ma`mleket aldında turg`an sotsial ha`m ekonomikalıq wazıypalardı orınlaw ushın finanslıq tiykarın tu`rlendiriw, ma`mleket ekonomikasın rawajlandırıwdın` keleshektegi rejesin a`melge asırıw, xalıq da`ramatların qayta ko`rip shıg`ıw bolıp esaplanadı.** Ma`mleket byudjeti eki bo`limnen turadı.

1. Da`ramatlar bo`limi. Da`ramatlar bo`legi to`mendegiler esabınan turadı:

- qosılg`an qunnan alıng`an salıq;
- respublika territoriyasınan alıp shıg`ıp ketip atırg`an shiyki zat o`nimleri ha`m tayar o`nimlerge salinatug`ın salıq;
- aktsiyalardı satıwdan keletug`ın tu`simler;
- aylanba salıqlar;
- da`ramatqa (paydag`a) salınatug`ın salıqlar;
- ka`rxanalar da`ramatlarına salınatug`ın salıqlar;
- sotsial sho`lkemler da`ramatlarına salınatug`ın salıqlar.
- xalıqqa salınatug`ın ma`mleket salıqları;
- aktsiz salıg`ı;
- xalıqqa satılatug`ın ma`mleket zayomlarınan turadı.

Byudjettin` qa`rejetler bo`legi to`mendegilerden ibarat:

- xalıq xojalıg`ın rawajlantırıw;
- bilimlendiriw ha`m pa`ndi rawajlantırıw;
- den sawlıqtı saqlaw ha`m fizikalıq tarbiyanı rawajlantırıw;
- xalıqtı sotsial qorg`aw;
- ko`p bolalı ha`m jalg`ız bag`ıwshısı joq analarg`a beriletug`ın, ma`mleket pentsio-nerleri fondın jaratıw;
- xalıqtın` parawanlıg`ın asıratug`ınsho`lkemlerdi rawajlandırıw;
- ma`mleket ha`kimiyatı ha`m basqarıw organların ta`miyinlew;
- ma`mlekettin` qurallı ku`shlerinin` jag`dayların jaqsılaw;

- pentsiyalar beriw;
- qorshag`an ortalıqtı qorg`aw jaqsılaw menen baylanıslı bolg`an qa`rejetlerden turadı. Byudjet jıl aqırında da`ramat penen tamalansa na`tiyjeli, qa`rejetlerdin` artıqshalıg`ı menen tamamlansa na`tiyjesiz byudjet boladı. O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov ma`mleket byudjetin bekkemlew ha`m onnan na`tiyjeli paydalanıw haqqında: «**Ma`mleket byudjeti defitsitin ilajı barınsha kemeytiriw, byudjetten beriltug`ın dotatsiyalar ha`m subsidiyalardın` tu`rlerin basqıshpa - basqısh qısqartırıp barıw, byudjet qarjıları da`ramat tu`skennen keyin g`ana bo`listiretug`ın joldan burılmay su`rinbey barıw, birinshi da`rejeli, en` za`ru`r ulıwma ma`mleketlik mu`ta`jlikleri ushın g`ana byudjetten qarjı ajıratıw, salıq sistemasın jetilistiriw, byudjet da`ramatları turaqlı pa`tler menen toltırıp turılıwın ta`miyinleytug`ın islep shıg`arıwdı xoshametleytug`ın puxta siyasatın alıp barıw kerek**» ([4],190 bet) degtn edi.

A`dettte, ma`mleket byudjetinin` da`ramatlar ha`m qa`rejetler bo`limleri o`z-ara ten` bolmaydı. Da`ramatqa qarag`anda qa`rejek ko`p bolg`anda byudjet jetispewshiligine alıp keledi. Jıllar dawamında ja`mlenip kelingen byudjet jetispewshiliginin` ja`mi mug`darı ma`mleket qarzın payda etedi. Ma`mleket qarızları eki tu`rge bo`linedi:

- Ma`mlekettin` sırtqı qarızı;
- Ma`mlekettin` ishki qarızı.

Ma`mlekettin` sırtqı qarızı degende, onın` shet ma`mleketlerge, ha`r qıylı finanslıq birlespelerge, shet el firmalar ha`m ayırım shaxslarg`a qarızı na`zerde tutıladı. Ma`mlekettin` ishki qarızı degende, firma, kishi ka`rxanalar, ja`ma`a`t ka`rxanaları ha`m o`z xalıqnan alg`an qarızı tu`siniledi. Byudjet defitsiti menen ma`mleket qarızı bir-birine baylanıslı. Sebebi byudjetti ta`rtipke salıw ma`selesi ha`r qanday xu`kimettin` aldında turg`an oraylıq ma`selesi. Ma`mleket byudjetinin` ilajı barınsha jetispewshilik mug`darı bolmawı kerek.

### 3. Salıq sisteması ha`m onın` wazıypaları

Salıq ekonomikalıq qatnasıqların tu`rlentiriwde, onı takomillashtirishda jetilistiriwde en` tiykarg`ı ekonomikalıq faktorlardan biri esaplanadı. Salıq ekonomikalıq kategoriya bolıp, salıq o`ndiriwshiler menen salıq to`lewshiler ortasındag`ı ekonomikalıq qatnasıqların sa`wlelendiredi. Sonın` ushın da salıq siyasatın islep shıg`arıw sub`ektlarin ha`m xalıqtı ku`shli sotsial qorg`awdı ta`miyinlew tiykarında alıp barıw za`ru`r.

Bazar ekonomikası sharayatında respublikamızda salıqlardı engiziliwinen maqset ma`mleket byudjetin jetilistiriw ha`m xalıq xojalıg`ın ha`r ta`repleme rawajlanıwın ha`m xalıqtı sotsial qorg`awdı ta`miyinlew bolıp tabıladı. Solardan kelip shıqqan halda salıqlardın` to`mendegi wazıypaların aytıp o`tiw mu`mkin:

1. Fiskal wazıypası, yag`nıy ma`mleket qa`rejetlerin finanslastırıw.
2. Ekonomikalıq iskerlikti xoshametlew.
3. Sotsial qorg`aw, yag`nıy xalıqtın` ayırım qatlamlarına jen`illikler beriw.
4. Ma`mleket g`a`ziynesine pul tu`siriw.
5. Milliy da`ramattı bo`listiriw ha`m qayta bo`listiriw.

Salıq sistemasının` en` tiykarg`ı wazıypası islep shıg`arıwdı rawajlandırıwg`a materiallıq, shiyki zat, ta`biyiy, finanslıq ha`m miynet resurslarınan, toplang`an mal-mu`lkten na`tiyjeli paydalanıwg`a xoshametlewshi ta`sir ko`rsetiwi esaplanadı.

Ha`r tu`rli mu`lk tu`rindegi ka`rxanalar, birlespeler ha`m sho`lkemler salıq to`lewshi bolıp esaplansa, ma`mleket salıqlardı alıwshı esaplanadı. **Nege salıq salınsa onı salıq ob`ekti, salıq to`lewshilardi bolsa salıq sub`ekti dep ataladı?**

## 4. O`zbekistanda byudjet ha`m salıq sistemasın jetilistiriw ma`seleleri

Bazar ekonomikasıena o`tiw protsessinde ulıwma ekonomikalıq ba`rkamallıqqa erisiw, finanslıq barkamallıqtı ta`miyinlew, sonın` menen, ma`mleket byudjeti turaqlılıqtı mu`mkin bolg`an da`rejede uslap turıw wazıypasın o`zinin` ishine aladı. Sog`an muwapıq finans siyasatı Respublika ma`mleket byudjetindegi jetispewshilikti (defitsitti) jog`altıw yaki en` kem da`reje shen`berinde uslap turıwına qaratılg`an. Sonan kelip shıqqan halda, ma`mleket byudjeti jetispewshiliginin` saplastırıwdı tiykarg`ı jolları to`mendegilerden ibarat:

- islep shıg`arıwdı ken`eytiriw, miynet o`nimdarlıg`ın asırıw ja`rdeminde jalpı milliy da`ramattın` o`siwine erisiw:
- adminstrativ-basqarıw, qurallı ku`shler ha`m basqa tu`rdegi qa`rejetlerdi kemeytiriw esabınan byudjetnin` qa`rejetler bo`leginen da`ramat bo`leginin` artıq bolıwın ta`miyinlew;
- ja`ha`n bazarına shiyki zat shıg`arıw ornına, olardı qayta islep, tayar o`nim sıpatında shıg`arıw arqalı ma`mleket milliy da`ramatın ko`beytiw bolıp esaplanadı.

Xu`kimet o`z ma`mleketinin` ekonomikalıq sharayatınan kelip shıqqan halda, byudjet siyasatın islep shıg`adı.

Finanslıq jag`daydı bekkemlew arqalı ekonomikanı turaqlı bir qa`lipte uslaw ushın salıq siyasatın jetilistiriw za`ru`r. Onın` a`hmiyeti to`mendegilerden ibarat:

- bazar qatnasıqlarına o`tiw sharayatında salıqlar ekonomikalıq siyasattı a`melge asırıwda en` tiykarg`ı basqarıu`shı faktor bolıp qaladı,
- da`slep salıq sisteması o`zine mas wazıypanı fiskal qaziyneni toltırıw, qayta bo`listiriw ha`m xoshametlew wazıypasın tolıq da`rejede orınlawı kerek,
- salıqlar qa`ziynesin toltırıw siyasatının` tiykarg`ı elementi bolıp, ma`mleket byudjetinin` da`ramatlar bo`legi en` tiykarg`ı ulıwma ma`mleketlik xalıq xojalıg`ına za`ru`r bolg`an mug`darda tu`rleniwin ta`miyinlew lazım,
- salıq sistemasın anıq maqsetke qaratılg`an finanslıq siyasat penen birgelikte, jalpı milliy o`nimnin` bir bo`legin qayta bo`listiriw sol ta`rizde ekonomika du`ziliwin o`zgertiriwde, xalıqtın` sotsial qorg`aw kepilligin ta`miyinlewde tuwrıdan - tuwrı qatnısadı,
- salıqlar sistemasının` en` tiykarg`ı wazıypası islep shıg`arıwdı rawajlantırıwg`a materiallıq, shiyki zat, ta`biyiy, finanslıq ha`m miynet resurslarınan toplang`an mal - mu`lkten samarali paydalanıwg`a xoshametlewshi ta`sir etiw bolıp tabıladı.

Salıqqa tarıw ob`ektinen da`ramattı ma`lim bir bo`legin byudjetke nızamda belgilengen normada ma`jbu`riy to`lewge salıq stavkası deyiledi yaki salıq salınatug`ın ja`mi summag`a qarag`anda protsent mug`darı salıq stavkası deyiledi. **Ma`selen:** 1000 swm paydadan 300 swm salıq to`lense, salıq stavkası 30% ni payda etedi. Salıq stavkasının` u`sh tu`ri bar:

- **proportsional stavka** - da`ramat o`siwi yaki kemeyiwinen qa`tıy na`zer stavka o`zgermeydi;
- **progressiv stavka** da`ramat o`siwi menen salıq stavkası ha`m o`sip baradı.

2004-jıl 1-avgust ayınan baslap, minimal bir aylıq is haqı 6530 swmdı quradı ha`m da`ramatqa salıq salıw protsentleri to`mendegishe boldı:

- 5 minimal aylıq is haqısına shekem 13% ,
- 5-10 minimal aylıq is haqısına shekem 21%,
- 10 minimal ha`m onnan artıq aylıq is haqısınan 30% salıq o`ndirilgen.

Al, 2015-jıl 1-aprelden baslap en` minimal` is haqı ko`lemi 118400 swm bolıp bektildi. Usı jılıdan baslap da`ramatqa salnatug`n salıq protsenti to`mendegishe belgilendi:

- 5 minimal aylıq is haqısına shekem 8,5% ,
- 5-10 minimal aylıq is haqısına shekem 11,0%,
- 10 minimal ha`m onnan artıq aylıq is haqısınan 22% salıq o`ndiriledi.

**Regressiv stavka** - da`ramatlar o`sip barıwı menen salıq stavkası pa`seyip baradı.

O`zbekistan Respublikası salıqların ekonomikalıq a`hmiyentine qaray tuwrı ha`m qıya salıqlarg`a bo`liw mu`mkin.

**Tuwrı salıqlar - bul da`ramattan alınatug`ın salıqlar esaplanadı, yag`nıy salıq sub`ektinin` o`zi tuwrıdan - tuwrı to`leytug`ın salıqlar**. Bunday salıqlarg`a: payda salıg`ı jer salıg`ı, qosımsha qun salıg`ı, da`ramat salıg`ı, mu`lk salıg`ı ha`m basqalar kiredi.

**Qıya salıqlar – tovar qunı (jumıs xızmet) u`stine qoyılatug`ın u`steme salıq-lar bolıp, salıq ob`ektinin` iyesi emes, ba`lki tutınıwshılar to`leytug`ın salıqlar bolıp tabıladı.** Olarg`a aktsizler kiredi. Bazı bir tovar qarıydarlarınan tovar bahasın ma`lim protsenti ko`rinisinde o`ndiriledi. **Ma`selen:** temeki, spirtli ishimlikler, benzin, qımbat bahalı taqınshaq buyımları bahası u`stine qoyıladı.

Qosılg`an qun salıg`ı-islep shıg`arıwdın` ha`r bir basqıshında tovar qunının` artiıp barıwına salınatug`ın salıq. Kelip tu`siw deregine qarap salıqlar (yuridikalıq) sho`lkemlerden ha`m (fizikalıq) shaxslardan alanatug`ın salıqlarg`a bo`linedi. Byudjetke kelip tu`siwine qarap ma`mleket byudjetine tu`setug`ın salıqlar (QQS, aktsiz, bajxana bajı ha`m basqalar) ha`m jergilikli byudjetke (jergilikli ha`kimiyat, rayon basqarıw organları) tu`setug`ın salıqlarg`a bo`linedi.

O`zbekistanda salıq sistemasının` a`hmiyetine toqtalatug`ın bolsaq, O`zbekistan Respublikası byudjetine salıqlardı qatnası to`mendengi printsipler tiykarında a`melge asırıladı.

- dereginen qa`tiy na`zer barlıq da`ramatlardın` salıqqa tartıwdın` ma`jbu`riyligi.
- barlıq adminstrativ-territoriyalıq basqarıw filialları ushın ulıwma ma`mleket salıq siyasatının` a`mel qtsltswı;
- ka`rxanalardın` tiyisli normaları arqalı salıqlardı xoshametlew rolin ta`miyinlew, ha`mde xojalıq ju`ritiwdin` en` alg`a tu`rlerin xoshametlew;
- barlıq sub`ektlerdin` da`ramatlarınan, mu`lklerinen salıq to`lemleri deklaratsiyasın talap etiw ha`m tekseriwler o`tkeriw, salıq nızamshılıg`ın buzg`anlarg`a ekonomikalıq sanktsiyalar qollaw arqalı finanslıq qadag`alawdı a`melge asırıw;
- Oliy Ma`jlis ta`repinen belgilengen salıq ha`m jıyımlardı so`zsiz o`ndirip alıw;
- salıq awırlıg`ın barlıq salıq to`lewshiler ortasında bo`listiriw ha`m basqarıw.

Joqarıdag`ılardan kelip shıqqan halda, ma`mleketimizdin` barlıq puqaraları ha`r jılı 1-aprelge shekkem o`tken jıl ushın salıq deklaratsiyasın toltırıp, salıq inspektsiyalarına tapsırıwları sha`rt. Deklaratsiyada o`tken jılg`ı barlıq da`ramatlar ha`m onnan to`lengen salıq mug`darı ko`rsetilgen bolıwı sha`rt.

Sonday etip, ka`rxana birlespe ha`m sho`lkemlerinen alınatug`ın salıqlar ha`mde xalıqtın` salıqları Respublika ma`mleket byudjetine tu`sip, olar tiykarınan zayıp, kem ta`miyinlengen sem`yalar, pentsiyalar, talabalar ha`m ma`mleket ta`repinen finanslastırılatug`ın bilimlendiriw, sotsial ta`miynat, den sawlıqtı saqlaw, xalıq xojalıg`ı tarawların rawajlandırıwg`a ha`m ma`mleket basqarıw apparat talapların qanaatlandı-rıwg`a sarıplanadı.

**Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler.**

Finans, mikrofinans, makrofinans, ma`mleket byudjeti: da`ramat ha`m qa`rejetlerir bo`legi, ma`mleket qarızı, salıq, salıq stavkaları, tuwrı ha`m qıya salıqlar, O`zbekistan salıq sisteması.

## 13.1- tema: Pul-kredit sisteması ha`m bankler

### 1. Pul aylanısı. Pulg`a talap ha`m puldın` usınısı

Bazar ekonomikası sharayatında pul qarjıları toqtawsız ha`rekette boladı, tovar-lar ha`m xızmetlerin almaslaw protsessinde, resurslar ushın to`lemlardi a`melge asırıwda, is haqı ha`mde basqa minnetlemelerin to`lewda, pul qoldan - qolg`a o`tiw arqalı aylanıp turadı.

Puldın` o`z wazıypaların orınlaw protsessindegi toqtawsız ha`reketi pul aylanısı dep ataladı. Pul aylanısı naqlay ha`m kredit pullar ja`rdeminde a`melge asırıladı. Naqlay pul aylanısına bank biletleri ha`m metall ten`geler (pul belgileri) xızmet qıladı. Naq pulsız esaplar, yag`nıy kredit pullar aylanısı shekler, kredit kartosh-kaları, vekseller, akkreditivler, to`lem talapnamaları ja`rdeminde a`melge asırıladı. Olardın` barlıg`ı pul agregatı dep ataladı. Aylanısta bar bolg`an pul massası olardı (naqlay ha`m kredit pullardı) qoyıw jolı menen anıqlanadı.

Pul aylanısı o`zine mas nızamlarg`a tiykarlang`an halda a`melge asırıladı. Onın` nızamlarınan en` tiykarg`ı aylanısı ushın za`ru`r bolg`an pul mug`darın anıqlaw ha`m sog`an muwapıq aylanısqa pul shıg`arıw bolıp tabıladı.

Aylanıstı ta`miyinlew ushın za`ru`r bolg`an pul mug`darı to`mendegi faktorlarg`a baylanıslı:

1. Belgili da`wirde, aytaylıq bir jıl dawamında satılıwı ha`m satıp alınıwı lazım bolg`an tovarlar summası. Tovarlar ha`m xızmetler qansha ko`p bolsa, olardın` bahası qansha joqarı bolsa, olardı satıw ha`m satıp alıw ushın sonsha ko`p pul mug`darı talap etiledi.

2. Puldın` aylanıw tezligi. Pul birdey bolmag`an tezlik penen aylanadı. Bul ko`p faktorlarg`a, sonın` menen birge, satılaıp atrıg`an tovarlar tu`rine, qarıydarlarg`a baylanıslı boladı. Pul birlikleri qansheli tez aylansa aylanıs ushın za`ru`r bolg`an pul mug`darı sonsha kem boladı.

3. Aylanıs ushın za`ru`r bolg`an pul mug`darı kredittin` rawajlanıwına, puldan to`lem quralı wazıypasında paydalanıwg`a da baylanıslı. Ko`binese tovarlar qarızg`a (kreditke) satıladı ha`m olardın` xaqı kelisiwine muwapıq keyingi da`wirlerde to`lenedi.

Demek, aylanıs ushın za`ru`r bolg`an pul mug`darı sog`an muwapıq azıraq boladı. Ekinshi ta`repten bul da`wirde ilgeri kreditke satılg`an tovarlar xaqın to`lew waqtı baslanadı. Bul pul mug`darına mu`ta`jlikti ko`beytedi.

Bunday jag`daylardı esapqa alg`anda aylanıs ushın za`ru`r bolg`an pul mug`darı to`mendegishe anıqlanadı.

Aytılg`anlardı formula ja`rdeminde to`mendegishe ko`rsetiwge boladı:

$$\mathbf{A_a = (T_b - H_k + X_t) / A_{a.t.}}$$

Bunda:

$\mathbf{A_a}$ - aylanısqa kerekli bolg`an aqshanın` mug`darı;

$\mathbf{T_b}$ - almasıwg`a shıg`arılg`an tovarlar bahasının` summası;

$\mathbf{H_k}$ - haqısı belgili mu`ddetten keyin to`lenetug`ın tovarlar bahasının` summası;

$\mathbf{X_t}$ - haqısın to`lew mu`ddeti jetip kelgen tovarlar bahasının` summası;

$\mathbf{A_{a.t.}}$ - aqshanın` aylanıs tezligi.

Aylanısta bolg`an pul mug`darı satılıp atırg`an tovarlar ha`m xızmetler summasına qarag`anda artıp ketiwi ha`m onın` na`tiyjesida tovarlar bilan ta`miyinlenbegen puldın` payda bolıwı, puldın` qa`dirsizleniwi, yag`nıy inflyatsiyanı bildiredi. Milliy ekonomikada ma`mlekettin`, kommertsiyalıq bankleri ha`m basqa finanslıq sho`lkemlerdin` minnetlemeleri pul sıpatında paydalanadı.

Barlıq pul agregatları jıyındısı jalpı pul massası yaki jalpı pul usınısın payda etedi. Naqlay pullar rawajlang`an bazar ekonomikası ma`mleketlerinde ulıwma pul massasının` 9-10% tin, bazar ekonomikasına o`tip atırg`an g`a`rezsiz birlesken ma`mleketlerindn 35-40% tin quraydı.

**Pulg`a talap** – bul almasıw ushın (**P1**) ha`m aktivler ta`repinen pulg`a talap (**Po**) tı o`z ishine aladı.

**Pulg`a talap = P1 + Po**

Xalıq o`zlerinin` esaplarına na`wbettegi pul ag`ımı kelip tu`skenge shekem, ku`ndelik mu`ta`jlikleri ushın qolarında jeterli pulg`a iye bolıwı za`ru`r. Ka`rxanalarg`a is xaqı to`lew, material, janılg`ı satıp alıw ha`m sog`an uqsaslar ushın pul kerek boladı.

Almastırıw ushın za`ru`r bolg`an pul mug`darı nominal **jalpı milliy o`nim (JMO`)** ko`lemi menen anıqlanadı, yag`nıy ol nominal **JMO`** ge turaqlı ra`wishte o`zgeredi.

Xalıq ha`m ka`rxanalarg`a eki halda almastırıw ushın ko`birek pul talab etiledi: bahalar o`skende ha`m islep shıg`arıw ko`lemi ko`beygende. Adamlar o`zlerinin` finanslıq aktivlerin ha`r qıylı tu`rlerde, ma`selen, korporatsiya aktsiyaları, jeke ha`m ma`mleket obligatsiyaları tu`rinde uslap turıwı mu`mkin. Demek, aktivler ta`repinen, yag`nıy inves-titsiyalar ushın pulg`a talap da bar boladı.

O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov - «**ekonomikanın` turaqlı barqarar islep turıwın ta`miyinlew ushın kredit – bank sistemasın, pul aylanısın bekkemlew, valyuta**

**qatnasıqların ta`rtipke salıw… puldın` qa`drsiz-leniwine qarsı, monopoliyalassıwına jol qoymastan, basqarıw barısında a`meliy ilajlar ko`riw, xalıqtın` sotsial qorg`awg`a mu`ta`j qatlamların ma`mleket ta`repi-nen qorg`alıwının` isenimli sistemasın ju`zege keltiriw**» - za`ru`r ([4],159-160 betler) degen edi.

Pul mug`darına ta`sir etiwshi faktorlar to`mendegishe: belgili da`wirde aylanıs ushın za`ru`r bolg`an pul mug`darı barlıq tovarlar bahası summasına (jıyındısına) tuwrı proportsional, pul oborotı tezligine keri proportsional o`zgeredi.

## 2. Kredittin` a`hmiyeti ha`m wazıypaları, kredit tu`rleri

O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov - «**Anıq - puqta islep shıg`ılg`an ha`m jeterli da`rejede qattı bolg`an finans-kredit siyasatın a`melge asırıw respublikanın` bazar qatnasıqlarına o`tiwindegi en` tiykarg`ı buwını esaplanadı**», - degen edi([4],160 bet).

Kredit degende waqtında o`z iyeleri qolında bos turg`an pul qarjıların basqalar ta`repinen ma`lim bir mu`ddetke xaqı to`lew sha`rti menen qarızg`a alıw ha`m ma`lim bir protsentler to`lew esabı menen qaytarıp beriw esabınan kelip shıqqan qatnasıqlardı tu`siniw kerek.

Kredit sub`ektleri ha`r qıylı, olarg`a ka`rxana, firma, sho`lkem, ma`mleket ha`m ha`r qıylı tiptegi xalıq kiredi.

Kredit ob`ekti bolıp ha`r qanday pul emes, ba`lki tek g`ana waqtınsha bos turg`an, iyesi ta`repinen qollanılmay ha`m qarızg`a beriliwi mu`mkin bolg`an pul esaplanadı.

Kredittin` deregi bolg`an bos puldın` kelip shıg`ıwı to`mendegilerden ibarat:

- amortizatsiya fondı, onın` mu`ddeti tamam bolg`ansha ma`lim bir bo`legi paydalanılmay toplanıp boradı;
- islep shıg`arıwdı o`siriw ushın paydadan investitsiya pulı barqulla ajıratıp barıladı, lekin bul pul ma`lim mug`darda jıynalg`annan keyin g`ana investitsiyalaw mu`mkin;
- shiyki zat, janılg`ı ha`m materiallar ushın aldın sarıplang`an pul tovar satılıwı menen iyesine qaytıp keledi, lekin olardı jan`adan satıp alıw sol waqıttın` o`zindn ju`z bermeydi;
- is xaqı fondı kelip tu`siwi ha`m sarıplanıwı bir waqıtda ju`z bermeydi;
- ma`mleket byudjetine pul da`ramatlarının` kelip turıwı ha`m olardın` sarıplanıwı birdey waqıtta ju`z bermeydi ha`m basqalar.

Ha`zirgi zaman bazar ekonomikasında kredittin` to`mendegi turleri bar:

- kommertsiya krediti - islep shıg`arıwda ha`m sawdada xızmet ju`rgizip atırg`an isbiler-menler o`z-ara bir-birlarine, satılg`an tovardı o`tkeriw ko`rinisinde paydalanadı.
- bank krediti - xojalıq ju`ritiwshi sub`ektlari finans-kredit sho`lkemleri ta`repinen beriletug`ın ssuda ko`rinisindegi kredit.

Bank krediti bag`darlarının`, mu`ddetinin` ha`m kredit kelisimleri summasının` sheklenmegenligi menen kommertsiyalıq kreditinin` kemshiliklerin toltıradı;

- tutınıw krediti – xalıqqa kommertsiyalıq kredit (tovarların xaqın to`lew mu`ddetin uzaytırıw arqalı satıw) yaki bank krediti (tutınıw maqsetleri ushın ssuda beriw) tu`rinde beriledi;
- ipoteka krediti - uzaq mu`ddetli ssuda ko`shpes mu`lkti (jer, bina, imaratlar) girewine alıw arqalı beriladi;
- xojalıqlar ara pul krediti - xojalıq ju`ritiwshi sub`ektlerdin` bir-birlerine aktsiya, obligatsiya, kredit biletleri ha`m bsqa tu`rdegi qımbat bahalı qag`azlar shıg`arıw jolı menen a`melge asırılatug`an kredit;
- ma`mleket krediti – kredit qatnasıqlarının` o`zine mas tu`ri bolıp bunda ma`mleket pul qarjılari qarızdarı xalıq ha`m jeke biznes bolsa kreditorlar bolıp shıg`adı;
- xalıq aralıq kredit - xalıq aralıq ekonomikalıq baylanıslar, shen`berinde pul (valyuta) yaki tovar ko`rinisindegi kredit ta`rzinde a`melge asırıladı.

Ha`zirgi zamon ekonomikasında kreditnin` rolin to`mendegilerde ko`riw mu`mkin:

- kredit sotsial islep shıg`arıw ko`lemin ken`eytiriwge tu`rtki beredi;
- kredit bos pul qarjılardı tez jalp etiw ha`m olardan ekonomikanın` ko`birek payda keltiriwshi tarawlarında paydalanıwg`a ja`rdem beredi;

- kredit aylanıs qa`rejetlerin naq pullardı kemeytiriw jolı menen qısqaradı, sebebi to`lemlerdin` salmaqlı bo`legi naqlay emes formada (veksel, chek ha`m basqalar) a`melge asırıladı.

Respublikada 1 yanvar 2004 jıl mag`lıumatına ko`re 33 komertsiyalıq bankler 806 bo`limleri menen xuquqıy ha`m fizikalıq shaxslarg`a xızmet ko`rsetken. Kommertsiyalıq bankleri sisteması 12 jeke, 5 shet el kapital menen, 3 ma`mleket bankleri, 13 aralas mu`lk esabınan payda bolg`an banklerden ibarat. 2003 jılda kishi biznes ha`m isbilermenlerge kredit beriw 2,3 ma`rtebege ko`beygen. Tarawlar boyınsha qarasaq sanaat rawajlandırıwg`a ulıwma kredittin` 60% ti, transport ha`m kommunikatsiya jumıslarına – 13,7% ti, materiallıq–texnika ta`miyinatına 4,8% ti, sawda ha`m ulıwma awqatlanıw tarawına 3,8% ti bag`darlang`an. Keyingi 2000–2003 jıllar ishinde kredit ushın to`lenetug`ın protsent stavkaları 32,3 protsentten 27,1 protsentke kemeygen. Xuquqıy sub`ektlerden asıg`ıslıq penen mu`ddetli depozitiv qarjılardan alınatug`ın ortasha salıq protsenti 12,9 dan 18,0 ge shekem fizikalıq shaxslar to`leytug`ın salıq protsentleri usı bag`darlarda 32,3% ten 37,0% ke shekem ko`beygen.

2003 jılda respublika ekonomikasın kreditlestiriw arqalı 1867,4 mlrd. swm qarjı investitsiyalastırılg`an. Ulıwma kredit qarjısının` 52,9% ti ka`rxana ha`m xalıq u`lesine, 26,3% ti shet el investor ha`m kreditlestiriwshilerge, 17,7% ti ma`mleket byudjetine, 2,7% ti bank kreditlerine ha`m basqa alıng`an qarjılarg`a tuwrı kelgen.

O`zbekistan Respublikasında bazar ekonomikasına o`tiw qatnası menen pu`tinley jan`a da`wir talabına juwap beretug`ın g`a`rezsiz pul-kredit siyasatın tu`rlendiriwdi talap etedi. Respublikada eki basqıshlı bank sisteması payda etildii. Bul bazar qatnasıqların shakllanishi tu`rleniwi talaplarına juwap beredi. O`zbekistan Respub-likasi Prezidenti İ.A.Karimov bul haqqında sonday degen: «**Bazar qatnasıqların tu`rlendiriw shakllantirish sharayatında kredit siyasatın a`melge asırıw quralı tu`pten o`zgeredi. Kredit qarjılar birinshi na`wbette azıq - awqat o`nimleri, basqa xalıq tutınıw malları ha`m olardı tayarlaw ushın shiyki zat baylıqları islep shıg`arıwdı ko`betiw, jeke ta`rtiptegi u`y-jay qurılısın ken`eytiriw, sotsial tarawdı, respublikanın` ekonomikalıq g`a`rezsizligin ta`miyinlewshi tiykarg`ı, tarawların eksport o`nimleri ha`m importının` ornın bosatug`ın o`nimler islep shıg`arıwshı ka`rxanalarni ken`eytiriw menen baylanıslı ju`da` joqarı na`tiyjeli is-ila`jlardı o`tkiziwge sarıplanadı**»(4.162-163 betlar).

**Kredit sisteması degende** - pul resursların o`zinde ja`mlewshi, ma`lim bir mu`ddette qaytarıp beriw ha`m haqı to`lew sha`rtleri tiykarında olardı qarızg`a beriwshi sho`lkemlerdin` jıyındısı tu`siniledi.

Onın` u`sh tu`rin ajıratıp ko`rsetiw mu`mkin:

1. Oraylıq bank.
2. Kommertsiyalıq, fond, investitsiya bankleri.
3. Arnawlı kredit sho`lkemleri; qamsızlandırıw sho`lkemleri, pentsiya fondları, investitsion sho`lkemler, finans sho`lkemleri ha`m basqalar.

Bazar ekonomikasının` en` a`hmiyetli mexanizmlerinen biri kredit sisteması bolıp tabıladı. Sebebi ha`zirgi zaman bazar ekonomikasın kredit - bank sistemasısız ko`z aldına keltiriw mu`mkin emes.

Kredit latın so`zinen alıng`an bolıp {**qarız**} degen ma`nisti an`latadı. **Ekonomikalıq kategoriya sıpatında kredit bos turg`an aqsha qarjıların ssuda fondı formasında belgili mu`ddetke haqı to`lew ha`m qaytarıp beriw sha`rti menen qarızg`a beriwdi ko`rsetedi.**

Kreditten paydalanıw boyınsha ju`zege keletug`ın qatnasıqlar kredit qatnasıq-ları dep ataladı ha`m ol qarız alıwshı menen qarız beriwshi ortasında ju`zege keledi.

Kredittin` ha`reket etiwinin` za`ru`rligi udayı o`ndiriw protsessinde kapitaldın` shen`berli aylanıs jasawı da`wirinde waqtınsha bos aqsha resurslarının` ju`zege keliwi bolıp tabıladı. Sonın` menen birge ekonomikanın` ayırım buwınlarında qosımsha aqsha qarjılarına za`ru`rlik seziledi. Bir ta`repten waqtınsha bos aqsha qarjılarının` hasıl bolıwı ha`m ekinshi ta`repten og`an mu`ta`jliktin` payda bolıwı kredittin` ha`reket etiwi ushın jag`day jaratıp beredi.

Kredittin` tiykarg`ı derekleri to`mendegilerden ibarat:

- o`nimlerdi satıw ha`m shiyki zat satıp alıw waqıtları arasında waqtınsha bos turg`an aqsha resursları;
- ka`rxanalardın` amortizatsiya fondları;
- ka`rxanalardın` o`ndiristi rawajlandırıw menen baylanıslı bolg`an ha`r qıylı fondları;
- xızmet haqı fondı;
- ka`rxanalardın` banklerdegi esap betinde saqlanatug`ın paydası;
- puxaralardın` bos aqsha qarjıları;
- ha`r qıylı rezerv fondları h.t.b.

Kredit o`zinin` bir qatar belgilerine iye bolıp, olardın` en` a`hmiyetlileri to`mendegilerden ibarat:
- qaytımlılıg`ı;
- mu`ddetliligi;
- to`lemliligi;
- maqsetliligi.

Yag`nıy kredit belgili mu`ddetke qaytarıp to`lew sha`rti menen, belgili bir maqsetke ha`m protsent norması tiykarında beriledi.

Beriliw mu`ddetine qaray kredit qısqa ha`m uzaq mu`ddetli boladı.

**Protsent norması - ssuda protsentinin` ssuda kapitalı mug`darına qatnası bolıp esaplanadı.**

Kredittin` ma`nisin ha`m onın` o`ndiristi rawajlandırıwdag`ı a`hmiyetin tolıq tu`siniw ushın, kredittin` xızmetlerin ko`rip o`tiw talap etiledi.

Kredit:

- **birinshiden**, qarjılardı qayta bo`listiriw arqalı o`ndiristi ken`eytiw ha`m rawajlandırıwg`a ta`sir ko`rsetedi.
- **ekinshiden**, o`ndiristin` u`zliksizligin ta`miyinleydi.
- **u`shinshiden,** aylanısqa kredit aqshaların shıg`arıw arqalı, naq aqshalardın` paydalanılıwın u`nemleydi. **Mısalı,** aqshag`a ten`lestirilgen to`lew quralları esaplang`an chek, veksel`, sertifikatlardı aylanısqa shıg`arıp, bul arqalı aylanıs shıg`ınların da kemeytedi.
- **to`rtinshiden** kredit ekonomikanı retlestiriw xızmetin atqaradı. Bunda ma`mleket kredit mexanizminen paydalana otırıp, xalıq xojalıg`ının` ayırım tarawları ha`m buwınlarının` rawajlanıwın ta`rtipke salıp otıradı.
- **besinshiden,** kredit tek g`ana aqsha qarjıların qayta bo`listirip qoymastan, kredit resurslarınan na`tiyjeli paydalanıwdı qadag`alaw xızmetinde atqaradı. Kredittin` bul xızmeti arnawlı kredit sho`lkemleri arqalı a`melge asırıladı.

Xalıq xojalıg`ında kredittin` ha`r qıylı formalarınan paydalanıladı` kommer-tsiyalıq kredit, bank krediti, tutınıwshılar krediti, ipotekalıq, ma`mleketlik, ma`mleketler ara kredit ha`m t.b.

**Kommertsiyalıq kredit** tiykarınan tovar formasında beriletug`ın kredit bolıp, ol ka`rxanalar ha`m sho`lkemler ortasında tovarlar haqısın belgili mu`ddetten keyin to`lew sha`rti menen beriledi.

**Bank krediti** bankler ta`repinen aqshalay tu`rde beriletug`ın kredit bolıp tabıladı. Kredittin` bul tu`ri ken` tarqalg`an bolıp, onın` bag`darı ha`m kredit kelisimlerinin` summaları sheklenbeydi.

**Tutınıwshılar krediti** - uzaq mu`ddette paydalanılatug`ın tutınıw tovarların satıp alıw ushın beriletug`ın kredit bolıp, ol kommertsiyalıq ha`m bank krediti formasında a`melge asırıladı.

**İpoteka krediti** - ko`shpes mu`lkti girewge alıw arqalı uzaq mu`ddetke beriledi. Mısalı jer, o`ndirislik ha`m turaq jay imaratları.

**Ma`mleketlik kredit** - kredit qatnasıqlarının` o`zine ta`n forması bolıp bunda qarız alıwshı yamasa qarız beriwshi bolıp ma`mleket esaplanadı. Bunda ma`mleket byudjet qıtshılıg`ın qaplaw ushın ma`mleketlik zaemlardı aylanısqa shıg`aradı ha`m belgili mu`ddetten keyin olardı qaytarıp satıp aladı.

**Ma`mleketler ara kredit** - ssuda kapitalının` xalıq aralıq qatnasıqlar sferasındag`ı ha`reketin ko`rsetedi. Qarız alıwshı ha`m qarız beriwshiler bolıp bankler, ka`rxanalar, ma`mleket ha`m xalıq aralıq sho`lkemler esaplanadı.

Kredit qatnasıqların sho`lkemlestiriw ha`m rawajlandırıwda bankler tiykarg`ı orındı iyeleydi. Bank sisteması eki basqıshlı bolıp, ol Oraylıq bank ha`m kommertsiyalıq banklerdi o`z ishine aladı.

Kredit qatnasıqları sistemasında Oraylıq bank ayrıqsha a`hmiyetke iye bolıp, ol ekonomikanı makroekonomikalıq retlestiriw ha`m ma`mlekettin` kredit siyasatın a`melge asırıw wazıypasın atqaradı. Oraylıq bank qalg`an barlıq tu`rdegi banklerdin` jumıslarında ta`rtipke salıp otıradı. Sonlıqtanda onı banklerdin` banki dep te ataydı. Kommertsiyalıq bankler - universal xarakterdegi kredit sho`lkemleri bolıp, ol ka`rxanalar ortasındag`ı esap - sanaqlardı a`melge asıradı, da`ldalshılıq xızmetin, valyuta operatsiyaların orınlaydı.

Bulardan basqa qa`nigelestirilgen komertsiyalıq banklerde bolıp, olar xalıq xojalıg`ının` belgili bir sferası ha`m tarawlarına kredit xızmetlerin ko`rsetedi. **Mısalı,** investitsiyalıq bankler, amanat saqlaw sho`lkemleri, ipoteka bankleri h.t.b.

Bankler aktiv ha`m passiv operatsiyalardı orınlaydı.

**Passiv operatsiyası arqalı** - ka`rxana, sho`lkem ha`m puxaralar qolındag`ı waqtınsha bos aqsha resursların banklerde ja`mleydi.

Aktiv operatsiyası arqalı bul resurslardı qayta jaylastıradı. Bank resursları olardın` o`zlerinin` qarjıları ha`m shetten tartılg`an resurslar esabınan qa`liplesedi. Bank resurslarının` tiykarg`ı bo`legin shetten tartılg`an depozit qarjılar quraydı.

Banklerdin` aktiv operatsiyalarında tiykarg`ı u`les kredit operatsiyaları ha`m bahalı qag`azlar menen bolatug`ın operatsiyalarg`a tuwrı keledi.

### 3. Bank sisteması. Oraylıq ha`m kommertsiyalıq bankleri ha`mde olardın` wazıypaları

Bazar ekonomikası sharayatında pul aylanısın ta`miyinlewde bankler tiykarg`ı rol atqaradı. Bankler pul qarjıların toplaw, jaylastırıw ha`m olardın` ha`reketin ta`rtipke salıw menen shug`ullanıwshı ekonomikalıq sho`lkemler bolıp tabıladı.

Bankler kredit qatnasıqlarına xızmet qılıp, kredittin` ha`r qıylı tu`rlerin o`z ishine alıp, kredit sho`lkemlerinin` tiykarın payda etedi. Bankler sisteması a`dette eki basqıshlı bolıp, o`zin` ishine Oraylıq (emission) bank ha`m kommertsiyalıq (depozitli) banklerdin` taraw o`tken filialların aladı. «**Oraylıq bank basshılıg`ında ha`mde ken` tarawlı g`a`rezsiz kommertsiyalıq ha`m jeke bankler eki basqıshlı bank sisteması ju`zege keltiriw…**» en` tiykarg`ı bag`dar; degan edi İ.A.Karimov ([4],120 bet)

Ma`mleket banki ma`mleket pul - kredit sistemasın oraylasqan ta`rtipte basqaradı ha`m ma`mlekettin` birden - bir kredit siyasatın a`melge asıradı.

Ma`mleket banki, Oraylıq bank esaplanadı. Onın` mazmunı sonnan ibarat, **birinshiden,** ko`pshilik ma`mleketlerde ma`mleket banki birden - bir oraylıq bankten ibarat bolıp, ol o`tkizetug`ın siyasat ta`rtipleri joqarı ma`mleket organları ta`repinen ornatıladı.

**Ekinshiden,** Oraylıq bank kommertsiyalıq bankleri ha`m jamg`arma sho`lkemlerinen qarjıların qabıl etip, olarg`a kredit beredi. Ulıwma alg`anda, sol sebepli Oraylıq bank «**bankler banki**»dep te ataladı.

**U`inshiden,** Oraylıq bank tek g`ana payda alıwg`a umtılıwg`a iskerlik ete almaydı. Ma`mleket pu`tkil ekonomikalıq jag`daydı jaqsılaw siyasatın a`melge asıradı ha`m sotsial siyasattı a`melge asırıwg`a ja`rdemlesedi.

Oraylıq bank ko`bilegen ha`r qıylı wazıypalardı atqaradı.

**Birinshiden,** basqa bank sho`lkemlerinin` ma`jburiy rezervlerin saqlaydı. Bul rezervler pul usınısın basqarıw ushın sheshiwshi a`hmiyetke iye boladı. Oraylıq bank ma`mlekettin` ra`smiy altın – valyuta rezervlerin saqlaw wazıypasın da atqaradı.

**Ekinshiden,** cheklerdi dizimge alıw, (inkassatsiya) mexanizmin ta`miyinleydi ha`m banklnr ara esap-kitapların a`melge asıradı, olarg`a kreditler beredi.

**U`shinshiden,** ma`mlekettin` monetar siyasatın a`melge asıradı.

**To`rtinshiden,** barlıq bankler xızmetin saplastıradı uyg`unlashtiradi ha`m olar u`stinen qadag`alawdı a`melge asıradı.

**Besinshiden,** xalıq aralıq valyuta bazarlarında milliy valyutalardı almastıradı.

**Altınshıdan,** pul usınısı u`stinen qadag`alaw juwapkershiligin aladı, aylanısqa milliy valyutanı shıg`aradı.

Ekonomikanın` mu`ta`jliklerine mas ra`wishte pul aylanısın ta`rtipke saladı.

Bazar ekonomikasına o`tiw sharayatında bankler ha`m ka`rxanalar ten` xuquqlı sherikler sıpatında shıg`adı. Kredit beriwden pa`n - texnika progressin jedellestiriwdi, islep shıg`arıwdı rawajlantırıwdın` jan`a sapa da`rejesine erisiwin ta`miyinleytug`ın sharalarg`a u`stinlik beredi.

O`zbekistan Respublikası Oraylıq banki g`a`rezsizliginin` kepilikke alınıwı tiykarg`ı a`hmiyetke iye. Oraylıq bank O`zbekistan Respublikası Oliy Majlisine esap beredi ha`m o`z wa`killigi do`gereginde qararlar qabıl etiwde g`a`rezsiz. Kommertsiyalıq bankler o`zlerinin` xojalıq abıroyına qaray aktsionerlik tu`rindegi sho`lkemler esaplanadı.

Ekonomikanın` sistemalı transformatsiyası protsessinde kommertsiyalıq bankler kredittin` qaytarılıwın ta`miyinlew mashqalasına dus keledi. Bul belgili bir ra`wishte kommertsiyalıq banklerinin` **likvidlik** awhalına ha`m to`lemge qa`biliyetliligine o`z ta`sirin ko`rsetedi.

Kommertsiyalıq bankler xızmetinin` tiykearg`ı maqseti payda shıg`arıp alınıwı ko`zde tutadı. Kommertsiyalıq bankler da`ramatlarının` deregi klientlerinin` bank xızmeti ushın to`lemi ha`m aktivlerden – zayom, kredit, qımbat bahalı qag`azlardan alınatug`ın protsent esaplanadı.

**Qa`niygelesken kommertsiyalıq bankler** – ekonomikanın` ha`r tu`rli tarawları da kommertsiyalıq printsiplerinde kredit - pul operatsiyalarının` belgili tu`rlerin a`melge asıradı. Sonın` menen birge, Respublikada sanaat qurılıs banki, transport, baylanıs ha`m materiallıq ta`miynat tarawında; «Zaamin», «G`a`lle» bankler – agrosanaat kompleksi tarawları ha`m sho`lkemlerinde xızmet ju`ritedi. İsbilermen banki mayda ha`m orta biznes, kooperativ ha`m jeke ta`rtiptegi miynet iskerligi tarawında kredit-pul operatsiyalarini a`melge asıradı.

**Xalıq banki** – ma`mlekette amanat jumısların sho`lkemlestiriwdi, naqlay emes esaplasıwdı ha`m xalıq ushın kassa wazıypasınq a`melge asırıw, xalıqqa, jeke mu`ta`jliklerge kredit beriwin ha`m sog`an uqsas operatsiyalardı ta`miyinleydi.

Sırtqı ekonomikalıq xızmet milliy banki eksport - import operatsiyaların tuwrıdan-tuwrı a`melge asırıwshı ka`rxana ha`m sho`lkemlerine kredit beredi, qospa ka`rxanalarg`a kredit beriwde qatnasadı,valyuta rejasinin` orınlanıwın, valyuta resurslarınan tejep paydalanıwdı qadag`alaydı, sonın`day-aq, sırtqı ekonomikalıq operatsiyalarg`a tiyisli esap-kitapların sho`lkemlestiredi ha`m a`melge asıradı.

Kommertsiyalıq bankler sistemasında tar qa`niygelesiw boyınsha investitsion ha`m ipoteka banklerin ajıratıp ko`rsetiw lazım.

**İnvestitsion bankler** – jeke kredit sho`lkemleri bolıp, obligatsiya ha`mde qarız minnetlemeleri basqa tu`rlerin shıg`arıw jolı menen uzaq mu`ddetli ssuda kapitalın jalıp etedi ha`m olardı klientlerge (tiykarınan ma`mleket ha`m isbilermenlerge) beriledi.

**İpoteka bankleri** – bul ko`shpes mu`lk (jer ha`m imarat) esabına uzaq mu`ddetli ssuda beriwge qa`niygelesken kredit sho`lkemi bolıp esaplanadı. İpoteka bankinin` resursları o`zlerinin` ipoteka obligatsiyaları esabınan tu`rlenedi. Alıng`an ssuda u`y-jay ha` basqa imaratlar qurıw, ka`rxanalardın` islep shıg`arıw quwatların ken`eytiriw ushın paydalanıladı.

Barlıq kommertsiyalıq bankleri mu`ta`jliklik(rezerv)lerinin` ko`lemi ha`m quramı boyınsha Oraylıq bank ta`repinen ornatılatug`ın ma`lim talaplarg`a juwap beriwi za`ru`r.

Xalıq ara Valyuta Fondı ha`m Ja`ha`n banki ta`repinen O`zbekistan Respublikasına kredit jollarının` ashılıwı respublika ekonomikasının` finans–bank sektorın du`zilisi jag`ınan o`zgertiw barısında alıp barılatug`ın isleri ta`n alıng`anlg`ınan derek beredi. Biraq, xalıq aralıq finans institutlarının` usınısların ju`zege shıg`arıw ushın ja`nede ko`p ku`sh-quwat talap etiledi.

Bu`gungi ku`nde Respublika territoriyasında mu`lkshiliktin` ha`r qıylı tu`rindegi 30dan artıq kommertsiyalıq qa`niygelesken bankler ha`m olardın` 3,7 mın`nan ko`birek filialları xızmet ko`rsetip atır.

# IV - bo`lim. Jer ju`zlik xojalıq.

## 14 - tema: Jer ju`zlik xojalıq ha`m onın` evolyutsiyası

### 1. Jer ju`zlik xojalıq ha`m onın` belgileri

Jer ju`zlik xojalıq bir-birinen ekonomikalıq, siyasıy, ma`deniy, ideyalogiyalıq jaqtan parq qılatug`ın milliy ma`mleketlerdin` xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi tiykarında o`z-ara a`melge asırılatug`ın qatnasıqlardın` sisteması esaplanadı Jer ju`zlik xojalıqtın` da`slepki qa`demleri a`yyemgi da`wirlerden-aq ju`zege kelgen.

Tariyxtan bizge Orta Aziya regionınan «**Ullı Jipek jolı**» nın` o`tkenligi ma`lim. A`yyemgi da`wirlarden-aq Orta Aziya ma`mleketleri Qıtay, Avganıstan, Arab ma`mleketleri menen sawda - satıq islerin a`melge asırg`an.

Kapitalizmnin` rawajlang`an da`wirinde jer ju`zlik bazarda kapitalistik ma`mleket-lerdin` hu`kimranlıg`ı joqarı bolg`an.

Eski awqam da`wirinde Evropa ekonomikalıq birge islesiwge awqamına kiriwshi ma`mleketlerdin` jer ju`zlik sawdasındag`ı u`lesi ha`m joqarı da`rejede bolg`an. Ha`zirgi da`wirde 2000 nan artıq elat ha`m milletler bar bolıp olardan 150 o`zinin` ma`mleket atag`ına iye. Ma`mleketshilik atag`ına iye bolg`anlardın` sanı qanshelli artıp barsa jer ju`zlik xojalıqtın` strukturası da sonshelli o`zgerip baradı. Onın` o`zgeariwine sonın` menen birgelikte ilmiy - texnika rawajlanıwına da ta`sir etedi.

Jer ju`zlik xojalıqtın` ju`zege keliwinde integratsiya protsessi tiykarg`ı rol oynaydı. İlmiy - texnika progressi, quramalasqan texnologiyalardın` ju`zege keliwine alıp keldi. Bunday o`ndiris quralların bir ma`mleket territoriyasında islep shıg`arıw mu`mkin emes. Sebebi olardı isllep shıg`arıw milliy ma`mleketke ju`da` qımbatqa tu`sedi.

Ha`zirgi zamon texnikası sonshelli ken` ha`m teren` miynet bo`liniwshiligin an`latadı, bunday bo`liniw islep shıg`arılıp atırg`an o`nimlerdin` tu`rlerinin` ko`beyip ketkenligi, ayırım islep shıg`arıwshılar ju`da` ha`m teren` qa`niygeleskenligi sebepli ha`r qanday - ha`tteki en` iri ha`m ekonomikalıq rawajlang`an ma`mlekettin` mu`ta`jliklerin barlıq tu`rdegi o`nim menen tek g`ana o`z ku`shi arqalı ta`miyinlewin rentabelli emes jag`dayg`a alıp keledi, ayırım bolsa tuwrıdan - tuwrı ka`rxanalardın` sınıwına sebep boladı. İntegratsiyalasıw ja`rdeminde ayırım bir ma`mleketler birorta o`nimdi islep shıg`a-rıwg`a qa`niygelesken. Qa`niygelesiw aralıq sanaat o`nimlerin, yarım fabrikatların islep shıg`arıwda a`sirese qol keladi. **Ma`selen**, Amerikada «**Boing–747**» markalı samolyotti islep shıg`arıwda 4,5 milliong`a jaqın detallar ha`m qosımsha kerekli bo`lekler qollanıladı. Bul kerekli bo`lekler 1500 sho`lkem ta`repinen jetkerip beriledi. Bug`an shet el sho`lkemleri de kiredi. Demek, AQSh tın` u`lken ishki bazarı da sonsha quwatqa iye bolg`an texnologiyanı o`z ku`shi menen islep shıg`ara almaydı.

Xalıq aralıq ekonomikalıq integratsiyanın` sol waqıtqa shekem to`mendegi tu`rleri bolg`an:

- **erkin sawda zonası.** Bunda sawdada qatnasıwshı ma`mleketlerge tosıqlar qoyılmaydı.
- **bajıxana qatnasıwı** - erkin sawda etiw menen birgelikte ag`za bolg`an ma`mleketlerge ulıwma tariyf belgilenedi, ha`mde ulıwma bolg`an sawda siyasatı a`melge asırıladı.

İntegratsiyanın` rawajlang`an forması ulıwma bazar esaplanadı. Bunda joqarıdag`ı jen`illikler menen birgelikte kapitaldın` ha`m jumısshı ku`shinin` erkin ha`reket etiwine imkaniyat jaratıladı ha`mde sawda siyasatı menen birgelikte a`melge asırıladı. Erkin ekonomikalıq zonalardın` ju`zege keliwi shet el investitsiyaların jalıp etiwde tiykarg`ı xoshametlentiriwshi qural esaplanadı. O`zbekistan Respublika-sında qabıl etilgen «**Erkin ekonomikalıq zona**» haqqındag`ı nızam bul zonanın` shegarası, xuquqı, kapitaldı joqarı texnologiyanı jalıp etiw, zonanın` sotsial- ekonomikalıq jag`ınan rawajlanıw ushın kerek bolg`an bag`darların belgilep beredi.

Ha`zirgi ku`nde du`n`yada 700 ekonomikalıq zona bar bolıp, bunnan du`n`yadag`ı tovar aynalısının` 30% o`tedi.

Erkin ekonomikalıq zonalardan biri ka`rxanalardın` erkin zonası esaplanadı. Bunda ka`rxanalar sol orınlardag`ı ha`kimiyat organlarınan sol territoriyalarda erkin xızmet etiw xuquqın aladı.

İntegratsiya protsessi islep shıg`arıw kushlerinin` biyimlesiwine sebepshi boladı.
Jer ju`zlik xojalıq o`z xalına ta`biyiy rawajlanatug`ın sistema emes. Onın` xızmetin neshe ta`rtipke salıwshı mexanizmler basqaradı. Olarg`a: **Xalıq aralıq valyuta fondı (XVF), xalıq aralıq rawajlanıw ha`m rekonstruktsiya banki (XTTB), xalıq aralıq sawda sho`lkemi (XST), xalıq aralıq miynetti sho`lkemlestiriw (XMT) sho`lkemi** ha`m basqalar kiredi. Xalıq aralıq finanslıq sho`lkemler rawajlanıp atırg`an ma`mleketler ekonomikasın rawajlantırıw ushın investitsiyalar ajıratadı ha`m gumanitar ja`rdem berdi.

Demek, usı ku`nde milliy ma`mleketlerdin`rawajlanıwın jer ju`zlik ekonomikasız ta`sewir etiw mu`mkin emes. Bul ob`ektiv protsess bolıp tabıladı.

## 2. Jer ju`zlik xojalıqtag`ı ma`mleketler

Jer ju`zlik xojalıqtag`ı ma`mleketler bir tutas dun`yanı qurasa da ha`r qıylı ma`mleketlerden ibarat. Adamlar 2000 qıylı tilda so`ylesedi, du`n`yada 300 tu`rden artıq pul birlikleri qollanıladı. Ha`r bir ma`mleket jer ju`zlik xojalıqtın` rawajla-nıwına tu`rlishe ta`sir etedi. Ha`r bir ma`mleket o`zine mas o`zgesheliklerge iye. Bunday jag`day du`n`yadag`ı ma`mleketlerdi klasslarg`a ajıratıwdı talap etedi. Ma`mleketlerdi to`mendegi toparlarg`a ajıratıw mu`mkin:

- **rawajlang`an industrial ma`mleketler:** (AQSh, Kanada, Buyuk Britaniya, İtaliya, İspaniya, Fransiya, Shvetsiya, Shveytsariya, Avstriya, Jan`a Zelandiya, Avstraliya Germaniya, Belgiya, Gretsiya, İslandiya, İrlandiya, Niderlandiya. Ja`mi: 19 ma`mleket
- **jan`a industrial ma`mleketler:** (Singapur, Gonkong, Meksika, Qubla Koreya, Qıtay, Malayziya, Tayland, Rossiya.
- **rawajlang`an, neft resurslarına iye bolg`an ma`mleketler** Sawidiya Arabiyanı, Kuveyt, İran, İrak. Ja`mi: 4 ma`mleket
- **rawalanıwı to`men ma`mleketler:** Chad, Efiopiya, Bangladesh.
- **qalg`an ma`mleketler** – rawajlanıp atırg`an ma`mleketler qatarına kiredi.

Ma`mleketler ortasındag`ı ekonomikalıq qatnasıqlar o`zinin` ishine to`mendegilerdi aladı:

- tovarlar ha`m xızmetlerdin` xalıq aralıq sawdası;
- kapitaldın` ha`reketi;
- jumısshı ku`shi migratsiyası;
- ilim ha`m texnikanı almastırıwdan bolatug`ın ekonomikalıq baylanıslar;
- valyuta -kredit qatnasıqları.

## 3. Shetke kapital shıg`arıw. Jumısshı ku`shi migratsiyası

Kapitaldın` shetke shıg`arılıwı ma`mleketler ortasındag`ı ekonomikalıq qatna-sıqlardın` en` tiykarg`ı tu`ri esaplanadı. **Kapitaldın` eksportı** - shet ma`mleketlerde payda norması joqarı bolg`anda (payda norması o`zge ma`mleketlerde jumısshı ku`shi ha`m shiyki zat resursları arzan bolg`andag`ana joqarı boladı) ha`mde sol ma`mlekette kapitalg`a talap bolg`anda a`melge asırıladı.

Ha`zirgi da`wirde kapitaldın` eksport etiw o`zgesheligi bir waqıttın` o`zindn kapitaldı import etiliwin de sa`wlelendiredi. Ja`ne sonın` menen birgelikte XX a`sirdin` baslarında to`men rawajlang`an ma`mleketlerge kapital eksport qılıng`an bolsa, usı ku`nde rawajlang`an ma`mleketlerdin` o`z-aao bir-birine kapitaldın` eksport qılıwı ku`zetiledi. İnvestitsiyalardın` tiykarg`ıbo`legi rawajlang`an ma`mleketlerge eksport qılınbaqta.

Ha`zirgi ku`nde Ullı Britaniya ha`m Frantsiyada o`ndiriw sanaattın` 1/5 bo`legi İtaliyada, Germaniyada 1/3 bo`legi shet el investitsiyasi esabına islemekte. Bir waqıtları kapitaldı eksport qılıwshı bolg`an Ullı Britaniya ha`m AQSh ma`mleketleri usı ku`nde kapitaldı import qılıwshı ma`mleket sıpatında xızmet etedi. Olar ortasındag`ı ekonomikalıq qatnasıqlar o`z-ara ma`pdarlıq tiykarında a`melge asırılmaqta.

Shetke kapital shıg`arıwdın` usı ku`ndegi ja`ne bir tiykrg`ı o`zgesheliklerinen biri rawajlanıp atırg`an ma`mleketlerdin` shetke kapital ıg`arıw bolıp tabıladı.

O`zbekistan Respublikasında g`a`rezsizlik da`wirinen baslap shet el kapitalının` kirip keliwine sha`rt-sharayat jaratılg`an. Kapital eki qıylı tu`rde eksport qılınadı: qayırxomlıq ha`mde **ssuda** tu`rinde.

Qayırxomlıq tu`rindegi kapitaldın` eksport qılınıwı, o`zge ma`mleket territoriyasında qurılıslardı a`melge asırıwg`a pul qarjıların ajıratıw yaki aralas ka`rxana sıpatında birgelikte islep shıg`arıw protsessin a`melge asırıwdı sa`wlelendiredi.

qayırxomlıq kapitalının` eksport qılınıwı investitsiya tu`rinde a`melge asadı.

Tuwrıdan-tuwrı investitsiya qa`rejetlerinin` a`melge asırılıwı shet el kapitalının` ma`mlekettegi xızmetin deyerli o`zi qadag`alawdı bildiredi. Shet el kapitalı ja`rdeminde **«qiz»** ka`rxanalar, filialları, frangchayzingler quraydı.

**Portfel investitsiyaları** - degende shet el aktsiyaların satıpalıw tu`siniledi. Bunda aktsiyalardın` mug`darı mu`lkke iyelik etiw ha`m qadag`alaw da`rejesindn bolmaslıg`ı kerek.

**Ssuda kapitalı** - xalıq aralıq kredittin` tiykarı esaplanadı. Kredit qatnasıq-ları tovar almastırıw ha`m investitsiyag`a qarata joqarı templerde a`melge asırılatug`ın ekonomikalıq qatnasıq esaplanadı.

Bir ma`mleket bankinen ekinshi bankke pul mug`darların o`tkeriw sutka dawamındı konvertirlengen zamanago`y texnika menen u`skenelengen jasalma jer joldası ja`rdeminde a`melge asırıladı.

Mu`ddetine qaray xalıq aralıq kreditler uzaq mu`ddetli (10 jıl), orta mu`ddetli (5 jılg` shekem), qısqa mu`ddetli (1 jılg`a shekem) kreditlerge ajıratıladı.

Kredittin` dereklerine qaray xalıq aralıq ssuda alınatug`ın qarız yaki kommertsiyalıq krediti bolıwı mu`mkin. Kredit o`z na`wbetinde ma`mleket ta`repinen yaki xalıq aralıq finanslıq sho`lkemler jeke firmalar ta`repinen beriledi.

Xalıq aralıq kredit ja`rdeminde ma`mleketlerdin` ekonomikalıq jag`dayı ten`lesti-riledi. Kredit beriwshiler paydanı asırıw esabına bayıydı. Kredit alıwshılardın` awhalı awırlasadı. Bunday halda xalıq aralıq kredit ma`mleketler ortasındag`ı qarama - qarsılıqlar ku`sheyiwine de ta`sir etedi. Rawajlanıp atırg`an ma`mleketlerdin` 90- jıllardag`ı sırtqı qarızları 1 trill. dollardı payda etti. Bazibir ma`mleketlerge qarızların to`ley almag`anı ushın ssuda beriw toqtatıldı. Bul ma`mleketler tiykarınan Afrika ma`mleketleri esaplanadı. Kapitaldın` eksportı menen birgelikte jumıs ku`shi migratsiyasi da bar.

Shet el demograflarının` esaplarına tiykarlansaq, 90-jıllardın` basında du`n`yada 25 million miynetkeshler emigrant bolg`an, olardın` 50% ten ko`p bo`legi rawajlanıp atırg`an ma`mleketler u`lesine tuwrı kelgen.

**Jumısshı ku`shi migratsiyası** - onın` eksportın a`melge asırıwshı ma`mleketke bir ta`repte qosımsha kapitalının` kirip keliwin ta`miyinlese, ekinshi ta`repinen ta`jriy-beli jumısshılardın` shıg`ıp ketiwine sebepshi boladı, bunday jag`day milliy ekono-mikag`a zıyan keltiredi.

Egerde 90 - 95 jıllarda jumıs ku`shi migratsiyasına jumıssızlıq, mu`ta`jlik, sotsial-ekonomikalıq sharayatlardın` jeterli derejede emesligi sebep bolg`an bolsa, ha`zirgi ku`nde jumıs ku`shi qunı menen onın` bahası ortasındag`ı keskin parqtın` bar bolg`anlıg`ı sıyaqlı sebepler de qosıldı. 80-jıllardan baslap eski awqamdag`ı ma`mle-ketlerde emigratsiya protsessi mu`ddetli tu`s aldı, jumıs ku`shi migratsiyası ha`r bir ma`mleket ushın ob`ektiv jag`day tusine kirdi. Jumıs ku`shi migratsiyasınan keletug`ın payda, kapital eksportındag`ın -day bir neshe ese joqarı. Jumıs ku`shi migratsiyasın ma`mleket, jeke ka`rxanalar ta`repinen a`melge asırıw za`ru`r. Shet ellerde ko`shilik jag`daylarda jumıs ku`shi migratsiyası menen ka`siplik sho`lkemleri shug`ıllanadı. Bunda nızamsız jumıs ku`shi migratsiyası menen shug`ıllanıwshılardın` jolı tosıladı.

Ka`siplik sho`lkemleri ma`mleket, ma`mleket emes sho`lkemleri atınan is ju`ritedi, ha`mde jumısshıların ha`r qanday qolaysızlıqlardan qorg`aydı. Respublikada qabıl etilgen «**O`zbekistan Respublikası puqaralıg`ının` shet ellardegi xızmeti**» atlı qarırında shet ellerde islewdi qa`legen puqaralarg`a ken` jol ashıp berilgen.

Sol bag`darda na`tiyjeli siyasattı a`melge asırıw za`ru`r.

## 4. Jer ju`zlik xojalıq infrastrukturası

Jer ju`zlik xojalıq infrastrukturası jer ju`zlik xojalıqtı na`tiyjeli a`mel qılıw ushın kerek bolg`an ortalıq esaplanadı. İnfrastrukturanın` ayırım sostav bo`lekleri a`yyemgi da`wirlerden-aq bolg`an. Ten`iz kemeshiligi, suw, saxradag`ı jollardan bir neshe ma`mleketler o`z-ara sawda qatnasıqların a`melge asırg`an.

Jer ju`zlik xojalıq infrastrukturasına jer ju`zlik ju`k tasıw sisteması (ten`iz, da`r`ya, temir jol ha`m avtobil jolları kiredi.

Ju`k tasıw sistemasına: gaz ha`m neft liniyaları xam kiredi.

Jer ju`zlik axborot kommunikatsiyaları sisteması da infrasrukturasının` ja`ne bir bo`legi esaplanadı. Bug`an radio informatsiyalar, gazeta ha`m jurnallardın` mag`lumatı, jasalma jaldas ja`rdeminde beriletug`ın informatsiyalar, a`sirese usı ku`nde ken` qulash jayg`an internet informatsiyaları jer ju`zlik xojalıqtın` rawajlanıwında tiykarg`ı rol atqaradı. İnternetten qa`legen tarawda, du`n`yanın` ha`r qanday mu`yeshinen mag`lumat alıw mu`mkin. Birjalar, bankler miymanxanalar, elshixanalar da jer ju`zlik xojalıqta tiykarg`ı rol oynaydı. Jer ju`zlik infrastrukturasının` rawajlanıwı ma`mleketlerdin` birgelikte xızmet ju`rgiziwi, ekonomikalıq resurslarınan na`tiyjeli paydalanıwı, milliy ekonomikanın` jer ju`zlik xojalıqqa kiriwi ushın qolaylıqlar jaratadı.

### Tiykarg`ı atama ha`m tu`sinikler.

Xalıq aralıq ekonomikalıq integratsiya, ekonomikalıq territoriya, erkin ekonomika-lıq territoriyalar, ma`mleketler, shetke kapital shıg`arıw, sqayırxomlıq ha`m ssuda kapitalı, investitsiya: tuwrıdan - tuwrı investitsiya, portfel investitsiyaları, jer ju`zlik xojalıq infrastrukturası.

## 15– tema: Xalıq aralıq sawda
### 1. Xalıq aralıq sawda ha`m onın` a`hmiyeti

Xalıq aralıq miynet bo`liniwshiliginin` bar ekenligi ekenligi ma`mleketler ortasında xalıq aralıq sawdanı a`melge asırıwın talap etedi. Sawda ma`mleketler, ka`rxanalar, jeke isbilermenler ja`rdeminde a`melge asırıladı. Ma`mleketten alıp ketilip atırg`an tovarlar eksport bolsa, shet ma`mleketlerdensatıa alınıp atırg`an tovarlar importın payda etedi. Eksport penen importtın` jıyındısı ma`mlekettin` tovar oborotın belgileydi. Eksport pengen import ortasındag`ı parq sawda balansı esaplanadı. Eksport importtan ko`p bolg`anda ma`mlekettin` sawda balansı aktiv, kerisinshe bolg`anda bolsa passiv boladı.

O`zbekistan Respublikasında 2003- jılda sırtqı tovar aynalısı 6189,2 mln. AQSh dolların qurag`an. Bul o`tken 2002-jılda jılg`a qarag`anda 17,5% ke ko`p bolıp tabıladı. Respublikanın` sırtqı sawda aynalısının` u`shten eki bo`legi uzaq shet ma`mleketler menen alıp barılg`an.

2004-jılda O`zbekistan Respublikası sırtqı sawda tarawında 125 du`n`ya ma`mle-ketleri menen sa`wbetlesiw alıp barılg`an. 2004-jılda tiykarg`ı sırtqı sawdadag`ı baylanısların alıp barıwshı ma`mleketler: Rossiya – eksportı 14,9% tin, importı 23,6% tin, Ukrayna – eksportı 2,3% tin, importı 2,8% tin, Qazaqstan – eksportı 3,8% tin, importı 6.3% tin, uzaq shet ma`mleketlerinen Qubla Koreya – eksportı 1,2% tin, importı 9,2% tin, Germaniya – eksportı 1,0% tin, importı 7,1% tin, Turkiya – eksportı 4,5% tin, importı 4,5% tin quradı. AQSh – eksportı 3,0% tin, importı 10,3% tin ha`m Shveytsariya – eksportı 3,1% tin, importı bolsa 0,4% tin quradı.

Ma`mleketlerdin` eksport qatnasıqların rawajlanıwında sırtqı sawda infrastruk-turası a`hmiyetke iye. Ma`mleketlerdin` neni eksport qılıwına qaray olardın` ekonomikalıq rawajlanıw keleshegi haqqında pikir ju`ritiwi mu`mkin. Rawajlang`an ma`mleketler jetilisken texnika - texnologiyanı eksportqa shıg`arsa, rawajlanıw da`rejesi to`men bolg`an ma`mleketler shetke shiki - zat, ta`biyiy resurslar eksportın a`melge asıradı.

Sırtqı sawdanın` na`tiyjeli rawajlanıwı jer ju`zlik bazarındag`ı bahalar da`rejesine baylanıslı. Jer ju`zlik bahası da qun nızamı tiykarında ju`zege keledi. Bunda milliy ekonomikada jaratılg`an o`nimlerdin` bahası individual baha esaplanadı. İndividual bahalar tiykarında jer ju`zlik bahası ju`zege keledi ha`m bul baha baynalminal baha esaplanadı. Baynalminal qung`a iye bolg`an milliy ekonomikadag`ı tovarlar ba`sekige shıdamlı boladı. **Salıstırmalı abzallıq teoriyasına** tiykarlan-g`an halda miynet o`nimdarlıg`ı to`men bolg`an ma`mleketler shet ma`mleketlerden o`nimlerin satıp alıwı maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

**Ne ushın ma`mleketler o`z-ara sawda qatnasıqların a`melge asıradı? Onın` tiykarı neden ibarat?** Jer ju`zlik sawdası milliy ma`mleketlerde qa`niygelesiw protsessinen na`tiyjeli paydalanıw, o`nim ko`lemin ko`beytiw imkanın beredi. Xalıq aralıq sawda tiykarın eki jag`day belgileydi:

- **birinshiden** ekonomikalıq resurslardın` bar bolıwı ha`m olardın` du`n`yada ta`rtipsiz jaylasqanlıg`ı;
- **ekinshiden** ha`r qıylı tovarlardı islep shıg`arıwdın` na`tiyjeliligin asırıw, jetilisken texnologiyag`a ha`m resurslardın` ha`r qıylı kombinatsiyasında bolıwı esaplanadı: **Ma`selen,** Vengriya joqarı ta`jriybege iye bolg`an miynet resursları menen formakalogiya, avtobuslar islep shıg`arıwg`a bag`darlang`an. Qazaqstan ha`m miynet resurslarına iye bolıp, biyday jetistiriwge, O`zbekistan ko`p miynet resurslarına iye bolıp paxta jetistiriwge bag`darlang`an. Milliy ma`mleketlerdin` ekonomikalıq jag`dayındag`ı o`zgerisler olardın` qa`niygelesiw da`rejesine de ta`sir etedi.

## 2. Ma`mlekettin` sawda siyasatı

Sırtqı ekonomikalıq qatnasıqlar ma`mlekettin` sawda siyasatı ja`rdeminde ta`rtipke salınadı. Tariyxtan sawda siyasatının` usı ku`nge shekem a`mel qılıp kelgen eki qıylı tu`ri: **(ashıq sawda siyasatı) fritederlik** ha`m **(jabıq sawda siyasatı) protektsionizm**.

Ashıq sawda siyasatnın` tiykarın D. Rikkardo ta`repinen usınıs etilgen «**salıstırmalı abzallıq**» teoriyası payda etedi. Ashıq sawda barqulla ma`mleketlerdin` rawajlanıwına alıp keledi. Ashıq sawdanın` a`hmiyeti haqqında 1776- jılda A.Smitt … «**hesh qanday aqıllı sem`ya baslıg`ı, satıp alg`anda, arzan bolg`an o`nimdi u`yinde islep shıg`arıwg`a ha`reket qılmaydı. Tigiwshi ayaq - kiyimdi, ayaq - kiyim tigiwshi-den satıp aladı, ayaq - kiyim tigiwshi qapını ustadan aladı ha`m t.b.**». Demek, ha`r bir qarıydar alıp atırg`an o`nimin a`siresse o`z ka`sibine qa`niygelesken adamnan aladı satıp aladı. Ashıq sawda na`tiyjeli bolsada, ma`mleket jabıq sawdanı a`melge asıradı.

Jabıq sawda siyasatın a`melge asırıwda ma`mleket shet el tovarlarının` kirip keliwine tosıqlar qoyadı. Olarg`a:

- **Bajı salıg`ı** – bul aktsiz salıg`ı bolıp, import tovarlardan alınadı. **Ma`selen:** da`ramat alıw ha`m milliy ekonomikanı qorg`aw.
- **Fiskal salıqlar** ma`mlekette islep shıg`arılmaytug`ın tovarlardan alınadı. (banan, chay, sitrus o`simlikleri h t.b)
- **İmport kvotaları.** Bunda import tovarlardın` mug`darı belgilenedi. Artıqsha tovarlar import qılıng`anda bajı salıqları ja`nede artadı.
- **Tariyfsiz tosıqlar** – litsenziyalar talap etiladi, byurokratiyalıq tosıqlar qoyıladı. Tarifsiz tosıqlarg`a: tuwrıdan - tuwrı sheklewler – ayırım o`nimlerge ma`mleket yaki iri jeke ka`rxanalardın` monopol iyeligi de kiredi.
- **Tikkeley sheklewler** – milliy salıq siyasatı, shet el portları ha`m temir jol vokzallarının` jabılıwı, o`nimlerdi islep shıg`arıwda milliy shiyki zattı qolla-nıwın talap etiw, milliy ekonomikada import tovarlardın` alternativli bolg`anlıg`ı ushın importtı sheklewler kiredi.

«**Iqtiyarıy**» eksporttı sheklew, jabıq sawda siyasatın alıp barılıp atırg`anlıg`ı ushın tovarlardı eksport etiw qıyınlasadı. Na`tiyjede ma`mleketler «**ıqtiyarıy**» eksportların qısqartıradı. «**Jabıq sawda siyasatı**» ta`repdarları o`z pikirlerin to`mendegishe tiykarlaydı:

- Ma`mlekettin` quralli ku`shler quralli ku`shler qu`dretin bekkemlew jabıq siyasatın a`melge asırıwdı talap etedi. Lekin bul sebep ekonomikalıq emes, ba`lki siyasiy sebep bolıp tabıladı. Jabıq siyasat na`tiyjesindn alıng`an salıqlar strategik tovarlar ha`m materiallardı islep shıg`aratug`ın tarawlardı saqlap qalıwg`a ha`m rawajlandırıwg`a sarıplanadı.
- Milliy ekonomikada jumısshılardı jumıs penen ba`nt etiw. Ja`miyettegi jalpı qa`rejetlerge tutınıw, jalpı investitsiya, ma`mlekettin` qa`rejetleri ha`m sap eksportı kiredi. İmporttın` artıwı jumıs orınlarının` qısqarıwına alıp keledi. Bajı salıg`ı joqarı bolg`anda eksport artadı, islep shıg`arıw ko`lemi ken`eyedi, jumıs orınları ko`beyedi.

Bazıbir ma`mleketlerdin` ekonomikası xalıq aralıq bazardag`ı o`zgerislerge baylanıslı. Usı maqsette milliy ekonomikadag`ı sanaat ka`rxanaların bankrottın` aldın alıw ushın bajı salıqları asırıladı. Jas tarawlardı qorg`aw maqsetinde bajı salıqları joqarı da`rejede belgilenedi. Dempingten qorg`aw maqsetinde tariyf ha`m litsenziyalar talap etiledi.

Milliy ekonomikadag`ı jumıs ku`shin arzan satılıwınan qorg`aladı. 1934-jılda shıg`arg`an «**O`z - ara sawdanı a`melge asırıw**» haqqındag`ı nızamg`a muwapıq, bajı salıqların kemeytiriwge bolg`an ha`reket baslandı.

1947- jıldan baslap sawda ha`m tariyfler esabınan kelip shıg`ıw tiyarında jumıs ju`ritetug`ın **tariyf ha`m sawda boyınsha bas kelisim xalıq aralıq sho`lemi (TSBB**) is ju`rgize basladı. Ha`zirgi ku`nde bul sho`lkem «**xalıq aralıq sawda sho`lkem**»**i (XSSh)** dep ju`ritiledi. Ha`zirgi ku`nde xalıq aralıq sawdanı ta`rtipke salıw ushın ashıq sawda Evropa assosiatsiyası, sawdanı qadag`alawshı BMSh komissiyası islep atır. Bul sho`lkemnin` wazıypası sawda qatnasıqların a`melge asırıp atırg`an ma`mleketlerdin` ten` xuquqlılıg`ın ta`miyinlew, olardı kemsitpew, baj salıqların pa`seytiriw import kvotaların alıp taslaw bolıp esaplanadı. Erkin sawdanı a`melge asırıwdın` en` tiykarg`ı quralı ekonomikalıq integratsiya esaplanadı.

Ko`pshilik jag`daylarda ma`mleketler maslasıwshı sawda siyasatın a`melge asıradı. Bunda ashıq ha`m jabıq sawda siyasatının` elementlerin o`zinde ja`mlegen halda ma`mleket o`zinin` siyasatın a`melge asıradı.

### 3. Sawda balansı ha`m onı ta`rtipke salıw usılları

Ma`mleketler o`z - ara sawda - satıq esabınan g`ana sotsial baylanıslardı a`melge asırmaydı. Ma`mleketler ortasında sotsial baylanıslar menen birgelikte ma`deniy, ilmiy, siyasiy baylanıslar da a`melge asırıladı. Bul qatnasıqlardın` a`melge asırılıwı ma`mlekettin` to`lem balansında o`z ko`rinisin tabadı. Ha`r bir ma`mleket ba`rqulla to`lem balansı haqqında mag`lıumatlardı esaplap turadı. Bul mag`lıumat tiykarında ma`mleketlerdin` jer ju`zlik ekonomikadag`ı ornı haqqında pikir ju`ritiledi. To`lem balansı belgili bir waqıt aralıg`ında shet eldegi to`lemler menen ol jerden kelip atırg`an kirim ortasındag`ı parqtı sa`wlelendiredi. Eger to`lemlerden kirim joqarı bolsa, to`lem balansı aktiv, kerisinshe bolg`anda passiv boladı. To`lem balansındag`ı jetispewshilik (import joqarı bolg`anda) shet el valyutasına bolg`an talaptı asıradı. To`lem balansı aktiv bolg`anda ma`mlekettegi da`ramat artadı, eksport ha`m. To`lem balansındag`ı jetispewshilik shet ellerden alınatug`ın qarız, yaki Oraylıq bank rezervleri esabınan qoplanadı. Ha`r bir ma`mlekettin` valyutası shegaralang`an. Sonın` ushın to`lem balansının` turaqlı, turaqlı ra`wishte bolatug`ın qıtshılıq ekonomikalıq jag`daydı awır awhalg`a alıp keledi. Bunday jag`dayda ma`mleketler to`lem balansının` balanslı halda bolıwı ushın shara–ilajların izlewi kerek boladı. Aqırg`ı jıllarda G`MA ma`mleketleri menen alıp barılıp atırg`an qatnasıqlardag`ı to`lem balansı aktiv bolıp atır.

Jer ju`zindegi ma`mleketler o`z to`lem balansların **Xalıq aralıq valyuta fondı (XVF)** usınıslarına tiykarlanıp du`ziledi. Bul quramalı bolıp (ol ju`zlep sxemalardan turadı), onın` diywalların sırtqı sawda aynalısı payda etedi. To`lem balansı: bajıxana mag`lıumatları tiykarında du`ziledi.

Xalıq aralıq esaplar bankler ja`rdeminde naq pullarsız a`melge asırıladı. Xalıq aralıq esaplar kliring to`lemleri ja`rdeminde ha`m a`melge asırıladı. Kliring esabında o`z - ara esaplar alıp barılg`anda tovarlardı almastırılg`andag`ı parıq naqlay pullar ja`rdeminde qaplanadı.

O`zbekistan Respublikası g`a`rezsizlikke eriskennen son` xalıq aralıq ekonomika-lıq baylanıslar bolg`an itibar ja`nede ku`sheydi. İ.A.Karimovtın` «**O`zbekistannın` bazar ekonomikasına o`tiwinin` o`z modeli**» atlı shıg`armasmında bazar ekonomikasına o`tiw da`wirindegi xalıq aralıq ekonomikalıq baylanıslardın` tiykarg`ı printsipleri belgilep berilgen. Bizin`g ekonomikamız a`sirese usı printsipler tiykuarında jer ju`zlik xojalıq ko`lemine integratsiya jolı menen qosılıp baradı. Bul printsipler:

- ideyalıq qaraslardın` ha`r tu`rli bolıwınan qa`ttiy na`zer ma`mleketlerdin` ten` xuquqlı tiykarında xalıq aralıq qatnasıqların a`melge asırıw;
- ma`mleket ma`plerinin` u`stinligin esapqa alg`an halda o`z-ara ma`pdarlılıqtı esapqa alıw;
- bir ta`repleme ha`m ha`r ta`repleme sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı a`melge asırıw xalıq aralıq xuquqıy normalarg`a a`mel qılıw.

## 15.1 - tema: Valyuta qatnasıqları ha`m valyuta sisteması

### 1. Xalıq aralıq valyuta sisteması ha`m tu`rleniw basqıshları

O`zbekistan Respublikası 1-sentyabr` 1991-jılda g`a`rezsiz respublika dep ja`riyalanadı. Onın` g`a`rezsizligi Birlesken Milletler Sho`lkemine ha`m onın` sho`lkemlerine, Xalıq aralıq Bank, Xalıq aralıq Valyuta fondı, Xalıq aralıq finans korporatsiyaları, ekonomikalıq o`siwine qa`wenderlik qılıwshı, xalıq aralıq miynetti sho`lkemlestiriw, xalıq aralıq den sawlıqtı saqlaw qusag`an sho`lkemlerge ag`za bolıwı menen sa`wlelenedi.

O`zbekistan Respublikasının` Prezidenti İ.A. Karimov ta`repinen ekonomikanın` tiykarg`ı bag`darların belgilep berildi. Tiykarg`ı bag`darlardan biri ma`mlekettin` g`a`rezsiz pul birligin islep shıg`ıw ha`m O`zbekistannın` jer ju`zlik valyuta sistema-sında o`zine mas bolg`an orındı iyelewi esaplanadı.

**Valyuta ne? Valyuta sisteması - ne?** Bul sorawlarg`a juwap beriw ushın valyuta qatnasıqlarının` ju`zege keliwi ha`m onın` eknomikada tutqan ornın ko`rip shıg`amız.
Puldın` jer ju`zlik xojalıqta a`mel qılıwı ha`m ha`r qıylı xalıq aralıq ekonomikalıq baylanıslarg`a (sırtqı sawda, jumısshı ku`shi ha`m kapital migratsiyasi, da`ramatlar, qarızlar ha`m subsidiyalar ag`ımı, pa`n-texnika almaslaw, turizm ha`m t.b.) xızmet qılıwı menen baylanıslı ekonomikalıq qatnasıqlar valyuta-kredit qatnasıqlari deyiledi. Ol puldın` xalıq aralıq to`lem qatnasında a`mel qılıw protsessinde ju`zege keledi.

**Xalıq aralıq valyuta sisteması degende** – ma`mleketler ortasında kelisimler tiykarında alıp barılatug`ın xalıq aralıq valyuta qatnasıqların sho`lkemlestiriw tu`siniledi.

Xalıq aralıq valyuta sistemasının` o`zgeshelikleri:
- milliy ha`m kollektiv valyuta zapasına iyelik etiw,
- valyuta paritetinin` qatnası,
- xalıq aralıq likvid aktivlerdin` (valyuta qarjıları ha`m altın zapasları) qatnasıwı,
- xalıq aralıq esap-kitaplarının` a`melge asırılıwı,
- xalıq aralıq valyuta kredit operatsiyaların a`melge asırıw imakanının` bar ekenligi,
- valyuta qatnasıqların ta`rtipkea salıw imkaniyatı menen sa`wlelenedi.

Ha`zirgi da`wirge shekem tariyxtan bir qansha valyuta sistemasının` a`mel qılıp kelgenligi ma`lim. Valyuta sisteması altın standartı XIX a`sirdin` aqırında ta`biyiy ra`wishte ju`zege kelgen. Bunda ayırım ma`mleketlerdin` valyutaları ma`mlekettin` ishinde erkin ra`wishte altıng`a almastırılg`an. Altın standartı belgilengen valyuta kursin bolıwın talap etken.
Altın u`sh sha`rtti orınlag`anda ma`mlekette altın standartı a`mel qıladı dep esaplang`an.

1. Ma`mlekettegi pul birligi altın mazmunın sa`wlelengende.
2. Altın zapası ja`rdeminde puldın` usınıs etiletug`ın mug`darı belgilengende.
3. Eksport ha`m importqa tosqınlıq qılınbag`anda.

Altın standartı to`mendegi abzallıqlarg`a iye:
- valyuta kursı qa`wpin ha`m qa`drsizleniwdi pa`seytiredi, na`tiyjede xalıq aralıq sawdanı rawajlandırıwdı xoshametleydi.
- altın standartı to`lem balansının` aktivleri ha`m kemisin avtomatik ra`wishte ten`lestiredi.

Sonın` menen birge altın standartı to`mendegi kemshiliklerge iye:
- jumıssızlıq ha`m puldın` qa`drsizleniw mashqalasın jog`alta almaydı.
- altın standart ma`mlekette altın zapası (rezervi) tamam bolg`ang`a shekem dawam etedi.

XX a`sirdin` 30-jıllarındag`ı "**Ullı dipressiya**" pu`tkil du`n`yanı iyelep aldı, ha`mde altın standartının` ju`zege keliwine alıp keldi. Ko`pshilik ma`mleketler eksporttı asırıw, importtı kemeytiriw maqsetinde altıng`a qarag`anda o`z pul birliklerin devalvatsiyalawg`a ha`reket qıldı. **Devalvatsiya – milliy pul birligi qunının` ra`smiy ra`wishte pa`seytiriliwi esaplanadı.** 1978-jılg`a shekem devalvatsiya – pul birliginin` sostavındag`ı altın u`lesin kemeytiriw jolı menen a`melge asırılg`an. Ha`zirgi waqıtta pul birligi barlıq erkin almasatug`ınn valyutalarg`a (AQSh dollari, Germaniya markası, Ullı Britaniya funt sterlingi, Evrovalyuta) qarag`anda pa`seytiriw jolı menen a`melge asırıladı. Devalvatsiya protsessi altın standartın jeliniwin ja`nede tezlestirdi.

Ekinshi valyuta sisteması valyuta altan standartı tiykarında ju`zege keldi. Onın` ju`zege keliwi XX a`sirdin` 30- jıllarda baslang`an bolsa 50-60 jıllarda tamamlandı.

Jer ju`zlik valyuta sistemasın islep shıg`ıw maqsetinde 1944-jılda Bretton Vudsda AQSh awqamlas ma`mleketlerdin` anjumanı bolıp o`tti. Anjumanda valyuta kursların basqaratug`ın sistemanı du`ziw haqqında kelisimge qol qoyıldı. **Bul anjuman Bretton Vudsda bolg`anlıg`ı sebebinen, Bretton Vuds siteması dep ataladı.**

Jan`a sistema da`slepki sistemanın` kemshiliklerinen azat bolg`an bolıwı kerek edi. Son`ıraq ja`ne bir anjuman shaqırıldı, bunda xalıq aralıq valyuta fondı (XVF) payda etildi. XVF ma`mleketlerara valyuta qatnasıqların ta`rtipke sala basladı. Bretton Vuds sisteması xalıq aralıq zapas sıpatında altın ha`m dollardı qollana basladı. Dollar jer ju`zlik pul sıpatında ta`n alındı.

XX a`sirdin` 60-jıllarının` aqırına kelip kapitalistlik xojalıq sistemasının` baynalminallasıw ha`m transmilliy kapitaldın` ju`zege keliwi na`tiyjesinde Bretton Vuds sistemasında qarsılıqlar ju`zege kele basladı.

1971-1973 jılga kelip Bretton Vuds sisteması AQSh tın` ra`smiy tu`rde altındı dollarg`a almastırıwdan bas tartıwı na`tiyjesinde xızmet ko`rsete almay qaldı. Urıstan son` payda bolg`an sistemanın` buwınları a`melde isten shıqtı. Dollardın` erkin su`ziwi altınnın` jer ju`zlik bazarında valyuta sıpatında qollanılıwına tochka qoyıldı.

Yamaykadag`ı kelsim 1969-jılda sho`lkemlestirgen XVF ta`repinen kollektiv valyuta sistemasın sho`lkemlestiiwdi maqset etip qoydı. Kollektiv valyuta, altın ha`m dollardın` absolyut ko`riniwi bolıwı kerek edi. Da`slep kollektiv valyuta paritet ha`m valyuta kursının` tiykarı bolıp xızmet qıldı. Lekin, keyinshelik ol na`tiyje bermedi.

Yamayka valyuta sisteması valyuta qatnasıqların ta`rtipke salıw mashqalasın sheshpedi. Sonın` ushın "**Ulıwma bazar**" g`a kiriwshi ma`mleketler o`zleri ushın ulıwma valyuta sistemasın du`ziwge qarar etti. Bul valyuta – **Evropa valyuta sisteması (EVS)** bolıp, ol 1979-jıldın` mart ayınan baslap usı ku`nge shekem a`mel qılıp kelmeqte.

Evropa valyuta sistemasının` tiykarg`ı elementi jasalma islep shıg`ılg`an Evropa valyuta birligi EKYu esaplanıp, onın` ja`rdeminde ma`mleketler ortasındag`ı ekonomi-kalıq baylanıslar a`melge asırılmaqta. Ha`zirgi ku`nde Evropa ekonomikalıq awqamına ag`za bolmag`an ma`mleketlerdin` bankleri de bul valyutalar ja`rdeminde esap-kitapların alıp barılmaqta. EKYu dın` xalıq aralıq esap–kitapların a`melge asırıwdag`ı roli artıp baratırg`an bolsada, ha`zirgi ku`nde Evropa ma`mleketleri, AQSh ma`mleketleri onın` a`mel qılınıwınan qanaatlanbag`an.

Ha`zirgi ku`nde Evropa valyutasının` aylanısqa qosılıwı da birden-bir valyuta sistemasının` jan`a tu`ri ju`zege kelmegeninen xabar beredi. Bunın` sebebi ma`mleketlerdin` ma`pleri ortasında ju`da` u`lken ayırmashılıqqa iye ekenligi esaplanadı.

## 2. Valyuta tu`rleri

**Valyuta** – italyansha "**Valuta**" so`zinen alıng`an bolıp "**qun**" degen tu`sinigin sa`wlelendiredi. Valyuta konvertirleniwi ha`m likvidliligine qaray to`mendegi tu`rlerge ajıratıladı:

- Qattı valyuta
- Jumsaq valyuta
- Ekzotik valyuta

**Qattı valyuta** – bul valyuta dun`yanın` ha`r qanday jerinde erkin satıladı ha`m satıp alınadı. Qattı valyutalarg`a: Evrovalyuta, Amerika dolları (USD) Avstraliya dolları (ASD) kiredi. Bul valyutalar hesh qanday mashqlasız bir ma`mleketten ekinshi ma`mleketke "**su`zip**" o`tedi.

**Jumsaq valyuta** - Evrovalyutag`a burıng`ı sotsialistik ma`mleketlerdin` valyutaları kirmeydi. Qattı valyutalar toparına kirmeytug`ın qalg`an valyutalardın` barlıg`ı jumsaq valyuta esaplanadı. Bul valyutalar belgili bir ma`kanda ha`reket etedi. Bunday valyutaga burıng`ı sotsialistik ma`mleketlerdin` usı ku`ndegi valyuta birlikleri kiredi.

Rossiya rubli, qazaq ten`gesi BMSh ma`mleketlerinde erkin almaslanadı ha`m olardın` bankleri esap-kitap operatsiyaların alıp baradı. Olardın` o`z-ar, ha`mda qattı valyutalarg`a qarag`anda kursı belgilenedi.

**Ekzotik valyutalarg`a** – bul valyutalar likvid valyuta emes. Og`an to`mendegishe ma`mleketlerdin` valyutaları kiredi:

- Hindistan – rupiyi;
- Malayziya – rengi;
- Avg`anstan – avg`anı;
- Bagama – dolları.

Ha`r qanday valyuta belgili bir kursta satıladı ha`m satıp alınadı.

**Valyuta kursı** – bir ma`mleket valyutasının` ekinshi ma`mleket valyutasında sa`wleleniwi esaplanadı. **Ma`selen**, 2015-jıl O`zbekistanda 1 dollar = 2200 swmg`a ten`lestirildi. Valyuta kursı talap ha`m usınısqa baylanıslı. Shet el valyutasına usınısqa qarag`anda talap artsa, milliy valyutanın` kursı paritetke qarag`anda pa`seyedi yaki kerisinshe.

Shet el valyutasına bolg`an talap ha`m usınıs ma`mlekettin` to`lem balansına baylanıslı boladı. Demak, valyuta kursı da to`lem balansına baylanıslı boladı. To`lem balansı aktiv bolg`anda shet el valyutasının` usınısı joqarı boladı, passiv bolg`anda shet el valyutasına talap joqarı boladı.

Ma`mleketlerdin` to`lem balansındag`ı ayırmashılıq olar ortasındag`ı valyuta qatnasıq-larının` jag`dayın sa`wlelendiredi. Valyuta kursı eki tu`rde boladı:

- Su`zip ju`riwshi valyuta kursı.
- Belgilengen valyuta kursı.

**Su`zip ju`riwshi valyuta kursı** – valyutanın` real kursı esaplanadı.

**Belgilengen valyuta kursı** – ku`nde belgilenetug`ın valyuta kursının` mug`darı bolıp, xalıq aralıq esaplarda, statistika esabatlarında qollanıladı.

Valyuta kursı arnawlı sho`lkemlestirilgen valyuta birjalarında belgilenedi. Onın` kursı belgili bir waqıtta belgilenedi. Valyuta kursı xalıq aralıq valyuta bazarında ha`m kotirovka tiykarında belgilenedi. **Kotirovka** – bir ma`mleket valyutasın xalıq aralıq sawda daqatnasatug`ın ma`mleketlerdin` valyutasına qarag`anda belgileniwi esaplanadı. Xalıq aralıq valyuta bazarındag`ı valyuta kursı ha`m talap ha`m usınıs tiykarında ju`zege keledi.

Xalıq aralıq valyuta bazarı, valyuta kursın belgilewde onın` ornı joq. Xalıq aralıq valyuta bazarı onın` qatnasıwshıları ja`rdeminde payda boladı. Qatnasıwshılar: brokerler, bankler, valyuta penen sawda etiw xuquqına (litsenziyag`a) iye bolg`an sho`lkemler esaplanadı. Xalıq aralıq valyuta bazarı (Evro bazar) valyuta ha`m pul bazarın o`z ishine aladı. Bul bazarlar ha`r tu`rli wazıypalardı, ha`r qıylı qa`wip qa`ter astında a`melge asıradı.

Valyuta kursı "**aktiv**" valyuta kursına ha`m "**passiv**" valyuta kursına ajıratıladı.
Bankler valyuta bazarında aktiv qatnasıwshılar esaplanadı. İri kommertsiyalıq bankler valyutaga eki qıylı kurs belgileydi. **Birinshisi** satıwshı ushın, **ekinshisi** qarıydar ushın. Satıwshı ushın ha`m qarıydar ushın belgilengen valyuta kursı ortasındag`ı pırı ank paydası esaplanadı.

### 3. Valyuta siyasatı

Ha`zirgi jer ju`zlik ma`mleketlerin o`z - ara integratsiyalasıwı valyuta qatnasıq-ların na`tiyjeli rawajlanıwına baylanıslı. O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A. Karimov bul haqqında: - «**Sotsial ha`m ekonomikalıq protsesslerdi ma`mleket jolı menen ta`rtipke salıw ha`mmege belgili da`stu`rler finans, kredit, salıq, valyuta siyasatı, bahalardı qadag`alaw ha`mde tikkeley ta`sir etiwdin` basqa shara-ları ja`rdeminde a`melge asırıladı**» ([4], 43 bet) degen edi. Valyuta qatnasıqları ta`biyiy a`melge asatug`ın protsess emes. Valyuta qatnasıqların ta`rtipke salıw, ma`mleket-tin` valyuta siyasatı ja`rdeminde a`melge asırıladı.

Milliy valyuta kursı pa`seygende eksporttı asırıw maqsetke muwapıq boladı. Bunday jag`dayda ma`mleketke qosımsha valyuta kirip keledi. İmporttı bul halda shek-lew za`ru`r. Valyuta qatnasıqlarının` turaqlı emesligi milliy ma`mlekettin` jer ju`zlik bazarındag`ı abıroyın to`menletedi. Bunday jag`dayda ma`mleket valyuta qat-nasıqların basqaratug`ın qurallardan paydalanadı. Bul qurallar **diskont siyasatı** ha`m **valyuta interventsiyası** bolıp esaplanadı.

**Diskont** – bankler ta`repinen alınatug`ın protsent esaplanadı. Bank protsentlarin pa`seytiriw yaki asırıw menen shet el valyutalarının` kirip keliwin ta`rtipke saladı. Bul siyasat ma`mlekette ekonomikalıq awhalın turaqlı bolsa g`ana na`tiyje beredi.

Valyuta interventsiyasında oraylıq bank valyutanın` talap ha`m usınısın basqaradı. Puldın` qa`drsizleniwi valyutalardın` paritetlik qa`bliyetin pa`seytiredi. Bunday jag`dayda valyuta interventsiyasi valyuta kursın **devolvatsiya** (valyuta kursın ra`smiy ra`wishte pa`seytiriw) ha`m **revolvatsiya** (valyuta kursın ra`smiy tu`rde ko`teriw) etiw menen ta`rtipke salınadı.

Valyuta qatnasıqların ta`rtipke salıwda sawdada protektsionizm ha`m fritiderlik siyasatın qollawdan ha`m paydalanıladı.

**Protektsionizm siyasatı** – ma`mlekettin` milliy ekonomikasın shet el ba`sekesinen, ishki bazardı shet el tovarları kirip keliwinen qorg`awg`a qaratılg`an siyasat bolıp tabıladı. Eksporttı xoshametlew, importtı, sheklew ha`m sog`an uqsas ilajlardı a`melge asırıw ushın shet el tovarlarına u`steme haqılar ma`mleket ta`repinen belgilenedi, baj haqıları tapsırılıwı arqalı ma`mleket protektsionizm siyasatın a`melge asıradı.

**Fritiderlik siyasatı** ma`mleketlerdin` sırtqı ekonomikalıq qatnasıqlarg`a aralaspaw siyasatı bolıp esaplanadı.

Proteksionizm siyasatında valyuta tu`siminin` bir bo`legi ma`mleket bankine kelip tu`sedi. Valyuta jeterli bolg`anda ekonomikada ashıq sawda siyasatın a`melge asırıladı.

O`zbekistan Respublikasında o`zbek valyutası «**swm**» 1-iyul` 1994-jılda nızamlı to`lem quralı sıpatında aylanısqa kiritildi. Milliy valyuta qa`drin asırıw, ma`mlekettin` qalaberse millettin` keleshegin asırıwdın` tiykarg`ı bag`darı esaplanadı. Bizde onın` qa`drin asırıw imkaniyatı ha`m ta`jriybesi bar.

Turkistan jerinde qu`dretli valyuta bar bolg`an da`wirdi tariyx ele umıtpag`an. Ullı Temur iyelegen etken ten`geler Evropa, Aziya ma`mleketleri, ha`tteki Nil jag`alawlarında erkin qabıl etilgen, yag`nıy ol abıraylı valyuta da`rejesinde bolg`an.

XX a`sirdin` 20-jıllarında ha`m Turkistannın` pul siyasatı, Rossiyanın` pul siyasatına u`lken ta`sir etken. O`zbekistan pulının` da`slepki shuxratı da dan`qın tiklew ma`mlekette jasap atırg`an bu`gingi a`wlad moynına ju`klenbekte.

Onın` qa`drin asırıw ushın:

**- Miynet intizamın asırıw.** Ha`r bir adam o`zinin` islep tapqan pulının` qa`drini asırıwı lazım. Valyuta, qun, sarplang`an miynet mug`darın anıqlaydı. Bul tejemlilikti asırıwdı talap etedi.

**- İnflyatsiyanı pa`seytiriw.** Bunın` ushın ishki ha`m sırtqı bazarda ba`sekige shıdamlı tovarlardı islep shıg`arıwdı a`melge asırıw za`ru`r.

**A`debiyatlar:**

1. Karimov İ.A.Ja`miyetda isbilermenlik ruxini qaror toptirish – taraqqiyot garovi. Wzbekiston Respublikasi Vazirlar Maxkamasining majlisida 2001 jıl 17 iyulda swzlagan nutqi. «Xalq swzi», 18 iyul 2001.
2. Karimov İ.A. Donishmand xalqimizning mustaxkam irodasiga ishonaman. «Fidokor», 8 iyun, 2000.
3. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, Erkin va farovon xayot pirovard maqsadimiz. T; Wzbekiston 2000. 463 b.
4. Karimov İ.A. Wzbekiston buyuk kelajak sari. – T.: Wzbekiston 1998. 682 b.
5. Karimov İ.A. İsloxotlar strategiyasi ma`mleketimiz saloxiyatini yuksaltirishdir Xalq swzi 2003-jıl 18-fevral Vİİ 40. Wzbekiston Konstitutsiyasi. Wzbekiston Respublikasining mu`lkchilik xaqidagi nızami.
6. Karimov İ.A. Wzbekiston ekonomikalıq isloxotlarni chuqurlashtirish jolida. T; Wzbekiston 1995. 43 b.
7. Karimov İ.A. Wzbekistonning siyosiy - sotsial va ekonomikalıq istiqbolining asosiy prinsiplari. T; Wzbekiston 1995. 10-11 b.
8. Karimov İ.A. Ekonomikani erkinlashtirish va chuqurlashtirish eng muxim vazifa. «Xalq swzi» gazetasi, 2000 jıl, 16 fevral.
9. Karimov İ.A. Ekonomikani erkinlashtirish resurslaridan tejam-korlik bilan paydalanıw bosh jolimiz. «Xalq swzi» 2002 jıl 1 fevral 34-1 son.
10. Wzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. T. Wzbekiston 1998. 46 b.
11. Al - Forobiy Fozil kishilar shaxri. Toshkent., 1993.
12. Kamaev V.D. Uchebnik po osnovam ekonomicheskoy teorii. -M.: Vlados. 1994.- 355 s.
13. Makkanell R. Bryu S.L. Ekonomika. Referat.- M.: Menedjer. 1992. - 72 s.
14. «Xalq swzi» gazetasi 2004 y. 11 noyabr.
15. Ekonomika Uzbekistana. Analiticheskiy obzor za 2003 god. Tashkent 2004. 108 s.
16. Statisticheskoe obozrenie Respubliki Uzbekistan za 2003 god. T. 2004. 228 s.

**Qosımsha paydalanıw ushın usınıs etiletug`ın a`debiyatlar**

**1. Wzbekiston Respublikasi Qonunlari:**

1. Wzbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. - T.: “Wzbekiston”, 2003.
2. Tashqi iqtisodiy faoliyat twg`risida. - T.: “Adolat”, 2004.
3. Wzbekiston Respublikasi Er kodeksi.– T.: “Adolat”, 2004.
4. Qishloq xwjaligi kooperativlari (shirkatlari) twg`risida. – T.: “Adolat”, 2004.
5. Fermer xwjaligi twg`risida.– T.: “Adolat”, 2004.
6. Dehqon xwjaligi twg`risida.– T.: “Adolat”, 2004.
7. Davlat tasarrufidan chiqarish va xususiylashtirish twg`risida. - T.: “Adolat”, 2003.
8. Wzbekiston Respublikasi Markaziy banki twg`risida. - T.: “Adolat”, 2003.
9. Aktsiyadorlik jamiyatlari va aktsiyadorlarning huquqlarini himoya qilish twg`risida. - T.: “Adolat”, 2003.
10. Qimmatli qog`ozlar bozorining amal qilishi twg`risida. - T.: “Adolat”, 2003.
11. Erkin iqtisodiy hududlar twg`risida. - T.: “Adolat”, 2003.
12. Kasaba uyushmalari, ularning huquq va kafolatlari twg`risida. - T.: “Adolat”, 2002.
13. Mehnat muhofazasi twg`risida.- T.: “Adolat”, 2002.
14. Birja va birja faoliyati twg`risida. - T.: “Adolat”, 2001.
15. Raqobat va tovar bozorlarida monopolistik faoliyatni cheklash twg`risida. - T.: “Adolat”, 2001.
16. Wzbekiston Respublikasi Soliq kodeksi. - T.: “Adolat”, 2001.

**2. Wzbekiston Respublikasi Prezidenti Farmonlari:**

17. Twg`ridan-twg`ri xususiy xorijiy investitsiyalarni jalb etishni rag`batlanti-rish borasidagi qwshimcha chora-tadbirlar twg`risida. 2005 yil 11 aprel`.
18. Wzbekiston Respublikasi Monopoliyadan chiqarish, raqobat va tadbirkorlikni qwllab - quvvatlash davlat qwmitasini tashkil etish twg`risida. 2005 yil 30 aprel`.
19. Mikrofirmalar va kichik korxonalarni rivojlantirishni rag`batlan-tirish borasidagi qwshimcha chora-tadbirlar twg`risida. 2005 yil 20 iyun`.

**3. Wzbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining qarorlari:**

20. 2005 yilda ijtimoiy-iqtisodiy rivojlanish yakunlari va 2006 yilda iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirishning eng muhim ustuvor ywnalishlari twg`risida. 2006 yil 10 fevral`.
21. Tadbirkorlik faoliyatini tashkil etish uchun rwyxatdan wtkazish tartibotlari tizimini tubdan takomillashtirish twg`risida. 2003 yil 20 avgust.
22. Tadbirkorlik sub`ektlarini davlat rwyxatidan wtkazish va hisobga qwy ish tizimini takomillashtirish twg`risida. 2001 yil 22 avgust, 347-son.

**4. Wzbekiston Respublikasi Prezidenti asarlari.**

23. Karimov I.A. Erishilgan yutuqlarni mustahkamlab, yangi marralar sari izchil harakat qilishimiz lozim. 2005 yilda mamlakatni ijtimoiy- iqtisodiy rivojlantirish yakunlari va 2006 yilda iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish-ning eng muhim ustuvor ywnalishlariga bag`ishlangan Vazirlar Mahkamasi majlisidagi ma`ruzasi. «Wzbekiston ovozi», 2006 yil 11-fevral.
24. Karimov I.A. Inson, uning huquqlari va erkinliklari hamda manfaatlari – eng oliy qadriyat. Wzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasining 13 yilligiga bag`ishlangan tantanali marosimdagi ma`ruzasi. «Xalq swzi», 2005 yil 8 dekabr.
25. Karimov İ.A. Bizning bosh maqsadimiz – jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir. T.: “Wzbekiston”, 2005.
26. Karimov İ. A. Eskicha qarashlar va yondashuvlar bilan yangicha hayot qurib bwlmaydi. - T.: “Wzbekiston”, 2005.
27. Karimov İ.A. İmperiya davrida bizni ikkinchi darajali odamlar, deb hisoblashar edi. T.: “Wzbekiston”, 2005.
28. Karimov İ.A. Mavjud imkoniyat va resurslardan oqilona foydalanish – taraqqiyot omili. - T.: “Wzbekiston”, 2004.
29. Karimov İ.A. Iqtisodiyotni erkinlashtirish, resurslardan tejamkorlik bilan foydalanish – bosh ywlimiz. T.: “Wzbekiston”, 2002.
30. Karimov İ.A. Iqtisodiyotni erkinlashtirish va islohotlarni chuqurlashtirish – eng muhim vazifamiz. T.: “Wzbekiston”, 2000.
31. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon hayot - pirovard maqsadimiz. T.: “Wzbekiston”, 2000.
32. Karimov İ.A. Wzbekiston XXI asrga intilmoqda. T.: “Wzbekiston”, 1999.
33. Karimov İ.A. Wzbekiston buyuk kelajak sari. T.: “Wzbekiston”, 1998.
34. Karimov İ.A. Wzbekiston XXI asr bwsag`asida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari. T.: “Wzbekiston”, 1997.
35. Karimov İ.A. Wzbekiston iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish ywlida. T.: “Wzbekiston”, 1995.
36. Karimov İ.A. Wzbekiston – bozor munosabatlariga wtishning wziga xos ywli. T.: “Wzbekiston”, 1993.

## 5. Darsliklar.

**37**. Shodmonov Sh.Sh., G`afurov U.V. İqtisodiyot nazariyasi. T.: «Fan va texnologiya». 2005.

**38**. Razzoqov A., Toshmatov Sh., Wrmonov N. İqtisodiy ta`limotlar tarixi. T.: «Moliya». 2002.

**39.** Borisov E.F. Ekonomicheskaya teoriya: ucheb. – 2-e izd., pererab. i dop. - M.: TK Velbi, İzd-vo Prospekt, 2005.

**40.** Ioxin V.Ya. Ekonomicheskaya teoriya: Uchebnik. – M.: Ekonomist`, 2005.

**41.** Kulikov L.M. Ekonomicheskaya teoriya: ucheb. – M.: TK Vebli, Izd-vo Prospekt, 2005.

**42. E**konomika. Uchebnik, 8-e izd., prererab. i dopolnennoe. - /Pod red. A.S. Bulatova. M.: Ekonomist, 2005.

**43. E**konomicheskaya teoriya: Uchebnik. – İzd. ispr. i dop. /Pod obsh. red. akad. V.İ.Vidyapina, A.İ.Dobrinina, G.P.Juravlevoy, L.S.Tarasevicha. – M.: İNFRA-M, 2005.

**44. E**konomicheskaya teoriya. Uchebnik./Pod. red. A.G.Gryaznovoy, T.V.Chechelovoy – M.: Ekzamen, 2004.

**45. E**konomicheskaya teoriya: Ucheb. dlya stud. vissh. ucheb. zavedeniy / Pod red. V.D.Kamaeva. – 10-e izd., pererab. i dop. - M.: Gumanit. izd. tsentr VLADOS, 2004.

**46.** Makkonnell K.R., Bryu S.L. Ekonomiks: printsipi, problemi i politika. (perevod s angl.). M.: «İnfra-M», 2002.

## 6. Wquv qwllanmalar.

**47.** Shodmonov Sh.Sh., Baubekova G.D. Pedagogicheskoe masterstvo i innovatsii v prepodavanii ekonomicheskoy teorii. - T.: Yangi asr avlodi. 2004.

**48.** Shodmonov Sh.Sh., Baubekova G.D., Xalikova G.T. İnnovatsionnie metodi obucheniya v ekonomicheskom obrazovanii. – T.: “Fan”, 2003.

**49.** Shodmonov Sh., Alimov R., Jwraev T. İqtisodiyot nazariyasi. -T.: Moliya. 2002.

**50.** V poiskax novoy teorii s problemnimi situatsiyami: Ucheb. posob. / Pod red. Gryaznovoy A.G. i dr. - M.: KNO RUS, 2004.

**51.** Kutorjevskiy G.A. Ekonomika. Osnovi teorii: Ucheb. posob. - M.: ZAO izd-vo Ekonomika, 2004.

**52.** Brendelyova E.A. Neoinstitutsional`naya teoriya: Ucheb. posob. - M.: TEİS, 2003.

**53.** Klinov V. G. Ekonomicheskaya kon`yunktura. Faktori i mexanizm ee formirovaniya. Uchebnoe posobie. - M.: MGİMO. 2003.

**54.** Sovremennaya ekonomicheskaya teoriya: problemi razrabotki i prepodavaniya. Pod red. Xubieva K.A. - M.: Ekonomicheskiy fakul`tet MGU, TEİS, 2002.

**55.** Shastitko A.E. Novaya institutsional`naya ekonomicheskaya teoriya. M.: Ekonomicheskiy fakul`tet MGU, TEİS, 2002.

**56.** Kurs ekonomicheskoy teorii: Obshie osnovi ekonomicheskoy teorii. Mikroekonmika. Makroekonomika. Osnovi natsional`noy ekonomiki: Uchebnoe posobie / Pod red. d.e.n., prof. A.V.Sidorovicha. – M.: «Delo i Servis», 2001.

**57.** Mishkevits A.A. Sbornik zadaniy po ekonomike. V.3-x knigax. Kn. 1. Zadachnik po mikroekonomike s resheniyami. - M.: Vita-Press, 2001.

## 9. İnternet saytlari.

1. www.stat.uz – Wzbekiston Respublikasi Davlat statistika qwmitasining rasmiy sayti.
2. www.uza.uz – Wzbekiston Respublikasi Milliy Axborot Agentligi rasmiy sayti.
3. www.ceep.uz – Wzbekiston Respublikasi Iqtisodiyot vazirligi

huzuridagi Samarali iqtisodiy siyosat markazi rasmiy sayti.
**4.** www.bearingpoint.uz – USAID Bearingpoint Uzbekistan Economic Reform.
**5.** www.economy.com – AQShning Pensil`vaniya shtatidagi Economy.com,İnc. korporatsiyasi veb-sayti.
**6.** www.internetindicators.com – İqtisodiy indikatorlar İnternet veb-sayti.
**7.** www.economyworld.com – Photius Coutsoukis and İnformation Texnology Associates (Axborot Texnologiyalari Assotsiatsiyasi) veb sayti.
**8.** www.economyworld.org – Photius Coutsoukis and Information Technology Associates (Axborot Texnologiyalari Assotsiatsiyasi) veb sayti.
**9.** www.md-management.ru – Ofitsial`niy sayt Rossiyskoy kompanii "Konsaltingovaya gruppa MD".
**10.** www.uzreport.com – SAIPRO konsalting kompaniyasiga tegishli, O'zbekiston va butun dunyodagi biznes tizim va iste`molchilarga axborot yetkazib berishga mo'ljallangan integratsiyalashgan internet loyiha.
**11.** www.uzsecurities.com – O'zbekiston Respublikasining Qimmatli qog'ozlar bozori haqida axborot beruvchi rasmiy sayti.
**12.** www.uzexport.com - O'zbekiston Respublikasining mamlakat eksport salohiyati haqida axborot beruvchi rasmiy sayti.